57 Dalah Pangulu mèlu minggat wengi, Ketib anom lawan Sura Iman, kèh Bupati pradjurité, sami minggat ing dalu, pendak dinten tan wonten bukti, ija sapa kuwat, nora mangan sekul, déning pinggiring negara, pan wis rusak kèh wisma dipun obongi, mung Danurdjan kang wetah.

58 Ring Patjinan wetah sadajèki, djawi Lodji kebon sami rusak, Ngabèhi Natajudané, Sindunegaran iku, tijangira sami angili, mring désa ngungsi mangan, milanipun suwung, wong djro kuta samja késah, amung kantun kang sami asimpen pari, anèng bluerta djaga.

59. Enengena kan wonten nagari, pan kotjap kang wadya kraman, kadawuhan paréntahé, timbalan Sang Bagus, kinèn sami angrangsang biting, tjawis gantol ondo, lelumbungan agung, ingisènan alang-ngalang, gegulungan pinaseg kelawan siti, kinarja pingampingan.

60 Sampun daya bekakas sami, gantol wesi wus sami tjumantjang, ondo lumbungan gulingé, éndjing sami angepung, ngantep juda pradjurit djawi, kumpeni wus tata, tan dangu anggergut, para bupati sadaja, wus pinatah tandingé sawidji-widji,metuk ing Sindudjajan.

61 Sigra budal barising kumpeni, tigang atus lamun winetara, dalasan djalan kakiné, mrijemipun pipitu, lampahira rempeg nèng margi, tambur munja brang-brangan, salomprètnja mbarung, suling laras abarungan, sampuntata Sindudjajan ngidul baris, tan sedya ngundurana.

Canto XI fo lows..... see Below.

I C H T I S A R

I N D E X nama orang terkemuka.

I N D E X nama desa dll.

Canto 12 hlm. 124 : 125 - 126.

1.Kotjapa kang wonten puri, garwané Sinuwun Radja, lan Pangéran Ibu kwalon, Djeng Sultan Timur kang ngéjang, sing Sasradiningratan, kang gawé marga prang pupuh, kang wadul marang Walanda.

2.Kelangkung welasing galih, mijarsa wartané ndjaba, redjeki langkung awisé, sabab déné pinepetan, bakul malebèng pradja, seksana ngandika arum,sapa karepé sadaja.

3 Ngungsi pangan marang ndjawi, aku nora bisa mbrajat, ija marang ing wong akèh, misuwur katah kang mjarsa, dawuh ingkang mangkana, kaparak katah kang metu, Kita-ageng kang sinedya.

4 Kuneng ingkang samja midjil, dalu sijang datan pegat, kotjapa wau Silarong, saja gung djalma kang prapta, sampun kadya Nagara, ngadegaken umbul-umbul, rontèk tanapi daludag.

5. Pinandjer pèrènging wukir, rontèk adjenar abang, ingkang petak apadéné, bandérané warna-warna, umbul-umbul kekanta, saking doh lamun dinulu,lir péndah ardi kusuma.

6. Djeng Pangéran anenepi, minta sih pitulung Allah, déné kang djaga Silarong, abdidalem langkung katah, tumenggungé akatah, pan sekawan tjatjahipun, sadigdaja Pengalasan.

7 Wirkrama tuwin siwi, kalih kang ndèrèk Pangéran, satunggil tengga Silarong, kang sepuh dyan Surjatmadja, kang raji namanira, Radèn Ontowirja bagus, kalaih putra mantunja.

8 Radèn Wirakusumèki, nggih putra Mangkukusuman, Djajaprawira sidjiné, putranipun Radèn Rangga, ingkang séda akraman, kang pilenggah ing Madiun,nèng Maospati kutanja.

9 Apan sami ngati-ati, prajitna adjaga mengsah, jèn prapta sijang daluné, tan ana étja tyasira, sami sadijèng juda, kuda titihan tugur, petjalang mbok munsuh prapta

10 Wengna Slarong ngati-ati, kang sami sadijèng juda, wonten ganti winirahos, brandal ingkang ana pura, kang sami mesanggrahan, Ngambartawang madjeng ngepung, Sanasèwu Surjagama.

11 Datan saged ngrangsang biting, wang-wang déné kalataka, nèng luhur Balowertiné, samangsa njabrang Winanga, pinasang mrijemira, pinebaran susun-susun, mundur malih para brangdal.

12 Lor kidul semanten malih, tanapi kang wonten wétan, arsa mandjing Negarané, Welanda kelangkung panggah, mrijemira pinasang, ting bergogok anèng lurung, djinaga marang Walanda.

C nto 12 hlm. 126-127-128

13.Déné sagunging Kumpeni, kontrang-kantring solahira, patroli ngubengi Bèteng, déné Pangran Mangku-alam, Residèn lir kitiran, datan ana kèndelipun, dlegunder ingkang andjaga.

14 Pangran Mangkukusmèki, lan Pangran Hadikusuma, Paku-alaman kumpulé, lan Pangran arja Panular, ngili mring Kadipatyan, Pangran Hadiwidjajèku, lan Pangéran Tepasanta

15 Lan Pangran Natabajèki, Pangran Slarong namanira, akumpul nèng Kadipatèn, akatah lamun winarna, putra Sepuh Kanoman, langkung susah manahipun, abdiné katah kang minggat.

16 Kotjapa Kertanegari, kalawan Setjanegara, tumenggung tanah Bagelèn, katiga Djajapenawang, baris saklèr Nagara, mangah marang brandalipun, tugur lor Gawok Pisangan.

17 Semana wonten Kumpeni, mbekta ransun sangking Maglang, tuwin sangking Semarangé, katah wos lan rupijah, dèn bégal anèng marga, berandal saklangkung agung, Walanda mawut sar-saran.

18 Anggendring marang Negari, gotongané dipun tilar, wus rinajah sa-anané,saben-saben pan mangkana, tuman angsal rajahan, wonten negara winuwus,tumenggung Redjanegara.

20 Lan Wiranegara tuwin, Kalibening ambebegal, ransun sing Surakartané, beras tanapi arta, nanging ta pring ababal, kanti mrijem lampahipun, milanipun asring gagal.

21 Anengana baris Djawi, kang sami lumampah mbebégal, genti malih winirahos, bantu sangking Surakarta, Welanda langkung katah, gagantjangan lampahipun, wus prapta nagri Ngajogja.

22 Déné pradjuritnja Djawi, bantu sing Mangkunegaran, Radèn Surja titindiné, lampahé tebih nèng wuntat, duk prapta ing Barongan, dèn bégal berandal agung, gegaman bandil lan tinggar.

23 Dangu dènnja tjampuh djurit, pradjurit katah kang pedjah, kang rip giris manahé, sami mawut nandang brana, kaperdjaja ing séla, katah balungira remuk, Radèn Surja kaperdjaja.

24 Pok talingan kénging krikil, agengé namung sabénda, niba semaput panonné, gja tjinekel dinèdèlan, busananira sirna, énget ngandika ngong teluk, djenengsun Rahadèn Surja.

25 Aturna pajo wak mami, mring Kangmas Dipanegara, mapan iku sanakingong, sigra wau tinurutan, rahadèn Surja binekta, dalu-dalu sampun rawuh,katur risang Narpa ... putra.

Canto 12. hlm. 128-129-130-131.

26.Djeng Pangéran ngandika ris, lah kowé anaké sapa, déné nganggo djeneng Radén, Radèn Surja matur nembah, inggih kapernah wajah, pangran Mangk unagri sepuh, djeng Pangéran ris ngandika.

27 Jèn mengkono sira iki, pan kalebu sanakingwang, lajak ta bagus warnané, Pangéran welas tumingal, wong bagus njandang nggombal, sigra pinaringan gupuh, sapangadeg wus tinampan.

28 Narpatmadja ngandika ris, jèn wis aso jaji emas, nuli aterena agé, ndjudjuga ing Surakarta, kang arta sangonana, gawanana suratingsun, dèn katur marang pangéran.

29 Tan winarna laminèki, nèng Slarong rahadèn Surja, anulja dèn ateraké, dèn pasrahken Mangkuredja, lawan Wiranegara, kunenga datan winuwus, Welanda Ngajogjakarta.

30 Sareng bantu sampun prapti, Landa sangking Surakarta, lawan Semarang sarengé, Batawijah dèreng prapta, namung pradjurit Djawa, Surakarta sampun rawuh, Silarong nedya linanggar.

31 Rembag sagung pra Bupati, turunan pradj uritita, ingkang minggat sakariné, Danurdja Sindunegara, Natajuda punika, lawan Kartanegarèku,kabèh pada urunana.

32 Martalaja Mangunagri, kalawan Mangundipura, miwah Resanegarané, pradjurit djero urunan, lawan Mangkualaman, Surjaningprang tindihipun, dregunder ingadu juda.

33 Prang tuwin pra santri-santri, kabèh pada urunana, tuwin pra sentana kabèh, jata wus sami urunan, rembagé Danuredja, Djawinata adja kantun, iku babon wong Mentar

34 Ingkang djaga Baluwarti, separo iku mudunna, kumpeni separo manèh, kari anèng Lodji djaga, rembag sasampuna rata, dipun étang tigang éwu, Kumpeni kalawan Djaw

35 Sadaja sampuna rakit, pradjurit bupati samja, ingkang minggat sakaroné, nanging slira semu lupa, labet kaluwén neda, Residèn ambajar sampun, mring pradjurit Surakarta.

36 Déné pradjurit Mentawis, bajar sangking djroning pura, wus werata sedajané,rembagé Kjana Patya, tuwin mister Semisar, sadaja ngaben prang pupuh, Selarong ginetjak ing prang.

37 Dalah kang tumèmpèl nagri, si Krapjak Masin Tahunan, Djaranan lan Djarakané, Dèn plaur miru kerasan, marang Silarong séba, Negara sepi kelangkung, lurung tan ana manungsa.

38 Enengena sadjro negari, kang sumedya ngantep juda, anggempur marang Silarong, sabab bantu sampun prapta, pradjurit Surakarta, Landa Djawa gunggungipun, tigang èwu katahira.

Canto 12. hlm. 131 - 132 - 133.

39.Silarong ingkang winarni, semana sampun mijarsa, arsa dèn langgar judané,bantu Semarang wus prapta, miwah ing Surakarta, sabrang Djawa tigang éwu, kumpulé dados satunggal.

40 Leresé ingkang pawarti, ija medal saking pradja, punika kang mbekta wartos,sigra kundjuk ing Pangéran, pawarta sampun njata, djeng Pangéran ngandika rum, semu gugup ing wardaja.

41 Hèh Dermadjaja dèn aglis, dawuha mring kantjanira, para pradjurit sakèhé,tumenggung ngabèhi demang, adja na kaliwatan, dèn pada samekta pupuh, bakal ana mungsuh prapta.

42 Telung èwu tjatjahnèki, bantu Sala lan Semarang, Welanda lawan Djawané, kantjamu kang ngepung pradja, baris kulon lan wétan, tuwin lor kalawan kidul, baris pendem urut marga.

43 Kerigan sadaja sami, gonné baris wja katingal, pada umpetana kabèh, samektoha gegamannja, bandil tumbak lan tinggar, lan pada ngandowa watu,adja nganti kakurangan.

44 Dermadjaja awotsari, aturé dateng sandika, lèngsèr sangking nagrsa agé,ladjeng ndawuhaken préntah, sampun wradin sadaja, pradjurit para tumenggung, sadaja sami samekta.

45 Déné kang kulon negari, baris kulon lawan wétan, kang lèr kidul sadajané, wus sami tampi parèntah, sadaja samja dandan, datan kawarna-a ing ngenu, ing Silarong sampun prapta.

46 Tumenggung tuwin pra mantri, ladjeng séba djeng Pangéran, umareg ing ngarsa anèr, Narpa-putra lon ngandika, pada sira barisa, pendem pinggiring marga-gung, dèn rempit adja katingal.

47 Munggul ta gelaring djurit, Silarong kang dadi dada, supit-urang ja geluré,déné kang pada njiluman, pada dipun prajitna, jèn Silarong uwis tjampuh, baris pendem nungkebana.

48 Tumbak akantija bedil, watu-watu adja kurang, ja pada sanderen bahé,seksana ing désa-désa, sauruting Pandawa, Merisi saurutipun,kaèbegkan déning kraman.

49 Nengna Slarong rakit baris, ing kana sampun busekkan, ngati-ati sadajané, klasa sampun ginulungan, kendil sampun sinalang, berasé sinanding turu, samangsané mungsuh prapta.

50 Tjiptané sinambut aglis, adja nganti geragapan, bandjur kari nggawa bahé, déné ingkang para putra, kang nusul pradjuritan, tuwin kang para tumenggung, sadaja sami prasetya.

Canto 12. Hlm. 133-134-135

51. Sapa-sapa mlaju dingin, jèn Djeng Gusti durung djengkar, adja slamet selawasé, gènira urip nèng donja, djandjiné sampun dadya, pratignja asareng lampus, sarupané para brandal.

52 Nengna ing Silarong nenggih, kotjapa Mister Semisar, lawan Radèn Dipatiné, bupati kebut sadaja, nijaka djro negara, mung pandji sapatutipun,pradjurit sampun tinata.

53 Djawi sami kumpul Djawi, Kumpeni kumpul Walanda, hawjana kumpul barisé, kang klambi bang samja abang, djenar pan sami djenar, ingkang ireng nggolong wulung, anggenggeng baris wong Djawa.

54 Panganggo pradjurit sami, ing djro pura maksih wetah, kepraboning Ratu kabéh,sagungé pradjurit Walanda, sampun sami samekta, nulja umangkat sedarum, tamburé munja brang-brangan.

55 Barung suwarané suling, salomprèt umjang wurahan, bèri kelawan kendang gong,bebeg beg munja lir butula, susreg lampahin wadya, sangking doh lamun dinulu, lir péndah wukir dahana.

56 Kang dadya tindihing baris, Residèn Mister Semisar, lan Danuredja Ki Patèh,tiga pangran Surjaningprang, sami nitih turangga, tjiptanira wong tetelu, wong Selarong gandra pira.

57 Kadi gabah dèn interi, wong désa kang pareg marga, setabelé amirantos, aselur lampahé wadya, prapta ndjawining pradja, Djaranan samana rawuh,gègerira apujengan.

58 Wus lepas lampahing baris, sampun prapta Bantulkarang, anulja nata barisé,sadaja sami sadija, baris Djawa Walanda, sampun tjelak pernahipun,mung elet désa sabulak.

59 Déné wétanipun margi, sabin nudju dipun olah, wong désa gadu karepé, pan sampun dadi bedahan, kang baris urut marga,datan kèndel lampahipun,genti kotjap Narpaputra.

60. Barisé sampun miranti, adedep datan katara, wus bijantu sawadyané, samangsané mungsuh prapta, ladjeng ngamuk kéwala, sadaja wus setya lampus,nijat perang sabillolah.

61 Sadaja sami ngawaki, putra sentana Bulkija,pradjurit Selarong kabéh,Djeng Pangran nindihi juda, kumpeni sareng mijat, gergut samja purunipun,tan ana sedya mundura.

Canto 13, hlm. 135 - 136 - 137 - 138.

1. Wong kumpeni mrijem sigra sinuledan, lir gelap agung saketi, tinggar berondongan, lir glagah winelagar, tambur muni awor suling, slomprèt barungan, bendéné tinitir titir.

2 Ingkang bèri tinabuh munja sauran, awor bedil muni, bebeg kaja butulla, susreg lamun pinirsa, Welanda angedrèl wani, Sang Narpa-putra, sigra ngabani dasih.

3 Pan sumahab umangsah tan nedya gesang, neradjang ambeg pati, mrijem bedil langkah, mung tumbak olèh papan, kumpeni kuwuring djurit, katah kang pedjah, tatane bosah basih.

4 Baris Djawa tinempuh tan wani panggah, sebab datang nadahi, tyasira kumambang, judané kaja-kaja, sinerot bubar ngontjati, Patih Danurdja,solahé kontrang-kantring

5 Wadya Slarong tandangé lir péndah jaksa, rikala mangsa daging, setabel lumadjar, mrijemira tinilar, kumpeni angedrèl wani, pengk uh judanja,mengsah rowang kèh mati

6 Kawarna-a baris kang sami njiluman, brandal tuwin pradjurit, nangkeb sangking wuntat, para tumenggung mangsah, untapé lir kali bandjir, ngebjuk menengah, ruket tjarup kang djurit.

7 Bedil mati bandil tumbak antuk papan, tumbak lan sangkuh utik, watu kadi udan,ngenani Walanda, tibané datan ngoberi, djaran kang kena, ing watu gelap gendring.

8 Waya Landa kèh kaprawasa ing sěla, tyasira sami miris, lumèrèg mangétan, tan wruh lamun paluhan, kèh brandal ingkang miranti, ki Martalaja, ketjandak teluk aglis .

9 Bubar larut sagunging pradjurit Djawa, mangalèr undurnèki, kabubuh paluwan,pradjurit Djawa bubar, maksih kumpul wong kumpeni, munduré mapan,jata awas ningali.

10. Putra mantu radènmas Djajaprawira, bermantyanira tan sipi, kaduk suranira, sembada ingkang warna, bagus anom dasar sigid, dibja sudira, wanter tan ngéman pati.

11 Nitih kuda ngembat lawung mangsah rana, nradjang baris kumpeni, sagung pra sentana sadaja awas mulat, radèn Djajaprawirèki, neradjang Walanda,abjuk sadaja sami.

12 Pra tumenggung rangga ngabèhi lan demang, sawadya ambeg pati, nempuh baris Landa, kumpeni karépotan, lumaju kang maksih urip,angungsi gesang, wadya Slarong ngunduri

13 Pangrané wadya Slarong wutuh ajam, brandal rutjah kèh mati, Walanda lumadjar,neradjang ing djeblogan, solahira niba tangi, ingkang ketjandak,napasé kempis-kempis.

14 Pembudjungé keraman sak-lèr Kerapjak, nèng riku sami bali, pan sedyanira, ing Bantul sampun prapta, bandangan sadajanèki, ngaturken sigra,maring Sang Narpa-siwi.

15 Sampunipun katur marang Djeng Pangéran, nulja dinumken aglis, kang sami ajuda, adil pembagénira, kinèn bali ngepun sami,pradja Mentaram, bubuhanira lami.

Canto 13. hlm. 138-139-140

16. Pra tumenggung wadya ing Slarong sadaja, wus sami bubar bali, mring panggonanira, ngepung sadjro nagara, mepeti kang margi-margi, bok ana ingkang, wong adol bras mring negari.

17 Jèn konangan tjinekel ladjeng binanda, sami tan dèn luwari, jata kawarna-a, pradjurit Surakarta, katah sami minggat wengi, sabab tan mangan,saking awis redjeki.

18 Ija sapa betah nora mangan-mangan, barang panganan mamring, duk kal a samana,tjina katah kang minggat, pra sami angungsi bukti, mring Slarong samja, teluk dipun tampèni.

19 Timbalané Djeng Pangran Dipanegara, tan klilan mbilaèni, wong angungsi pangan, adja na munasika, amung karsaningsun iki, pradja suwunga,pada ngungsija sami.

20 Pradjurit djro katah ingkang sami medal, sami nitih turanggi, awat nggujang kuda, tinutaken Walanda, sareng praota anèng kali,ponang Walanda,dèn muungsuh bali nggendring.

21 Ana manèh mudun dalu nganggo anda, sangking tan betah ngelih, nèkad sami séba, marang kangdjeng Pangèran, ketanggung njutra padening, pangulu minggat, ketib merbot lan modin.

22 Suranata katah ingkang sami medal, sami susah nglangkungi, bjar rina peperangan, tan nganggo katowongan, neglihé saja ngranuhi,milané medal,sami angungsi bukti.

23 Pra sentana inggih katah sami medal,ariné Radja-siwi, nama Surjènglaga, lan pangan Surbrata, pangran Diwinata nenggih, pangran Abubakar,medal sangking Negari.

24 Djeng pangéran Panengah lan Pakuningrat, medal sangking Negari, sadèrèk sadaja, kelawan Nata-suta, mring Silarong ngungsi urip,tinampèn samja,sakarsa dènturuti.

25 Sadèrèké Pangéran Mangkudiningrat, wus sami medal mbalik, genti kawarnaha, baris Ngambarketawang, wus ageng kang patjak baris,ginetjak ing juda,para sentana sami.

26 Duk samana sareng bjar Pakis wus prapta, ladjeng tjampuhinh djurit, ramé lengulengan, kumpeni lawan kraman, gumrutug swaraning bedil, mrijem sekawan, sinulet genti-genti.

27 Wong kumpeni perangé ngungkih kéwala, nanging karoban tanding, brandal prangé panggah, seperti sètan samja,kumpeni ingul eng wani,datanpa benggang,mrijem bedil wus mati.

28 Bubar larut kumpeni mundur sar-saran, mrijem sekawan kari, wus prapta djro pradja sami mempen kéwala, anglurug-nglurug kadjodi. mung jèn brandalnja, ngerangsang dèn pagari.

30 Hija sangking luhur Baluwartinira,jèn ta sampuna inggil, Balowartinira,jektiné wus rinangsang,mring mrijem datan ulap, brandalé sura wani,wong djroning pradja, kudandangan pra sami.

Canto 14. hlm. 140-141-142.-143.

1. Kawarnaha pan sampun alami, dènnja sami mangun bandajuda, Residèn sanget susahé, bantuné déréng rawuh, suratira pan sampun lami, kang maring Batawijah, paran sababipun, alami tanana prapta, selak rusak ing Mentaram bosah-basih, kramané saja ndadra.

2. Sampun angsal tigang dasa ari, saben dina tansah bandajuda, kumpeni kasoran baé, wong Madura datan rawuh, kang mbantoni marang Mentawis, lan malih susahira, negara mèh suwung,katah minggat ngungsi pangan, apadéné Walanda kéh nora bukti, wit kuranganė pangan.

3 Ringsunipun binégal nèng margi, sangking kulon binégalan, Residen sanget susahé, kuneng ganti kang winuwus, ing Silarong winuwus malih, pangran Dipanegara,kagepok tekabur, supé wangsiting Allah, wus pestiné takdirollah nora keni, owaha sangking tapa.

4. Jata tita Silarong samangkin, hardjanira Silarong lir pradja, wong teluk ngili praptané, ndalidir kadi semut, wěwělutan praptané sami, Kedu Mentaram panrang, Madja Badéran wus, Ki Madja wus apradandan, arsa séba marang Silarong nggujubi, ing karsa Narpa-putra.

5 Déné tanah Bagelèn puniki, kang jujuni kabopatènira, tumenggung Reksapradjané, tanapi putranipun, Djasudarga dadi susulih, lan malih Ranudirdja, anama tumenggung Kijanggong Pringgadidjaja, Djadimedja Rèndètan Ranaredjèki, pangran Surjakusuma.

6 Bagelèn winangun Ngramèki, sami teluk Silarong sadaja, Kedu Kulonpraga kabèh, sadaja sampun sujud, mring pangéran sampun anggusti, pan sampun mbutjal surat, pasisir sedarum, kinèn sami madeg kraman, tanah wétan Madiun Panolan nenggih, Djipang Kalangbrèt Ngrawa.

7 Surabaja sadaja lan Tubin, Gerobogan kalawan ing Sérang, Nglasem Rembang Djuwanané, ing Gersik datan kantun, sadaja wus sinung tulis, Djepara lawan Demak, Kendal Kaliwungu, Tegal Batang sinung surat, pan sadaja wus sami tampi kintèki, kabèh pada ngramanna.

8 Djeng Pangéran gumerbeg ing galih, terus batin lahir angandika, mengko ingsun madeg Radjèng, ing Mentaram sedarum, ija sung kang madeg Adji, kasiku maring Allah, durung mangsanipun, kumeksa madeg Nata, pan anggěgě supé wangsité ingkang prapti, delahan anempuh bjat.

9 Supé wadi kala nguni-uni, wirajaté jèn umadeg Nata, sangking windu pamundutė, dumadakan sang bagus, windu Wadon djumeneng Adji, punika nora kena, jèn madega Ratu, anganggo windu wanodya, temah apes djajané dasaré wus takdir,pangran Dipanegara.

10. Nora tutug karsané dadya Dji, ngrata sarak aneng tanah Djawa, temene durung mangsané, windu wadon puniku, lambangipun kulawu alip, Alip akir punika, iku windu djalu, anangin kala samana, adegipun Kangdjeng Sultan Abdulkamid,nudju windu wanodya.

11 Temah apes djajané sang pekik, pan anggega aturé Ki Dja, supé marang wangsit tembé, wangsit sangking Alsabur, wus dilalah pasti tan gingsir, dadya wurung kang bakal, tjetjalonning Ratu, ing batin durjating Allah, wus tinulis ing Lakil Makpul tan keni, owah pestiné djalma.

12 Ing lahiré mung kurang satitik, teka ndadak neradjang pangkalan, pan durung tutug mangsané, kangdjeng pangran tan émut, marang wangsit kang prapta nguni, kagiwang sruning rembag, Ki Madja kang atur, Pangran umadega Sultan, kasahidan sagung ingkang abdi-abdi, wong ngalim pra ngulama.

13 Aturipun Ki Madja angudi, lamun Pangran dèrèng madeg Sultan, dèrèng esah ing kukumé, tuwin wilajatipun, tan sampurna kagungan idin, sabarang ing wilajat, tan sampurna iku, ningkah kakim lijanira, jèn dèrènga nama Sultan dèrèng wadjib, aturipun Ki Madja.

14 Djeng Pangéran temah anuruti, mring aturé wau kjahi Madja, datan ènget ing wangsité, mangkono duk djinundjung, nama Djeng Sultan Abdulkamid, Sajidina agama, Abdurrachman iku, Kalifah bala Mentaram, sakatahé ngulama lan para alim, angèstrèni sadaja.

15 Pra tumenggung miwah para abdi, mantri rangga ngabèhi demang, tuwin pra pradjurit kabèh, angèstrèni sedarum, lamun Pangran djumeneng Adji, Djeng Sultan ing Mentaram, amawi djedjuluk, Kangdjeng Sultan ing Mentaram, Ngabdulkamid Sajidina Ngabdulrahmani, silih Kalifatullah.

16 Wus misuwur Pangran Dipanagri, nama Sultan nguni ing Mentaram, Ngabdulkamid bisikané, jata Silarong iku, saja wuwuh hardjaning nagri, lega abdi sadaja, sukur maha Agung, genti malih kang kotjapa, suratira Residèn prapta Betawi, anuwun bantu ing prang.

17 Sapraptané surat sing Mentawis, katuripun marang Tuwan Djèndral, aneda bantu wijosé, jèn Mentaram puniku, Djeng Pangéran Dipanegari, medal saking Nagara, madeg kraman agung, Djèndral sareng amijarsa, tembunging srat njuwun bantu ing ngadjurit, wit agengé kang mengsah.

18 Sidji Djèndral kang tinuduh lumaris, major papat, kalih kurnèlira, nematus saradadunė,kumpeniné rong atus, sigra numpak bahita aglis, rikat lampahing palwa, tan winarnèng ngenu,praptèng muara Semarang,labuh djangkar wus sami amedun sami, Djèndralé mesanggrahan.

Canto 14. hlm. 146-147-148.

19. Laminira wonten ing Semawis, Tuwan Djèndral nggènnja mesanggrahan, sadasa dina laminé,
/gja parembagan iku, sakatahé para kumpeni, soldadu sakopralnja, lan saréjanipun,
litnan kalawan kapitan, kurnèl major apirembag datan kari, upsir usar nèngarsa,

20 Dlegunder blèger djadjarnèki, pan lumampah sangking ing Semarang, lereb ing setalan baé, gantjanging kanda rawuh, éndjang prapta nagri Mentawis, sasampunira prapta, Tuwan Djèndral iku, wonten gagari Ngajugdja, pista ageng lan Residèn ing Mentawis, sersan kaptin litnan.

21 Kurnèl major pan wonten ing ngarsi, sami pista lawan Tuwan Djèndral, gunem tjatur sabangsané, wong Djawa nora weruh, mring tjlantuné basa Welandi, Walanda genti ngutjap, lir kodok nèng ranu, wong Djawa krungu grubjugnja, nanging ora mangerti tegesirèki, sigeg dènira pista.

22 Langkung énggar Residèn Mentawis, lawan Radèn Dipati Danurdja, Pangéran Mangkualamé, miwah para tumenggung, pepak sami sadijèng Lodji, tumenggung Sindupradja, Mangundipurèku, Purwadipura kalawan, Kartanagri Djawinata Resanegari, nèng Lodji sami pepak.

23 Sampun pepak dedamel Mentawis, Tuwan Djèndral mung nganti praptanja, bantu sangking Maduranè, wus lami suratipun, lan ngentosi bantuné malih, sangking ing Surakarta, dèrèng wonten rawuh, mila dèrèng magut juda, mring Silarong anganti kumpulirèki, Madura Surakarta.

24 Kawarnaha Kangdjeng Sribupati, Surakarta sareng tampi surat, sing Djèndral Batawijahé, puteg ribeng djroning kalbu, sigra dawuh nimbali gipih, sagung para sentana, anèm miwah sepuh, lan Patih sakantjanira, dawuh Dalem séwaka Pagelaran sami, tan dangu wus pepakan.

25 Jata wau Rahadèn Dipati, Sasradiningrat Patih Surakarta, tyas putus agal lembuté, tan kéwran ingeripun, dènnja ngulah agal lan alit, tan wiwang binapa-bapa,marang Sang Aprabu, tyasnja lir kasturi ngambar, tanpa rengat ambegira Dyan Dipati,wus pinda wiku dibja.

26 Tan kutjiwa jèn ngadoni djurit, nora susah karobaning lawan, tan bungah ngrobbi rowangé, ajem santosa tangguh, pantes dadi ugering Nagri, djroning pradja mendala, dèn emong sakajun, tan ana kang sinung rengat, putusing rèh tutuhu kondanging pradjadi, suminGkir rèh kanistan.

27 Ambeg wali sudirèng ati, among Nata gung ingkang kaprabawa,Patih mungkasi ing gaw' suwara ageng-arum,sembadané sariranèki,ageng gagah birowa,sinebut wong dégus,kuwungé uma-surja,amadangi kabèh ing rat nusa Djawi, sedih ingadjak nista.

Canto 14 hlm. 148 - 149 - 150.

28. Wus sèwaka Rahadèn Dipati, tinimbalan malebèng ing pura, wus prapta ngarsa Sang Katong, lenggahira ambukuh, muka kadi kondjeming siti, Nata alon ngandika, ja paran rembugmu, Ingsun iki tampa surat, ija teka Gupenur teka Betawi, ndjaluk urunan wadya.

29 Ing Silarong pan arsa ginitik, Kjana Patih akèndel tri napas, wusana sumaur alon, (gumleger arum swarané), duh Gusti Sang Aprabu, lepat ulun apunten Gusti, kundjuk ing pada Sang, menggah undjuk ulun, prajoginé linadosan, sawentawis Sang Nata sareng mijarsi, kanggeg tyas èsmu duka.

30. Angandika Kangdjeng Sribupati, jèn mangkono Patih aturira, semuné aturmu kuwé, teka temahan nglulun, mangertiné sirèku wedi, ija marang Welanda, tan rumeksa Ingsun, Kjapatih sareng mijarsa, dawuh Nata semuné pan èsmu runtik, nembah alon turira.

31 Duh Gustiku Sang Maha Nerpati, nuwun-nuwun lamun makatena, setyamba èstu-èstuné, rumeksa pradja Prabu, sampun ngantos praptèng bilahi, jèn pradja kènging bahla, saèstuné ulun, sareng lawan pradja Tuwan, temah rusak abdinta jekti nglampahi, ing karsa Djeng Narèndra.

32 Mila ulun umatur Sang Adji, Gusti maring panuwuné Djèndral, hamba umatur jektiné, pan mèrèng mangsanipun, itjallipun Welandi Gusti, sangking ing tanah Djawa, samangké Sang Prabu, Landi tan kènging minengsah, jèn wis mangsa sajekti kèsah pribadi, boten sěrana perang.

33 Lan malihé Welandi Sang Adji, amrih hardja nagri tanah Djawa, boten awon paneyané, djro ku tjeta ungelipun, wus mupakat kang para resi, nudjum tuwin pangita budjangga Sang Prabu, déné adegipun kraman, wedalipun Pangèran Dipanegari, leres ageng kang perang.

34 Nanging akir sajekti tan dadi, boten saged mengku tanah Djawa, Gusti menggah salokané, tijang mbègal puniku, rasa mlebèng mring peken Gusti, amung angrebat teda, djarwanipun Prabu, sanès tijang peperangan, boten kènging punika paduka galih, kuwawi mengsah Landa.

35 Inggih Gusti Pangèran Dipanegari, semu santri tan saged olah pradja, punika santri watekké, mung mbudjeng awakipun, boten saged mengku pradjadi, santri rupeg ing manah, paé wahju Ratu, djembar apinda samodra, awon saé sedajané winot sami, awit djembaring wadah.

36 Watek santri Gusti kang sajekti, rèka-rèka nglahirken utama, tur dateng nista dawahé, nggih sangking rupegipun, ing wewadah punika Gusti, mekruh nijat tjinegah, karam kang tinempuh, mila santri boten rosa, kanggénipun Gusti lamun bangsa santri, bab prakawis pun pradja.

Canto 14 hlm. 151 - 152 - 153.

37.Inggih namung nèmpèli sakedik, amrih djangkep isining Nagara, tan dados djenengwengkuné, éwa makaten ulun, pan sumangga karsa Sang Adji, ulun darmi lumampah, karsa Sang Prabu, kawula sampun kahinan, nadyan hamba adjura dèn kadi warih, nglampahi karsa Nata.

38 Tan kumedèp ing sijang.mjang latri, Sri Narèndra sareng amijarsa, Rekjana Patih aturé, ledjar tyas ngandika rum, sapa patut lumakjèng kardi, Kja Patih tur sumangga, ing karsa Sang Prabu, pra sentana kang tumindak, Sri Naréndra ngandika ja karsa mami, kang dadi tindihira.

39 Kangdjeng rama Pangéran Ngabèhi, lan djeng rama Pangéran Purbaja, Pangran arja Mentramé, ngirid pradjurit Ingsun, pradjurit djaba uruna sami, lah wis sira matua, dawuhena gupuh, Rekyana Patih mit medal, praptèng ndjawi panggih lan pangéran katri, ndawuhken sabda Nata.

40 Dawuh Dalem Pangéran Ngabèhi, kalih Gusti Pangéran Purbaja, lan Pangran arja M entarammé, djengandika tinuduh, dateng Djeng Sri Narapati, mbantu dateng Ngajogja, kang ndèrèk sang bagus, pradjurit djro Surakarta, lan urunan kang sangking para bupati, sarenga lan Welanda.

41 Tuwin pradjurit ing Madura Gusti, Gusti nunten sadijaha, bidalipun béndjang embèn, sandika pangran telu, sigra bubar kundur pra sami, Kjapatih praptèng wisma, nèng pendapa lungguh, amanah kang madju aprang, sigeggen pangéran katri,praptané dalemira

42 Wus sadija busanané ngadjurit, abdinira sami dinawuhan, wus samekta sadajané, jata wau winuwus, wong Madura duk sami prapti, ladjeng ing djudjugira, marang Lodji agung, agung pradjurit Madura, pangérané lelima dadya pangirid,papat putraning Nata.

43 Putra mantu pangéran kang sidji, nama pangran Tjakraningrat, Surjaningrat lan malihé, Surjaningprang katelu, Madjanegara tjaturirèki, pangran Natamadura, mantuné Sang Prabu, putra pangran Pamilingan, pandji wolu nama pandji Djajèngsari, lan pandji Djajèngmara.

44 Pandji Kusuma lan ing Singasari, lawan pandji Mertakusuma, lan Salerakusumané, Wangsèngdana puniku, lawan Bratakusuma pandji, Surja lan Sura nata, pandji Kusuméku, lan pandji Kartahasmara, lawan pandji Mangkukusuma kang nami, sampun telas sadaja.

45 Mantri pangarsa pan wolung dèsi, nama Gadjahwulung satunggal, raden Djajasutaranné, ingkang mbalik prangipun, milu kraman angalih nami,nama Djajamadura,enèng ing Lowanu,Matjanwulung ingkang nama,Matjanbalong Lembugening Lembusari,Tjitrasénа Prangbakat.

Co. 14 hlm. 153-154-155

46. Sangking Sumenep pan namung sakedik, tumenggung kalih peparapira, Mangkudiningrat sisihé, Djadiningrat nengguh, mantri alit datan winilis, wadyalit pirang-pirang, mung kalebu gunggung, Sumenep lawan Madura, gangsal èwu gunggungé kang wadya alit, tandangé galak-galak.

47 Djeng Sinuwun Surakarta nenggih, lawan sagung kang para sentana, Patih bupati mantriné, Sumenep Madura kumpul, Sampang Baléga nèng Lodji, tuwin pradjurit Landa, sedalu anaj up, sung slamet kang arsa aprang, gumer ramé inuman salin sumalin, daharan warna-warna.

48 Pan sinambi rembuging ngadjurit, prajoginé jèn umangsah juda, anggetjak marang Silarong, tutug budjana nginum, bubar dalu kawarna-a èndjing, tata wadya Madura, supenuh nèng lurung, sumambung wong Walanda, abdi dalem kawula Surakarta kang nambungi, pangran tiga winarna.

49 Lawan pangran Madura pra sami, pra bupati pandji mantri sarengnja, sumiwi djro pura kabèh, pamit minta pangèstu, wusinga-dèn sadaja sami, budal praptaning djaba, nindihi wadya-gung, tengara budalé wadya,..........pangandjuring baris, Sumenep sambungira.

50 Wadya kumpeni anambungi, telasira kang sumambung wuntat, pradjurit Surakartané, tindih pangéran telu, lan sagunging mantri bupati, ulur lampahing marga,untapé wadyagung, kadi wertutoga sasra, jèn sinawang lir péndah séla blekiti, bjar busanané wadya.

51 Ting pantjurat sunaring Mjang Rawi, murub mubjar busananing wadya, lan raditya rebut sorot, surja sunar mawelu, kasor déning prabawanirèki, panganggening wadya bala, rontèk lan ngalaju, kekanda lawan daludag, umbul-umbul sadaja kasilir angin, asri jèn tiningalan.

52 Sangking ing doh lir prawata sari, paju sadaja umekar, lir peksi gruda reraton, tabuh-tabuhan umjung, swaranira lir wreksa kintèki, barung swarèng wahana,pangriking kudagung, wus lepas lampahing gaman, pan ginelak nèng Dlanggu lereb sawengi, éndjingé sigra budal.

53 Nèng Prambanan lereb sawengi, éndjing budal ngambah tanah Jugdjakarta, désa pinggir lurung gedé,sadaja sami suwung, sami ngili mring wukir-wukir, labet rinajah brandal, nanging sampun teluk, ing Djenu lampahé prapta, tan adangu Snageran Tugu prapti, ngarep lodji kèbekan.

54 Pangran tiga lan pangran Madurèki, pra tumenggung pandji mantri smja, ladjeng man-

Canto 14 hlm. 155-156-157 - 158.

djing lodji gedé, lawan Djèndral wus pangguh, kurnèl major kelawan upsir, Residèn ing Ngajodja, hurmat ingkang rawuh, kelangkung suka sadaja, tuwin pangran Mangkualam angurmati, sadaja ingkang prapta.

55 Miwah Danurdja rahadèn Dipati, asung hurmat sarta tampi dawah, sangking kangdjeng tuwan Risidèn, kinèn sung pondokipun, wadya Surakarta lan malih, Sumenep lan Madura, Dyan Dipati gupuh, wadya ingirid sadaja, ngalun-alun pasében kinèn ngenggoni,marang wong Surakarta.

56 Lan pradjurit Madura pra sami, lan wong Sampang, Mekasan Baléga, tuwin wong Sumenep kabèh, swaranira gumuruh, marga ageng kanggènan djalmi, tan wonten kaliwatah, pasowan lit agung, wus katur dajinta Nata, lamun bantu Surakarta sampun prapti, miwah sangking Madura.

57 Langkung suka galihé sang putri, ladjeng dawuh mar ng Kapatihan, kinèn njuguh sadajané, ija sa-ananipun, kelampahan sampun weradin, kuneng genti kotjapa,pangéran tetelu, bantu sangking Surakarta, lan Madura agungé panggedénèki, nèng Lodji andrawin

58 Sunggata-gung ing sadjroning Lodji, pra panggedè ngiras pirembag, pradjurit badé angsahé, mring Slarong kang ginebug, dèn pratiga lampahé baris, intkang lèr ing Pendawa, déné ingkang kidul, sangking Geblag adjunira, déné wétan sangking Bantul angangsegi, mrijemé kalihwelas.

59 Ingkang badé kabekta kumpeni, nglurug marang Slarong mangsahing prang, sampun dados pirembagé, sadaja sami anut, pirembugé Djèndral Betawi, Welanda pinartiga, wong Madura iku, adjuné ja pinartiga, apadéné adjuné wong Surkarti,wah bala ing Mentaram.

60 Enengena wau kang winarni, Tuwan Djèndral kang wus tata-tata, kang teka ngebeg Silarong, genti ingkang winuwus, Kangdjeng Sultan Abdulkamid, Hèrutjakra Mentaram, Ngabdulrahman iku, sampun ingaturan wikan, lamun badé wonten mengsah ageng prapti, Djèndral sangking Djakarta.

61 Sarta kanti wong Madura singgih, tuwin bantu sangking Surakarta, pangran tiga titindihé, Sumenep Balgèku, pra pangéran titindihnèki, balané tanpa wilangan, kaebegan Gusti pradja ing Mentawis, sangking gunging kang bala.

62 Angandika Djeng Sultan agipih, kumpullena kabèh wadyaningwang, mjang para sentana kabèh, pra putra anèm sepuh, mglarana dèn pepak sami, duta manembah méntar, sigra undang gupuh, warata undang Narèndra, djedjel pipit wadya ingkang sami nangkil, anèng ing pasèwakan.

63 Pra tumenggung rangga lan ngabèhi, mjang demang mantri pradjuritan, gen alit sumiwi kabèh, pra putra anèm sepuh, pra pangéran pra sami nangkil, sadaja kalih welas , pepak anèng ngajun,putra sepuh wus dèn angkat,pan djumeneng sisilih Pangran Dipati, déné ingkang satunggal.

Canto 14 hlm. 158-159-160

64. Nunggak semi kang rama Sang Adji, nama Pangéran Dipanegara, putra sangking Semarangé, ran Radènmas Sukur, putranipun Rahadèn Dipati, Semarang ing samangkja, wus sinung djudjuluk, ran Pangran Purwanegara, ingkang badé pangirid kang baris, mangsah mapag prang Walanda.

65 Pangran Dipapradja kang pangarsi, pangran Bubakar lan Surjènglaga, lan Pangran Adisurjané, pangran Surjakusumèku, Mangkuningrat djadjaring linggih, pangran Surjamentaram, ..., ..., ..., ...

66 Pangran Hadiwita lan malih, pangran Slarong anami Pakusuma, pepak penangkilan andèr, Ki Madja lan Pangulu, mjang ngulama kumpulirèki, Djeng Sultan lenggah dampar, angandika arum, djenengsun paring wuninga, mring sagunging kadang putra sami, kang sumèwa sadaja.

67 Iki arep mungsuh agung prapti, Djawa Sabrang Sumenep Madura, gegamané luwih gedé, arsa mrawasèng pupuh, mring Silarong anglanggar djurit, paran ta kumpulé rembag, gelaré prang pupuh, manembah alon turira, djeng pangéran Dipapradja mring Sang Adji, jèn pareng karsa Nata.

68 Bèndjang lamun tempuking djurit, ngangé gelar kang gurdaja neba, sadaja sareng angsahé, Sang Nata ngandika rum, ingsun rembug karsanirèki, sagungé pra sentana, mjang wadya sedarum, wus prempeg tangkepé gelar, Kangdjeng Sultan ngandika dèn ngati-ati, lah pada perdandanana.

69 Tjiptanira sagunging kang wadya lit, njata tetep djangkaning kuna, bakal ana perang gedé, milané sami sujud, sajektiné nora mangerti, kalamun durung mangsa, samangkja wadya gung, sami tjipta sabillolah, djer Djeng Sultan tetep madeg Ratu Adil, tjritané Djajabaja.

70 Sakatahé wadya alit-alit, ora ana kang ngerti tjarita, mungguh basa lan surupé, mila ta sami gujub, perang sabil lawan Welandi, Landa pesti jèn kalah, perang lan Sang Prabu, iku Ratu Wali-Ollah, Kangdjeng Sultan Ngabdulkamid ing Mentawis,Djeng Sultan Hèrutjakra.

71 Wis pestiné Allah Maha Sutji, Djeng Pangéran djinundjung dladjad, dasar wus pareng takdiré, mring Allah Ingkang Agung, wong kang abdi apati-pati, tjiptané kang labuh prang, mung katonning kalbu, suwarga gawang-gawangan, mila kentjeng nijat sami perang sabil, wus ora katon ndonja.

72 Wus bubaran dènira siniwi, Kangdjeng Sultan kundur kuwonnira, wadyagung samekta kabèh, mrijem bandangan sampun, obat mimis sampun sinanding, tuwin mrijem Sinaga, wus pinasang gupuh, ngurmati panggènanira, obat mimis sadaja sampun tjemawis, jata genti kang kotjapa.

Canto 14 hlm. 160 - 161 - 162

73. Tuwan Djèndral kang wonten Mentawis, lawan para pangéran sawadya, èndjang ngangkatken barisé, wadya tjutjuking laku, wong Madura Landa nambungi, nuli pradjurit Djawa, wadya pinartelu, titindih para pangéran, wus binagi lor wétan kidul kang baris, gumrah untabing wadya.

74 Mrijem ingkang lumampah ing ngarsi, tambur barung salomprèt sauran, suling bèri lawan bendé, teteg sareng tinabuh, alir gondjing nagri Mentawis, kambah gunging kang wadya, swarané gumuruh, bareng pangrikining wahana, swaraning wong \[illegible\] kaméni, untala/busana warna-warna,

75 Gunging wadya wus datanpa wilis, jèn sinawang lir robing samodra, apengkuh ajem tandangé, pradjurit ing Mentarum, lampahira anèng ing wuri, tambur munja angraras, lan salomprèt barung, wus prapta ndjawining Kita, désa-dèsa Djaranan Djarakan sepi, mring Silarong sadaja.

76 Demang Mrisi-lan Pendawa sami, ija nama kjai Mertajuda, ing Pendawa \[illegible\] Djasènnané, dinuta kalihipun mring Djeng Sultan metjalang margi, jèn wonten mengsah prapta, dèn aglis umatur, mangkono Ki Martajuda, lan Djasèna semana sareng ningali, mungsuh gung ingkang prapta.

77 Nitih kuda nander aglis prapti, ing Silarong Sultan duk sinéba, kagjat kang séwaka kabèh, Demang Mrisilanm matur, gagap gugup aturing Gusti, Djeng Sultan wus uninga, lamun mungsuh rawuh, samana ladjeng ngandika, lah bubara pada sadija-a djurit, budal wadya gja bubar.

78 Gantjanging kanda/praputra wus rakit, nata bala wus sami samekta, nulja medal sadajané, sawétan Benda puput, Kalangan Sekargeneng nenggih, Djaha lan Suliganda, kanggènan sedarum, tijang èstri kang kotjapa, ing Silarong sadaja pan sampun gusis, ngungsi tengahing wana.

79 Kuneng Silarong genti kang winarni, wadyabala kang sangking Mentaram, sumahab wau lampahé, wong Mentram nèng pungkur, pan ginelak lampahing baris, ing Geblag sampun prapta, ing sakulon dusun, ..., baris Landa mrijem sigra dèn suleti, kadya prang mbatabentar.

80 Tambur barung brang-brangan amuni, slomprèt angrit suling wor sunapan, bendé tinitir lan bendé, tinggar tarung kumrutug, peteng ndedet kukus sendawi, surak kadya ampuhan, semana wus tjampuh, wong kumpeni ambeg sura, wong Silarong panggah pengkuh anadahi, prang kuwel leng ulengan.

81 Pradjurit Bulkija anganseg wani, pan pinetuk ingedrèl sunapan, kumpeni ampang watekké, mrijemnja sungsun-sungsun, datan kènging dipun selani, pra putra mangsah rana, ngamuk ngagem lawung, nèng luhur kuda neradjang, wong kumpeni Madura katah kakanin, Wiradirdja wus sajah.

Canto 14 hlm. 162 - 163 - .

82.Pan sadaja sami mangsah djurit, para putra sami tandang ing prang, ngangsahaken pradjurité,dènnja nata wus kumpul, para putra nitih turanggi,pan sarwi ngagem destar,kapan sadarum, lir pèndah kuntul anglajang, tiningalan angsahé Sang Radja siwi, lir péndah lakat.

83 Wadyanira pan sinilih tapih, petak pita panna warna-warna, pan tanbuh winarnakaké, arempeg lampahipun, anèng ngarsa dènira baris, wus praptèng ngara-ara, angsahé pra sunu, winetawis gunging wadya, Djeng Pangèran gangsal atus winitawis, tan luwih datan kurang.

84 Lampahipun sami matja dikir, wadyabala ing Slarong sadaja, ija iku seliranè,nèng tengah sabin sampun, tan kawarna wau kang baris, kotjap wau Walanda, kang saweg prang pupuh, wruh linambung sangking kanan, tanna dangu adjeng-adjengan kang djurit, tan wonten kang mungkuran.

Canto 15

1 Sigra tjampuh ing ngajuda, wadyanira sagung para kumpeni, wadya Silarong angesuk, watekké wadya Djawa, nora wikan tatané Walanda pupuh, kumpeni perangé papak,apang-gah baris kumpeni.

2 Aramé uleng-ulengan, agempuran marijem wanti-wanti, baris Djawa katah lampus,Wa-landa katah pedjah, panandere Walanda angamuk purun, wau mas Lurah Madjasta, angamuk kelawan etjis.

3 Kelangkung teguh mas Lurah, datan pasah wau katiban mimis, kèh Welanda dèn tjis lampus, soldadu katah pedjah, kang tinradjang Walanda amawut.mawut,

I C H T I S A R

Hlm. 1 P.Dipanegara memperkuwat markas di Selarong.

" 2.Laskar Dipanegara mengepung (memblokir) Kota Jogjakarta dan membégal bahan makan soldadu Belanda jang dikirim dari Magelang. Blanda minta bantuan pradjurit Mangkunegaran Surakarta.

" 3. Pradjurit Mangkunegaran menjerang Slarong, pimpinan R.M.Surja ditangkap, oleh P.Dipanegara diberi ampun, dan diantar pulang ke Sala.

" 4 Markas Slarong bersiap menjambut serangan tentara Belanda.

" 5 Tentara Belanda dan pradjurit Kraton menjerang Slarong.

" 6 Pertempuran sengit di dekat Slarong, tentara Belanda dapat dipukul mundur kembali ke Kota Jogja.

" 7 Para pangeran dan bangsawan l.l.keluar dari Kraton menggabung ke markas Slarong.

" 8 Daerah Bagelèn dan sekitarnja tunduk kepada P.Dipanegara.

" 9 P.Dipanegara dinobatkan mendjadi Sultan Ngabdulkamid Herutjakra.

" 10 Soldadu Belanda didatangkan dari Betawi dipimpin sendiri oleh Djendral dan para Opsir tinggi.

" 11 Belanda minta bantuan pradjurit kepada Sri Sunan Surakarta.

" 12 Sri Sunan mengirim bala bantuan k epada Blanda dipimpin oleh Pangeran Bèhi, P.Purubaja dan Arja Mataram.

" 13 Pradjurit Surakarta dengan bantuan pradjurit Madura berangkat dari Sala ke Jogja

" 14 Kedatangan pradjurit Sala dan Madura di Jogja lalu masuk Lodji, para pangeran bertemu dengan Djendral merundingkan siasat peperangan.

" 15 Pesta para Pembesar dengan Djendral di Lodji.

" 16 Tentara Belanda, pradjurit Surakarta, Madura dan Kraton Jogja berangkat menudju Selarong.

" 17 Pertempuran sengit di Slarong.

I N D E X nama orang

I N D E X nama desa,tempat dll.

M.S.Or.Leiden 2165, blz. 161 - 162.

Pangkur XIV

1. Sigra tjampuh ing ngajuda,
wadyanira wau para kumpeni,
wadya Silarong angesuk,
watekė wadya Djawa,
nora wikan tatanė Walanda pupuh,
kumpeni perangė papak,
arata baris Welandi,

2. Aramé uleng-ulengan,
agemporan mrijem mawanti-wanti,
baris Djawa katah lampus,
Walanda katah pedjah,
pan aneser Walanda anjerot purun,
wau mas Lurah Madjasta,
angamuk kalawan etjis.

3. Kalangkung teguh Mas Lurah,
datan pasah wau katradjang mimis,
kéh Walanda dén tjis lampus,
suldadu katah pedjah,
kang katradjang Walanda amawut-mawut,
Kaptin pirsa langkung gusar,
pra Opsir kinon ngebjuki.

4. Pra opsir samja tumandang,
Sersan Kopral sumahap anandangi,
Mas Lurah sigra kinrubut,
wus pedjah ing Kasongan,
nggènnja ngamuk angungkih kalawan duwung,
dasar maha remen pedjah,
sareng lan Mohamad Santri.

5. Para putra Surakarta,
ingkang tumut nindihi mring kumpeni,
adawah mring wadyanipun,
lah pajo pada mara,
tuwan Djéndral pan angling ngawé-awé sampun,
dumateng Kangdjeng Pangéran,
Dipati Purbaja nenggih.

6. Kotjapa Djajapenawang,
sedya nglambung sangking lor praptanéki,
Djanegara sangking kidul,
tangkep malih kang juda,
langkung ramé prangira budjung-binudjung,
éndjing/kongsi prapteng asar,
long-linongan ingkang mati.

7. Wus sajah wadya Walanda,
tuwin Djawa Madura samya ngelih,
wus kèndel dulu-dinulu,
anging wadya Walanda,
mung mrijemé kalih-welas ting djalegur,
sianter kinarja balang,
wong Slarong manahe giris.

8. Datan angop mrijemira,
wong Silarong mawut dipun mrijemi,
Kjai Naga sampun remuk
mrijeme Kangdjeng Sultan,
dadya lolos samja mundur perangipun,
nabrang kali munggah arga,
pesanggrahan sampun gusis.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 162 - 164.

9. Para putra Silarongan,
ladjeng marang pesanggrahanirèki,
kang garwa kepanggih suwung,
dumateng dusun lijan,
ngidul ngilèn lampahé golong sedarum,
wus nabrang ing kali Praga,
kang wadya sadaja ngiring.

10. Nèng Djlegong amesanggrahan,
Kangdjeng Sultan ngajemaken kang galih,
kumpeni tan wonten nusul,
mila jem Kangdjeng Sultan,
kjahi Madja sentanané sampun ngumpul,
anèng mesdjid pondokira,
djedjel ingkang para mukmin.

11. Datan kawarna semana,
Kangdjeng Sultan Hèrutjakra Dulkamid,
kang samja mempen puniku,
anèng ing Djlegong desa,
sadajanja wadya pan sami kumpul,
para putra pirembagan,
lan sagung para Bupati.

12. Enengna kang pirembagan,
kang kotjapa lampahipun kumpeni,
lakuning kumpeni mundur,
nèng marga tan kotjapa,
sampun prapta andjog anèng Alun-alun,
ing negara Surakarta,
ladjeng andjog djroning lodji.

13. Pan ladjeng para Pangéran,
samja pista ndrawina anèng lodji,
genti anjohosi minum,
lawan para Pangéran,
Tuwan Djéndrallang bangsane langkung gujub,
anuruti karsanira,
Pangéran titiga nenggih.

14. Sampun tutug gènnja pista,
Pangran tiga pan samja sung pamit,
gantjangé tjaritanipun,
samja tabé sadaja,
dadya kundur dumateng ing dalemipun,
lampahira gegantjangan,
kasusu wuru ing sopi.

15. Lan mendem arak weragang,
lan branduwin djenèwer anggur kenit,
anis petak kang inginum,
mila sanget wurunja,
pra Pangéran milanja kasusu kundur,
dateng dalemé pribadya,
Djeng Pangéran tiga sami.

16. Daleminpun sowang-sowang,
kawarna-a wau kang samja guling,
Pangéran kang samja wuru,
étja nggènira néndra,
kang kotjapa rahadèn Dipatiku,
anudju ing dina Soma,
rahadèn Dipati nangkil.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 164 - 165

17. Sowan marang Sri Naréndra,
Prabu anom lagja mijos tinangkil,
pepak kang para Tumenggung,
Mantri para punggawa,
pra Kaliwon nèng wingkingé pra Tumenggung,
Kja Patih wonten ing ngarsa,
pra Pangéran derèng prapti,

18. Gantjangé ingkang tjarita,
pra Pangéran sadaja samja nangkil,
nèng ngarsané Sanga Prabu,
Pangran nggènnja séwaka,
prenahira pan rada kapéring ngajun,
ing ngarsané Kjana Patya,
Sasradiningrat nèng wingking.

19. Ngwurinja Kangdjeng Pangéran,
Pangran Bèhi Pangran Arja Mentawis,
Pangran Purbaja nèng ngajun,
rada kapéring kanan,
Pangran kalih ing kéring palenggahipun,
Sang Nata lenggah ing dampar,
ingajap kang para Tjèti.

20. Pinatik ing nawa-retna,
ingisènan djunanten alit-alit,
sinelan mirah djumerut,
sasab sutra diwangga,
lelemèke babut prangwedani alus,
menuring dampar katingal,
lir kilat barung lan tatit.

21. Asugih Prabu taruna,
Sri Naréndra Surakarta kang wuri,
pan terah kusuma agung,
rembes madu bremara,
pan widjilé wong tapa tedaking laku,
tedaké Nata pandita,
Pedjadjaran Sri Bupati,

22. Sinéba nèng Sitibentar,
pra punggawa andèr ing Pantjaniti,
sowan marang Sanga Prabu,
genti ingkang kotjapa,
Sultan kraman wus kasoran djuritipun,
bubar sangking Silarongan,
Kangdjeng Sultan Ngabdulkamid.

23. Perang nèng Silarong kana,
putra kalih unduripun kaplesit,
kang nama Radèn Mas Sukur,
putra sangking Semarang,
sawidjine Pangéran Sérang puniku,
saha wadyanja tut muntat,
sa-sentananja angiring.

24. Bubaré sing Silarongan,
putra kalih agolong lampahnèki,
mring Kerèngsèng nggènnja ladju,
andjog ing Ngénta-énta,
nulja ngidul marang Bantar kang djinudjug,
anglari marang kang rama,
Djeng Sultan neng Djlegong dèsi.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 165 - 167

25. Kuneng genti kang kotjapa,
tan kawarna wau Pangéran kalih,
kotjapa kang pra Tumenggung,
tuwin para Pangéran,
ing Madura kang samja tumut prang pupuh,
anglurugi Silarongan,
tas menang nggènnja adjurit.

26. Kundure sareng Walanda,
tuwan Djéndral kandeg anèng negari,
ing Surakarta puniku,
masuk djro lodji besar,
déné Pangran Madura sadajanipun,
kantun lodji Jogjakarta,
pan kinèn djaga negari.

27. Sedaja para Pangéran,
miwah ingkang sakèh para Dipati,
pra Mantri Pandji sedarum,
pan sampun mesanggrahan,
neng Ngadjogja kang para Pangéran iku,
déné wadya ing Madura,
samja kandeg nèng Mentawis.

28. Gumerah wadya Madura,
kèh panggonan Alun-alun dèn enggoni,
swaranira pan gumuruh,
béda lan bangsa Djawa,
pangutjape Madura pajo tutuku,
lombok ujah ta punika,
dene basa Madurèki.

29. Madjoh melooh tjabih budjah,
pan mangkana basané Madirèki,
aran widjèn widji ki,
basa inggih ingkih ika,
pan wong Djawa apan awis kang sumurup,
mring katané wong Madura,
akèh djalma muring-muring.

30. Gabèngaken kakadikan,
tegesipun digawé madang iki,
ban pulé meléja djukuk,
tegese basa Djawa,
karo manèh tukuwa iwak ta iku,
kagabèngaken bik jaman,
krepèn énak tegesnèki,

31. Gantya wau kang kotjapa,
Pangran kalih wau ingkang kaplesit,
dèn Mas Sukur kalihipiun,
sareng dados Pangéran,
adjudjuluk Pangran Purwanegarèku,
satunggilnja Pangran Sérang,
agolong sawadyanèki.

32. Wau ingkang kawuwusa,
Pangran kalih ingkang sinedya galih,
mring bang Wetan paranipun,
kèh désa rinajudan,
lampahira Pangéran kalih puniku,
samarga aneneluknа,
ladjeng andjog ing Kediri.

MS. OR. Leiden 2163, blz. 165 - 167

33. Kuta ingkang linangkungan,
samja teluk marang Pangéran kalih,
ing nagri bang-wétan sujud,
samja teluk sadaja,
ladjeng mempen Pangéran kalih puniku,
wonten nagri Kartasana,
wus teluk Tumenggungnèki.

34. Bupati ing Kartasana,
wastanipun Menggung Wirjanegari,
satunggal putranja djalu,
aran Dyan Sasrawirja,
sampun sujud mring Pangéran kalih wau,
Wirjanagri lan kang putra,
sedija sesuguh aglis.

35. Djeng Pangran sinuba-suba,
sinuguhan maring désa sami,
Pangeran kalih nèng ngriku,
kalangkung kinurmatan,
anembelèh maésa kalawan lembu,
sawung katah lawan mènda,
anjugata Pangran kalih.

36. Saben dina abudjana,
Pangran kalih ngandikanira aris,
hèh Wirjanagri sirèku,
mepeka kang gegaman,
lan malihé mataha petjalang iku,
kali wetan Kertasana,
nèng kreteg mempena dèsi.

37. Tumenggung Wirjanegara,
tur sandika nimbali Demang aglis,
hèh Demang Ngentak sirèku,
djaga-a kreteg kana,
lamun ana baris nabrang ngulon iku,
kreteg ènggal bubrahana,
Demang Ngentak sandika mit.

38. Nengna ingkang kunurmatan,
kawarna-a kumpeni ing pasisir,
ing nagri Surabaja gung,
gègèr mijarsa warta,
ing kabaré Tumenggung ing Djapan wau,
kang matur dateng ing tuwan,
Risiden ing Surabanggi.

39. Pinunggel tjaritanira,
Kurnèl Bulnèl ing lodji Sampang nenggih,
jèn wonten keraman rawuh,
Kertasana nggènira,
ladjeng karsa Kurnèl Bulnèl gusar gregut,
nglurugi mring Kertasana,
kang badé dipun lurugi.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 169 - 171

40. Risiden ambutjal surat,
marang nagri ing Madura nenggih,
neda sumbang mring Sang Prabu,
wadya-bala Madura,
sampun prapta suraté risidèn wau,
wus katur marang Sang Nata,
Sang Prabu Madura aglis.

41. Lajang kang satunggal ika,
åpan katur tuwan Pétor puniki,
kang dados pengagengipun,
ing nagri Maduretna,
kang kinanti Sang Nata Madura iku,
kang ngrembug ing palandratan,
tuwan Pétor lan Sang Adji.

42. Kang surat sinuksmèng drija,
Sri Narendra wus suning srat pan nedi,
ungeling surat pendjaluk,
sajoga ka-atura,
mring Sang Nata Tjakradiningrat anengguh,
kang pilenggah ing Madura,
Sang Nata nudju tinangkil.

43. Pepak kang para punggawa,
kang pra Mantri miwah kang pra Bupati,
sekawan Pangeranipun,
sowan marang Sang Nata,
Sri Narendra Madura djudjulukipun,
Sang Prabu Tjakradiningrat,
mengku nagri Madurèki.

44. Adjedjel ing panangkilan,
Sri Naréndra ingajap para tjeti,
Prameswari munggèng ngajun,
neng Pantjaniti aglar,
pra nijaka andèr munggeng tarub agung,
gambuh klangenan Madura,
adjedjel samja anangkil.

45. Séwaka wonten ing djaba,
sakilĕne Pantjaniti akedik,
pepakan para Tumenggung,
pra Pandji kabèh séba,
ingkang sowan tan wonten djalma kang muwus,
sakèhe kang panakwan,
pangutjapé ting kalesik.

46. Utjapen sadjroning pura,
Sri Narèndra ngandika mring pra tjèti,
hèh timbalana dèn gupuh,
Kja Patih anèng djaba,
ingkang kinon lèngsèr sarwi awot santun,
wus mundur sangking ngajunan,
medal sangking Pantjaniti.

47. Tan antara sigra prapta,
kang ingutus nimbali mring ki Patih,
sapraptanira andeku,
keparak matur sigra,
dateng wau rahadyan Patihing Ratu,
ature tjèti punika,
andika ngandikan aglis.

48. Umatur rekjana Patya,
nggih sandika aturé Kjana patih,
pinarak pundi Sang Prabu,
aturé pan mangkana,
nggih pinarak ing Pantjaniti puniku,
kja Patih segra umangkat,
kontjané tjinantjut inggil.

49:Pra naji ngutjap djro drija,
méndahané duwe bodjo kadyèki,
bok Tjèti lèrèm angujuh,
kapéntjut djroning manah,
dasar Patih Madura warnane bagus,
tedakan sing Surakarta,
turune andana-warih.

50. Lampahé rahadyan Patya,
anglir Samba lumampah lan Setyaki,
dasar kang ngiring abagus,
kang nama Radèn Arja,
tedak Sampang turuné Patih rumuhun,
rahadèn Purbanegara,
putrané Patih kang lami.

51 Namané saweg djedjaka,
Radèn Minggu ibu sing Sampang nagri,
atmadjane Patih sepuh,
genti wau kotjapa,
Kjana Patih wus prapta ngarsa Sang Prabu,
Sang Nata aris ngandika,
dateng wau Kjana Patih.

52. Hèh Patih kadya punapa,
wonten surat sangking ing lodji wingi,
Kja Patih matur wot-santun,
mungel kadya punapa,
dawahira Sang Nata mring Patihipun,
suraté mungel mangkana,
aneda bantuning djurit.

53. Ki Patih kados punapa,
hèh ta Patih ngumpulena pradjurit,
pepaka ing dina Bésuk,
tijang kang bade perang,
ingkang tumut lampahe kang saradadu,
sangking Tuwan Pétor ika,
Kumendanira angiring.

54. Tuture Pétor walanda,
dateng kula wau Rekjana Patih,
déné te pengagengipun,
Purbanagri miluwa,
Radèn Arja anembah sarwi umatur,
dèn Purba matur sandika,
anging kula bekta Mantri.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 172.

55. Sang Nata alon ngandika,
ija apa dadi karsanirèki,
pan unine surat iku,
mangkata dina Soma,
lah barenga lakuné lan Saradadu,
Madura lan Surabaja,
marmané wau ki Patih.

56. Mangkana kang wadya-bala,
dinten Tumpak pepak kang para mantri,
pradjurit kang samja tumut,
bekta awaos pontang,
abang petak sinelingan pontangy djamus,
katenger waos prang barisan,
wong Madura sadajeki.

57. Kotjapa anèng tjarita,
wusnja dawuh wau Sri Narapati,
tan kawarna Sanga Prabu,
ganti ingkang kotjapa,
Saradadu kang baris nèng lodji iku,
Kapetoran prenahira,
wus tata baris Welandi.

58. Ladjeng mangkat karepira,
pan agenti wau winuwus malih,
kotjapa kang nangkil wau,
Sri Nata sampun djengkar,
angedatyan ingkang nangkil samja mundur,
sangking wau penangkilan,
aramé kang anèng djawi.

59. Gantjangé ing kang tjarita,
kawarna-a rahadèn Adipati,
wus pepak wadya-bala gung,
ngalun-alun Madura,
kang pra mantri pan sampun pepak sedarum,
nèng Alun-alun melatar,
aramé swarane djalmi.

60. Kotjapa Suldadunira,
sangking lodji samja dateng tumuli,
kumpul anèng Alun-alun,
awor baris Madura,
sigra budal kang baris umjung gumuruh,
kang nindihi ing ajuda,
kang nindihi ing ajuda.

61. Kotjapa wau Sang Nata,
sampun djengkar dèn ajap para tjèti,
sampun rawuh ing kedatun,
tan kotjap ing djro kita,
kawarna-a wadya ingkang anèng laut,
kotjapa ing lampahira,
datan dangu nulja prapti.

62. Sampun praptèng Surabaja,
samja kumpul Suldadu lan pradjurit,
kang nata Kumendanipun,
suldadu Surabaja,
pan akatah wus pepak kang saradadu,
kang nindihi Surabaja,
Kurnèl Bulnèl kang nindihi.

blz. 172-174.

MS.Or. Leiden 1163m blz. 174 - 175.

63. Wadyane Tumenggungira,
Surabaja pan sami amerapit,
bala kang sradadu iku,
Madura Surabaja,
katahipun pan sadaja kalih ewu,
wadya Djawa ing Madura,
tigang atus katahnèki.

64. Wadya Djawa Surabaja,
wulung atus lawan kang para Pandji,
pandjinira tjatjah wolu,
satunggal Pandji Djaka,
kang satunggal namanira Pandji sepuh,
namané Pandju Kusuma,
pengagengé para Pandji.

65. Kang alit datan kotjapa,
kawarna-a bala kang sangking Bangil,
tjatjahé wadya mung sèwu,
kang sangking Gembong ika,
katahira wolung atus balanipun,
tanapi kang sangking Djapan,
rongatus tigang dasèki.

Datan kandeg Surabaja,
bala wau ladjeng samja lumaris,
angidul ing lampahipun,
datan kawarna marga,
lampahira kang pradjurit samja nglurug,
tan adangu sigra prapta,
ing Kertasana negari.

67. Kotjapa ing Kertasana,
sampun tata barisé kraman nenggih,
tumenggungé sampun teluk,
Aran Wirjanegara,
putranira Sasrawirja aranipun,
dadya kantinira kang rama,
wus sijaga ing adjurit.

68. Saos ngarsané Pangéran,
Pangran Purwanegara kang sawidji,
Pangran Sérang kalihipun,
wus agung barisira,
wong ing Kertasana sadaja wus teluk,
sujud manut rembagira,
mring kraman Pangéran kalih.

69. Kotjap baris Surabaja,
nggénnja baris anéng sawetan kali,
amung elet lepen agung,
wétané Kertasana,
baris kraman néng kilèn kali puniku,
aramé nggènira juda,
agenti bedil-binedil.

70. Marijem kang anèng wétan,
ing wétané lèpèn Bunder kang nami,
pipitu marijemipun,
marijemé keraman,
mung kekalih marijemé keraman hiku,
sampun tjampuh ing ajuda,
aramé perangé bedil.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 175 - 177.

71. Barisé Kurnèl Kumendan,
lan barisé wong Djawa surabanggi,
samja njabrang lèpèn sampun,
baris Dipati Djipang,
lan barisé Dipati Bangil wus tumut,
baris Gembong sang Dipatya,
apan sampun tumut baris.

72. Sami medal wot sadaja,
jata genti ingkang winuwus malih,
wonten Demang kang tjniatur,
nama Demang ing Ngentak,
pan barisé ing wétan samja angesuk,
sigra uwod dipun bubrah,
aprang ramé silih ungkih.

73. Mrijemira ingkang wétan,
datan waged nabrang sakilèn kali,
jumdané keraman anglud,
kasoran baris landa,
sigra mundur barisé landa wau,
kareteg sampun bunubrah,
saradadu akèh mati.

74. Tanapi baris Madura,
apa déné baris wong Surabanggi,
bala Djapan katah lampus,
ing Bangil Pasuruhan,
katah pedjah datan kena dipun étung,
kotjapa Bupatinira,
ing Surabaja negari.

75. Sampun tinulungan bala,
kirang kedik Tumenggungé mèh lalis,
Risidènira mèh lampus,
katjegur anèng toja,
Kurnèlira inggih tumut pan mèh lampus,
Kumendanira Madura,
kirang kedik pan mèh mati.

76. Tumenggung Bangil lan Djapan,
Dipatiné Pasedahan mèh lalis,
dèn Arja Madurà iku,
inggih kagebjur toja,
kang pra Pandji inggih mekaten sedarum,
Dipati Gembong lan Djapan,
mèh séda Dipati kalih.

77 Ing lèpèn ageng kalintang,
sarah djalma bebatang tijang mati,
ana sami dipun usung,
kang gadah sanak tjelak,
ana ingkang mati ora dipun usung,
ingkang tebih sanakira,
sami modjid anèng kali.

78. Kang baris ing sabrang wétan,
sami mantuk dateng Surawèsti,
sakatahe pra Tumenggung,
ddistrik kawan negara,
sami nderek lampahé ingkang rumuhun,
risiden lan kurnèlira,
unduré samja anggendring.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 177-178

79. Tan ngantos lami punika,
antukira wau kang pra pradjurit,
gantjangé tjaritanipun,
namung sadinten nulja,
ladjeng wangsul wadya alit ingkang kantun,
anusup angajam-alas,
tan neda samja angelih.

80. Kapetuk ing lampahira,
bala bantu kalawan ingkang kèri,
wadya kang wangsul anglurug,
kang kantun anèng alas,
sakariné sadaja pan sami nglampus,
tjeguré anèng toja,
kang kantun satunggil kalih.

81. Malah katah pinatènan,
dèn arani balané kraman sami,
kepapag kang sami wangsul,
anglurugi keraman,
kang sawenèh ana kang ladjeng umantuk,
dateng nagri Surabaja,
datan kawarna ing margi.

82. Kang wangsul ingkang kotjapa,
sampun tjampuh aperang silih ungkih,
aramé perang gumuruh,
kraman barisé katah,
pan kumpeni barisé sadaja agung,
aramé dènira juda,
tambur barung lawan suling.

83. Aramé tumbak-tinumbak,
Bala Djawa sareng tjampuh kèh mati,
miwah kumpeni kèh lampus,
aramé dènira juda,
Sang Risiden Pandepul parèntah sampun,
dateng wau litnanira,
mrijemé kinén ngiseni.

84. Mrijemé sampun ngisénan,
pan agantjang kotjap merijem wus muni,
sinuled mrijem ping telu,
ingarahaken grija,
ladjeng kénging wisma Kertasana iku,
agja nulja kokobaran,
keraman manahé tipis.

85. Kasoran ing judanira,
ladjeng njabrang wau bala kumpeni,
aglis kraman nggènnja mundur,
ingkang kinarja sasak,
kadjeng elo pan sekawan katahipun,
rinubuhaken ing toja,
kinarja marginé baris.

86. Wus nabrang ngilèn sedaja,
wadya sabrang menang nggènnja djurit,
Tumenggungira kapupu,
distrik ing Kertasana,
lan demangé kang mbubrah sasak karuhun,
katjandak ladjeng binanda,
teluk pasrah pati urip.

MS. Or. Leiden 2163, blz. 179-180.

87. Tumenggungé teluk pisan
ingutjulan bandane samja linggih,
putrané Raden Tumenggung,
késah tumut keraman,
tan kotjapa Tumenggung Demang kang teluk,
Risiden amengsanggrahan,
tinit kang samja linggih.

88. Tuwan Risiden angutjap,
dateng wau Menggung Wiranegari,
tanapi mring demangipun,
Risiden kang timbalan,
lamun uwis sira teluk marang ingsun,
dén betjik ngrumat nagara,
sedaja dipun sumpahi.

89. Pan sami sumpah sedaja,
anengena ingkang wus sumpah sami,
kotjapa baris kang mundur,
dateng ing Surabaja,
pan gumuruh swaraning djalma lumaku,
datan kawarna ing margi,
kotjapa bala wus prapti.

90.
Bala Djapan kandeg ing Djapan,
sadaja/
wadya Gembong/samja mulih,
wadya Bangil samja mantuk,
dumateng nagrinira,
wong Madura samja mantuk nabrang laut,
Radèn Purba tindihira,
wadya kumpeni winarni.

91. Kumendan ing Maduterna,
apan kandeg anèng ing Surawesti,
nèng lodji mangan anginum,
aramé andrawina,
tan kotjapa kang andrawina puniku,
kotjapa Dipatinira,
ing Surabaja ngemasi.

92. Sang Dipati namanira,
pan anama Kramawidjaja nenggih,
Surabaja dalemipun,
pan dédé turunira,
kang Dipati kang pedjah puniku wau,
sangking Patih turunira,
Patih Kramawidjajèki.

93. Putrané rekyana patya,
lami-lami djinundjung mring kumpeni,
Dipati kang lama sampun,
kagentèn turunira,
putranira wau ki Patih puniku,
kang nama Kramawidjaja,
pepatih ing nguni-uni.

94. Nanging tan tumut aperang,
perangira kang kantun tan umiring,
perang kang dingin pan tumut,
kala perang kawitan,
mung sapisan pendak rebo nuli lampus,
kala perang Kertasana,
djer ambalan kaping kalih.

MS.Or. 2163, blz. 180 - 182.

95. Dipati Kramawidjaja.
kalanira wau katjrita lalis,
pan sinalataken sampun,
pepakan para tuwan,
para Kadji kalawan kang para kaum,
Pangulu kakim mjang ngarsa,
tambak Kadji Ngampèl ngiring,

96. Tanapi Masdjas ki Marsam,
ing Sepandjang tanapi ing Legundi,
sakèhé pesantrèn tumut,
anjalatken sadaja,
mring djisimé Dipati Surabajèku,
selawaté njarupiah,
para kadji pan njaringgit.

97. Mawi njebar dik-udikan,
nèng lun-alun aramé rebut udik,
laré alit pan gumuruh,
ramja sami rebutan,
dadi tukar pan samja djagur-djinagur,
ana ingkang samja tjakal,
ana manèh tiba ndjengking.

98. Gantjangé ingkang tjarita,
kang wus pedjah binekta marang Bibis,
kang aran Bibis puniku,
anggoné para sentana,
sentanane Dipati Kramadjajèku,
sentana kuna-kumuna,
duk alam Demak rumijin.

99. Kotjapan ingkang lumampah,
dateng makam wau kang para santri,
kumpeniné datan kantun,
aramé anèng marga,
Risidené Kurnèlé pan datan kantun,
Kumendan opsir kapitan,
Saréjan Kopral tan kari,

100. Kapitan Tjina nèng ngarsa,
ngarsa malih pra kadji lawan santri,
kumpeni pan anèng pungkur,
nabuh biolah ramja,
saradadu edrèlé lir gunung rubuh,
tamburé munja brang-brangan,
tjokèk muni ting salemprit.

101.Kang darbé tjokèk punika,
bangsa Tjina Kapitan Surabanggi,
pra Kadji dikirnja umjung,
samarga dik-udikan,
langkung ramé raré katah samja ngrebut,
mring jatra udik-udikan,
akatah raré kang nangis.

102. Sadalan-dalan tukaran,
raré alit gumerah samja nangis,
atukar lan kantjanipun,
pan sami tetabokan,
anengana kang pada nangis nèng nglurung,
kotjapa lajon Dipatya,
wus mandjing kuburirèki.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 182 - 183.

103. Apan sampun kaurugan,
genti wau ingkang kawarna malih,
para Mantri samja mantuk,
wismané sowang-sowang,
pra kumpeni inggih dateng lodjinipun,
wus prapta nglodji sadaja,
tan wonten kang kotjap malih.

104. Nanging genti tjinarita,
satengahé kanda kinarja delming,
pra tjètine ingkang lampus,
suka pating galidrah,
welèh ngutjap ingsun laki lan sirèku Anu,
seliré nauri ngutjap,
bésuk aku laki benting.

tjeti. Dutch servant

105. Sawenèh ana angutjap,
ingsun bésuk bédangan bahé uwis,
ngong remen milih kang pundjul,
sun gawa maring ngomah,
omahira ingsun énak-énak turu,
aku njéwa telung uwang,
kang sawenèh ana angling.

106. Ingsun pan wis duwe bédang,
mengko soré bakal ingong temoni,
omahé kampung ing Sulung,
aku pan wis semajan,
bakal tempuk perang kidul alun-alun,
ingsun énak bebondétan,
sun anganti wong asigit.

Kinanti XV

1. Tan kawarna ingkang kantun,
kotjapa kang samja mulih,
sakèhé wadya Madura,
anbrang sagara Gresik,
sakétja nggènnja lajar,
andjog sakloring Garesik.

2. Lajare katon kumendung
Ing lautan babar nèki,
kang kinarja lajar mota,
baita selup prajogi,
gantjang lampahé kang palwa,
wus andjog pulo Mengari.

3. Tan kèndel gennja lumaku,
praptané pulo Nengari,
wus ladjeng ing lampahira,
andjog Madura Negari,
perau kèndel muara,
midanget Sri Narapati.

4. Rahadén Kusuma iku,
midanget palwanja prapti,
rahadèn Sumadiningrat,
ladjeng prèntah mring pra Mantri,
kinèn ametuk sadaja,
mring Radèn Purbanegari.

5 Rahadèn sampun pinetak,
Marah sakèh para Mantri,
akatah kang samja mapag,
lir pèndah wong ngarak sami,
wonten kang nitih turangga,
wonten ingkang darat sami.

6. Arame´pating garubjug,
Mantri kang sami marani,
wonten tepining samodra,
ametuk kang para èstri,
sami suka djroning drija,
ing Mlaja pernahirèki.

7.
Sakèhé kang samja ngrungu,
wong katah samja ningali,
atèmbak uruting marga,
wau kang samja ningali,
Sakèhè tijang Madura,
ningale dateng ing baris.

8. Kotjapa kang sami mudun,
wau sakèh kang pradjurit,
polahé pan salang tundjang,
mudune anèng kikisik,
wus sami medun sadaja,
satata lampahé baris.

9. Wus rakit nulja lumaku,
sakatahe kang pradjurit,
arempeg ing lampahira,
katah kang samja ningali,
datengé kang sangking perang,
tan adangu sampun prapti.

10. Andjog anèng ngalun-alun,
saradaduning Kumpeni,
lampahira pan atata,
tan kandeg ladjeng mring lodji,
saradadu tan kotjapa,
warnanaen Sri Narapati.

11. Nudju sinébu Sang Prabu,
pepak ingkang pra bupati,
Arja lan para punggawa,
sakatahe para Kadji,
Nijaka truna njutranja,
Radèn Dipati anangkil.

12. Radèn arja Purba ladju,
umareg ing Sri Bupati,
sapraptanira wotsekar,
Sang Nata ngandika aris,
arum ingkang pangandika,
kamuljan kang sangking baris.

13. Radèn Arja awot santun,
nuhun ludjeng Sri Bupati,
wiludjeng lampah kawula,
sangking berkahing Narpati,
sa-abdi-dalem sadaja,
sami wiludjeng Sang Adji.

14. Sang Nata ngandika arum,
kaprijé polahirèki,
kang dinangu matur nembah,
kalangkung raméning djurit,
telas grija Kertasana,
pan sami dipun obongi.

15. Ngandika malih Sang Prabu,
Bupatiné ana ngendi,
prakawis tumenggungira,
samja teluk mring Kumpeni,
tanapi lan demangira,
samja teluk mring kumpeni.

MS Or. Leiden 2163, blz. 185 - 186.

16.Rusaké Kartasanèku,
keramané bubar sami,
ngungsi ngilèn larugira,
andjog kuta Radjegwesi,
kambuh wonten Radjug-todan,
Bupatiné aneluki.

17 Ing Radjeg-tosan wus teluk,
dumateng keraman sami,
nèng Kuwu Ngawi punika,
Djipang Bahuwarna tuwin,
kraman dugi Bahu-warna,
kawula tan pirsa malih.

18.Kotjapa tjaritanipun,
enengna wau Sang Adji,
walanda ingkang kawarna,
kang wonten ing Surabanggi,
kumendan wau Madura,
apikir sami kumpeni.

19.Walanda kang sami ngrembug,
pikire arsa nglurugi,
wau Radjeg-tosan ika,
keraman kang dèn lurugi,
pawartane wong Lamongan,
Tumenggung kang awarti.

20.Tan kotjapa ingkang matur,
Tumenggung Lamongan nenggih,
warnanen wau Walanda,
kang arsa sami nglurugi,
pikiré sampun arata,
mbuwang surat marang nagri.

21. Ing negara Madurèku,
Kumendan ingkang njurati,
surat marang Kapetoran,
Madura tuwin mring lodji,
ka ng surat binekta upas,
kotjapa wau wus prapti.

22 Ing nagri Madura rawuh
upasnja andjog ing lodji,
surat sampun tinampanan,
dumateng Pétor ing lodji,
surat kang satunggalira,
katur dateng Sri Bupati,

23.Ladjeng Pétor surat sampun,
ngaturaken mring Sang Adji,
wus katur surat mring Nata,
wus tinampan Sang Narpati,
dén Demang Suranagara,
djuruserat Sri Bupati.

24. Kang matja lantip sastrèku,
Sang Nata sampun mijarsi,
Naréndra ladjeng ngandika,
dateng botjah paranjai,
Sang Nata pinarak dampar,
paranjai awot-sari.

25.Sang Nata ngandika arum,
timbalana Kjanapatih,
dèn énggal ana prakara,
ana lajang Surabanggi,
kang kebat teka djro pura,
ingsun adjak rembug pikir.

MS. Or. Leiden 2163, blz. 187 - 188.

26. Dyan Sumadiningrat iku,
Pepatihira narpati,
ta nudju Sultan sinéba,
kjan patih datan anangkil,
marengi ing dina Ngahad,
paranjai animbali.

27 Maring panakawan iku,
Nulja panakawan prapti,
timbalan dumawah agja,
dateng pakawan alit,
timbalana dyan Dipatya,
punapakawan mladjeng nggendring.

28. Wus prapta ing pasar Kapu,
panakwan kang lumaris,
nimbali rekjana Patya,
tan adangu nulja prapti,
wus matur sarwi wot-sekar,
sampéjan dipun timbali.

29 Dateng wau Sanga Prabu,
ing mangké pinarak kursi,
gading pernah madyantara,
ingajap kang para tjèti,
karsa-dalem nggal-énggalan,
sigra Patih numpak bèndi.

30. Lampahe bendi andarung,
upatjara anèng wuri,
datan dangu nulja prapta,
wus dateng Patih wotsari,
ladjeng upatjara prapta,
Sang Nata ngandika aris.

31. Dateng wau patihipun,
Sumadiningrat kang nami,
lah kaprijé Patih sira,
mau ana surat prapti,
ndjaluk manèh bantu perang,
anglurugi Radjeg-wesi.

32. Kjapatih sigra umatur,
sandika timbalan Gusti,
mundut pinten wong Madura,
Sang Nata ngandika aris,
Raden Purba bektakena,
nindihana ingkang baris.

33 Katjatjah wong kawanatus,
dèn Purba kang dèn tindihi,
mantri ija gawanana,
kang sapuluh wadya mantri,
kja Patih sigra wotsekar,
lèngsèr sangking ngarsa Adji.

34 Kja Patih anulja mundur,
Radèn Purba anèng djawi,
Radèn Purba dinawuhan,
datan kawarna-a malih,
kang wadya wus pradandanan,
nèng Alunalun abaris.

35. Utjapen wadya wus kumpul,
ing solah datan winarni,
nèng Alun-alun mbelabar,
semana sampun lumaris,
tan adangu nulja prapta,
numpak palwa lajar sami.

MS.Or. Leiden 2163, blz. ~~187~~ - 188-190.

36. Lajaré baita tjempluk,
ambabar lajaré sami,
lajaré tinon angléla,
mota putih kang kinardi,
apan ladjeng lampahira,
datan kèndel antuk angin.

37 Tan adangu anèng laut,
wus alabuh anèng Gresik,
wadya mudun sing baita,
titindihé kang pradjurit,
Rahadèn Purbanagara,
ladjeng andjog anèng lodji.

38. Ngentosi Kumendanipun,
ingkang sangking Surabanggi,
anglèreb sedalu samja,
anèng lodji ing Garesik,
wadya sangking Surabaja,
tengah dalu nggènnja prapti.

39. Gumerah duk datengipun,
wadya sangking Surawesti,
sadalu tan wonten néndra,
Radèn pista lan Welandi,
nengna sampunira pista,
éndjingé ladjeng lumaris.

40. Ki Tumenggung Gresik wau,
datan tumut aprang sami,
étja anèng dalemira,
welanda datang angiring,
enengna tumenggungira,
warnanaen ingkang lumaris.

41. Gumuruh ing lampahipun,
sjara ing surak wadya lit,
samangsa asurak-surak,
saradaduning kumpeni,
prapta nagri ing Lamongan,
ladjeng andjog anèng lodji.

42. Nèng Lamongan mung sedalu,
sami pista djroning lodji,
tan kawrna solahira,
ingkang pista djroning lodji,
kotjapa Tumenggungira,
tan wonten tumut abaris.

43 Wus endjing wadya lumaku,
datan mawi kandeg malih,
datan kawarna ing marga,
akebat lampahing baris,
sampun prapta Ngreadjeg-tosan,
ing tepis-wiring negari.

44 Tan kawarna solahipun,
pan sampun sipeng salatri,
wus katjitra wartanira,
njipengé anèng negari,
padésan djawining kuta,
kawarta sangking negari.

45. Ing Radjeg-wesi gumuruh,
mijarsa jén dén lurugi,
bala kang sangking Madura,
lawan wadya Surabanggi,
enengna kang mesanggrahan,
kotjapa kramané sami.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 190 - 191.

46. Pangeran Papak puniku,
lawan Pandji sing Mentawis,
satunggil Pandji kang nama.
Sasradilaga wewangi,
tan pisah lawan Pangéran,
eneng kuta Radjegwesi.

.

47 Dyan Pandji nama Tumenggung,
Menggung Sasradilagèki,
wus ngumpulkaen baris katah,
warnanaen Pangéran kalih,
kang lèngsèr sing Kertasana,
Pangran Sérang lawan malih.

.

48 Lan putra Semarang iku,
Pangéran Purwanegari,
prapta kantun pangran Sérang,
lan putra Semarang nenggih,
tepung anèng Radjegtosan,
wau satrija kekalih.

49 Pangéran Papak puniku,
Sasradilaga njarengi,
lan Pangran Purwanegara,
lawan Pangran Sérang nenggih,
kang wonten tanah bang-wetan,
kang ngraman nèng Rembang Pati.

50 Ing Demak Djuwana Kudus,
kang sami den pengarahi,
maring Pangéran katiga,
kalawan putra Semawis,
arata ing rembagira,
kang mempen nèng Radjengwesi.

51. Enengna kang gunem rambug,
wonten nagri Radjegwesi,
kotjapa wadya Madura,
kang nglurug lawan kumpeni,
praptané ladjeng anggetak,
atjampuh nèng Radjegwesi.

.

52. Langkung ramé perangipun,
wonten kuta Radjegwesi,
tan wonten ingkang kasoran,
perang ramé tigang ari,
keraman lèngsèr kasoran,
lumadjeng ngilèn atebih.

,

53. Enengna ingkang lumaju,
Kotjapa kang wonten nagri,
kang tugur wonten Mentaram,
Pangéran Madura nenggih,
nama Pangran Adipradja,
karepé wau Kumpeni.

.

54 Kinon ngalih tuguripun,
marang Demak kang negari,
datan kotjap lampahira,
wau prapta Demak nagri,
ladjeng tata pemondokan,
ana mondok anèng mesdjid.

.

55 Kotjapa kraman wus mudun,
ingkang saking Gunung Pati,
wétané ardi Prawata,
sakidulé Kudus nenggih,
tengah dalu praptanira,
ing Demak wau negari.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 192-193.

56. Aramé nggènnja prang pupuh,
wonten Demak djron negari,
wong Madura bubar-bubar,
pan akatah ingkang mati,
ing Demak kalebon brandal,
wus teluk ing Demak nenggih,

.

57 Tumenggungé pan mèh lampus,
pagrijané dèn obongi,
pan telas wisma sa-Demak,
masdjidipun ingkang teksih,
tan pasah kénging dahana,
kraman ladjeng dateng Pati.

.

58 Ing Kudus sampun kelangkung,
tan wonten djalma sawidji,
sami teluk maring kraman,
Djuwana pan teluk sami,
sampun séba mring keraman,
nèng Rembang prang silih ungkih.

.

59 Langkung ramé perangipun,
wonten Rembang kang negari,
tjina Pati lawan Demak,
ing Kudus Djuwana sami,
kumpul wonten nagri Rembang,
bubar-bubar sami ngili.

60 Kraman laku brandal iku,
aramé perangirèki,
ing Lasem, Bénang lan Tuban,
Sidaju samja angili,
marang nagri Surabaja,
Garesik samja angili.

61. Perang ramé pan gumuruh,
kawan-dinten datan mari,
mudun Tjina ing Lamongan,
ngili maring Surabanggi,
Tjina Djipang lan Panolan,
Bau-rena lawan Ngawi.

.

Flight ? Chinese from

62 Pan samja ngili sedarum,
wedi jèn dipun parani,
bentet wonten Surabaja,
akatah tijang kang ngungsi,
wong Tjina désa tan kendat,
ngungsi maring Surawèsti.

63 Lami-lami katah wangsul,
ingkang wonten Surabanggi,
katah kang wong Tjina késah,
dateng wau nagri Gresik,
Gresik lawan Surabaja,
negara katah kang ngungsi.

.

64 Kotjapa kang perang wau,
anèng Rembang kang negari,
aramé sadina-dina,
tan wonten kasoran djurit,
lami-lami kraman kalah,
akatah kang sami mati.

.

65 Keraman ladjeng mangidul,
Pangéran tiga winarni,
lan Menggung Sasradilaga,
sami lèngsèr ngidul nenggih,
Walanda ing Surabaja,
atintrim samja awedi.

MS.Or. Leiden 2163,blz. 193 - 195.

66. Samja ngili mring perahu,
mring laut pulo Mengari,
njonjah sinjo nèng baita,
peti koper datan kèri,
wus samja melebèng palwa,
njonjah ageng lawan alit.

67. Samja djrih pangrasanipun,
jèn kawon perangirèki,
udjaré Landa merdika,
sok uwisa pada ngili,
sampun pepak wonten palwa,
Walanda ing Surabanggi.

68 Nengena Walanda wau,
kotjapa ing Radjegwesi,
kumpeni ing Surabaja,
mantuk marang Surawesti,
Radjegwesi wus tinata,
Mas Bèhi ingkang ndjenengi.

69 Bala Madura wus mantuk,
ambekta gamelan sami,
gamelan antuké branal,
ing Nagari Radjeg wesi,
kotjapa wau wus prapta,
wong Madura nèng Garesik.

70 Wus nitih palwané tjempluk,
ladjeng nitih mring djelandri,
aramé samja tabuhan,
bala surak-surak sami,
alajar wonten nglautan,
lampahira antuk angin.

71. Sampun lepas lampahipun,
Garesik kapungkur tebih,
nèng Mengaré datan mentas,
pan ladjeng lampahé sami,
datan dangu sigra prapta,
ladjeng labuh nèng kekisik.

72. Kisik Mlaja pernahipun,
wus mirsa Radèn Dipati,
Sang Dipati mbuwang surat,
katur wau Sri Bupati,
Naréndra nagri Madura,
kotjapa surat wus prapti.

73 Sampun mirsa Sanga Prabu,
jèn kang putra wau prapti,
perang sangking Radjeg-tosan,
angsal gamelan serakit,
Sang Nata suhèng wardaja,
midanget aturing Patih.

74 Kja Dipati Patihipun,
negara Madura nenggih,
Sang Nata tumunten dandan,
pinarak ing kursi gading,
angrasuk busana mubjar,
ingajap kang para tjèti.

75 Sarawuhé sangking prahu,
dén Purba sowan Narpati,
Sang Nata nudju sinéba,
sakatahé para selir,
andèr anèng ngabjantara,
dèn Purba nembah Sang Adji.

MS.Or. Leidèn 2163, blz. 195-196.

76. Sang Nata ngandika arum,
pada salamet sireki,
kang putra matur anembah,
inggih ludjeng Sri Bupati,
duk kula perang nèng ngrika,
wonten kuta Radjeg-wesi.

77 Wadya Paduka prang unggul,
ajuda lan kraman inggil,
kawula angsal tabuhan,
gamelan ing Radjegwesi,
langkung saé ungelira,
gamelan ing Radjegwesi.

78. Sang Nata ngandika arum,
dumateng putranirèki,
hèh tolé sira muliha,
ija bedja slamet ugi,
kang putra sigra wotsekar,
sampun medal maring djawi.

79. Wus prapta ing dalemipun,
ladjeng saré lan kang raji,
ing wismané Lurung-tengah,
kulon Alun-alun kedik,
kuneng ingkang sasaréjan,
kotjapa Sultan Dulkamid,

80. Salolosipun rumuhun
sangking ing Slarongan nenggih,
angilén ing lampahira,
anabrang Paraga kali,
andjog ing Djalegong désa,
mepakaken kang pradjurit.

81. Sampun agung barisipun,
wau Djeng Sultan Dulkamid,
kang wonten ing Djlegong désa,
pan samja atata baris,
aramé sadina-dina,
ahli basah nata baris.

82. Genti kotjap Pangran telu,
kang sangking tanah Pasisir,
Pangran katri lampahira,
katriné putra Semawis,
dèn mas Sukur namanira,
Pangran kalih kang dèn iring.

83. Djeng Pangeran namanipun,
Pangran Papah katlahnèki,
kalawan Pangéran Sérang,
Pangéran Sabrang anenggih,
sampun prapta lampahira,
wonten Djalegong kang dèsi.

84. Sampun sami panggih kumpul,
Pangéran katri pan sami,
waus katur sasolahira,
duk aprang wonten Pasisir,
wus tinut sapolahira,
sadaja prangira sami.

85 Sultan néng Djalegong wau,
mijarsa wartos sajekti,
djeng Sultan susah ing drija,
anenuwun mring Hjang Widdi,
kangdjeng Sultan Herutjakra,
salat kadjat lawan mudji.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 197 - 198.

86.Aneda mring Hyang Agung,
subrangta sadjroning galih,
asalat lawan rekangat,
anuwun maring Hyang Widdi,
Sultan datan dahar nendra,
sanget nuwun mring Hyang Luwih.

.

87 Asanget sungkawèng kalbu,
Kangdjeng Sultan Ngabdulkamid,
sijang latri sru hudrasa,
anuwun sadjroning galih,
agung salat kadjatira,
Djeng Sultan kalaning latri.

.

88 Anuwun sijang lan dalu,
nuwun mring Kang Maha Sutji,
dumateng kang Murwèng Djagad,
tan wonten wangsiting Widdi,
Sultan asru anelangsa,
wus takdir tan kena gingsir.

.

89 Sulten ènget djroning kalbu,
tjaritané kang rumijin,
surasané surat djangka,
Sang Nata Ratu Kediri,
Sang Nerpati Djajabaja,
Djeng Sultan kraosing galih.

.

90 Sultan angling djroning kalbu,
leres tjarita rumijin,
ki Adjar ing Gunung Padang,
sun raos leres sajekti,
nglampahi kang angél ingwang,
amungsuh lawan kumpeni.

91.Enengna kang agung anekung,
Pangan Natapradja nenggih,
lan Pangran Surjamentaram,
tan kèndel anata baris,
wus runtut kan wadya-bala,
sikep tumbak lawan bedil.

.

92 Abaris wonten ing ngriku,
Kangdjeng Sultan Ngabdulkamid,
lon ngandika Kangdjeng Sultan,
mring sentana sadajèki,
kinon angelar djadjahan,
mring tanah Bagelèn sami.

.

93 Pangran Surjakusuma wus,
lan Pangran Surjametawis,
dinawuhan tur sandika,
sampun sijagèng adjurit,
Tumenggung Bagelèn samja,
dinawuhan sedajèki.

.

94 Kinon djaga dusunipun,
tanah Baglèn sedajèki,
Tumenggung Ngabèhi Rangga,
sandika aturé sami,
sedaja sampun sijaga,
anderèk Pangéran kalih.

.

95 Pangran kalih bubar sampun,
mring tanah Bagelèn aglis,
nèng marga datan winarna,
wus andjrah nèng Bagelèn nenggih,
sarupané wong ing désa,
Sala Jogdja sujud sami.

MS.Or. Leiden 216
pp. 198-199

96. Gentya tjaritanipun;
sinigeg genti winarni,
kotjapa Sultan keraman,
kang sami guneman pikir,
sakèh para sentananja,
sadaja dipun dawuhi.

97 Weradin sentananipun,
Pangéran tumenggung sami,
pan sampun ngrakit sadaja,
tanapi kang para Mantri,
tuwin kangdjeng kjahi Madja,
lawan putra Panaragi.

98. Imampura namanipun,
kang sami dipun wartèni,
dateng wau kangdjeng Sultan,
Ngabdulkamid ing Mentawis,
Sajidin Panatagama,
putrané anom Nerpati.

Sinom XVI

1 Enengna tjraitanira,
Kangdjeng Sultan Ngabdulkamid,
kotjapa wau Sang Nata,
ing Surakarta negari,
Siniwaka Sang Adji,
pepak kang para Tumenggung,
Mantri para Nijaka,
Pangéran pra sami nangkil,
Petjat-tanda Mantri djadjar lan tjarangan.

2 Mas Pengulu lawan Djeksa,
Sasradiningrat Dipati,
pra Pangéran anèng ngarsa,
Dyan Dipati wonten wingking,
apan rada kepéring,
ingarsanira Sang Prabu,
apan pinarak dampar,
ingajap kang para Tjèti,
panakwan pramèswari anèng kanan.

3. Adjedjel ing panangkilan,
Pangran séba Pantjaniti,
kalawan Radèn Dipatya,
ingkang anèng Pantjaniti,
nggoné kang para Mantri,
anèng tratag Alun-alun,
Tumenggung kéring kanan,
ing wingkingé Dèn Dipati,
sarja ngliring Sang Nata alon ngandika.

4. Maring Radèn Adipatya,
lah ta Radèn Adipati,
wau sonten surat prapta,
ija marang awak mami,
surat sangking Kumpeni,
ungelé surat puniku,
aneda bantu bala,
Tumenggung kalawan Mantri,
bade dateng Bagelèn nglurugi kraman.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 200 - 201.

5 Nèng Bagèlèn kraman katah,
déné dusun kang déntjiki,
dusun tumut Surakarta,
Bagelèn dènnja miranti,
Mantri ingkang prajogi,
dinuta wau anglurug,
mring Bagelèn tumuta,
angiringna wong kumpeni,
kadipundi ija rembug pekenira.

6 Umatur Raden Dipatya,
Sasradiningrat mring Adji,
punapa karsa Sang Nata,
jèn Mantri Paduka Adji,
abdi-dalem Nerpati,
Tirtanegara tumenggung,
inggih wentawis kula,
kados kénging dipun tari,
wa makaten punapa karsa Paduka.

.

7 Prabu taruna ngandika,
dumateng Raden Dipati,
wonten pundi tijangira,
Tirtanegara saiki,
ki Patih matur aris,
wonten wingking tijangipun,
Sri Naréndra ngandika,
dateng wau paranjai,
inggih ingkang nama njai Menggung Soka.

8 .Njai Menggung Soka nembah,
kadawuhan sebda Adji,
kinon wau nimbalana,
Tumenggung Tirtanegari,
wonten wingking puniki,
. Tirtanegara Tumenggung,
inggal gènnja lumampah,
Njahi menggung Soka nenggih,
parak dalem Sang Nata ing Surakarta.

.

9. Datan dangu sigra prapta,
ingkang dinuta Sang Adji,
ingarsanira punggawa,
Tirtanegara anenggih,
prapta wau mbok Tjèti,
ngarsanira ki Tumenggung,
Tumenggung sigra menjat,
sapraptané para njai,
angurmati dateng wau duta Nata.

.

10. Dutanira Sri Naréndram,
Menggung Soka matur aris,
dumateng ingkang timbalan,
Tumenggung Tirtanegari,
andika dèn timbali,
karsanira Sanga Prabu,
atiripun sandika,
tan dangu menjat tumuli,
pekenira dèn tinggal karsané Nata.

.

11 Tumenggung Tirtanegara,
atanggap aturé inggih,
punapa karsaning Nata,
daweg kawula nèng wuri,
menggung Tirtanegari,
wus mangkat sigra lumaku,
kampuh winingkis sigra,
kuntjané nglèwèr sasisih,
ingkang kiwa anglèwèr kuntjané dawa.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 201 - 203.

12. Kampuhé Tirtanegara;
latar-tjemeng ingkang tulis,
seseratan sawat boma,
tjelananané sutra kuning,
nglangak ukiranèki,
wrangka gilap trembalèku,
kandelannja suwasa,
kuluk petak pan dumeling,
wus lumamapah adangah kadya wisata.

.

13 Tan dangu prapta ingarsa,
Tumenggung Tirtanegari,
alinggih ing wingkingira,
ija rahadèn Dipati,
Sang Nata ngandika aris,
mring Sasradiningrat iku,
endi Tirtanegara,
Kja Patih matur ing Gusti,
nggih punika didalem Tirtanegara.

.

14 Radèn Patih matur sigra,
di-dalem Tirtanegari,
pengrahosé manah kula,
wetawis kula prajogi,
Sang Prabu ngandika ris,
mangsa bodowa ing rembug,
pan ladjeng dinawuhan,
Tumenggung Tirtanegari,
pekenira kinon medal marang désa.

.

15 Tumenggung Tirtanegara,
kadawuhan awot sari,
aturé marang Sang Nata,
sandika inggih kang abdi,
sarta nggawa-a Mantri,
Bradjanagri Kliwon iku,
Nata kundur ngedatyan,
djumeneng nggènira linggih,
sangking dampar ingajab para bijada.

.

16.Sang Nata kandeg ing lawang,
Dana-pretapa kang nami,
pinetuk kang para danjang,
kang sangking sadjroning puri,
nengna kang anèng puri,
kotjapa para Tumenggung,
sentana samja bubar,
sangking Panangkilan gusti,
pan gumuruh swraning wong bubar séba.

.

17 Wus bubar sing panangkilan,
Pantjaniti sampun mamring,
kang wonten paseban djaba,
gumerah kang bubar nangkil,
Petjattanda Ngabèhi,
Andamoi lan Tumenggung,
sentana kabèh medal,
aselur dateng ing djawi,
duk semana sampun langkung Tratagrambat.

18. Sampun ladjeng lampahira,
Wau kang sangking nangkil,
sampun praptèng dalemira,
kotjapa Radèn Dipati,
andawahi para Mantri,
Bradjanegara ranipun,
Ngabèhi Sadiwirja
kang samja tinuding kardi,
atumuta Tumenggung Tirtanegara.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 203-205.

19. Gantjange tjaritanira,
Tumenggung mjang para mantri,
Tirtanegara wus dandan,
sangking sowan in Nerpati,
dyan kang para mantri,
sadaja lumampah sampun,
wau Tirtanegara,
wus nitih turangga aglis,
para Mantri wus nitih kuda sadaja.

20. Tumenggung Tirtanegara,
kelawan kang para mantri,
budal sangking Surakarta,
anudju kala lumaris,
dinten Kemis marengi,
kaping wolu tanggalipun,
nudju wulan Mukaram,
taun Wawu kang lumaris,
sinengkalan angkaté sangking negara.

21. Lumampah mantja suwara,
pan sangking karsaning gusti,
sangking nagri Surakarta,
apan kinon anglurugi,
dateng Bagelèn dèsi,
wus lepas ing lampahipun,
datan kawarnèng marga,
kotjapa lampahe prapti,
ing Magelang kalawan Major Idebbas.

22. Pepak ingkang wadya bala,
wonten Magelang negari,
Pangéran sangking Madura,
Surjadiningrat kang nami,
kalawan para Pandji,
pan nembelas katahipun,
nama satunggal-tunggal,
Wangsèngrana kang sawidji,
Pandji adi Pandji Karta Pandji Mlaja.

23. Lan Pandji Djajèng-asmara,
lawan Pandji Djajèngresmi,
wadya alit bekta tumbak,
sèwu kirang kalih dèsi,
wadya-bala kumpeni,
Litnanipun apan wolu,
njang saradadu djadjar,
kawan-atus katahnèki,
mrijem papat usaripun wolungdasa.

24. Kang wadya sampun atata,
wau kang para kumpeni,
kalawan para Pangéran,
Tumenggung Tirtanegari,
Tumenggung Tjakranegari,
ing Madura wismanipun,
sadaja sami pista,
nenggih wonten djroning lodji,
pan agantjang tjaritané kang adahar.

25. Tan kawarna solahira,
nggènipun apista sami,
kotjapa wus samja medal,
wau sangking djroning lodji,
wus rembug golong pikir,
sedaja adandan sampun,
wus rakit wadyanira,
arempeg nggènnja lumaris,
ingkang tjemeng akumpul lan djamus samja.

26. Kang séta kumpul lan petak,
pradjurité kang kumpeni,
pan sami wau pinada,
sangking bangkiting kumpeni,
sandang pinada sami,
amrih adjriha kang mungsuh,
samana wus umangkat,
kang dadya tjutjuking djurit,
sakatahe pradjurit Djawa sadaja.

27. Kja bèhi Resadiwirja,
kang dadya tjutjuking djurit,
wadyanira tan akatah,
kawandasa winetawis,
amung sentana sami,
pilihan sing Baglèn iku,
sikep bedil lan tumbak,
dyan Bradjanegri nambungi,
saha wadya ingkang sangking Surakarta.

28. Tumenggung Tittanegara,
ingkang nindihi nèng wuri,
sentananira tan tebah,
sikep tumbak lawan bedil,
wong Madura nambungi,
awor wadya saradadu,
akebat lampahira,
semana wus munggah wukir,
ing Tjatjaban prapta warung pan sumahab.

29. Gumuruh swaraning wadya,
wong Gunung samja atintrim,
samja adjrih mring Walanda,
nanging ora sami ngili,
pan sami ngati-ati,
katah adjrih tijang gunung,
kotjapa sampun prapta,
mijarsa mrijem kang muni,
Tuwan Debbas kalih pradjurit sadaja.

30. Kotjap Kurnèl Klères ika,
pengandjur lampah prang dingin,
kang medal margi Bantengan,
pra Tumenggung ingkang ngiring,
tiga sami Bupati,
wastaning satunggalipun,
Menggung Suradiningrat,
Bupati Batang negari,
kalihira Menggung Prawiradiningrat.

31. Bupati nagri ing Kendal,
katiganipun anenggih,
Dyan Tumenggung wastanira,
Wirja-adi-negarèki,
Pekalongan kang nagri,
sareng Kurnèl lampahipun,
medal nagri Bantengan,
mangidul lampahnja aglis,
tan apisah Tumenggung tri lan walanda.

32. Nengena wadya Walanda,
kotjapa keraman nenggih,
ingkang angadangi marga,
sekawan Tumenggungirèki,
Dandang-wetjana nami,
Tumenggung Luwanu dusun,
kalih Djajamustapa,
Tumenggung Tedunan dèsi,
katrinira Tumenggung Djajaprawira.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 207 - 208.

33. Ing Bedana désanira,
sekawanipun anami,
Mas Tumenggung Wirapatra,
ing Katug wismanirèki,
Rangga lawan Ngabèhi,
akatah datan ingétung,
sedaja wus rembagan,
jèn badé angadang margi,
wus tinata semana mengsah katingal.

34. Kurnèl Klères lampahiran,
wus prapta ing Tjelep dèsi,
ladjeng tjampuh ingajuda,
lan kraman kang ngadang margi,
kraman nggènnja miranti,
angadangi njupit lurung,
adangu gènnja juda,
aramé bedil binedil,
langkung ramé datan wonten kang kasoran.

35. Tuwan Klères wonten nagrsa,
uduné sangking ardi,
tuwan Debbas wonten wuntat,
mireng bedil ramé muni,
agja mangkat tumuli,
sangking ing Tjatjaban warung,
budal baris sadaja,
ngidul ngulon udunèki,
nengna gantya karaman ingkang kotjapa.

36. Karaman kang ngadang marga,
kang dèn bubuhi ngadangi,
walanda sangking Tjatjaban,
sekawan Tumenggungirèki,
Rangga lawan Ngabèhi,
akatah datan ingétung,
wastané Tumenggungnja,
Ranaredja kang sawidji,
ing Bapangan nenggih ing wismanira.

37. Karone ki Mangunresa,
Tumenggung désa Katangi,
katiga mas Nilasraba,
Tumenggung Bedug kang dèsi,
sekawanipun nami,
mas Tjakradirdja Tumenggung,
ing Bagelèn wismanja,
rembagira sampun gilig,
ngadang wlanda anèng Kebon-kliwon désa.

38. Walanda sampun katingal,
agja tjampuh ingadjurit,
aramé samja bedilan,
kelangkung raméning djurit,
kang kilèn masih djurit,
tuwan Kurnèl Klères wau,
taksih ramé prangira,
keraman katah kang mati,
pan angidul undure bala keraman.

39. Walanda kang sangking wetan,
inggih ramé nggènnja djurit,
aramé samja bedilan,
kang dadya tjutjuking Wlandi,
wau kjahi Ngabèhi,
Resadiwirja angelud,
marang bala keraman,
keraman manahnja miris,
wonten ngidul wonten ngétan undurira.

40. Kang ngétan binudjung sigra,
prapta ing Patjalan dèsi,
kraman ladjeng minggah ngarga,
ting salebar plajunèki,
ki bèhi nulja bali,
wus ngumpul lan baris agung,
déné kraman kang katah,
mangidul undurirèki,
pan aglong lan baris Lowanu samja.

41 Tuwan Debbes atut wuntat,
mangidul ing lampahnèki,
samana ladjeng atepang,
lawan Tuwan Klèves nenggih,
nèng Numbakanjar dèsi,
ladjeng mbudjung kraman wau,
kraman katah kang pedjah,
nèng Numbakanjar narungi,
gja sinerod marang kang bala walanda.

42. Wonten Litenan satunggal,
Litnan gegawanirèki,
Kurnèl Kalèves punika,
Litnan Esol wastanèki,
mbudjung kraman pribadi,
amung pedang gemanipun,
kramané bubar-bubar,
wonten Ngabèhi sawidji,
ing Bapangan sentanané Ranaredja.

43 Nama bèhi Mertajuda,
kepokoh anumbak aglis,
tuwan Esol kapratjondang,
keni wentisé kang kiri,
anenggih butul kang wentis,
tumbak nantjeplapakipun,
watang pinedang pagas,
kang numbak sinander aglis,
lan pinedang ki Mertajuda pralaja.

44 Rowangé ki Mertajuda,
wong roro pinedang keni,
kurnèl gugup angandika,
ki Bèhi kinon ngadangi,
marang kang riwut djurit,
Sadiwirja nander sampun,
ngadangi ngarepira,
arsa pinedang ki Bèhi,
dyan tjinandak pedange rinebut kana.

45 Kurnèl asru angandika,
kinon narik tumbaknèki,
semana tinarik sigra,
Litnan niba ora èling,
anulja dèn djampèni,
mring Kurnèl samana émut,
wus sapih kang ajuda,
keraman wus bubar gusis,
tuwan Kurnèl ladju marang Tumbakanjar.

46. Keraman wau kang pedjah,
wonten sèket jen winilis,
sirahé pan kinetokan,
pinandjer sadaja sami,
kawarna-a kumpeni,
sedaja pan sampun kumpul,
tanapi baris djawa,
sadaja wus ngumpul sami,
dinten Ngahad sipeng wonten Tumbakanjar.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 210 - 212.

47.Kalané sipeng punika,
kumpeni kèangkung kuwatir,
sedalu nèng Tumbakanjar,
tan wonten tilem salatri,
sedalu djaga westi,
asanget kadjirhanipun,
lamun kinètju kraman,
walanda angati-ati,
éndjing sijang atata ladjeng umangkat.

.

48 Aramé budalanira,
sangking Tumbakanjar nenggih,
mangidul ing lampahira,
kotjapa wau Dipati,
Tumenggung sidji sakit,
Wirja-adinegarèku,
Tumenggung Pekalongan,
asanget gerahirèki,
tan atumut dateng lampahing walanda.

.

49 Sing Tumbakanjar wus budal,
kundur wadyanira ngiring,
apan dadya kur-ungkuran,
walanda lan sang Dipati,
kumpeni lampahnja glis,
minggah gigir Sangsam gunung,
tan kèndel lampahira,
ambarus lampahing baris,
wong padésan gegèripun apujengan.

.

50 Sauruté ingkang kambah,
sangking Tumbakanjar nenggih,
wong Draka lan Kedungdawa,
samja ngiring marang ardi,
Tanggulan Wanadadi,
dusun Tambak lawan dukuh,
Djurangdjero Bokongan,
Saragenèn samja ngili,
sauruté dusun katah bubar-bubar.

.

51 Samja adjrih mring walanda,
kang nindihi mring wong djawi,
sakèh désa kana-kana,
samja bubar ngili gusis,
lepas lampahirèki,
tan mawi kèndel nèng enu,
tan dangu sigra prapta,
Parakan Sinan kawingking,
nulja kèndel Tegal-iser duk samana.

.

52 Pan sampun sami aneda,
pradjurit lawan kumpeni,
wonten Tegal-iser tanah,
wong Plendèn sami angili,
wong Ketos bubar gusis,
agenti kotjap puniku,
Kurnèl Klères rembugan,
lawan bangsaning kumpeni,
Litnan kinon lumampah mring Kedungkamal.

.

53 Dumateng Lengis lan Djana,
pan sarwi binektan baris,
satus saradadunira,
langkung kalih dasa idji,
tuwan Debbas kumpeni,
kon késah marang ing gunung,
ngaldaka Padjonggrangan,
saradadu ingkang ngiring,
kawan atus usaripun kawan dasa.

MS. Or. Leiden 2163, blz. 212 - 214.

54. Wong Madura mung sawidak,
Sumenep suwidak malih,
Tumenggung Tirtanegara,
kang tumut dateng ing Lengis,
tumut tuwan Kèrenni,
akebat ing lampahipun,
wus praptèng Lengis désa,
keraman pirsa Kumpeni,
anèng Lengis kumpeni tarung lan kraman.

.

55 Pangéran Surjakusuma,
ingkang dadya Senapati,
pengadjengé kang keraman,
akatah wau kang baris,
gempuran prangirèki,
keraman tarungé ngutu,
ramé abandajuda,
keraman lawan kumpeni,
Mas Tumenggung Tirtanegara tumut prang.

.

56 Aramé tumbak-tinumbak,
wadya alit katah mati,
wus kasor ing judanira,
keraman lumaju tebih,
wontenberandal mati,
katahipu mung pipitu,
saradadu tan kétang,
kang sami wau ngemasi,
para kraman kang pedjah wus kinetokan.

.

57 Kawarna sampuning perang,
sami kèndel pra kumpeni,
Kurnèl Klères kang lumampah,
kantjané samja angiring.
mring Kadiladjeng nenggih,
sampun prapta lampahipun,
Kadilangu semana,
keraman ladjeng manggihi,
namanipun keraman Adikusuma.

.

58 Katah ingkang wadya kraman,
kang nama Pangéran Adim
kusuma wadya sumahab,
sadina ramé adjurit,
kang bala kraman sami,
adjurité kraman lumaju,
datan tahan sendjata,
keraman manahé ngutjir,
Kurnèl Klères ladjeng lereb wonten désa.

.

59 Ing Kadilangu kèbekan,
nengena kang lereb sami,
kotjapa demang ing désa,
ing Wunut namaning dèsi,
ran Kertadiwirjèki,
anjepeng keraman bingung,
mung nenem lawan rèntjang,
kantjané demang puniki,
kalihwelas samja angiring sedaja.

.

60 Pengagengé ponang brandal,
Dipa-atmadja anami,
nèng Djombang nggènnja katjandak,
katur dyan Bradjanegari,
pan ladjeng katur aglis,
dateng kurnèl Klères gupuh,
kalih kinon ambanda,
anèng Kadi-ladjeng nenggih,
kawarna-a gentija ingkang kotjapa.

MS.Or.Leiden 2163,blz. 214-216.

61.Ki Rangga Wirasentika,
Resadigdaja ing Blimbing,
lawan Rangga Minagsraja,
Kambengan-wijar kang dèsi,
wau kang samja ngiring,
dateng kurnèl Klères wau,
kurnèl Klères angutjap,
dumateng prijaji katri,
karepira walanda kurnèl punika.

.

62 Kinongkon tijang katrinja,
dateng dusun Wanaradin,
anelik poang keraman,
dateng dusun Wamaradin,
jèn kraman iku kedik,
pan ladjeng kinon anggepuk,
jèn lamun kraman katah,
kèn wangsul atur upeksi,
jèn tan kelar amungsuh keraman katah.

.

63 Ki Rangga Wirasentika,
Resadigdaja ing Blimbing,
lan mas Rangga Minangsraja,
wus mangkat semana aglis,
prijaji tiga sami,
jata lumampah sedarum,
dumateng Wanarata,
datan mawi lèrèn malih,
tijang tiga sedalan-dalan guneman.

.

64 Kang bala samja lumampah,
sedaja samja tut wingking,
dumateng prijaji tiga,
arempeg nggènnja lumaris,
ragi lumampah lirih,
bok menawa kraman krungu,
milanipun lon-lonnan,
datan mawi brasak brisik,
lamun mireng jèn kramané sami késah.

.

65 Datan kandeg lampahira,
samarga guneman sami,
ngati-ati lampahira,
Rangga kalih Mantri sidji,
tansah prajitnèng wèsti,
nèng marga agunem tjatur,
arempeg lampahira,
Wirasentika ing Blimbing,
Minangsraja wismané Kambengan-wijar.

.

66 Gentija ing ang kotjapa,
keraman kang dèn lurugi,
kawarta ing Wanarata,
katahé keraman nenggih,
Tumenggungé winarni,
sedjané mung katelu,
pan sami tiga séwang,
kang nglurug lan dèn lurugi,
sampun djangkep pengagengé sidji séwang.

.

67 Kang sidji mungsuhé tiga,
Rangga sidji kraman sidji,
guneman sadalan-dalan,
adja ontjat pada sidji,
Tumenggung kraman iki,
katahé amung tetelu,
kula niki titiga,
wus djangkep pada ngidjèni,
sampun wonten kraman iku kongsi gagal.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 216 - 217.

68. Ki Rangga Wirasentika,
angadjak sami adjandji,
mas Rangga Aminangsraja,
djangdjiné pan dadi sidji,
Reksadigdaja Blimbing,
djangdjiné apan anurut,
kula dateng sumangga,
anadahi kang sawidji,
sidji séwang keramanipun titiga.

•

69 Tan dangu anulja prapta,
wau dusun Wanaradin,
pan datan mawi antara,
anulja wau kepanggih,
Tumenggung kraman nenggih,
tjatjahé namung katelu,
wastané Tumenggungnja,
Ranudirdja kang sawidji,
Sangubanju anenggih ing wismanira.

•

70 Djajadimedja kalihnja,
Kijangkong wismanireèki,
katiga ki Udarana,
Tumenggung ing Wanaradin,
katri sami miranti,
kang nglurugi nulja rawuh,
ladjeng tjampuh ngajuda,
aramé tumbak lan bedil,
perangira keraman ladjeng kasoran.

•

71 Semana gamané kraman,
kang samja ketjandak nenggih,
tamburira pan satunggal,
kudané tiga kang keni,
tumbak pitu kang kénging,
datan wonten malihipun,
wonten malih keraman,
lumaju arebut urip,
pelajuné keraman wus tinadahan.

•

72 Barisé ki Wanajuda,
ingkang sami anadahi,
keraman kang sangking wétan,
sangking dusun Wanaradin,
aramé prangiréki,
keraman ketjandak lampus,
tjatjahé kawandasa,
pan ketjandak dén pedjahi,
pan sadaja tinigasan djangganira.

•

73 Gantjangé tjinarita,
pradjurit wus samja mulih,
wangsul dateng pernahira,
kang sangking ing Wanaradin,
Wanajuda tut wuri,
sarta mbekta sirah wau,
kapetuk wonten marga,
kang sangking ing Wanaradin,
ladjeng sareng lampahé ramé nèng marga.

•

74 Tan dangu anulja prapta,
lampahé para pradjurit,
mas Rangga Aminangsraja,
ingkang sangking Wanaradin,
Reksadigdaja Blimbing,
lan Wirasentika mau,
Ngabèhi Wanajuda,
kang bala sedaja prapti,
Wanajuda angsal sirah kawandasa.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 218 - 219.

75.Sampun katur ing sirah,
ija marang ing welandi,
Kurnèl Klères namanira,
pengaggengé kang kumpeni,
welanda kèh ningali,
sirah katah ting galundung,
Dilangu pinggir toja,
tuwan Kurnèl rembag malih,
dinten Kemis lèngsèr dateng ardi Sangsam.

76 Wus budal sabalanira,,
asikep tumbak lan bedil,
tuwan Klères nunggang djaran,
lumaku wonten ingarsi,
wadya djawi angiring,
aramé bala gumuruh,
lawan Dipati Batang,
sakantjane samja ngiring,
pradjurité katilar nèng dusun Wadja.

•

77Karsané Dipati Batang,
pradjurité kèn nuguri,
tugur anèng dusun Wadja,
rina wengi samja baris,
awor barisirèki,
wong Bagelèn kang atugur,
titindihira Demang,
lan rangga demangé kalih,
namanira ki rangga Wirasentika.

•

78 Anangin kijahi rangga,
Wirasentika ing Blimbing,
anderèk pengalorira,
kantjané demang tut wingking,
• Demang Wala kang nami,
Mangkuleksana ranipun,
kèntol Dipawidjaja,
kang sami ndèrèk kumpeni,
praptèng Bara Tjaremé Kurnèl uninga.

•

79 Tuwan Kurnèl semu duka,
dumetang rangga Balimbing,
hèh rangga sira ngapa,
tutwuri mengalor sami,
ingsun kon patjakbaris,
dadak sira atut pungkur,
lah sira abalija,
mangidul barisa kaping,
kjahi Rangga aturé inggih sandika.

•

80 Sampunira dinawuhan,
gja mangkat djro ngati sedih,
ki rangga Wirasentika,
apikir sadjroning ati,
lan kantjané pribadi,
kaprijé sira nakingsun,
lah tolé pikirira,
mas Resawinangun angling,
matur sarèh prijogi mring toja gesang.

•

81 Kang mawi surja wus andap,
pakèwed pan sampun latri,
Sumangga mring Toja-gesang,
asipeng arembag pikir,
lah malih kula niki,
aputusan mendet sangu,
demang ing Toja-gesang,
pernahé lan bodjo mami,
kaponakan ki demang Tjakrasudira.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 219 - 221.

82. Wus prapta ing Tojagesang,
wantji serap nggènnja prapti,
ki demang Tjakrasudira,
ngleresi mantuk sing kaping,
prapta wismanirèki,
mijarsa tijang gumrumung,
rangga Wirasentika,
wus munggah dateng mendapi,
gja manggihi ki Demang Tjakrasudira.

.

83 mBagèkaken tamonira,
sarta sami dèn suguhi,
sampuning bukti sadaja,
Demang Tjakrasudira ngling,
déné sipeng ingriki,
préntahé sami ken bandjur,
éba dukane tuwan,
andika njalèwèng mriki,
kjai rangga mireng aturé ki Demang.

.

84 Ki Wirasentika ngutjap,
angrintih batiné sedih,
lir wajang kurawa tuwa,
Sengkuni silité djengking,
Petruk kang mbijak silit,
kapingkel-pingkel gumuju,
wus éndjang predandanan,
pamitan sakantjanèki,
tan kawarna ing marga wus praptèng Wadja.

.

85 Kotjapa kang anèng Bara,
Tjaremé wus budal nenggih,
warnanen ingkang lumampah,
tan dangu anulja prapti,
anèng ardi Sangsam nenggih,
arampak kang anèng gunung,
tugur/
/nèng padas malang,
iring Sangsam-wukir nenggih,
iring kilèn siniseg datan minanda.

.

86 Kotjapa Mangkuleksana,
titindihira pradjurit,
kang tugur anèng ing Wadja,
wong Batang pan katah sami,
balané demang iki,
nama Demang Sawinangung,
barisé dèrèng tata,
ladjeng wonten prèntah malih,
pat uguran kèn ngalih mring Tjongot désa.

.

87 Kotjapa kang anèng Wadja,
angalih tuguranèki,
anèng Tjongot karepira,
wus dandan samja lumaris,
datan kawarna margi,
tan adangu sigra rawuh,
nèng Tjongot tugurira,
pan samja angati-ati,
sakatahé kang pradjurit samja sjaga.

.

88 Nèng Tjongot samja barisan,
sijang dalu sami djagi,
tan mawi angsal anéndra,
tan pegat nggènira djagi,
duk angsal kalih latri,
wonten kraman kang anggrudug,
mring Tjongot patuguran,
kraman alit kang nglurugi,
wus pinasti baris Tjongot
samja léna.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 221 - 223.

89.Keraman sampun sedija,
panempuhé ngati-ati,
agé nempuh sarta surak,
berandal perangirèki,
anjerat ngamuk wani,
ingkang tugur bubar larut,
anempuh sangking wétan,
kramané nondjol angungsir,
patuguran demangé pating salebar.

•

90 Ki rangga Wirasentika,
Mangkuleksana malentjing,
samja nggebjur anèng toja,
sakatahé kang pradjurit,
lumaju rebut urip,
mas demang Resawinangun,
pan sami agjeburan,
lèpèn nggenirèki,
anèng toja dèn bedili maring kraman.

•

91 Ing Blimbing Wirasentika,
lawan demangé kekalih,
sami pedjah anèng toja,
ing Lereng pan kebak djisim,
kang baris Tjongot enting,
tijang satus kalih puluh,
pating kurambang batang,
kang prabot nèng dasar warih,
tijang désa kèh njilemi ndjukuk donja.

•

92 Sawisé njilemi banda,
wong désa katah kang ngungsi,
mring dusun kang lijan-lijan,
sawenèh tan purun ngili,
kraman kang menang djurit,
semana pan sampun mundur,
Banjumeneng sinedya,
larugé keraman sami,
enengena lampahé unduring kraman.

•

93 Kawarna kang samja pedjah,
rangga sidji demang kalih,
ingkang pedjah anèng toja,
marmanira samja mati,
perangira kasupit,
kabutuh ing lèpèn agung,
tumpes sabalanira,
banju kali katon margi,
wus pinesti wong satus rong puluh sirna.

•

94 Genti ingkang kawarna-a,
Major Debbas kang winarni,
sampun prapta lampahira,
nèng Djunggrangan gènnja baris,
lawan sawadyanèki,
samja pepak anèng gunung,
Tumenggung Tirtapura,
réntjangé anèng ing ngarsi,
wus adangu nggenira prapta ing arga.

•

95 Tan étja wonten ing arga,
Tumenggung ngandika aris,
dateng wau réntjangira,
kang sésa matur wotsari,
ija botjah sirèki,
timbalana demang iku,
kang nama Djagaresa,
Banju-meneng nggènirèki,
kang ingatag wot-sekar sampun lumampah.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 223 - 225.

96.Datan kawarna ing marga,
tan dangu tjaraka prapti,
dumugi ing wismanira,
Djagaresa ingkang nami,
kang dadi demangnèki,
ing Banju-meneng puniku,
sira matur tjaraka,
dumateng ing dèsi,
aturira nggih sampéjan tinimbalan.

.

97Sigra modjar Djagaresa,
sinten kang nimbali mami,
dumateng ing awak kula,
tjaraka wau nauri,
ingkang nimbali inggih,
kang anama Mas Tumenggung,
inggih Tirtanegara,
ing Djonggrangan nggènnja baris,
mas Tumenggung Tirtanegara kang ngundang.

.

98Djagaresa sira mangkat,
pan sareng utusanèki,
tan kawarna lampahira,
datan dangu nuli prapti,
dumugi wonten ngardi,
ngarsanira mas Tumenggung,
.nama Tiertanegara,
Djagaresa awot-sari,
pan dinangu Djagaresa matur nembah.

.

99Major Debbas sigra tanja,
dateng Djagaresa nenggih,
aturé ki Djagaresa,
dumateng Tirtanegari,
miwah Debbas kumpeni,
. umatur sawetjanipun,
kawula matur tuwan,
inggih tuwan kang sajekti,
Toja-kèndel pesanggrahan pra keraman.

.

100. Keraman kelangkung katah,
namané sawidji-widji,
Ki Tumenggung Setjajuda,
ing Dagén wismanirèki,
ing Gamplong wismanèki,
Tjakranegara Tumenggung,
akatah balanira,
tumenggungipun kekalih,
Major Debbas mireng turé Djagaresa.

.

101 Sigra amepak balanja,
Major Debbas wonten ngardi,
Tumenggung Tirtanegara,
angrakit wadyanirèki,
anèng Djonggrangan wukir,
wus pepak bala sedarum,
kang wau praptanira,
tuwan Debbas wonten ngardi,
dinten Sukra amarengi wulan Sura.

.

102 Tanggalé wau kaétang,
pitulikur jèn winilis,
kotjapa kang linurugan,
pan samja angati-ati,
bala tinata sami,
ing Banju-meneng nggènipun,
barisnja sampun tata,
wus mudun sangking ing wukir,
Major Debbas Tumenggung Tirtanegara.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 225 - 226.

103.Mudun sangking Padjonggrangan,
samja ladjeng anglurugi,
dateng kraman mesanggrahan,
Banju-meneng nggènirèki,
wus mudun sangking ardi,
angambah reratan agung,
wus prapta prenahira,
andungkap ing tepis wiring,
dusunira Banju-meneng sampun tjelak.
.
104.Kang katradjang mring Walanda,
wong désa pan samja ngili,
kèh désa ingkang katradjang,
jata bubar samja ngungsi,
dusun kang tebih-tebih,
kang boten katradjang mungsuh,
barisé tuwan Debbas,
kalawan Tirtanegari,
ija iku sangking nagri Surakarta.
.
105 Keraman sampun amapan,
balané tinata sami,
Major Debbas sampun prapta,
pernahé keraman nenggih,
wus tjampuh ingadjurit,
aramé aperang pupuh,
aprang ujek-ujekan,
bala lit katah kang mati,
tan adangu ker aman perangé kalah.
.
106.Keraman sampun lumadjar,
agendring aniba-tangi,
ting salebar sowang-sowang,
sedaja angungsi urip,
ana kang ngétan sami,
ana kang lumaju ngidul,
bubar saparan-paran,
samja tebih nggènnja ngungsi,
kang ketjandak apan sami tinelasan.
.
107.Wé kèndel tan wonten djalma,
ingkang tekasih tunggul kalih,
Tojandel pan sampun tata,
tinilar maring kumpeni,
Major Debbas wus bali,
lawan wau mas Tumenggung,
Tiertanegara bubar,
sabalanira angiring,
anut pungkur lampahira tuwan Debbas.
.
108.Lumampah sawadyanira,
andjudjug ing Kali-gesing,
alantas mring ardi Sangsam,
gantjangé tjaritanèki,
wus sami apepanggih,
kalawan kurnèl puniku,
kang wonten ardi Sangsam,
Wadasmalang pernahnèki,
asupenuh walanda nèng Wadasmalang.
.
109 Tumenggung para punggawa,
wonten Wadasmalang prapti,
prasamja apirembagan,
sakatahé para Mantri,
para Tumenggung tuwin,
punggawa pan sami rembug,
miwah kumpeni pada,
pan sami arembag pikir,
pan Welandi Madura nèng Wadasmalang.

110. Sadina-dina sedija,
wau kang bala kumpeni,
wadyané Dipati Kendal,
ing Batang pan sami baris,
saradadu merapit,
genti-genti gladi sampun,
pepak gamané juda,
sedaja prajitnèng wèsti,
lamun wonten mungsuh tan nedya mundura.

Durma. XVII

1. Enengena barisé ing Wadasamalang,
kotjapa kraman nenggih,
kang samja guneman,
wau para Pangéran,
kang anèng Madjiran dèsi,
arsa ngluruga,
ngajoni mring kumpeni.

2. Gunggungipun keraman para Pangéran,
djedjer namung kalih,
basahé satunggal,
pitu Tumenggungira,
pangéran namanirèki,
Surjakusuma,
lawan Surjamentawis.

3. Radèn Djajasundarga namaning basah,
Tumenggung tan winilis,
balanira katah,
pepak wonten Madjiran,
wus rakit bad ngluruği,
marang walanda,
kang wonten Sangsam hardi.

4. Sampun rata nggènnja rembug pikir samja,
Gantjang tjaritanèki,
rempeg pikirira,
badé njangoni mengsah,
nglurugi marang kumpeni,
nèng Wadasmalang,
wus mangkat gya lumaris.

5 Angkatira kerman ing dina Ngahad,
tanggal tigangdasèki,
wulan maksih Sura,
tan dangu sigra prapta,
Pangéran Surjamentawis,
Surjakusuma,
Djajasundarga ngiring.

6 Sampun prapta keraman nèng Paaureksa,
ladjeng dateng Meranti,
medal ngara-ara,
balanira tinata,
kalih èwu winitawis,
nèng ratan djembar,
ngèebi dateng sabin.

7 Wonten tegal lèpèn Kepuh ambelabar,
asesek daening baris,
wadyaning keraman,
Pangran Surjakusuma,
lan Pangran Surjamentawis,
Djajasundarga,
pengageng kang pradjurit.

MS. Or. Leiden 2163, blz. 228 - 230.

8. Tan kawarna kang baris nèng ara-ara,
kotjapa wong kumpeni,
anèng Wadasmalang,
sakulon ardi Sangsam,
abaris nèng ngigir-igir,
mireng tengara,
tambur kalawan suling.
.
9 Sigra wau kumpeni nabuh tengara,
salompret lawan suling,
swarané kumrawak,
tamburé abrang-abrangan,
suling muni ting djalemprit,
pangriking kuda,
lir péndah kali bandjir.
..
10. Lingsir wétan sepuh wajahé kang surja,
Kurnèl mudun sing ardi,
andjog pasabinan,
ing sabin Wanijasa,
ladjeng dateng ing Meranti,
tjampuh kang juda,
ramé bedil binedil.

11. Agemporan bedil Bum lan Kalataka,
wong tjilik tarung dingin,
pan tumbak-tinumbak,
surak kadya ampuhan,
kukus peteng anglimputi,
raméning juda,
pradjurit katah mati.
.
12. Pradjurité karaman katah kang pedjah,
saradadu kèh kang mati,
wong Madura bangka,
wong Batang katah pedjah,
keraman katah gumlinting,
wau kang pedjah,
nèng tegal anèng sabin.
.
13. Kali-kepuh samana kebak bebatang,
apa déné Meranti,
disin ting gulimpang,
wangké sungsun atumpang,
saradadu lan prijaji,
kang kena tumbak,
tuwin kang kena bedil.
.
14 Jadya kraman gamané bandil lan séla,
ana kang kena keris,
wangké sungsun tumpang,
angglasah ngara-ara,
aramé nggènira djurit,
datan antara,
kraman kasoran djurit.
.
15 Wonten ngulon wonten ngidul plajunira,
kebat tan olih godi,
samja ngungsi gesang,
andjog dusun Parakan,
tan mawi kandeg sakedik,
asalang tundjang,
napasé ting karempis.

16 Kang kotjapa keraman kang samja pedjah,
ingkang sampun kawilis,
satus kalih dasa,

. kalatakanja gangsal,
sunapan kalih welas idji,
tumbak pan katah,
keris katah kang keni.

.

17. Kang mindoni nèteli sindjang bebatang,
sentana Banju-urip,
kèntol Tirtawangsa,
sabuk katok lan destar,
sangking geng dènnja madati,
rahab papeksan,
katok kang kutah getih.

.

18 Ngantos angsal katok destar sabopongan,
kèntol Tirtawangseki,
langkung sukanira,
ngutjap sadjroning nala,
begdja temen awak mami,
ngong njerèt pada,
kongsi ngrotognja tjindil.

.

19 Wantji asar wong Demangan lan Parakan,
ngupados tumbak keris,
kiwa tengen doplang,
ananging datan angsal,
mung surat pijagem mantri,
mlèseh nèng Tegal,
dèn pendeti mring kuli.

.

20 Sareng éndjang anudju ing dinten Soma,
tanggal kaping satunggil,
Sapar sasinira,
Tuwan kurnèl lumampah,

.. mangidul lampahirèki,
prapta ing Bara,
wonten keraman malih.

.

21 Kurnèl Major Tan Tumenggung Batang Kendal,
lawan para pradjurit,
wus tata nèng Bara,
ladjeng tjampuh ing juda,
aramé dènira djurit,
nèng dusun Bara,
katah pradjurit posit.

.

.

22 Pradjurité keraman katah kang pedjah,
kumpeni ngangseg wani,
mladjeng ponang kraman,
brandal katah kabranan,
anulja manahnja miris,
anjekul djenar,
lumaju londjong mimis.

.

23 Bubar larut karaman saparan-paran,
nggènnja sami angungsi,
wonten kang kapalan,
lumadjeng dateng Djenar,
kang darat dateng Ketangi,
angungsi gesang,
wonten dusun Ketangi.

.

24 Tuwan kurnèl pan ladjeng njabrang mangétan,
dateng dusun Ketangi,
dugi prenahira,
Ketangi désanira,
pagrijané wong Ketangi,

pan ingobongan,
Ketangi udan geni.

25 Kang ingatag mring tuwan Kurnè l punika,
demang kuli Banju-urip,
kang sapeuh pijambak,
kaprenah pamanira,
demang Tjakrasudira ngling,
mring pamanira,
hèh paman dèn agipih.

26.
Gja tranggginas kijahi Kertamanggala,
dadya tindih ngobongi,
urut lèpèn risak,
kambah wong Toja-gesang,
sentana agolong pipis,
pra kèntol gangsal,
ngobongi urut kali.

27.
Wong Madura awor kéntol Toja-gesang,
rusuhé gigilani,
malebu djro ngomah,
barang kang katingalan,
dèn brandal sadaja gusis,
kendil lan sindjang,
petèl tanapi linggis.

28
Kagègèran saurut Ketangi dèsa,
lanang wadon ang ili,
kiwa tengenira,
wau kang kagègèran,
sadaja pan sampun gusis,
ngungsi mring arga,
Pinatak lan wong Sembir.

29
Wong Semawung tanapi wong Rèndètan,
Soka miwah wong pidji,
Ganggang Patjekelan,
Putjangkrep Wanarata,
Kedungwadas Kedung-gunting,
dusun Ngabenan,
Tilampa Nglimus ngili.

30
Tambakliwung Tambak-tengah lan Kembaran,
ing Saragenèn ngili,
Djurangdjro Bokongan,
Dukuh lan Watu-belah,
ing Tanggung Ngemplak angili
dumateng arga,
tanapi ing wana-dri.

31
Enengena wong tjilik kang kagègèran,
kotjapa pra Dipati,
tuwin lan walanda,
ingkang samja lumampah,
kalawan para Ngabèhi,
Bradjanegara,
demang Wangsatjitrèki.

32
Lawan malih Tumenggung Dipati Kendal,
lan Batang Adipati,
lan Tirtanegara,
Tumenggung Tindihjuda,
Debbas kurnèl Sistèn ngiring,
ngidul lampahnja,
ngungak Kedung-kuwali.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 233-234.

33.Pradjurité saradadu lawan usar,
samja lumampah dingin,
ramé swaranira,
ingkang wau lumampah,
dateng Kadi-ladjeng nenggih,
datan kawarna,
prapta wétan ing kali.

.

34.Kadilangu semana kebak walanda,
andér pinggiring kali,
soldadu lan Djawa,
Kadiladjeng busekan,
pan usreg sakèh pradjurit,
ramé memangan,
sangu binukak sami.

.

35Sampun dalu kang wadya sami atata,
saradadu kumpeni,
Mantri kekumpulan,
Tumenggung sami dahar,
akatah ingkang ndjagèni,
kang anèng ndjaba,
kumpeni sami nedi.

.

36 Saradadu wau ingkang sami djaga,
apepak wonten djawi,
tanana kang léna,
wong Djawa lan Madura,
kang sami wau ndjagani,
sadalu pisan,
pan samja ngati-ati.

37.Sampun éndjing tuwan Kurnèl geguneman,
karsa ngemandah nuding,
walanda sekawan,
nama sistèn punika,
Albèrek mring Wanapeti,
ambekta bala,
usar soldadu ngiring.

.

38.Kawan atus tjatjahé soldadu usar,
lawan mrijem kekalih,
lan Dipati Kendal,
ingkang badé kabekta,
dateng dusun Wanapeti,
lan mantrinira,
nama Radèn Ngabèhi,

39.Dyan Ngabèhi Kaliwon Bradjanagara,
Tumut mring Wanapeti,
kabèh kantjanira ,
Kendal tumut sadaja,
demang Wangsatjitra ngiring,
sakantjanira,
Kurnèl Klères kang kari.

.

.

40.Tuwan Major Debbas kari tan tumuta,
mas tumenggung pan kari,
mas Tirtanegara,
kari sabalanira,
anèng Kadilangu meksih,
sigra adandan,
kang dateng Wanapeti.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 234 - 236.

41.Pan katjrita aramé bala lumampah,
kang nindihi kumpeni,
mantri kalih ika,
Radèn Bradjanegara,
lan bèhi Sadiwrijèki,
Tumenggung Kendal,
sistèn Bèrek kumpeni.
.

42 Pan arempeg lampahé kang wadyabala,
aramé wonten margi,
kumpeni lan Djawa,
tan wonten kang misaha,
lampahé wonten ing margi,
ladjeng kéwala,
ngétan tan madeg malih.
.

43 Sampun ladjeng lampahé bala walanda,
tan wonten kang malangi,
lampahing walanda,
agolong lampahira,
asurak bala kumpeni,
ramé nèng marga,
tambur muni lan suling.
.

44.Sampun praptèng lampahé kang wadya-bala,
andjog ing Galur kali,
praptèng pernahira,
kali Galur kèbakan,
nulja kèndel wadyanèki,
nèng kidul toja,
dangu kèndel pra sami.

45. Marma kèndel kumpeni sawadyanira,
mireng kraman abaris,
katah barisira,
anèng dusun lèr toja,
aran dusun Wanapeti,
sistèn angutjap,
dateng tijang satunggil.
.

46 Namanira tijang ingkang tinakènan,
anak demang ing dèsi,
nama Djagaresa,
Tirtakèndel désanja,
kinongkon wau nimbali,
tumenggungira,
ing dusun Wanapeti.
.

47 Wastanira Tumenggung Wanadilaga,
tumenggung Wanapeti,
kabektanan surat,
anaké Djagaresa,
ambekta sendjata kalih,
pan sampun késah,
dumateng Wanapeti.
.

48.Enengena jata wau ingkang késah,
kotjap wau kumpeni,
kang wonten negara,
inggih nagri Ngajogjan,
tuwan Djèndral Panggèn nenggih,
pengagengira,
sagung para kumpeni.

49.Duk semana apan sami pirembagan,
wonten sadjroning lodji,
lan risidènira,
tanapi pra kelana,
pra Opsir Ngajogjanagri,
pepak sadaja,
Kurnèlira sawidji.

•

50 Inggih ingkang nama Kurnèl Kokis ika,
sampun wonten ingarsi,
lan Panran Madura,
kang tugur anèng Jogja,
Tjakradiningrat kang nami,
sampun rembagan,
lawan djèndral wus gilig.

•

51 Inggih rembagira kangdjeng tuwan Djèndral;
badé arsa nglurugi,
mring Sultan keraman,
kang wonten Djelgong désa,
wus rembagan dandan aglis,
bala walanda,
soldadu sampun baris.

•

52 Baris wonten Alun-alun ambelabar,
usar djajèng wus baris,
samja nitih kuda,
arampak tiningalan,
wong Madura sampun baris,
tumbaknja pontang,
djamus kalawan abrit.

53. Kurnèl Kokis pangirid baris walanda,
wus dangu nggènnja baris,
wus pepak sadaja,
Landa Madura Djawa,
dèn abani mangkat aglis,
tambur brang-brangan,
kumpeni mangkat dingin.

•

54 Titindihé Kulnèl Kokis anèng wuntat,
wuriné kang nambungi,
Kangdjeng tuwan Djèndral,
djinadjaran ing usar,
ngarsa wuri dèn djadjari,
nulja wurinja,
wong Madura nambungi.

•

55.Tindihira Pangéran Tjakradiningrat,
respati nitih wadjik,
wuri wadya Djawa,
wus kebut barisira,
nagri Ngajogja kawingking,
tan dangu prapta,
wétaning lèpèn Pragi.

•

56 Kawarna-a wau ingkang angraraman,
putrané sang Narpati,
nèng Djalegong désa,
sampun anama Sultan,
semana sampun mijarsi,
jèn mengsah prapta,
Djèndral ingkang nindihi.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 237 - 238.

57.Kangdjeng Sultan Erutjakra nulja prentah,
pra putra dèn dawahi,
kang para pangeran,
tumenggung ahli basah,
sadaja para dipati,
sabalanira,
wus dandan rakit baris.

58.Watekira keraman andina-dina,
tan pegat nata baris,
milanja mangkana,
menawa dipun langgar,
dateng Djéndral pra kumpeni,
sadijèng juda,
tan pegat ngati-ati.

59 Nora lidok penjanane pra keraman,
prandéne dèn lurugi,
mèndah jèn lěna-a,
kraman baris sedija,
ngati-ati dèn lurugi,
saben prang kalah,
balané kèh kumpeni.

60 Wus mijarsa Kangdjeng Sultan Erutjakra,
jèn kumpeni nglurugi,
marang ingsun ija,
Sultan alon ngandika,
lah mara sira dèn betjik,
iki wus teka,
pradjurité kumpeni.

61. Sijang-sijang tambur muni abrang-brangan,
salomprèt lawan suling,
dyan nabuh tengara,
tarebang lawan kendang,
baris kraman wus miranti,
kumpeni umangsah,
wong Sultanan marani.

62Sampun tjampuh aramé perang gemporan,
wong tjilik tarung dingin,
ramé long linongan,
surak ambal-ambalan,
bala Djawa katah lalis,
bala walanda,
inggih katah ingkang mati.

63 Raméning prang tumbak bedil katah ilang,
amung tangan lan keris,
kang masih kagarap,
asalang suduk pada,
aramé djaguran sami,
ruket gelutan,
samja banting-binanting.

64 Kang sawenèh ana tiba ngatang-atang,
dèn ideg bandjur mati,
ana wong Madura,
ngutjap mring kantjanira,
embuh-emboh sing koh mati,
amisuh ika,
pokénah si tar bisbis.

MS. Or. Leiden 2163, blz. 238 - 240.

65. Ja dibinah jah gelem tulungi ija,
dika tjah bunuh patik,
kotjapa keraman,
sampun mundur sadaja,
pan kasoran kapin kalih,
lawan walanda,
ladjeng Sultan angili.

.

66 Pan mangilèn lèngsèré Kangdjeng Sultan,
ndjog Warung-Kamal nenggih,
wadya ting salebar,
bubar saparan-paran,
sakariné kang ngemasi,
pating salebar,
wus dangu kumpul malih.

.

67. Sampun tetntrem balanira Kangdjeng Sultan,
wonten dusun kang nami,
Warung-kamal ika,
Sultan Ngabdul kamidan,
katah ingkang atut wuri,
dateng Djeng Sultan,
pradjurité kèh malih.

.

68. Kangdjeng Sultan anèng Ngasem mesanggrahan,
balané katah malih,
sakèhé wong désa,
teluk marang Djeng Sultan,
Kangdjeng Sultan Ngabdulkamid,
sakèh wong désa,
katah dadya prijaji.

69. Enengena Kangdjeng Sultan Erutjakra,
kang wonten Ngasem dèsi,
katah tijang séba,
nèng dusun Ngasem kana,
kèh tumut dadya pradjurit,
genti kotjapa,
balané wong kumpeni.

.

70 Sami mantuk ingkang sangking ing pajudan,
sisané ingkang mati,
mantuk mring Ngajogja,
sampun pepak sadaja,
sasisané kang ngemasi,
mantuk sadaja,
samja ngiring kumpeni.

.

71. Wau tuwan Djèndral Panggèn ingkang nama,
mantuk marang negari,
Kolnèl Kokis ika,
ingkang nindihi bala,
soldaadu Madura Djawi,
nama Pangéran,
sangking Mandura nenggih.

.

72. Namanira Pangéran Tjakradiningrat,
Tumenggungé satunggil,
nenggih namanira,
radèn Djajanegara,
kaprenah uwanirèki,
lawan Pangéran,
tumut sabaja pati.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 240 - 241.

73.Lampahira Djèndral wau wonten ngarsa,
Pangéran andjadjari,
Tumenggung nèng wuntat,
alon lampahé budal,
para Mantri wonten ngarsi,
Pandji nèng ngarsa,
ngwuri Tumenggungnèki.

•

74.Tan adangu kang mantuk tumunten prapta,
anèng Jodja negari,
sapraptané pradja,
pepak kang wadyabala,
ladjeng andjog dateng lodji,
ladjeng apista,
wonten sadjroning lodji.

75 Pangéraning Madura wus masanggrahan,
kang wadya samja ngiring,
néng ing pesanggrahan,
miwah Tumenggungira,
akukuwu nèng negari,
Ngajugjakarta,
Madura lawan Djawi.

•

76 Enengena kang kukuwu nèng negara,
kotjap wau kumpeni,
k ang sami barisan,
Kali Galur sumahab,
sedaja mandeg miranti,
baris atata,
datan purun lumaris.

77.Kawarna-a Kangdjeng Sultan Erutjakra,
pan arsa anglurugi,
mring baris walanda,
nèng Kali Galur aglar,
barisé néng kidul kali,
gantjange tjrita,
tan dangu sigra prapti.

•

78 Barisira Djeng Sultan salèring toja,
samja rasukan abrit,
wetara katahnja,
barisé Kangdjeng Sultan,
kawan-atus winitawis,
pan sampu prapta,
titindih kang pradjurit.

•

79.Namanira Pangéran Adikusuma,
wadyané tijang dèsi,
katah wadya bala,
kalih èwu pan ana,
anglurugi mring welandi,
tempuh ngajuda,
asreng tengara muni.

•

80 Wau tuwan Albèrek Asistèn Kendal,
lawan kantja wlandi,
litnan Eren nama,
lawan sawadyanira,
kalawan baris wong djawi,
pengagengira,
dèn Tumenggung kang nami.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 241 - 243.

81. Kangdjeng Raden Tumenggung Wiradiningrat,
Dipati Kendal nagri,
kaliwon satunggal,
sing nagri Surakarta,
dyan bèhi Bradjanegari,
mantri satunggal,
nama Kjai Ngabèhi.

•

82. Ingkang nama Ngabèhi Resadiwirja,
demang tuwa sawidji,
nama Wangsatjitra,
Kemanukan wismanja,
katah pra demang kang ngriring,
datan winarna,
sami ndèrèk kumpeni.

83 Baris tugur nèng Galur sakidul toja,
karsané Sistén nenggih,
lawan tuwan Litnan,
tanapi baris Djawa,
karsané Sistèn ngunduri,
mapan kang banar,
prentah mandura aglis.

⋮

84. Sakantjané tuwan Sistèn baris wlanda,
lawan baris wong Djawi,
wus mundur sedaja,
mangilèn undurira,
wus kebut mangilèn sami,
sabalanira,
kraman mbudjung angunsir.

85. Sareng prapta Katjubung sakidul ngrawa,
kumpeni anarungi,
ramé agegempuran,
anéng Ketjubung ngrawa,
aramé asilih ungkih,
katah kang pedjah,
bala Djawa kumpeni.

•

86 Ting gulimpang saradadu lan keraman,
Madura katah mati,
kraman katah pedjah,
tjatjahé dipun étang,
pitung dasa gunggunèki,
kumpeni samja,
angsal sendjata kalih.

•

87 Saradadu angsal sendjata satunggal,
sendjata kraman nenggih,
kang samja kabandang,
marang bala walanda,
tumbak atanapi keris,
akèh kabandang,
dateng bala kumpeni.

•

88 Pan kumpeni nulja ladjeng lampahira,
mring Kadilangu malih,
saha balanira,
samja ngiring sadaja,
anderèk marang kumpeni,
salampahira,
pjaji Djawa nuruti.

89.Sakarsané Sistén walanda wong Djawa,

tinurut lampahnèki,

wangsul anggènira,

k lindih ladjeng kang désa,

semana pan sampun panggih,

sistèn kalawan,

tuwan Klères puniki.

.

90 Gja tabéjan Sistèn lan Kurnèl punika,

wusnja anulja ganti,

tabé lawan tuwan,

Debbas major punika,

tuwan Sistèn matur aris,

mring Kurnèl tuwan,

kalané perang wingi.

.

91 Langkung ramé bedil mrijem gènnja mungal,

ping sadda nggènnja muni,

Respati arinja,

tanggalipun ping tiga,

keraman lumaju gusis,

saparan-paran,

sakariné kang mati.

.

92 Sami mantuk dateng pedanggrahanira,

mring dusun Ngasem nenggih,

Kamal ingkang désa,

tijangé sami séba,

mring Djeng Sultan Abdulkamid,

kang mesanggrahan,

Wahdé Kamal namèki.

93.Ganti kotjap kumpeni pan ladjeng budal,

mring redi Sangsam sami,

pan sarwi guneman,

rembag sarwi lumampah,

pan namung sipeng salatri,

Delanggu désa,

ramé swaraning djalmi.

94. Wus umangkat sabalanira sadaja,

ladjeng sipeng sawengi,

anèng dusun Bara,

kasaru praptanira,

dèn Surjawinangun nagri,

nusul sadaja,

sakantjané angiring.

.

95 Ladjeng budal kang sipeng anèng Bara,

panggih kang nusul aglis,

wau anèng marga,
wus ladjeng lampahira,
datan dangu nulja prapti,

nèng ardi Sangsam,

kèndel nèng nggigir giri.

.

.

96 Iring kilèn anama ing Wadasmalang,

nggènnja para kumpeni,

baris mesanggrahan,

kilèning ardi Sangsam,

apepak wadya kumpeni,

tuwin Madura,

Tumenggungè abaris.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 244 - 246.

97.Pan gumuruh ing latri tanapi sijang,
wonten kuloning ardi,
nggigir Wadasmalang,
pepak bala sadaja,
samja tumbas sadajèki,
sekul lan ulam,
wong désa kang ndodoli.

.

98 Pan gumrumung pradjurit samja tutumbas,
kang wau samja we di,
dodol Wadasmalang,
adjrih lamun dèn rajah,
nuli wonten ingkang wani,
wadé wos sega,
untung kèh kang tut wingking.

.

99 Pan aramé Wadasmalang kadya pasar,
kèh bebakul kang prapti,
samja wadé beras,
malah sangsaja katah,
kang kuntingan saja wani,
tijang ing sabrang,
Tanggung Gablog njadèni.

.

100. Dateng Soka nggennja kukulak sabarang,
dèn wadé Sangsam ardi,
dènnja tumbas mirah,
winadé padjeng katah,
tikel nggènnja antuk bati,
wus lama-lama,
bakul tan angsal bati.

101.Ladjeng mirah kados tumbas dateng Soka,
lami-lami asepi,
pan ing Wadasmalang,
genti ingkang kotijapa,
keraman minggah mring ardi,
nglurugi samja,
dateng wau kumpeni.

:

102 Ladjeng wau angsalé anjepeng kraman,
wong tiga welas-asih,
lurah namanira,
radèn Dipa-atmadja,
pan kinarja lésan bedil,
sabaturira,
rolas pan samja mati.

.

103 Mung satunggal rahadèn Dipa-atmadja,
punika lurahnèki,
tijang kalihwelas,
sampun pedjah sadaja,
sirahé dipun tigasi,
pinandjer samja,
nèng arga Sangsam nggirgir.

104 Langkung teguh rahadèn Dipa-atmadja.
dangu datan ngemasi,
pélornja tan pasah,
tuwin wau dèn pedang,
wonten Saresan satunggil,
kelangkung guna,
gadah sarana mandi.

1827 Jw.

Ms.Or. Leiden 2163 , blz. 246 - 247

105.Api ngujuh lunga marang nggèn kang kiwa,
mendot serana nèki,
lan metik godongan,
djambu dèn wor lan nal,
wus ngisèni agé bali,
prapta prenahnja,
dèn Dipa dèn larihi.

106 Sinendjata marang seresan kang guna,
kena andemanèki,
apan nulja pasah,
dèn Dipa mutah erah,
dèn edrèl soldadu nuli,
rahadèn Dipa,
dangu-dangu ngemasi.

107 Sirahira rahadèn Dipa-atmadja,
tinigas mring kumpeni.
enengena kang pedjah,
kotjapa keraman,
kang munggah dateng ing ardi,
djeng Pangran Papak,
nenggih pengagengnèki.

108 Kantjanira tumenggung Djajamustapa,
lan Djajaprairèki,
Tumenggung kalihnja,,
wadyanira katah,
samja minggah dateng ardi,
ing sangkanira,
sangking ing Lowanèki.

109.Pan wus minggah kerman dateng ing arga,
pinetuk sangking nginggil,
soldadu kang mapag,
mrijemnja adjedjuguran,
bedil pan gumurh atri,
munja gondrongan,
katah bala kumpeni.

110. Ladjeng mundur keraman Pangéran Papak,
lumaju sampun gusis,
anjabrang mangétan,
binudjung mring walanda,
dugi wétan lèpèn gendring,
mring Pekalongan,
mangétan njabrang Kodil.

111 Tan kantenan keraman ing larugira,
marengi dinten kemis,
wangsul soldadunja,
tuwan Kurnèl punika,
Majorira datang kèri,
Ngabèhinira,
Bradjanegara ngiring.

112. Langkung gantjang lampahé wadya walanda,
ladjeng wau dumugi,
Manorèh samana,
sipeng sedalu nulja,
éndjing mangkat gja lumaris,,
dateng Magelang,
tan dangu sampun prapti.

MS. Or. Leiden 2163, blz. 247 - 248.

113. Nèng Magelang anudju ing wulan Sapar,
tanggal sawelas nenggih,
laminja nèng Magelang,
namung angsal nem dina,
kulnèl ladjeng késah malih,
mring Wanasaba,
dèn bèhi datang ngiring.

.

114 Mas Tumenggung Tirtanegara umangkat,
mantuk marang negari,
dèn Bradjanegara,
nderek mring Surakarta,
wus dumugi nèng negari,
kang para wadya,
sadaja samja ngiring.

.

115 Lampahira tumenggung Tirtanegara,
mantuk mring negari,
praptèng Surakarta,
ladjeng sowan Sang Nata,
Sunan Surakarta naggri,
wau Sang Nata,
semana sampun midjil.

Midjil. XVIII

1 Kang lumampah wau wong kumpeni,
kawarna anèng don,
pra kumpeni kang késah mangilèn,
tuwan kulnèl sabalanè ngiring,
mring Wanasabèki,
pan ora tjinatur.

2. Kotjapa Prabu Surakartèki,
nrasuk busana bjor,
pan pinarak ing dampar rukminé,
pan ingajap sakèhé pra tjèti,
upatjara ngiring,
pramèswari ndulur.

..

3. Kang séwaka wonten Pantjaniti,
Tumenggung lan Gedong,
andèr Petjattanda lan Mantriné,
Ngabèhi nangkil lawan pradjurit,
pepak nijakaning,
punggawa gung-agung.

.

4. Pra Pangéran kang wonten ing ngarsi,
Nata Prabu Anom,
Radèn Patih wau penangkilé,
pan pinarak nggènnja anèng wingking,
wingking Pangran sami,
ingkang wonten ngajun.

.

5 Pan sinéba anéng Pantjaniti,
ngandika Sang Katong,
dateng wau Radèn Dipatiné,
kadya-pundi karsané puniki,
wau Kjana Patih,
umatur anuhun.

.

6 Kabaripun tijang alit-alit,
malah djuluk Katong,
rama Pangran Dipanegarané,
sapuniki sampun ngalih nami,
adjedjuluk Adji,
nama Sultan sampun.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 249 - 250.

7. Kangdjeng Sultan Erutjakra nenggih,
namané Sang Anom,
rama-dalem inggih djudjuluké,
saja katah wong désa kang ngabdi,
mring Dipanggari,
kabèh tijang dusun.

.

8 Sapunika wonten dusun nami,
udjaré kang wartos,
mesanggrahan nèng Kamal akebèl,
sawétané dusun Wanapeti,
dèn langgar kumpeni,
kawon djutitipun.

.

9 Kabaripun kang sangking ing dèsi,
abdi-dalem Katong,
lawan Tirtanegara kabaré,
miwah mantri-dalem kang lumiring,
nengna Kjana Patih,
kang wau umatur.

.

10 Datan dangu Pangran gja prapti,
sowan mring Sang Katong,
Kangdjeng Sunan pan owah lenggahé,
angurmati ingkang paman prapti,
djeng Pangéran linggih,
Sang Nata alungguh.

.

11 Wus atata djeng Pangran alinggih,
ngandika Sang Katong,
kadospundi rama pawartané,
sampéjan tumut lampahing kumpeni,
Kusumujuda ngling,
Pangéran umatur.

12. Aturipun dumateng Sang Adji,
wong désa sumahos,
datan wonten karaman malihé,
wus atata Baglèn pungkur mami,
wartosé tyang alit,
Toja-mas puniku.

.

13 Udjaripun wau kang kumpeni,
wonten kraman kulon,
lamun kula tan matura anggèr,
ingkang dados karsané Narpati,
kula djrih Sang Adji,
apan kula nuhun.

.

14 Ladjeng dawah wau ta Sang Adji,
angandika alon,
dateng Pangran Kusumajudané,
inggih rama sampejan wedali,
Tojamas saniki,
sampun ngantos ndarung.

.

15 Sinten kraman nama kang miratnti,
ing Tojamas kulon,
napa Pangéran punapa dédé,
pa tumenggung atanapi mantri,
Pangéran turnja ris,
dukané Sang Prabu.

.

16 Pan kawula tan priksa pribadi,
kraman kang nèng kulon,
nggih kawula mirsa warta bahé,
pun kumpeni ing Magelang nagri,
sung kabar sajekti,
wonten kraman agung.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 250 - 252.

17.Kangdjeng Sunan angandik a aris,
inggih rama kemawon,
amedala nèng djawi dusuné,
ing Tojamas rama kang sun pidji,
pantes kang nglurugi,
kraman kang digbjanung.

.

18 Djeng Pangéran matur mring Sang Adji,
kula mireng wartos,
sangking Mantri wau pituturé,
abdidalem pun Bradjanegari,
punika kang warti,
dateng awakingsun.

.

19 Lawan Tumenggung Tirtanegari,
Bupatiné kang wong,
ladjeng warta wau sadatengé,
sing Bagelèn wus tumut kumpeni,
kraman dèn lurugi,
Bagelèn puniku.

.

20 Sri taruna ngandika aris,
karsanja akongkon,
mring kang rama senengé k arsané,
ingkang dipun dawuhi pribadi,
marang Sang Narpati,
lan sampéjan nglurug.

.

21 Sampun dawuh wau Sang Narpati,
dateng kang kinongkon,
djeng Pangéran Kusumajudané,
Kangdjeng Sunan djengkar sing Sitinggil,
marang djroning puri,
para garwa metuk.

22.Sampun lukar busana Sang Adji,
lantjingan linorod,
kampuh semèn garuda tulisé,
lantjingannja apan tjinde´wilis,
pningset pita kuning,
kanigara kuluk.

.

23 Wangkinganè deder tunggaksemi,
selut inten abj or,
tjendana mrik inggih werangkané,
dederipun tjetjakané ngrawit,
pendok klabet abrit,
pinatik ten murub.

.

24 Wus linukar busana Nerpati,
lantjingan lan kampoh,
para garwa andèr nèng ngarsané,
kang amotjot sakèh para putri,
wus ngutjulan sami,
busana Sang Prabu.

.

25 .Sri Narendra wus malebèng grendi,
wus saré karongron,
anèng sanggar pelanggatané,
sakalijan lan dajinta Adji,
petètan djro puri,
selaka mas lurus.

.

26. Kang kinarja petètan ing puri,
emas abang marong,
rondon emas nurut ing pinggiré,
sri kawurjan tirta gedah kuning,
pantjuran mas adi,
rinengga naga gung.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 252 - 253.

27.Kadi sarpa wau tambang warih,
lir garuda tinon,
tirta midjil wau sing tutuké.
tètès tirta pan anurut gading,
tiningalan asri,
siraman sang Prabu.

•

28 Wus adangu asaré Sang Adji,
anèng grendi kono,
lawan ratu sang putri garwané,
wusnja saré anèng grendi Adji,
sanggar plengan mudji,
tinatrap mas murub.

•

29 ngGènnja sarè wus wungu Sang Adji,
asiram Sang Katong,
wonten wau ing pantjuran djené,
djembangan gedah wau kang kinardi,
siram lan sang putri,
pra tjèti tut pungkur.

•

30 Pramèswari samja angosoki,
dumateng Sang Katong,
tirta medal sangking naga djené,
wènnja wening asiram sarimbit,
kalawan sang putri,
kinosokan sampun.

•

31 Para tjèti wau kang ngosoki,
mring sang putri anom,
Sri Naréndra sinerat rémané,
dateng wau ingkang para tjèti,
sinratan Sang Adji,
nèng wuntat alungguh.

32. Anèng dampar wau ta Sang Adji,
kotjapa Sang Anom,
sampun kundur wau sing pernahè,
nggènnja siram wau Sanga putri,
sinratan sang putri,
tjètinja alungguh.

•

33 Sampun tuntas tojané kang wéni,
busana Sang Katong,
lan sang Putri ngasuk busanané,
sakalijan nèng madyaning grendi,
ladjeng samja linggih,
dalem grendi mantjur.

••

34 Mundut dahar wau Sri Bupati,
rampadan sri tinon,
samja marak para tjèti andèr,
pra madaren katong sami tjèti,
kang sami ngladèni,
piring mas djinundjung.

•

• Maskumambang. XIX

1.Tan kawarna Sang Nata lawan Sang Putri,
kotjapa kang séba,
luwaran kang samja nangkil,
Bupati para Pangéran.

•

2 Sakatahé sentana mantri,
Gedong Petjat-tanda,
wadya alit bubar sami,
andèrèk dateng Pangéran.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 253 - 254.

3.Raden Arja Sasradiningrat Dipati,
bubar sangking sowan,
sawadyanira angiring,
mring Raden Sasradiningrat.

.

4 Wusnja medal Pangéran susah kang galih,
atampa timbalan,
préntahé Sri Narapati,
ingutus medal ing désa.

.

5 Pangéran rembug kalawan Raden Dipati,
Patih Surakarta,
Sang Nata Prabu taruni,
anama Sasradiningrat.

.

6 Pan rembugan sadjawining Pantjaniti,
pangran Somajuda,
ngandika mring Kjana Patih,
kadya pundi karsa ndika.

.

7 Dyan Dipati aturé semu awedi,
adjrih tan matura,
wau karsané Sang Adji,
kèn mangkat ing dina Soma.

.

8 Sapunika pasowan ing dinten Kemis,
kirang tigang dina,
Pangéran nggènnja lumaris,
nanging Pangran ambekta-a.

.

9 Nama Mantri kang tumut perang rumijin,
sangking wau désa,
ing Bagelèn ladjeng mulih,
ngabèhi Resadiwirja.

.

10. Djeng Pangéran ngandika dateng Ki Patih,
wonten pundi mangkja,
ki Resadiwirja mantri,
punapa taksih puruna.

.

11 Napa boten gilir kang mantri,
turé dyan Dipatya,
inggih boten mawi gilir,
pan sami asadé karja.

.

12 Gantjangipun tjaritané Pangran nenggih,
kotjap sampun bubar,
sing pasowan Pantjaniti,
Pangran prapta dalemira.

.

13 Dèn Dipati wus prapta dalemé linggih,
Pangran padandanan,
mantri sampun dandos sami,
agantjang tjaritanira.

.

14 Djeng Pangéran lumampah nitih turanggi,
bèhi Sadiwirja,
pan sampun nitih turanggi,
abrit wadyanira tut wuntat.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 255 - 256

15.Budalira Kangdjeng Pangéran sangking nagri,
mangkat ari Soma,
wulan Mulud tanggalnèki,
anudju kaping wolulas.

..

16 Taun Wawu sirah sèwu pitung dèsi,
dada sèket ngétang,
sukunéapan kekalih,
angkané wau kang warsa.

.

17 Sampun prapta kèndel ing Kartasurèki,
lampahé Djeng Pangéran,
kalawan kjahi Ngabèhi,
kang nama Resadiwirja.

.

18 Apan lereb nèng Kartasura salatri,
éndjingira budal,
wus prapta ing Bajalali,
anjaré Kangdjeng Pangéran.

.

19 Sareng éndjing lumampah anulja prapti,
lodji Salatiga,
Pangéran njaré sawengi,
éndjing gja budal lumampah.

.

20 Pan agantjang lampahé sampun dumugi,
Kopèng tanah ngarga,
asipeng amung salatri,
sareng éndjang gja lumampah.

21.Sampun lepas lampahé sampun dumugi,
wontenddsun Grabag,
sareng éndjing mangkat malih,
dumugi nagri Magelang.

22 Ladjeng wau mesanggrahan wonten nagri,
Maglang Djanegaran,
angsal wau tigang latri,
sareng ing dinten Salasa.

.

23 Apan ladjeng lampahira Kangdjeng Gusti,
rembag nèng Magelang,
sakedap mangsuk djro lodji,
wus golong sigra umangkat.

.

24 Sing Magelang umangkat lawan ngabèhi,
sareng prapta Praga,
wus éndjing umangkat malih,
njaré Kedu ing Parakan.

.

25 Sareng éndjang umangkat sampun dumugi,
sipeng dusun Gondang,
dusun tanah Ledok nenggih,
éndjang mangkat gja lumampah.

.

26 Sampun prapta Sélamarta tanah wukir,
lereb kalih dina,
mila sipeng Kangdjeng Gusti,
ngasokaken wadyanira.

27.Lampahipun Pangéran wau kepanggih,
kumpeni kang késah,
dateng Wanasaba krijin,
panggihan lawan Pangéran.

28 Kurnèl Klères wau namaning kumpeni,
Pangran Sumajuda,
kang panggihan lan kumpeni,
semana nèng Selamarta.

29 Ki Ngabèhi Resadiwirja manggihi,
mring Kurnèl walanda,
wus tahéjan tata linggih,
wonten tanah Sélamerta.

30 Djeng Pangéran ngandika maring ing Mantri
Bèhi Sadiwirja,
atanja dateng kang abdi,
déné wanuh lan walanda.

31 Aturipun ki Ngabèhi mring Djeng Gusti,
turé pan mangkana,
mila kula wanuh gusti,
kalijan Kurnèl punika.

32 Sabab sampu naté kumpulan rumijin,
inggih lawan kula,
wonten Bagelèn rumijin,
kalawan Tirtanegari.

33. Samja perang kalawan keraman dingin,
Pangéran lon ngandika,
dumateng Kurnèl kumpeni,
anudju ing dina tumpak.

34 Berembagan Djeng Pangran lan Kurnèl ririh,
wus rudjuk kalijan,
Rabingulawal kang sasi,
wus budal sawadyanira.

35 Wong kumpeni tan wonten kantun satunggil,
wadyané Pangéran,
sadaja tan ana kèri,
angkatnja sing Selamerta.

36.Sampun prapta lampahnja sumengkèng wukir,
gunung ing Bèsèran,
sakidulé dusun Tjangkring,
djadjaré si Bantur ngarga,

37.Tan adangu wonten tungganganing wukir,
kapetuk lan kraman,
ingkang dados Sénapati,
panggedéné ing keraman.

38.Djasundarga ingkang dadi Sénapati,
kjai Resapraja,
lan Surapramada nami,
tumenggungé punang brandal.

39.Ladjeng perang lan keraman sulih ungkih,
langkung raménira,
wonten luhurira ngardi,
keraman ladjeng kasoran.

.

40 Gja kabudjung keraman ngantos dumugi,
dusun Lèpèn-wira,
sakuloning Lèpèn-bening,
sakidulé Selamerta.

.

41 Gegamané keraman wau kang kénging,
kabandang walanda,
Kusman litnaning kumpeni,
angsal
kang/sendjata léla.

.

42 Katahipun léla kraman kang kapusti,
kalih katahira,
sendjatané ingkang kénging,
léla bainkété tiga.

.

43 Ramé aprang wonten saluhring wukir,
pangran Sumajuda,
pradjurité menang sami,
pan angsal bandangan djaran.

.

44 Kapal tiga wau angsalé pra sami,
balané djeng Pangran,
Kusumajuda djeng Gusti,
tindihé Resadiwirja.

45.Pan Panèwu Surakarta lenggah Mantri,
ndèrèk Djeng Pangéran,
ani[n]dihi kang pradjurit,
di-dalem ing Surakarta.

.

46.Ladjeng wau mesanggrahan pradjurit,
Pangran mesanggrahan,
wonten Lèpèn-wira nenggih,
ngebèhiné akekadar.

.

47 Wadyabala sadaja tan wonten kèri,
landa mesanggrahan,
Pangeran kang dipun iring,
kalih dalu nggènnja néndra.

.

48 Dinten Senén umangkat wau tumuli,
ing Segaluh prapta,
asipeng amung salatri,
Anggara ladjeng lumampah.

.

49.Sampun prapta Blambangan dusun kang nami,
Kurnèl Dil gja prapta,
sangking Karangkobar prapti,
Pangran kang wonten Blambangan.

.

50. Tigang dinten nèng Blambangan Kangdjeng Gusti
Kurnèl Dil gja prapta,
andjudjug Pangran manggihi,
Djeng Pangran ladjeng lumampah.

MS.Or.Leiden 2163 blz. 258 - 259.

51.Kurnèl Edil ladjeng dateng Bandjar nagri,
panggih lan Pangéran,
anèng Bandjar kang negari,
Kurnèl matur sawetjana.

52 Sapolahé lampahé ingkang kumpeni,
katur mring Pangéran,
umatur ingkang sajekti,
pan ganti wau kotjapa.

53.Kurnèl Klèrès wau wangsul nggènnja lami,
dusun Selamerta,
dinten kemis angkatnèki,
nedya dateng Selamerta.

54.Mangkat sangking ing Blambangan,
Kurnèl éndjing,
Klèrès lampahira,
sabalanira angiring,
ing Selamerta sinedya.

55.Genti kotjap Pangéran budalan sami,
dateng Madéradja,
kalawan wau kumpeni,
Kurnèl Dil sarenganira.

56.Djeng Pange'ran karsané ka sinelyèng galih,
ladjeng mring Tojamas,
kalawan para kumpeni,
sareng preptèng Madyaradja.

57.Djeng Pangéran lampahé kapetuk malih,
lawan baris kraman,
tumenggung kang dadya tindih,
titiga para dipatya.

58 Balanipun akatah para pradjurit,
nama tindihira,
Tambak-baja kang satunggil,
lan malih ki Resapradja.

59.Tiganira Kertanegara kang nami,
barisipun tata,
wus sami ngati-ati,
sigra nempuh mring Pangéran.

60 Pan aramé keraman panempuhnèki,
pan bentak-binentak,
gemporan asilih ungkih,
para kraman wus kasoran.

61 Pan lumadjeng keraman arebut urip,
mrijemé kabandang,
Djeng Pangran ngasta pribadi,
kang léla kénging kabandang.

62.Mring Pangéran Kusumajuda ngastani,
mrijemé karaman,
sanunggal wau kang keni,
katjandak Pangéran pjambak.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 260 - 261.

63.Tamburipun satunggal kraman kang kénging,
bèhi Sadiwirja,
lan Wanajuda ngabèhi,
kang ngrajah lembu maésa.

.

64 Sawadyané ngabèhiwau kekalih,
ingkang wonten grija,
sadaja dipun rajahi,
sawarnanè barang grija.

.

65.Aningali Ngabèhi wau kekalih,
bumbung isi toja,
isi upas luwih mandi,
toja djeram lan warangan.

.

66 Djeng Pangéran kalawan para kumpeni,
nudju dinten sukra,
lumampah mangilèn sami,
apan samja ladjeng njabrang.

.

67 Sawadyané sadaja sami angiring,
Pangran sampun njabrang,
wau nama Kalisapi,
wadyanja sampun anabrang.

.

68 Wus adangu nggènira anjabrang sami,
pirsa baris kraman,
katingalan sangking kali,
keraman anèng padésan.

.

69 Wastanipun ing dusun Gumelem nenggih,
wus mentas sadaja,
wadya ingkang nabrang kali,
sadaja bala wus mentas.

70.Djeng Pangéran adawah mrang pradjurit,
lah mara gé pada,
sanderen kraman dèn aglis,
kang baris Gumelem ika.

.

71 Kang ingatak ngabèhi sawadyanèki,
dyan kebat lumampah,
Pangéran tumut nèng wuri,
kumpeni tumut lumampah.

.

72 G nti kotjap keraman kang pinurugi,
Sénapati kraman,
mung nenem katahirèki,
Pangéran Surja-atmadja.

.

73.Lan Tumenggung Danukusuma kang nami,
Menggung Tambakbaja,
Menggung Gendonglotong iki,
tumenggung Udanagera.

.

74.Balanira keraman katahirèki,
Rong èwu katahnja,
bandéra awarni-warni.
ana abrit wonten séta.

.

75 Sadajané bendérané pra Dipati,
pitulas katahnja,
adjadjar baris merapit,
tan dangu anulja aprang.

MS Or. Leiden 2163, blz. 261 - 262.

76.Pan aramé perangé asilih ungkih,
katah ingkang pedjah,
balané wau kumpeni,
saradadu katah pedjah.

.

77 Bala kraman kang pedjah pitulas idji,
ramé nggènnja aprang,
adangu bedil binedil,
wus dangu kraman kasoran.

.

78 Perangipun kraman wus mlaju sami,
lèlanipun kraman,
pan titiga ingkang keni,
mring djeng Pangran Sumajuda.

.

79 Kangdjeng Pangran Kusumajuda nindaki,
sarta mbandang kapal,
djaran kraman Sénapati,
Pangéran Surja-atmadja.

.

80.Ingkang sarta kapalé lan prabotnèki,
pewatangan retna,
kang mbandang kumpeni Edil,
Pangéran Surja-atmadja.

.

81 Songsongipun Pangèran Atmadja keni,
songsong djené pulas,
kang njandak kjai ngabèhi,
kang nama Resadiwirja.

82.Ingkang sarta angsal kapal pitu idji,
bèhi Sadiwirja,
sendjata angsal kekalih,
waos atanapi pedang.

.

83 .Angsal njandak wau kjai angabèhi,
kjai Sadiwirja,
ladjeng katur Sénapati,
Kangdjeng Gusti Sumajuda.

.

84 Sampun katur sebarang nggènira ngampil,
kundjuk mring Pangéran,
Kusumojuda djeng Gusti,
kotjap kraman kang ketjandak.

.

85 Samja gesang katahipun satus idji,
pundjul sangandasa,
ganti kotjap kang pradjurit,
pradjurité djeng Pangéran.

.

86 Sarta lawan pradjuritira kumpeni,
Pangran Sumajuda,
wus tata samja lumaris,
dumateng Tirtakentjana.

.

87 Kangdjeng Pangran Kusumajuda lumaris,
lawan wadyabala,
Kurnèl Dil kang atut wuri,
lan mantri kalih punika.

MS. Or. Leiden 2163, blz. 262 - 264.

88.Kang anama Resadiwirja ngaèhi,
lepas lampahira,
Djeng Pangéran sampun prapti,
ing Toja-mas lan walanda.

89 Sampun kèndel Pangeran wonten negari,
nagri ing Tojamas,
sakatahé kang pradjurit,
ganti kotjapa Nirpringga.

90 Pradjurité Nirpringga samja lumaris,
mring Kartanegara,
wonten tumenggung satunggal,
apan nama Resapradja.

91 Tan adangu Nir-pringga ingkang metuki,
lèpèn Bogor nggènnja,
prang ramé wonten ing kali,
k ramané ladjeng kasoran.

92.Katjekelan keraman sakantjanèki,
nggih pengagengira,
pitungdasa katahnèki,
bala satus kalihdasa.

93 Wus kabanda sadaja kabekta sami,
katur Djeng Pangéran,
Kusumajuda Djeng Gusti,
nèng nagri Tirta-kentjana.

94.Gegamané akatah sami kapusti,
kapal kèh katjandak,
wus sami katur djeng Gusti,
wonten negari Toja-mas.

95 Enengena pradjurit Nir-pringga sami,
ngaturken bebandan,
dateng wau kang kumpeni,
lan pangéran Sumajuda.

96 Genti kotjap pradjurit Baki tinuding,
ingutus sadaja,
karsanipun Kangdjeng Gusti,
arembag lawan walanda.

97 Wus lumampah sadaja pradjurit Baki,
dateng Séladaka,
pan ladjeng andjog negari,
kang anama Séladaka.

98 Gentji kotjap keraman kang dèn lurugi,
wonten Séladaka,
keraman samja abaris,
wonten dusun Séladaka.

99 Namanipun ingkang dados Sénapati,
Menggung Mertadirdja,
kehé pradjuritirèki,
kang miranti Séladakan.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 264 - 265.

100.Sampun tjampuh pradjurit Baki pan sami,
prang lan Mertadirdja,
aramé asilih ungkih,
wong keraman katah pedjah.

.

101.Apan pitu keraman kang pedjah sami,
kabèh tinigasan,
gantjangé tjarita nguni,
wus katur dateng Toja-mas.

.

102.Sampun katur mring Pangéran lan kumpeni,
kang wonten Toja-mas,
laminé Pangéran singgih,
wonten nagri ing Tojamas.

.

103 Pan amempen Pangéran nemlikur wengi,
gantjang kang tjarita,
Pangéran lawan kumpeni,
akarsa ngalih panggonan.

.

104 Wus atata Pangéran lawan kumpeni,
wadya wus samekta,
umangkat samja lumaris,
kang wadya ngiring sadaja.

.

105 Pan agantjang lampahé para pradjurit,
praptèng Seladaka,
asipeng namung salatri,
éndjing ladjeng sami pangkat.

106.Lampahipun Pangéran lawan kumpeni,
sangking ing Toja-mas,
ari Senèn budalnèki,
ing wulan Djumadilawal.

.

107.Pan anudju tanggalipun ping satunggil,
wus lepas lampahnja,
praptèng dusun ingkang nami,
kang nama dusun ing Sélan.

.

108. Tanah Ngréma semana pan sampun prapting
kabèh wadyanira,
Pangéran kepangguh malih,
lan Tumenggung Mertadirdja.

.

109 Sampun kawon Mertadirdja duk inguni,
kabèh wadyanira,
tan karuwan prangirèki,
lumaju saparan-paran.

.

110 Sapunika kepanggih lan Kangdjeng Gusti,
nèng dusun Krandjingan,
ing tanah Roma kang nami,
aramé samja aperang.

.

111.Dangu-dangu ponang kraman kalah maning,
djago wus pedotan,
milané atiné ngutjir,
mila brèsèt tarungipun.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 265 - 266.

112.Sareng éndjing Pangéran angalih malih,
saha wadyanira,
mesanggrahan Karangturi,
inggih meksih tanah Roma.

113 Sampun lereb Pangéran nèng Karangturi,
soldadu kinampak,
mring kraman kang kalah djurit,
aramé uleng-ulengan.

114.Pan aramé sang kraman medang ambedil,
muni adjeguran,
ting sruweng swaraning mimis,
ping selawé gènnja munja.

115.Dipun wales dateng wau pra pradjurit,
abdiné pangéran,
Sartané para kumpeni,
semana gègèr sanggrahan:

116.Wadyabala saradadu katah mati,
kraman kampak ika,
inggih katah ingkang mati,
kampaké dèn sendjata.

117 Namanira mrijemipun Kangdjeng Gusti,
ki Bagong namanja,
kampak kang binedil keni,
kénging wangé sigra pedjah.

118.Ingkang kena asta sempal tigas patjing,
kraman kalih pedjah,
kang kinampak katah mati,
binudjung kraman lumadjar.

119 Apan kena kapalé wau satunggil,
tumbak mung satunggal,
lumaju arebut urip,
keraman datan karuwan.

120.Pelajuné keraman aniba tangi,
tan tolèh pondoknja,
keraman plajuné nggendring,
tan kepanggih panggènannja.

121.Endjing kotjap Pangéran arsa nimbali,
Pangran ris ngandika,
dateng Nir-pringga pradjurit,
sarta pradjurit Toja-mas.

122 Kinèn ngusir mring keraman ingkang ngungsi,
ngalèr ngidul ngétan,
kalawan pradjurit Baki,
kang sami wau lumampah.

123 Angutjali keraman nora kepanggih,
ing Sidaju désa,
tan ana kraman narungi,
wangsul malih dateng Réma.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 266 - 267.

124.Djeng Pangéran anglampahaken pradjurit,
Pangran lon ngandika,
dumateng pradjurit Baki,
lan pradjurit Anir-pringga.

.

125 Lawan Raàn Brangtadiningrat tinuding,
.tijang ing Tojamas,
kang kinon sami anitik,
lawan radèn Arung-Binang.

.

126 Lawan malih sakèhé para Ngabèhi,
lan Tirtanegara,
lumampah sakèh prijaji,
sedalu wus praptèng désa.

.

127 Pra tumenggung dumugi ing Kalikemit,
lan sawadyabala,
wus prapte para ngabèhi,
sapraptanira ing désa.

.

128 Pra Tumenggung midanget jèn wonten baris,
ing Sidaju désa,
baris ageng anglangkungi,
barisé wadya keraman.

.

129 Titindihé ingkang dadi Sénapati,
anama Pangéran,
kalawan para Bupati,
Pangéran Surja-atmadja.

130.Dyan Tumenggung Danukusuma angiring,
Pangran Dikusuma,
lan Tumenggung Kalapaking,
lan Tumenggung Tambakbaja.

.

131.Lan Tumenggung Kertabahi inggih ngiring,
Menggung Mangundrana,
Sudigtyadirdja angiring,
Tumenggung Sudigtyatunggal.

.

132.Sampun tata keraman nggènira baris,
golong pipis samja,
pra pangéran rembug sami,
Tumenggung rembé rata.

.

133.Sampun mirsa pra Pangéran dèn lurugi,
dateng ing walanda,
gja nata bala miranti,
katahé mrijem keraman.

.

134.Kalihlikur katahé gendéranèki,
nembelas gendéra,
abrit petak lawan kuning,
tjatjahé kang wadyabala.

.

135.Gangsal èwu tjatjahé wau pradjurit,
nèng Sidaju kana,
Radèn Arungbinang angling,
dateng wadyabalanira.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 267 - 269.

136.Ija mara matura sira dèn aglis,
marang Djeng Pangéran,
kang ingatag wus anggendring,
tan dangu anulja prapta.

.

137 Sigra matur dumateng ing Kangdjeng Gusti,
Pangran Sumajuda,
gantjangé tjarita nuli,
Djeng Pangran sampun ngandika.

.

138 Kaja paran barisé keraman iki,
duta matur nembah,
kalangkung ageng kang baris,
sigra Pangran aglis dandan.

.

139 Djeng Pangéran lumampah sawadyanèki,
kerig pra walanda,
litnan Haren ingkang nami,
kalawan sradadu kathah.

.

140.Usar nenem sèket lan midji pinilih,
Bèhi Sadiwirja,
mrijemé namung satunggil,
kagungandalem sekawan.

.

141 Sampun prapta sadaja ing lèpèn Kemit,
Sakèh wadyabala,
wentawis sèwu pradjurit,
bandérané amung gangsal.

142.Sapraptané Djeng Pangran sawadyanèki,
anèng pabarisan,
akumpul para Bupati,
Saradadu lan Walanda.

.

143.Sampun tata barisé pan Kangdjeng Gusti,
andèr pabarisan,
sedaja sampun miranti,
wonten lèpèn Kemit nggènnja.

.

144 Djeng-adjengan baris kraman lan welandi,
Pangran Sumajuda,
barisé wus jitnèng wèsti,
kraman nempuh tan mundura.

.

. Durma XIX

1. Pan gumuruh swaraning kang wadyabala,
awor lan kuda muni,
tamburnja brang-brangan,
kendang lawan tarebang,
keraman tan mawi suling,
tengaranira,
wau balakumpeni.

.

2 Selomprèté piniarsa pan kumrawak,
tambur gumuruh asri,
surak lir ampuhan,
anglir ombaking samodra,
wong tjilik/tarung dingin, (kang)
rané bedilan,
Bupati nempuh sami.

MS.Or.Leiden 2163,blz. 269 - 270.

3.Agempuran bedil bum lan kalataka,
surak lir karungjèng langit,
awor kuda munja,
aramé nèng pajudan,
kukus peteng anglimputi,
raméning perang,
lir gabah dèn interi.

.

4. Raméning prang lir kintèki tibèng parang,
andjala wau dadi,
ramé ingkang juda,
tambuh mungsuh lan rowang,
tumbak bedil pan wus mati,
tamèng lan pedang,
kang masih kanggé djurit.

.

5 Wus kasoran barisé ing Sumajudan,
mrijemé sami kénging,
dateng wadya kraman,
Radèn Danukusuma,
kang angsal mrijemirèki,
titindihira,
mrijem baris kumpeni.

.

6 Ingkang nama Ngabèhi Resadiwirja,
ingkang wau nindihi,
mrijem dalem wasijat,
kagungan Djeng Pangéran,
Kusumajuda Djeng Gusti,
kebandang kraman,
Djeng Pangran duk udani.

7.Jèn mrijemé kebandang marang keraman,
Pangran ngandika andjrit,
si Resadiwrija,
kasupit perangira,
maring kraman kalah djurit,
agé mandura,
ngaso ngobong-obongi.

.

8 Djeng Pangéran asru dènira ngandika,
mrijem ingkang satunggil,
mrijemé walanda,
kang anèng wingkingira,
Pangéran ladjeng ndawuhi,
hèh ungelena,
sinumed mrijem muni.

.

9 Punang kraman kang kénging mrijem sadaja,
tijang pitu ngemasi,
dèn Danukusuma,
Patihé kang watgata,
pepakena anerusi,
Setrakendaga,
pan ladjeng angemasi.

.

10 Djeng Pangéran ndawuhi Resadiwirja,
kèn njimpang sangking margi,
nerak pesabinan,
pan sarwi numpak kuda,
tuwan Haren kang nindihi,
mrijem satunggal,
pan sampun dèn wetengi.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 270 - 271.

11.Mrijem sidji wau ingkang dadi gaman,
Rungbinang tan winarni,
mladjeng tan kantenan,
langkung ing gunging mengsah,
wus bubrah tataning baris,
mrijem wetengan,
samana dèn suledi.

•

12 Mapan angsal pélore dateng keraman,
tijang gangsal ngemasi,
lan tumenggungira,
Radèn Danukusuma,
lempengé tanapi wentis,
pupu kang kiwa,
rempu pan kena mimis.

•

13 Bala kraman ladjeng alit manahira,
tindihé nandang kanin,
rinampa kang wadya,
dèn dabjang lir mendjangan,
dèn gawa miré mring baris,
wus tebih mengsah,
binekta ngilèn tebih.

•

14 Tijang tiga kang kénging sareng palastra,
kraman tarungé miris,
bèhi Sadiwirja,
anjerod judanira,
mrijem rinebat wus kénging,
kjahi Tjantuka,
sampun ketjandak malih.

15.Dateng kjahi Ngabèhi Resadiwirja,
kang sarta mbandang malih,
mrijeming keraman,
waos ingkang dèn bahak,
dateng kjai ngabèhi,
Resadiwirja,
tiga tjatjahirèki.

•

16 Sarta mbandang ngabèhi Resadiwirja,
sendjata binèt kalih,
Kjai Sadiwirja,
wus wangsul pambudjungnja,
dateng gènnja Kali Kemit,
sowan djeng Pangran,
kang lenggah pinggir kali.

•

17.Wus kapirsa bandangan dateng pangéran,
Djeng Gusti sukèng galih,
samana ngandika,
dateng Brangtadiningrat,
dinangu solahing djurit,
kalanja perang,
dadya pendjawat kéring.

•

18. Mila ndangu dumateng Brangtadiningrat,
dé mingser gennéirèki,
pendjawat kang kanan,
abdi bubar sadaja,
sakèhé ingkang pradjurit,
wadya kang perang,
kantun kula pribadi.

MS.Or.Leiden 2163, blz.

19.Tangled sangking lèpèn Kemit anèng ngrika,
wantji djam sanga éndjing,
wonten lèpèn djaga,
ngantos djam kalihwelas,
dinten Buda tanggal kaping,
sedasa ika,
Wawu warsanirèki.

•

20 Djeng Pangéran ndjudjug wau lampahira,
ing kuwu Karangturi,
saha wadyanira,
dinten Soma semana,
Djumadilawal kang sasi,
ping gangsalwelas,
nudju wau marengi.

•

21 Kangdjeng Gusti mangkat dateng ing Tojamas,
sipeng wau sawengi,
anèng Séladaka,
éndjing nulja lumampah,
inguni pan sampun prapti,
Tirtakentjana,
mesanggrahan negari.

•

22 Lamanipun Pangéran wonten Tojamas,
mung kalih welas latri,
Buda dintenira,
tanggal kaping sapisan,
ing wulan Djumadilakir,
Kangdjeng Pangéran,
anjaré mung salatri.

20.Wonten dusun awasta ing Purwaredja,
sareng dinten Respati,
éndjing nulja budal,
sadinten lampahira,
prapta ing Binarong dèsi,
ari Djumungah,
mangkat sampun dumugi.

•

21 Ing Segaluh sadina malih gja prapta,
wonten dusun kang nami,
Balékambang ika,
sadinten sampun prapta,
ing Kedu Parakan prapti,
ing dina Soma,
alareb gangsal latri.

•

25.Tan katjrita kèndelé wonten Parakan,
éndjing ladjeng lumaris,
tumpak dintenira,
tanggal kaping nembelas,
sareng éndjing gja lumaris,
njaré nèng Setjang,
wus éndjing mangkat malih.

•

26 Sampun prapte Djeng Pangran nagri Magelang,
sawadyanira sami,
lereb nèng Magelang,
gangsal dalu laminja,
tan kawarna solahnèki,
wonten Magelang,
éndjing agja lumaris.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 273 - 274.

27.Sangking Maglang naré wonten Kopèng desa,
bjar éndjang gja lumaris,
Bajalali prapta,
sareng éndjang umangkat,
sing Bajalali dumugi,
ing Surakarta,
dinten Soma marengi.

.

28 Apan nudju tanggalé kaping sawelas,
wulan Djumadilakir,
Wawu warsanira,
angkané ingkang warsa,
taksih tumut kang rumijin,
ladjeng Pangéran,
alareb nèng negari.

.

29 Lerebira anèng nagri Surakarta,
angsal tigang dasa ri,
wonten dalemira,
Djeng Pangran Sumajuda,
Surakarta kang negari,
sawadyabala,
ngajemken ingkang abdi.

.

30 Djeng Pangéran Senèn Kemis asèwaka,
dateng Sri Narapati,
Sinuwun Taruna,
teteb sabalanira,
wonten Surakarta nagri,
angsal nem wulan,
genti kotjaping tulis.

31.Kang kotjapa kang wonten Sanggrahan desa,
kang nama dsusun Djati,
kraman namanira,
pan ageng barisira,
sadaja bala merapit,
sadina-dina,
rakit nggènira baris.

.

32Tjatjahira tumenggung baris keraman,
tjatur samja titindih,
nenggih namanira,
Tumenggung Mangunresa,
lawan Djajamustapèki,
Dandangwetjana,
lawan Wirapatrèki.

.

33 Gangsalipun Pangéran Surjametaram,
kang dados sénapati,
kraman Djati désa,
wus tata balanira,
gegemanira merapit,
dènira ngadjar,
lir putjung tibèng siti.

. Putjung XXI

1 Enengena kang baris sedajanipun,
wonten Djati désa,
kotjapa wau Sang Adji,
Sri Narèndra Prabu Anom Surakarta.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 274 - 276.

2. Sri Taruna angrasuk busana mantjur,
tjlana tjindé sekar,
kampuh tulis angin-angin,
ukubira pta djenar langkung éndah.

.

3. Apan ngagem kanigara kulukipun,
sarungan tjendana,
ki Sangkelat kang winangking,
deder uwer suwasa pinatik sotya.

.

4 Kandelannja klabet abrit pan sumunu,
tan ngagem rasukan,
ngagem singsim inten bumi,
upatjara banjak dalang anèng ngarsa.

.

5 Ketjohan mas kang ngampil tjèti sedarum,
wus mijos Sang Nata,
ingajab kang para tjèti,
pramèswara tjelak lawan Sri Naréndra.

.

6 Wus pinarak Sang Nata ing damparipun,
alèmèk sangkelat,
kuning rangkep sapta nenggih,
pan ing djero ingisèn sari sadaja.

.

7 Pan sinéba Sang Nata nèng Sitiluhur,
pepakan pawokan,
Semut gatel njutra midji,
Mantri-lebet lan pradjurit kawandasa.

8. Pan adjedjel wau sakèh pra Tumenggung,
lan para Pangéran,
asèba anèng Sitinggil,
anèng ngajun pasuwané pra sentana.

.

9 Mjang pra Mantri kalawan para Tumenggung,
nèng wuri Pangéran,
dyan Dipati andjadjari,
pan kapéring kiwané Kangdjeng Pangéran,

.

10 Asupenuh pasèban ing Sitiluhur,
pepak Petjat-tanda,
Mantri-mantri andjadjari,
Mantri kalang gedong gandèk sami séba.

.

11.Pan anudju mbeneri pasowan agung,
Soma dinanira,
Sang Nata mijos Sitinggil,
sowan Kemis ing Pantjaniti nggènira.

.

12 Séban Senèn enggenipun Sitiluhur,
Nata ngagem ganda,
rasamala lan kasturi,
Kopok liman ratus Senggung kang kepala.

.

13 Jèn ketradjang samirana sangking kidul,
ngalèr gandanira,
arum terus maring lodji,
lamun ana samirana sangking wétan.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 275 - 277.

14.Ganda arum Tjojudan pangilènipun,
bakul ting deringak,
mabet ganda nerus wangi,
gandanira Sang Nata ing Surakarta.

.

15 Lamun angin sangking lèr nerus kedatun,
amrik gandanira,
wong djro pura mambet wangi,
pra bijada kang tan ndèrèk leng-leng brangta.

.

16.Samirana sangking kilèn ngétan mamprung,
ganda nrusing Sangkrah,
gandanipun Sri Bupati,
pan wong Sangkrah sadaja atebah djadja.

17 Wus adangu sinéba wau Sang Prabu,
munggèng Sitibentar,
mèh ndungkab satengah hari,
Sri Naréndra aris dènira ngandika.

.

18 Lon ngandika dumateng Pepatihipun,
sarta mring Pangéran,
kadawuhan prentah malih,
kinèn mintar Pangéran marang ing dèsa.

.

19 Ing Bagelèn aniliki kraman agung,
napa sampun rata,
keraman ing désa sami,
sarupané Bagelèn kinon amirsa.

20.Enengena wau kang sami kautus,
kotjapa Sang Nata,
wus kundur malebèng puri,
angedatyan ingajab para bijada.

.

21 Ladjeng kèndel Sang Nata ing djawi pintu,
lawang Danatapa,
ametuk kang para putri,
praptèng latar bedaja sami abeksa.

..

22.Dènnja ngigel angrangin metuk Sang Prabu,
dateng Sri Naréndra,
angampil ontja nèng wingking,
wus ingajab Sang Nata malebèng pura.

.

23 Ladjeng andjog Sang Nata ing djinem arum,
sanggar pamelengan,
Sang Nata anulja guling,
para garwa sadaja ndèrèk anéndra.

.

24 Sampun saré sang putri lawan Sang Prabu,
nèng sanggar pamlengan,
grendi bantal lawan guling,
sampun aprang Baladéwa lan raseksa.

.

25.Sampun kawon Baladéwa judanipun,
mundur mutah erah,
rah petak ingkang umidjil,
pilih tanding tarungé buta wanodya.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 277 - 278.

26.Mangah-mangah reksasa jèn kurang mungsuh,
jèn tan antuk lawan,
buta sukun muring-muring,
mangah-mangah kaja kepuh sampun tuwa.

.

27 Ingkang matja badènen tjangkriman iku,
buta kirang mangsah,
judané tan oleh tanding,
jèn kasatan pangombéné tirta petak.

28 Pan amilih pantjuran kang kentjeng kukuh,
pantjuran tan arsa,
datan arep nginum warih,
langkung apik buta sukun pakanira.

.

29 Jata wau gentija ingkang winuwus,
kang sangking paséban,
Pangran para Bupati,
samja bubar sedaja wus anèng djaba.

.

30 Praptèng djawi wonten ngalèr wonten ngidul,
kang ngulon lampahnja,
andulur ingkang ndjadjari,
rawuh ndalem Dèn Dipati pra Pangéran.

.

31 Pan djinudjug/ing/wau tjaritanipun,
Pangéran Sumajuda,
wus rakit ponang pra jurit,
djeng Pangéran karsa nindaki pijambak.

32.Sampun bubar Pangéran sawadyanipun,
tindak dateng désa,
mring Bagelèn nata bumi,
sampun prapta tilas nagri Kartasura.

.

33 Apan njaré Pangéran amung sadalu,
sareng éndjang mangkat,
asumreg lampahing baris,
tan antara prapta dusun Salatiga.

.

34 Sareng éndjang Pangéran sigra lumaku,
sangking Salatiga,
wong anonton urut margi,
sigra rawuh nama dusun Pasanggrahan.

.

35 Sareng éndjang Pangéran budal andarung,
sangking pasanggrahan,
dumugi dusun kang nami,
ing Meddana wau ta Kangdjeng Panéran.

.

36 Apan njaré anenggih namung sadalu,
éndjang gja budalan,
arempeg lampahing baris,
tan kawarna sampun prapte ing Magelang.

.

37 Wusnja éndjang Pangéran ladjeng lumaku,
saha wadyanira,
sareng sijang wantji lingsir,
prapta dusun Manorèh namaning désa.

MS. OR. Leiden 2163, blz. 278 - 280.

38.Ladjeng lereb Pangéran sawadyanipun,
namung tigang dina,
wusnja ndungkap tigang latri,
Djeng Pangéran pareng nudju ari Buda,

.

39 Tanggalipun semana lagi ping telu,
wulan Dulkangidah,
lumampah sawadyanèki,
Djeng Pangéran wus prapta ing dusun Krasak.

.

40 Kangdjeng Gusti nèng Krasak sawadyanipun,
ngasokken kang wadya,
laminira tigang latri,
wus antara lerebira tigang dina.

.

41 Sareng éndjing dinten ngGara angkatipun,
lan sabalanira,
pan wau sami lumaris,
prapta Djati nudju tanggal ping sekawan.

.

42 Sapraptané Djeng Pangéran wonten dusun,
anata barisnja,
wus rakit sakèh pradjurit,
duk samana ana baris kraman katah.

.

43 Ki Ngabèhi Resadiwirja puniku,
bèhi Wangsatjitra,
anusul pan sareng prapti,
mila nusul mireng jèn wonten kraman.

44.Dusun Djati baris kraman enggènipun,
samja djeng-adjengan,
milané bala nusuli,
tjatjahipun sendjatané pitung dasa.

.

45 Mrijemipun satunggal ingkang tinuntun,
kanti sradadunja,
mung rolas patjalangnèki,
anèng ngarsa pradjurité kang walanda.

.

46 Genti kotjap tumenggungé kraman iku,
pan Tumenggung papat,
gangsalipun Sénapati,
djeng Pangéran kang nama Surja-atmadja.

.

47 Sampun tata baris kraman langkung penuh,
baris Djawa tata,
kumpeniné wonten ngardi,
saradadu kalih welas wonten ngarsa.

.

48 Pan arata lampahé kang wadya agung,
wahos lan sendjata,
wus lepas lampahé sami,
kraman ndulu lampahé wadya walanda.

.

49 Sampun tjelak lampahé pra saradadu,
pirsa baris kraman,
lélané kraman mung katri,
pan pipitu gendérané ponang kraman.

MS.Or.Leiden 2163 blz. 280 - 281.

50.Balanira keraman wetawisipun,
katahé kaetang,
gangsal atus katahnèki,
sareng tjelak wau nggènira katingal.
.
51 Lampahira baris Surakarta bandjur,
mrpeki keraman,
baris kraman angunduri,
samja ladju Saradadu lan walanda.
.
52 Ki Ngebèhi Resadiwirja sru muwus,
baris kinon mara,
Ngabèhi anabda malih,
majo madju adja sira kalimputan.
.
53 Baris kraman dangu-dangu saja madju,
pirsa baris landa,
tan nemen adjunirèki,
pan dèn njana saradadu mring keraman.
.
54 Panjanané keraman mring saradadu,
dèn njana mandega,
Walanda bandjur awedi,
adepira, katingal datan mungkura.
.
. Pangkur. XXII
1 Wus sami ajun-ajunan,
bala kraman lawan wadya kumpeni,
saradadu samja madju,
kraman saja gé mara,
sampun uwor perangé samja anempuh,
tan ana ingkang kasoran,
aramé tumbak lan bedil.

2.Aramé nggènira juda,
pan gumuruh swarané wadya alit,
saradadu katah lampus,
kraman katah kang pedjah,
tan adangu keraman nuli lumaju,
wus bubar saparan-paran,
ambudjung bala kumpeni.
.
3. Binereg baris keraman,
saparané kraman dipun bedili,
berandal arebut dutjung,
prapta dusun ing Suta,
dinten Ngahat mangkat sangking Suta wau,
maring dusun Kalibata,
wonten kraman ngadang margi.
4 Namané kang ngadang marga,
ki Tumenggung Wirapatra namèki,
lan Mandarkusuma iku,
lawan Dandangwetjana,
mrijemipun satunggal ingkang tinuntun.
bandéranira titiga,
katahé kang wadya alit.
.
5 Kang sami anunggang djaran,
winitawis kalihdasa winilis,
ingkang darat katahipun,
kalihatus watara,
bedil satus tumbakipun ingkang satus,
barisnja anjupit marga,
kumpeni angati-ati.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 282- 283.

6.Ngabèhi Resadiwirja,
lawan Kjahi Ngabèhi Wangsatjitreki,
dados petjalang nèng ngajun,
ambekta kang sendjata,
pitung dasa kat̲ahé senapanipun,
waosipun mung wolulas,
ambekta mrijem satunggil.

.

7.Wus sami arep-arepan,
bala kraman lawan wadya kumpeni,
arata ing barisipun,
jèn tinon langkung rampak,
tumbak ngadeg dinulu kadya parumpung,
rontèk wastra lir kumbala,
wus nempuh pradjurit sami.

.

8 Sarad̲ad̲u kalihwelas,
kopralipun sarad̲ad̲u satunggil,
kraman madju manah kuwur,
wus samja jun-ajunan,
wong kumpeni tandangipun langkung nggregut,
aramé nggénira perang,
pan sami puruné kalih.

.

9 Agenti tumbak tinumbak,
bed̲il muni sjarané nggigirisi,
lir pèndah prabata gugur,
kat̲ah wadya kabranan,
pan gumuruh sjarané lir samodra rug,
seksana kraman lumadjar,
welandi ambudjung wani.

. 10.Kraman sami ngungsi gesang,
tan karuwan sami mandjing wanadri,
lumaju anusup-nusup,
wus prapta Kran̲d̲on désa,
nulja kèndel sakat̲ahé kang ambudjung,
Ngabèhi Resadiwirja,
lan Wangsatjitra Ngabèhi.

.

11 Saksana wangsul sadaja,
sakat̲ahé walanda prijaji Djawi,
andulur ing lampahipun,
mangalèr sadajanja,
ing Bon kliwon ana kraman barisnja gung,
Pangéran Surjamentaram,
Tumenggung sekawan idji.

.

12 Ki Tumenggung Mangunresa,
pan kalawan Tumenggung Tjakradirdjèki,
lan Wiraredja tumenggung,
Tumenggung Wirasetja,
sami tugur anèng Bon kaliwon hiku,
Pangéran Surjamentaram,
ingkang dadya Sénapati.

.

13 Kotjapa baris walanda,
pan sakèhé wau kang para mantri,
seksana samja anurut,
wus prapta anggènira,
pra kumpeni wus mandjing Bon kliwon d̲usun,
anulja sami sijaga.
atata-tata kang baris.

14. Tan dangu gja tjampuh juda,
bala landa angedrèl wanti-wanti,
keraman asor lumaju,
bèhi Resadiwirja,
kang ambudjung kelawan sawadyanipun,
kraman bubar salang tundjang,
kraman katah tan ngudili.

.

15 Tur katah bala kraman,
bandéranja gangsal mrijem kekalih,
tan kijat meksa lumaju,
bubar saparan-paran,
ki ngabèhi Resadiwirja ambudjung,
kalawan ki Wangsatjitra,
mring kraman angetut wingking.

.

16 Wadya kraman djedjaranan,
katahira tri dasa nèng wadjik,
kang darat pan kawan atus,
déné meksa kasoran,
apan djago pedotan ing waunipun,
Tubanja ènggal lumadjar,
wus kandji ingnguni-uni.

.

17 Ngabèhi Resadiwirja,
pan ingusir kraman binudjung wani,
dumugi dusun ing Beru,
Ngabèhi Sadiwirja,
lan Ngabèhi Wangsatjitra puniku,
lawan saradadu rolas,
kalawan bala lit-alit.

.

18 Wus kèndel pambudjungira,
sampun dangu seksana wangsul malih,
dateng ing panggenanipun,
wadyanipun sadaja,
sami wangsul dateng Bon kliwon.warung,
umareg dateng pangéran,
Resadiwirja ngabèhi.

.

19 Djeng Pangèran lon ngandika,
dateng wau Resadiwirja bèhi,
lah mara majo mangidul,
rereb ing Salatijang,
Mas Ngabèhi Resadiwirja umatur,
sumangga Kangdjeng Bendara,
gya budal sawadyanèki.

.

20 Tanapi bala walanda,
angrodjongi karsané Kangdjeng Gusti,
Walanda Djawa wus kebut,
andjog ing Salatijang,
pan anjaré pangéran namung sedalu,
wonten dusun Salatijang,
sareng dalu animbali.

.

21 Tilas Mantri sampun tuwa,
datan dangu Mantri Tanggung wus prapti,
ingkang sarta mbekta suguh,
tunduk ngarsèng Pangéran,
namanira kang njahosi suguh iku,
nama kjai Wangsadrana,
lawan Tirtajuda Mantri.

.

22 Uwos kalih welas rembat,
lawan gudèl katahira kekalih,
tijang ingkang badé mikul,
gunggungnja kalih belah,
mikul barang badé mring Balédanèku,
semana wus samja dahar,
sedalu angati-ati.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 285 - 287.

23.Sampun endjang gya lumampah,
Djeng Pangéran sawadyanira ngiring,
munggah ngarsa Sangsam ndulur,
wadyanira sumahab,
datan dangu wus prapta panggènanipun,
semana Kangdjeng Pangéran,
mesanggrahan wus miranti.

.

24.Wonten tanah ing Brèngkèlan,
angenggèni wismané Mantri lami,
namaning Mantri puniku,
Ngabèhi Surajuda,
Djeng Pangéran Kusumajuda puniku,
pan sampun amesanggrahan,
.Brèngkèlan lèr pasar kedil.

.

25 Semana Kangdjeng Pangéran,
kang kotjapa Resadiwirja Mantri,
rembugan lan éjangipun,
Kjahi Wangsadirana,
satunggilé nama Tirtajuda iku,
karsané Resadiwirja,
ndaweg mbah nglampahken sandi.

.

26 Daweg kjahi lawan demang,
lumampaha ngétju gawa-a mantri,
ngètju kang nama Tumenggung,
anèng Melaran désa,
Wirapatra punika djudjulukipun,
kang kinèn kebat umangkat,
wus sijagèng ing ngadjurit.

27.Kang ngètju tekèng Melaran,
pan aramé nggènira tarung bengi,
kang kinètju bubar mawur,
mrijem kénging satunggal,
bedil binèt kang kénging pan namung pitu,
waos kena kalih welas,
tamburé kèngin satunggil,

.

28 Penamburé inggih pedjah,
wonten malih pedjah lurah pradjurit,
kénging kapalé pipitu,
lurah tiga kang pedjah,
ingkang gesang ketjandak kalih puniku,
pan sampun sami binanda,
wus bubar ngampak gya mulih.

.

29 Semana pan sampun prapta,
ing Brèngkèlan gya panggih lan Ngabèhi,
Resadiwirja puniku,
matur dateng kang wajah,
inggih kula angsal sirah kalih putu,
kang katjandak kraman gesang,
mung tiga tjatjahirèki.

.

30 Aturé ki Wangsadrana,
pan kawula angsal mrijem satunggil,
pan angsal sendjata pitu,
nggih wahosé kalih welas,
barangipun berandal katah katjakup,
sigra katur Djeng Pangéran,
Kusumajuda Djeng Gusti.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 287 - 288

31.Djeng Pangran alon ngandika,
dateng wau Resadiwirja bèhi,
ija sukur bagé sèwu,
sira oléh rajahan,
jata apa kang adadi ing karepmu,
lah mangsa bodowa sira,
kang dadi patutirèki.

.

32 Ngabèhi Resadiwirja,
sareng madjeng dinten Sukra marengi,
karsa prentah kantjanipun,
ndawuhi Tirtajuda,
lawan kjai Wangsadrana kantjanipun,
Ngabèhi Resadiwirja,
rembag kinon ngètju malih.

.

33 Lah ta embah Wangsadrana,
lawan malih ki Tirtajuda Mantri,
kinèn ngètju dateng Beru,
lan mantri Toja-gesang,
kinèn mbekra wadyabala kawan-atus,
kijahi Tirtadiwirja,
sami munggah dateng ardi.

.

34 Wus rak it kang pradjuritan
ingkang sedya minggah dateng ardi,
angètju dumateng Beru,
ingkang badékinampak
djeng Pangéran Arja Mentaram nèng gunung,
kalawan Dandangwetjana,
Wirapatra réwangnèki.

35.Wus dalu anulja prapta,
wonten ardi Beru sampun awengi,
pan ladjeng dèn edrèl purun,
Pangran Surjamentaram,
wadyanira sedaja pan bubar mawur,
mawut-mawut tan kantenan,
sedalu pating kulitih.

.

36 Wus sami wau lumampah,
ingkang ngampak sedaja sami mulih,
tumurun sangking ing gunung,
kjahi Wangsadirana,
lan Ngabèhi Tirtajuda kantjanipun,
kalawan Tirtadiwirja,
tumurun sangking ing ardi.

.

37 Pan angsal kapal satunggal,
èstri sampun katur dateng Ngabèhi,
Resadiwirja puniku,
x) Ki Ngabèhi apa ta sungkawèng kalbu,
tan ana kang angsal karja,
amung angsal kapal èstri.

.

38 Ngabèhi Resadiwirja,
ngartikèng tyas datan pratjajèng galih,
pasti katah angsalipun,
nanging ungumpet pada,
datan wetja lèh-olèhé marang ingsun,
mangkana Kangdjeng Pangéran,
galihé pada lan mami.

.

X) kurang satu baris.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 288 - 290.

39.Sangking wediné maring wang,
dadi pada ngaturken kapal èstri,
dèn gawa sangking ing Beru,
ngampak Djeng Pangéran,
ingkang nama Surjamentaram iku,
jèn namung djaran satunggal,
Surjamentaram pan sugih.

.

40.Nengna kang sangking ngampak,
kang kotjapa kang nama Rangga nenggih,
kang wonten dusun Semawung,
wus pikir djroning nala,
aparéntah dateng wau wadyanipun,
ki Rangga Mertaprawira,
ateluk wedyaning galih.

.

41Mring Pangéran Sumajuda,
genti kotjap gantjang tjaritanèki,
ki Rangga dusun Semawung,
nama Martaprawira,
sampun prapta ngarsané Kangdjeng Gustiku,
anèng tanah Balédana,
sabaturé kabèh ngiring.

.

42 Asaos Kangdjeng Pangéran,
aturipun Rangga Semawung adjrih,
kawula pan sampun teluk,
dumateng Kangdjeng Pangéran,
sawadyané sedaja pan sami teluk,
amanut ing djeng paduka,
wus ngapura Kangdjeng Gusti,

43.Kalawan Pranadirirja,
ing Putjangkreb barengnja telukèki,
wus katur sedajanipun,
dateng Kangdjeng Pangéran,
demang sidji lan Rangga barengnja teluk,
mring Djeng Gusti Sumajuda,
Pangéran ngapurèng katri.

.

44 Lawan Rangga Singaputra,
samja teluk balané wong Banju-urip,
ngapura sedajanipun,
dumateng Djeng Pangéran,
sedjané kang sami wau ateluk,
mring Pangéran Sumajuda,
wus angsal ngapura sami.

.

45 Nudju Tumpak dintenira,
ki Ngabèhi Resadiwirja pikir,
nglampahaken Mantri iku,
kang nama Wangsatjitra,
lawan malih Wangsadrana Mantri Tanggung,
lawan kjai Sutaredja,
kalawan kjai Ngabèhi.

.

46 Lan Kjahi Tjakrasudira,
lawan malih kjai Saradipèki,
kalawan Rangga Semawung,
wus kaparingan gaman,
bekta mrijem kekalih ingkang tinuntun,
binèt satus kalih dasa,
bandéranira kekalih.

MS.Or.Leiden 2163. blz. 290 - 292.

47.Kawan atus wahosira,
kang pra Mantri sadaja kang lumaris,
wus prapta prenahing dusun,
Tjengkawan bebarisan,
para Mantri sedaja pan sami rembug,
anenggih arsa umangkat,
anggetjek kang samja baris.

.

48 Kraman Mangkudiningatan,
ingkang arsa kinampak sakèh pra mantri,
seksana anulja rawuh,
kang sami nedya ngampak,
prapta nggoné pabarisan lingsir dalu,
sigra nempuh ingkang ngampak,
para kraman bubar sami.

.

49 Baris Mangkudiningratan,
samja bubar tambuh nggènira ngungsi,
tan winarna solahipun,
kampak mundur sadaja,
para mantri kabèh apan sami mundur,
dateng pernah pondokira,
Tjengkawak mjang ngati-ati.

.

50 Genti wau kang kotjapa,
barisané kjai Wangsatjitreki,
sring kraman pan dipun kètju,
wonten dusun Tjengkawak,
bubar-bubar wadya-bala tatanipun,
baris Mangkudiningratan,
lan Pangran Surjamentawis.

51.Kang males samja angampak,
Bubar gusis baris Wangsatjirtèki,
ana sawidji puniku,
nama Suramenggala,
mireng pélor ting saruweng numbuk-numbuk,
niba tangi djengkelitan,
punika kéntol Banjurip.

.

52 Lumadjar lir kapal bandang,
pangrasané dipun kikintil baris,
prapta Sawijaja dusun,
dèn njana Tojagesang,
teksih mireng surak gya lumaju mamprung,
Tojagesang kaliwatan,
dugi Golok wus bjar éndjing.

.

53 Sinigeg Suramenggala,
kang winarna kagyat kalaning wengi,
sareng éndjing samya nusul,
ngabèhi Wangsatjitra,
pan tinilar kalané ing wau dalu,
nèng barisan ing Tjengkawak,
tyasnja kalangkung kumitir.

.

54 Ki Ngabèhi Wangsatjitra,
langkung watos ing dalu djroning ati,
tinilar ing wadyanipun,
langkung maras kang drija,
menèk kampak ing mangke anuli wangsul,
amangsuli lurahira,
ki Wangsatjrita ngabèhi.

55.Langkung adjrih djroning nala,
bjar rahina lega rasaning galih,
kang bala pan sami wangsul,
dumateng ing Tjengkawak,
pan sedaja kang wadya sami lumintu,
dumateng panggènanira,
wong anom samja abaris.

.

. Sinom. XXIII

1 Ganti ingkang kawarna-a,
kumpeni kang lagja prapti,
sangking tanah Wanasaba,
kurnèl Klères namanèki,
lawan Batang Dipati,
lan Dipati Kendal iku,
Kapitan Magilis nama,
ingkang wau sampi prapti,
désa Tumpak tanggalipun ping wolulas.

.

2 Wulanipun Dulkangidah,
datengé para kumpeni,
ladjeng wau mring Krestalan,
ing désa Pangèn namèki,
Kapitan Amagilis,
ladjeng késah mangkat ngidul,
murugi ing barisan,
lampahé pan ragi wengi,
ang inggahi barisé Mangkudiningrat.

.

3 Wus prapta wau nggènira,
Walanda ingkang nging ahi,
dateng wau pabarisan,
ing Kaliputat miranti,
kumpeni nulja prapti,
apan ladjeng samja tjampuh,
kumpeni lawan kraman,
aramé bedil binedil,
dang-dangu kraman wau pan kasoran.

.

4 Abubar saparan-paran,
keraman arebut urip,
sami andjog Durèn-amba,
kang ketjandak mring kumpeni.
bandérané satunggil,
kapalipun mung pipitu,
sendjatanira titiga,
kang kénging dateng kumpeni,
kang kotjapa ki ngabèhi Wangsatjitra.

.

5.Angrakit kang wadyabala,
arsa munggah dateng ardi,
mring redi désa semana,
sakidulé Somangari,
wus rakit kang pradjurit,
atata munggah ing gunung,
Ngabèhi Wangsatjitra,
sedaja bala angiring,
wus lumampah samja minggah dateng arga.

.

6. Sapraptané ing Semona,
andjudjuk nggoné kang baris,
baris Mangkudiningratan,
lan Pangran Surjamentawis,
wadyané ki Ngabèhi,
Wangsatjitra kang kepangguh,
katah kang angsal barang,
barangé keraman ngungsi,
kagunganè Pangéran Mangkudiningrat.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 293 - 295.

7.Angsal pedang mung satunggal,
kerangé emas prajogi,
angsal semprong mung sadjuga,
kelawan kerdu satunggil,
katah isinirèki,
barang-barang wonten gerdu,
isi kampuh prang-rusak,
sakebar tj atjahirèki,
badjo petak kekalih lawan serbannja.

.

8 Kelawan tjontong selaka,
punika mung satunggil,
sengkang ronjok sakembaran,
lan sindjang datan kawilis,
isining gerdu asri,
pan akatah warnanipun,
ringkesan warna-warna,
jèn dèn étang adjinèki,
kados wonten sèwu réjal rebat kirang.

.

9 Kantjing gulu kalih welas,
lan angsal rupijah putih,
katahé mung sawidak,
turangga kalihwelas idji,
kabèh bandangan sami,
kabekta sedajanipun,
kundjuk dateng Pangéran,
wus tinampan sadajèki,
enengena kang sami angsal bandangan.

.

10 Kotjapa wau Walanda,
ingkang nama kurnèl Edil,
dateng sangking ing Tojamas,
andjog Karangbolong nenggih,
ladjeng apatjak baris,
wonten
Wadja enggènipun,
dumugi Ngombol désa,
wonten kraman patjak baris,
katahipun Tumenggung amung titiga.

.

11 Namané Mertanegara,
lan Mertadirja kang nami,
lawan Banjakwidé nama,
ingkang sami wau baris,
mrijem tiga winilis,
bandéranipun pipitu,
pradjurit kang kapalan,
sèket malah rebut luwih,
gangsal atus pradjurit darat lan kompra.

.

12 Wus samja adjeng-adjengan,
keraman lawan kumpeni,
baris kraman nora tata,
wus tatané tijang djawi,
pirsa baris kumpeni,
manahira madju mundur,
rempeg baris walanda,
arata rakiting baris,
sampun tjelak ladjeng tarung agempuran.

.

13 Klèrès lawan Dil walanda,
sedaja bala kumpeni,
dangu-dangu ladjeng mara,
Ku rnèl Klèrès lan Dipati,
Dipajuda kang nami,
dusun Ngajah wijosipun,
wus dangu nggènnja juda,
aramé asilih ungkih,
para kraman j udané sigra kasoran.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 295 - 297.

14. Keraman bubar sadaja,
pan samja ambjur ing kali,
lèpèn Dmbal kidul désa,
kang pedjah katahirèki,
satus kalih dasèki,
kang pedjah ambjur ing banju,
anèng lèpèn bengawan,
sagegamaning pradjurit,
tumbak bedil binektèng malebèng toja.

.

15 Wonten saklèring bengawan,
kantjané kjai Ngabèhi,
kang nama Resa iwirja,
ingkang sami anarungi,
kraman kang nggebjur kali,
bèhi menang djuritipun,
angsal mbandang sendjata,
kalihwelas tjatjahnèki,
angsal mrijem bandangan namung satunggal.

.

16 Angsal kuda namung tiga,
pan ladjeng sami abaris,
anèng dèsa ing Bubutan,
sadaja sakantjnèki,
wonten Bubutan sami,
akumpul sabalanipun,
tata kang pra Walanda,
wau nggènira abaris,
gangsal latri abaris wonten Bubutan.

.

17 Kotjapa ingkang bandangan,
wus katur sadaja sami,
dumateng Kangdjeng Pangéran,
kotjapa wau kumpeni,
ingkang sami abaris,
anèng Wadja enggènipun,
atata barisira,
Kurnèl Dil ingkang nindihi,
anèng Wadja katahé ingkang Walanda.

.

18 Kalawan Bupati tiga,
lawan malih Adipati,
rahadèn Brangtadiningrat,
kang tumut sami abaris,
anèng Wadja miranti,
lawan saradadunipun,
sumahab anèng Wadja,
kalawan Dipati kalih,
Kadilangu kang baris Klèrès Litnannja.

19 Lan tumenggung Dipajuda,
kelawan Ngabèhi sidji,
kalawan tijang mBakungan,
Djajaprakosa kang nami,
lan Kapitan Magilig,
kalawan Kendal tumenggung,
lawan Kertadirirja,
utawi Demang Banjurip,
ingkang anèng Kadilangu sami djaga.

.

20 Kang baris wonten Tjengkawak,
ki Wangsatjrita ngabèhi,
lawan kjahi Wangsadrana,
lan kjahi Sutaredjèki,
lan Demang ing Banjurip,
ki Tjakrasudira iku,
lan Demang Saradipa,
barisé dados sanunggil,
nèng Tjengkawak sedaja sami sedija.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 297 - 299.

21.Nengna kang wonten Tjengkawak,
kotjapa wau kumpeni,
mesanggrahan wonten désa,
Pangéran samja miranti,
lawan wau Dipati,
ing Batang pan réwangipun,
Pangéran Kusumajuda,
kalawan para pradjurit,
teksih tetap anèng tanah Balédana.

.

22 Ngebèhi Resadiwirja,
Salatijang nggènnja baris,
kelawan Gagak-andaka,
gamané mrijem kekalih,
sendjata binèt Inggris,
katahé lamung dèn étung,
watawis pitung dasa,
tan dangu wonten kumpeni,
kang anusul bekta bala pitung dasa.

.

23 Praptané dina Djumungah,
tanggalipun kaping kalih,
mudj u wulan Dulkangidah,
ambekta mrijem kekalih,
genti kotjapa malih,
kang wonten Tjengkawak tugur,
kotjap angsal bojongan,
pan kesasar nama selir,
orang baik Mangkudiningrat njang punja.

.

24 Kelawan embané pisan,
tijang djalu mung satunggil,
seliré apan titiga,
ngebèhi ngutjap kumpeni,
Wangsatjitra ngebèhi,
ngandika tjara Lumaju,
djangan tak ut ni saja,
dengan Semarang kumpeni,
saja ambik orang tiga satu sadja.

.

25 Emban seliré punika,
Tjakradipura Bupati,
kotjap kjahi Wangsatjitra,
anglampahaken pradjurit,
dateng Suwélagiri,
anginggahipun nang gunung,
ambekta gamanira,
ingkang wau wonten ngardi,
pan Tumenggung Rahadèn Danukusuma.

.

26 Pradjurit munggah wus prapta,
kotjapa kang wonten wukir,
tuwan Sèh réwangé ika,
bekta susuh pitung datjin,
mrijemé mung satunggil,
kawan kaki paosipun,
agengé mrijemira,
kalih kaki bongkotnèki,
ingkang putjuk agengé amung sakilan.

.

27 Lèngè apan sedeng madja,
mrijemé parunggu sari,
sareng wau kainggahan,
kalawan para pradjurit,
kotjapa kang nèng wukir,
samja bubar mawut-mawut.
barang kantun sedaja,
pan sami dipun tilari,
pinendetan sakèhé ingkang dandanan.

28.Praptèng ngarsané Djeng Pangran,
Resadiwirja Ngabèhi,
jata sigra awot sekar,
Pangran lenggah anèng kursi,
tan dangu nulja linggih,
tan antara sigra ndangu,
kotjapa kang tinilar,
Gagak-andaka kang kèri,
patuguran dusun tanah Salatijang.
.
29 Ngebèhi Kramaleksana,
wismané dusun Balimbing,
kang sowan Kangdjeng Pangéran,
anengna kang séba malih,
kotjap tumenggung sidji,
Sawunggaling namanipun,
angrèh siti lan tijang,
bawah sakuloning Djali,
Arungbinang kang njepeng hing bawah wétan.
.
30 Tumenggung Tirtanegara,
Bupati sangking negari,
angrèh bawah Djanegaran,
amarengi dinten Kemis,
Pangran Arja udani,
baris kumpeni kang kidul,
kang baris anèng Wadja,
kang nindihi kumpeni Dil,
sampun prapta Pangéran samja panggihan.
.
31 Gentya kotjap kang Walanda,
nama Tuwan Kurnèl Edil,
gangsal wau wong telukan,
sangking dusun ing Saruni,
Pangran Balitar nenggih,
ateluk sawadyanipun,
wus sami anèng Wadja,
Pangran sawadyanirèki,
lawan malih ki Tumenggung Kendruwan.
.
32 Ing Roma tumenggung kraman,
rahadèn Sumaredjèki,
kalawan ki Pandelegan,
ateluk sawadyanèki,
wus teluk kraman sami,
Pangéran pan karsa mundur,
dateng ing Balédana,
sawadyanira angiring,
tan adangu Pangéran nulja gé prapta.
.
33 Djeng Pangran nèng Balédana,
ladjeng wonten teluk malih,
Mas Tumenggung Mangunresa,
kelajan tijang satunggil,
wasta Ranaredjèki,
Bapangan namaning dusun,
kang nama Ranaredja,
sumedya nungkul sajekti,
samja sujud dumateng Kangdjeng Pangéran.
.
34 Djeng Pangran Kusumajuda,
nengena datan kawarni,
kotjap Sultan Hèrutjakra,
kang sami wau angalih,
sangking sanggrahanèki,
sadaja sawadyanipun,
angalih pesanggrahan,
wonten désa Kilèn Pragi,
sawadyané pepak anèng dusun Deksa.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 300 - 302.

35.Agung ingkang wadyabala,
Kangdjeng Sultan Ngabdulkamid,
anèng dusun ing Kadeksan,
sujud kang para pradjurit,
sadina-dina baris,
tijang dusun samja teluk,
dumateng Kangdjeng Sultan,
sedaja dados pradjurit,
pan akatah wadyanira Kangdjeng Sultan.

.

36 Djeng Sultan lagja sinéba,
sakèhé para pradjurit,
samja wonten dusun Deksa,
djeng Sultan lampahé njantri,
ingkang dipun lampahi,
inggih salat gangsal wektu,
adikir pupudjian,
jèn rina kalawan wengi,
Kangdjeng Sultan sadina-dina sinéba.

.

37 Nengena Sinuwun Sultan,
kang kotjap para kumpeni,
ingkang tugur wonten Jogdja,
sedyèng tyas arsa nglurugi,
mring Sultan Ngabdulkamid,
kang anèng ing Deksa dusun,
Djeng Sultan Erutjakra,
anèng Deksa amiranti,
sami tata barisé ponang Walanda.

.

38 Namané wau Walanda,
Djèndral Panggèn kurnèl Kokis,
Djendral De Kok rowangira,
kang arsa wau nglurugi,
mring Sultan Ngabdulkamid,
wus anata saradadu,
sedaja wus sedija,
Pangéran Madura ngiring,
sawadyané Madura tumut sedaja.

.

39 Gantjangé ingkang tjarita,
kumpeni sampun lumaris,
sedaja sawadyanira,
Madura lawan kumpeni,
wus lepas lampahnèki,
sumahab para soldadu,
ing marga tan winarna,
wus prapta ing tepis wiring,
Barisannja Kangdjeng Sultan Erutjakra.

.

40 Wus tjelak wau praptanja,
barisé para kumpeni,
anèng wau dusun Deksa,
keraman angati-ati,
jèn kumpeni nglurugi,
wus midanget wartosipun,
pradjurité Djeng Sultan,
sadaja sampun angrakit,
gelarira samana sampun tinata.

.

41 Seksana gya tjampuh juda,
aramé bedil hinedil,
keraman tarungé kalah,
lumadjeng dateng ing ardi,
kumpeni mundur aglis,
ladjeng tuwan Djèndral wau,
nglampahaken nijaka,
kalawan wau kumpeni,
.Major Bahur dumateng ing Sélamirah.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 302 - 304

42. Wus tata sigra umangkat,
kang prawadya sami angiring,
andulur jèn tiningalan,
wus sami munggah ing wukir,
kapetuk lampahnèki,
Djeng Sultan nudju tumurun,
sangking nginggil ngaldaka,
sabalanira angiring,
sareng prapta wasta dusun Selamirah.

.

43 Ladjeng tjampuh ing ngajuda,
aramé tumbak lan bedil,
nggènnja aprang anèng margi,
Kangdjeng Sultan kawon malih,
samana bala Bugis,
sawdyanira sedarum,
dateng ngardi Redjasa,
kumpeni ambudjung wani,
ladjeng dugi patjak-sudji nulja aprang.

.

44 Kangdjeng Sultan Erutjakra,
pan kawon aprangirèki,
Djeng Sultan tindak mangétan,
ladjeng nabrang lèpèn Pragi,
ing Gamplong dèn djogi,
ladjeng andjog Tegalweru,
sareng ing Sebtu njabrang,
Djèndral Dekok nulja pikir,
akongkonan dateng nagri ing Ngajogja.

.

45 Kèngkènan sangking ing Deksa,
Pangéran ingkang lumaris,
Pangran Arja Murdaningrat,
kalawan Pangéran malih,
Arja Panular nenggih,
punika sami kautus,
lawan Nitinegara,
lawan Purwadipurèki,
mbekta usar sewidak saradadunja.

.

46 Gunggung satus kalihdasa,
mrijemé amung kekalih,
Litnanipun pan titiga,
lan wonten Pangéran malih,
Adiwinata wangi,
lan putra Panularipun,
Menggung Wangsakusuma,
Kaliwon Radèn Ngebèhi,
Mangunjuda lawan Radèn Mangundjaja.

.

47 Punika ingkang dinuta,
marang Ngajogja negari,
wadya lit katah kelaran,
pan kètèr samargi-margi,
saradadu kèh sakit,
wus prapta pernahing dusun,
Tjelep namaning désa,
pan kèndel karsanirèki,
samja bongkok sakatahé ingkang ngrembat.

.

48 Akras lampahé walanda,
dang-dangu pan dumugi,
ing désa Bligo semana,
gantjangé tjaritanèki,
Djeng Sultan Ngabdulkamid,
semana ladjeng ametuk,
lan Pangran Natabaja,
Pangran Surjawidjajèki,
lawan malih Pangéran Adiwidjaja.

Ms. Or. Leiden 2163, bla. 304 - 305.

49. Sampun tjampuh ing ngajuda,
Walanda katah kang mati,
tan ana kesang satunggal,
aramé perangirèki,
wonten ing Nglengkong nenggih,
punika namaing dusun,
kotjap Pangran kang pedjah,
Murdaningrat kang satunggil,
lawan malih Pangéran Arja Panular.

.

50 Lawan kang putra wus séda,
Adiwinata ngemasi,
Tumenggung Wangsakusuma,
lawan Nitinegarèki,
Purwadipura mati,
kalawan kaliwonipun,
Rahadèn Mangunjuda,
Mangundjaja angemasi,
pan akatah Walanda kang samja pedjah.

.

51 Saradadu lawan Litnan,
wong satus kalih dasèki,
Litnan tiga samja pedjah,
usar sewidak ngemasi,
mrijem kalih kang kénging,
pan samja kebandang mungsuh,
kotjap Pangraning kraman,
kang samja pedjah winilis,
pan titiga katahé Pangran kang pedjah.

.

52 Pangéran Surjawidjaja,
lan Pangran Natabajéki,
Pangéran Adiwidjaja,
kang perang Nglèngkong ngemasi,
semana tan winarni,
Djeng Sultan wus wangsul ngidul,
pan ladjeng lampahira,
Djelegong ingkang dèn djogi.
tata-tata djeng Sultan amesanggrahan.

.

53 Sawusnja amesanggrahan,
Djeng Sultan sawadyanèki,
sedaja nèng Djlegong désa,
akatah wau kang abdi,
nengna genti winarni,
kotjapa Walanda mundur,
Djéndral Dekok kang nama,
Djèndral Panggèn rowangnèki,
sabalané samja mundur nèng Magelang.

.

54. Pan ladjeng ing lampahira,
Djèndral Dekok mring Semawis,
Djèndral Panggèn mring Kalitan,
dinten Sabtu wus dumugi,
tanggal kaping satunggil,
Sura Djimakir kang tahun,
Djeng Sultan Erutjakra,
lumampah kang wadya ngiring,
dateng wau Pek en-ageng ing Mentaram.

.

55 Murugi baris walanda,
lan Pangéran Kangdjeng Gusti,
Djeng Pangran Mangkunegara,
ingkang baris dèn lurugi,
atjampuh perang sami,
aramé nggénira pupuh,
Pangran Mangkunegara,
kasoran nggènira djurit,
wadyanira mèh telas pedjah sadaja.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 305 - 307.

56. Lumadjar Kangdjeng Pangéran,
lumadjeng dateng negari,
Jogjakarta hadiningrat,
sendjatanira kèh keni,
mtèk satus kalih-dasa,
kang njepeng pan sami lampus,
mrijemipun satunggal,
Litnannja tiga ngemasi,
ingkang baris Tjengkiran tumpes sadaja.

.

57 Tijang satus kalih dasa,
kang samja ambekta bedil,
mrijemipun mung satunggil,
kang kebandang samja kèri,
ingkang dados titindih,
ing barisé kraman wau,
Pangéran Natapradja,
Tumenggung Djajanegari,
lawan Dullah ingkang nama Nataprana.

.

58 Barisé Mangkunegaran,
ingkang wonten/ Bantulkawis,
pan sampun dèn ojak-ojak,
tijang satus sèket kalih,
mrijemipun kekalih,
ingkang gesang kèh lumaju,
bubar mawut sedaja,
pradjurité katah mati,
ladjeng kundur Pangéran Mangkunegara.

.

59 Kundur marang Surakarta,
sasisané ingkang mati,
Pangéran Mangkunegara,
tan lami pan sampun prapti,
anèng wau negari,
Surakarta sampun rawuh,
wadyanira sedaja,
sasisané ingkang mati,
Djeng Pangéran kang nama Mangkunegara.

.

60 Sarawuhé ing negara,
kang wadya sami angiring,
sakatahé wadyanira,
nengna wau kang prapti,
kotjap wau Sang Adji,
ing Surakarta Sang Prabu,
anudju siniwaka,
sakatahe kang pradjurit,
para Mantri sadaja sami aséba.

.

61 Djeng Pangran Mangkunegara,
sowan dateng Sri Bupati,
wus katur sasolahira,
duk wau nggènira baris,
Sang Nata èmeng galih,
tan antara nulja k undur,
malebèng ing djro pura,
ingajap kang para tjèti,
pan pinetuk para garwa sedaja.

.

62 Kotjapa Kangdjeng Pangéran,
Mangkunegara wus midjil,
sangking wau pagelaran,
ing pasowan Pantjaniti,
sawadyanira ngiring,
sadaja wus samja metu,
Pangéran èsmu sungkawa,
nggènira kawon ing djurit,
pan wus kundur Pangéran mring dalemira.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 307 - 309.

63.Nengena Mangkunegara,
kotjapa wau kumpeni,
kang anèng nagri Semarang,
agègèr werta Semawis,
wartané kang kumpeni;
Djèndral Dekok kang atutur,
sangking perangan ika,
ing Ngléngkong kalané nguni,
ingkang dadi gègèré para Walanda.

•

64 Landa ageng katah susah,
déné balané kèh mati,
mungsuh Sultan Erutjakra,
Pangérané akèh lalis,
désa ing Nglèngkong dingin,
Pangéran ingkang kautus,
dateng nagri Mentaram,
dèrèng dugi angemasi,
apan aprang lawan Sultan Erutjakra.

•

65 Sakèh pra kumpeni susah,
Semarang urut pasisir,
Rembang lawan Surabaja,
ing Gresik lawan Betawi,
mila susah kepati,
angrasa tan kelar mungsuh,
mring Sultan Erutjakra,
putranipun Sri Bupati,
Putrèng Nata Djeng Sultan Radja Metaram.

66 Walanda anèng Semarang,
Djèndral Dekok namanèki,
ingakng arsa bade késah,
dateng Magelang negari,
datan kawarnèng ing margi,
seksana pan sampun rawuh,
Magelang nggèné lama,
mirengaken ingkang warti,
wertanira Klères ingkang anèng désa.

•

67 Agantjang tjaritanira,
Djèndral Dekok kirim tulis,
dumateng kiduling arga,
ing tanah Bagelèn nenggih,
datan winarnèng margi,
kang surat pan sampun katur,
tinampan mring walanda,
Kalères wau kang nami,
dyan watjana kang surat mungel mangkana.

•

68 Jèn surat mungela Djawa,
arep weruh ingkang baris,
baris kinon ambekta-a,
mring Magelang sadajèki,
wis tata bala sami,
sigra budal marga ndulur,
kabèh bala walanda,
kalawan pradjurit Djawi,
riseksana datang kawarna ing marga.

•

69 Tan antara lama-lama,
prapta sakèh pra kumpeni,
wus prapta Maglang sadaja,
miwah sakèh kang pradjurit,
wus anèng djroning lodji,
Klères lawan Djèndralipun,
sedaja sami pista,
Residènira angiring,
sampun rembag Pangéran lawan Walanda.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 309 - 311

70. Wus bubar nggènira pista,
Pangéran ladjeng lumaris,
sawadyanira sedaja,
lan sakèhé para Mantri,
wus lepas lampahnèki,
anulja semana rawuh,
Pangran wus mesanggrahan,
nèng Suta nggènnja miranti,
sakatahé bala tugur anèng Suta.

.

71 Litnan kang ndèrèk Pangéran,
Kusumajuda Djeng Gusti,
prèntahé Kurnnèllira,
litnan kalih kang tinuding,
Pandenkoper ingkang nami,
Lit Sedah kekalihipun,
kinèn anderèkena,
Pangéran saparanèki,
sabalané Litnan roro agebjuga.

.

72 Enengna kang mesanggrahan,
kang winarna pra kumpeni,
Kurnèl Kalèrès punika,
lan Kapitan Amegilis,
sedaja pan lumaris,
wadya-bala saradadu,
atugur anèng Krasak,
sinigeg kang tugur sami,
Genti kotjap Kurnèl Dil Klèrès lumampah.

.

73 Wus lepas ing lampahira,
arsa tugur kang kumpeni,
dateng tanah ing Banjumas,
tuwan Klèrès lan Kurnèl Dil,
mangilèn pan lumaris,
Pangéran angalor iku,
andjog Karang-Sumberan,
kang mangilèn sampun prapti,
ing Tojamas wus lereb anèng nagara.

.

74 Pangéran Kudumajuda,
anèng Sumberan abaris,
Kumpul lawan Litnan Lisdah,
anèng bètèng Adipati,
kang karja bètèng nenggih,
Tjitrasoma ran Tumenggung,
negarané Djepara,
bèteng di nggoni kumpeni,
Litnan Lisdah Pandenkoper réwangira.

.

75 Mrijemé amung satunggal,
selawé ingkang kumpeni,
anèng bèteng Sumberan,
nengena kang sami djagi,
genti ingkang winarni,
kala wulan Sura iku,
dinten Sebtu ping asta,
nèng bèteng Sumberan djagi,
sareng Soma anudju tanggal sedasa.

.

76 Pangéran Mangkudiningrat,
wus manggon wonten ngardi,
sakilèning pasanggrahan,
wonten nginggilipun ngardi,
ingkang kidul abaris,
namané wau kang gunung,
anama Karangrantjam,
ing kidul wau kang baris,
namanira Pangéran Mangkudiningrat.

Ms.Or.Leiden 2163, blz. 312 - 313.

Durma. XXIV

1.Pan gumuruh sjarané wont jampuh juda,
surak karengèng langit,
teteg lir butula,
andjrit pangriking kuda,
awor lawan watang gatik,
kadya ampuhan,
lir kotjak djalanidi.

2 Agemporan bedil mrijem lan senapan,
kalatakanja muni,
ramé adjeguran,
suraknja ambal-ambalan,
kumritjik watang agatik,
danguning juda,
peteng kukusing bedil.

3 Pan aramé wadya kang tumbak-tinumbak,
katah tijang kang mati,
Pangéran Pakuningrat,
wus mundur lampahira,
ingkang elèr mbudjung wani,
separanira,
ing lèpèn Kendo dugi.

4 Djeng Pangéran Pakuningrat sigra tindak,
mudun sangking turanggi,,
mila midun sigra,
sawab èwed papannja,
Resadiwirja Ngabèhi,
medun seksana,
sangking nginggil turanggi.

5.Sakatahé pra Mantri sami lumampah,
ngodok lampahirèki,
samja sikep tumbak,
keraman sampun mapan,
ingkang elèr katah mati,
pan tinumbakan,
dateng brandal kang wani.

6 Marijemé sampun muni kaping tiga,
binète angedrèli,
bala ping ampingan,
ndampèng anèng galengan,
galeng sabin ingkang inggil,
para keraman,
abèteng galeng inggil.

7 Jata wau Ngabèhi Resadiwirja,
angunduraken baris,
mring papan kang rata,
sakidulipun désa,
ing Menorèh nggènirèki,
ramé aperang,
kraman alon lumaris.

8 Mundur alon Ngabèhi Resadiwirja,
lampahipun kasupit,
baris kilèn prapta,,
andjog Menorèh désa,
ingkang sangking wétan prapti,
salèring désa,
ing Menorèh ngebjuki.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 314 - 315.

9.Barisira Ngebèhi Resadiwirja,
tinempuh kraman wingking,
pra Mantri arembag,
karsané Sadiwirja,
kèn mundur mrijem kekalih,
kabekta mladjar,
dimèn kraman nututi.

.

10 Pan angrasa Ngabèhi Resadiwirja,
kangèlan mbudjungnèki,
milanja rinéka,
mrijem kabekta mladjar,
dimèn kraman anututi,
dateng kang rata,
étja nggènira mbedil.

.

11 Wadyanira Ngabèhi Resadiwirja;
amung tumbak satunggil,
wolu kang sendjata,
bèhi ngagem sendjata,
kraman sami dèn bedili,
kena satunggal,
mawut kang wingking prapti,

.

12.Sakatahé kraman wau kang prapta,
bèhi wonten nulungi,
kjahi Wangsadrana,
kraman glis sinendjata,
bala kraman kénging kalih,
kang ngadjeng bubar,
ing wingking dateng malih.

13.Balanira Ngabèhi Resadiwirja,
Reksaleksana nami,
kénging pélor ndjola,
tjingklokira kang kena,
nanging kulit wlas ing daging,
sangsaja katah,
kraman kang dateng malih.

.

14 Sigra wau kang nama Reksaleksana,
gja nunggang djaran malih,
pra Mantri sadaja,
wus sami numpak kuda,
botjah gamel ingkang nami,
Kretaleksana,
gamelé ki Ngabèhi.

.

15 Kang anama Ngabèhi Resadiwirja,
kang darbé gamel nenggih,
sangking adjrihira,
aprang wateking kompra,
mirengaken bedil muni,
lan mijat tumbak,
anggragap wonten wingking.

.

16 Ki Ngabèhi Sadiwirja langkung welas,
dènnja welas kepati,
kongsi waspa medal,
langkung sungkawèng drija,
ladjeng kapal kèn numpaki,
waos satunggal,
lan wolu ingkang mbedil.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 315 - 316.

17. Anèng ngarsanira kjahi Sadiwirja,
kraman wetawis tebih,
sigra gegantjangan,
lampahé Sadiwirja,
kang wus mbedil atebih,
lan Sadiwirja,
sadaja sami tebih.

.

18 Pan lumadjar sedaja ing wadyanira,
kasoran prengirèki,
ngalor purugira,
praptèng saklèring désa,
keraman ingkang njegati,
wonten ing marga,
anjiung anèng margi.

.

19 Sira wau kang nama Kertaleksana,
Gamelé ki Ngabèhi,
lumampah nèng nagrsa,
pan sangking adjrihira,
sarta nggèndong kupat nenggih,
lan brongkos ulam,
nanging tan darbé getih.

.

20 Sangking dening adjrihé mring mimis wadja,
gengnja satjengkir-tjengkir,
adjrih mimis tiba,
manahnja langkung gila,
dèn iris tan medal getih,
Kertaleksana,
gilapira kepati.

21. Sasuwéné Kertaleksana lumampah,
sumengeren ing ati,
ènget drèl keraman,
edrèl simngsun-sungsunan,
mimis tiba lir gerimis,
Kertaleksana,
gilanira nglangkungi.

.

22 Sareng madjeng lampahé Kertaleksana,
tjumplung dawah sing nginggil,
sambat bendaranja,
duh kjahi mimis tiba,
aduh bijung aku mati,
endasku ilang,
katut pélor satjengkir.

.

23 Giro-giro sira ki Kertalesana,
sangking gilaning mimis,
wus dangu kèlingan,
endasé meksih wetah,
gumeter rasaning ati,
gagapi sirah,
ladjeng mèsem ing ati.

.

24. Sarèwangé gumuju sadjroning nala,
Kertaleksana aglis,
ladjeng mbukak kupat,
ngemplok kupat sanunggal,
wusnja adm atinèki,
agrasa gesang,
ngutjap ngong mèh ngemasi.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 316 - 318.

25.Langkung bungah ja wau Kertaleksana,

jèn ndasé wangsul malih,

tjumbu endasing wang,

déne wau wus lunga,

kari-kari mulih maning,

ja mimis apa,

nggawa ndas bali maning.

.

26 Jèn katonna mimis sung kalungi kupat;

sangking leganing ati,

mbalèk-ken ndasingwang,
gedé panarimaningwang,
kalbu begdja awak mami,

endas wus lunga,

wekasan bali maning.

.

.

27 Iki pantes endas dipun awètena,

wus tiba munggah malih,

bèhi S adiwirja,

gumudjeng langkung suka,

wong édan sira ndaleming,

ja ngendi ana,

ndas tiba bali maning.

.

28 Ija tjumplung kang sumruweng mau ika,

tiba bangeting wedi,

pengrasamu ika,

mimis hèh sira édan,

sira kuwé liwat djirih,

wong lanang apa,

teka wedi ing mimis.

29.Ija patut sira jèn wedija aprang,

lungguh gamel wong tjilik,

Tumenggung lungguhnja,

prandéné wedi aprang,

apa manèh si wong tjilik,

nora wedija,

aprang arebut bumi.

.

30.Gamel matur ladjeng wau bendaranja,

inggih wau kijahi,

kupat kula wutah,

itjal datan kantenan,

apan sami kotjar-katjir,

kula tan pirsam,

sapirsa kula kijahi.

.

31 Brongkos wutah wonten gigir tan kerasa,

kula pan kados mati,

ing pengrahos kula,

mangke pan sampun gesang,

nengna gamel matur gusti,

ingkang kotjapa,

Resadiwirja ngabèhi.

.

32 Apan ladjeng mengalèr ing lampahira,

genti kotjapa malih,

kjahi Wangsatjitra,

ladjeng ing lampahira,

Kali-tangi wus dumugi,

marijemira,

rinebut kraman keni.

Ms.Or.Leiden 2163, blz. 318 - 319.

33.Dados kantun marijem wau satunggal,
mlampah ladjeng dumugi,
lèpen Tangsi ika,
wonten tengah lèpènira,
madyaning lèpèn ing Tangsi,
kapetuk kraman,
dèn brandal mrijem keni.

.

34 Ladjeng telas mrijemira Wangsatjitra,
nulja lumaju nggendring,
Bèhi Wangsatjitra,
kebat nggènnja lumadjar,
umijat kjahi Ngabèhi,
Resadiwirja,
dèn tuntun mrijemnèki.

.

35 Agja kurda Ngabèhi Resadiwirja,
keraman dèn tututi,
anulja rinebat,
marijem sampun kena,
sinèrèd ngantos dumugi,
pinggir lèr ika,
brandal amburu wani.

.

36 Pan rinebat marijem marang keraman,
kraman saja kèh prapti,
bèhi Sadiwirja,
mung wolu rowangira,
marijem katilar malih,
wus sami prapta,
ing Ngadikrama nenggih.

37.Kestabel lan pradjurit dalem punika,
tinumbakan tinitir,
dateng ponang kraman,
ping gangsal panumbaknja,
ladjeng wau angemasi,
kestabel ika,
kang bekta krega kuli.

.

38 Kuli mbekta krega ageng nèng ngadjengan,
ngarsanè ki Ngabèhi,
Kjai Sadiwirja,
Kestabel kang satunggal.
tinumbak kraman ping kalih,
ladjeng aniba,
wonten siti ngemasi.

.

39 Wonten malih sentana ing Tojagesang,
darahé ki Ngabèhi,
kaprenah kang uwa,
lan kjai Sadiwirja,
rinampog kraman dèn bjuki,
tiba kadjengkang,
glangsaran nèng siti.

.

40 Nanging maksih rineksa dening Pangéran,
kulit welas ing daging,
Mas Djajasudira,
sambaté ngaru ara,
ki Ngabèhi kula mati,
rinampog katah,
neda tulung kijahi.

MS.OR. Leiden 2163, blz. 319 - 320

41. Nabda alon Ngabèhi Resadiwirja,
kula antèni ngriki,
lan ngandegi mengsah,
katah agaman brandal,
mung sawidji ngong jitnani,
kang klambi petak,
lawan untuné putih.

.

42 Tumbakira kumukus metu dahana,
jwa kongsi tiba kulit,
tumbak katah-katah,
kang tiba kulit ndika,
mantrané tan ngaèsi,
wus simpé brandal,
Djajasudira mbedil.

.

43 Anèng Galur-maésa nggènnja singidan,
Mas Djajasudirèki,
napas asekotan,
ketegnja rebut paran,
dasar prijaji madati,
rinampok tumbak,
napasé kempis-kempis.

.

44 Wingking tebih Ngabèhi Resadiwirja,
Demang Bawok kapusti,
tinumbak keraman,
ping tiga datan pasah,
anulja tinumbak malih,
djangkep ping gangsal,
ndjunkel ladjeng ngemasi.

45. Kang binekta kagungandalem sendjata,
kang mbekta angemasi,
bedil kena kraman,
dasar karoban lawan,
tanding djiluh winitawis,
wadya keraman,
sanget pambudjungnèki,

.

46 Jata tandang Ngabèhi Resadiwirja,
njandak kestulira glis,
kraman mbekta tumbak,
ingangkah sinandjata,
dumateng kjai Ngabèhi,
kang ngarsa bubar,
kang wingking anututi.

.

47 Kèh keraman kang sami mbekta sendjata,
brandal anundjel ngusir,
mring Resadiwirja,
ki Bèhi dèn sendjata,
undurira miring-miring,
katahen mengsah,
sira kjai Ngabèhi.

.

48 Mundur ngalèr Ngabèhi Resadiwirja,
tan dangu sigra prapti,
bètèng ing Sumberan,
prapta djro bètèng nulja,
atata sami alinggih,
wus ngaso samja,
lan ki Wangsatjritèki.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 320 - 322.

49.Kantjanira ki ngabèhi Wangsatjitra,
akatah ingkang urip,
pradéné miruda,
mrijemé kang kabandang,
ketjakup nèng djroning kali,
kabekta kraman,
mrijemé pan kekalih.

.

50 Praptèng Nglawos ki Ngabèhi Wangsatjitra,
kantjané sèket kalih,
ki Resadiwirja,
nabda mring Wangsatjitra,
wau kula medun seni,
sangking turangga,
kraman anjendjatani.

.

51 Réntjang kula kang kénging wau sendjata,
kénging gitoké mringis,
pan pun Wirasasra,
ananging datan pedjah,
pun Ekaleksana kénging,
bau kang kiwa,
nanging angrem kang mimis.

.

52 Wus umarek Mantri kalih mring bendara,
séba ing Kangdjeng Gusti,
Pangran Sumajuda,
uning Mantriné kalah,
judané wus mundur sami,
Pangran akarsa,
kinon bantu ngadjurit.

53.Kang tinuding dyan tumenggung Arungbinang,
lawan bala kumpeni,
kang nama Lissidah,
lawan Pandenkopernja,
lumampah sawadyanèki,
glising tjarita,
muntab wadya kumpeni.

.

54 Sampun medal sangking bètèng ing Sumberan,
tan dangu nemph djurit,
kraman sampun mapan,
ramé abebedilan,
agenti ungkih-ingungkih,
long-linongan,
wadyalit katah mati.

.

55 Agemporan bedil bum lan kalantaka,
kraman katah kang mat i,
sradadu sudira,
sekdana kraman kalah,
lumaju rebut urip,
asalang tundjang,
sedaja wus anggendring.

.

56 Samja ngidul pelajuné wadya kraman,
dumugi lèpèn Tangsi,
wus bakda perangnja,
bèhi Resadiwirja,
anjelak panggènan majit,
pating gulimpang,
angatag mring wadya lit.

Ms.Or.Leiden 2163,blz.322 - 323.

57.Ingkang bangké pan kinèn angusungana,
ngaturaken Kangdjeng Gusti,
seksana binekta,
katur marang Sumberan,
karsanira Kangdjeng Gusti,
kinèn ngubura,
sarta pinaring mori.

.

58 Mori slawat sadaja wus pinaringan,
nulja pinetak sami,
gja genti winarna,
Klères wau walanda,
lumampah sawadyanèki,
dateng Sumberan,
kepanggih lan Djeng Gusti.

.

59 Tan kawarna ing marga pan sampun prapta,
bètèng Sumberan nenggih,
seksana wus panggja,
lawan Kangdjeng Pangéran,
gja tabé agenti-genti,
gantjang wus dahar,
sakèhé pra kumpeni.

.

60 Sradadune sedaja sampun memangan,
aneng sadjroning biting,
Kurnèl ladjeng njandak,
ing wau semprongira,
anjemprong kraman kang baris,
Mangkudiningrat,
ingkang sinemprong nenggih.

61.Pan kawula umatur dateng paduka,
angsal pandonga sami,
ing donga panduka,
samja lumadjeng sadaja,
sakatahing kang pradjurit,
nèng ngadilaga,
kraman sampun kausir.

.

62 Ngantos dugi keraman ingdusun ngrika,
Sélagenuk namèki,
Brandal ladjeng itjal,
sampuning sami bubar,
kula sami wangsul malih,
kotjap sadaja,
sradadu lan kumpeni.

.

63 Enengena kang matur marang Pangéran,
winarna pra kumpeni,
ingkang sami prapta,
wus mandjing pasanggrahan,
sedaja wadya kumpeni,
sampun panggihan,
lawan kantjanirèki.

.

64 Kurnèl Klères wau namané walanda,
seksana sami panggih,
lan kang dateng perang,
saradadu Walanda,
wus panggih kurnèl apikir,
lan wadyanira,
mantuk Magelang nagri.

Ms.Or.Leiden 2163, blz. 323 - 325.

65.Tan adangu nèng marga pan ladjeng prapta,
ing Maglang pra kumpeni,
lan sawadyanira,
mbekta mrijem satunggal,
mrijem bandangan duk wingi,
sing Tjurug désa,
angsalé ki Ngabèhi.

.

66 Wangsatjitra wau kang ansal bandangan,
inggih mrijem satunggil,
binekta mring Magelang,
Kurnèl Klères kang mbekta,
nengna mrijem satunggil,
genti Walanda,
kang prapta ing negari.

.

67 Kang kotjapa Walanda kang sami prapta,
wus sami andjog lodji,
pan samja guneman,
lawan para Walanda,
kang anèng wau Negari,
kuta Magelang,
nengna tjaritanèki.

.

68 Genti kotjap kang anèng bètèng Sumberan,
linanggar mungsuh malih,
pan binaja mangap,
dateng para keraman,
wong bètèng sami atintrim,
pan kagègèran,
usrek atata baris.

69.Sawadyané djro bètèng Kangdjeng Pangéran,
pradjurit tata baris,
gégér apujengan,
wus pepak wadyabala,
kang anèng djro bètèng sami,
sradadunira,
wus samja sikep bedil.

.

70 Kawarna-a keraman ing dina Tumpak,
wulan Sura marengi,
kaping gangsal welas,
kraman panempuhira,
Pangéran kang kilèn nenggih,
Mangkudiningrat,
kang sangking kidul sami.

.

71 Kidul kilèn barisé Mangkudiningrat,
kang sangking wétan prapti,
Pangran namanira,
nenggih Surjamentaram,
sawadyanira angiring,
baris nèng wétan,
nuli gé anarungi.

.

72.Ladjeng tjampuh wadyabala Pangéranan,
kraman lawan kumpeni,
ramé nggènnja aprang,
tarung wantji djam papat,
djam papat sonten marengi,
sedalu pisan,
tansah bedil-binedil.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 325 - 326.

73.Ngantos adjing nggènira abandajuda,
tan ana kang kalindih,
nggènnja sami perang,
mrijem kerep ungelnja,
kadya rubuh ingkang langit,
mrijem sjaranja,
lir pèndah bumi gondjing.

.

74 Bedil binèt sjarané lir glagah kobar,
surak karengèng langit,
kukus lir ampak-ampak,
mimis tiba lir udan,
akatah pradjurit kanin,
Djawa lan Sabrang,
sangking raméning djurit.

75 Wadya kraman pan akatah ingkang pedjah,
langkung ramèing djurit,
sawengi sadina,
obat mimis wus telas,
kulon wétan kidul djurit,
ramé gemporan,
kang elor sami djurit.

.

76 Wong djro bèteng kang baris madjeng mangétan,
Raden Major kang nami,
Dyan Surjawinata,
lawan sarowangira,
Tumenggung Djajanegari,
lan Arungbinang,
lawan Tirtanegari.

77.Mas Ngabèhi W-najuda anèng wétan,
Tumenggung Sawung-galing,
ramé nggénnja juda,
mrijem muni djedjeguran,
tan nèng ndel bedil binedil,
ingkang lor ika,
inggih pradjurit Baki.

.

78 Rowangira abdidalem Pametakan,
mrijem namung satunggil,
mungel kaping tiga,
kang alit tan kantenan,
kang madjeng ngilèn pradjurit,
Major Djajèngan,
Dyan Djajèngwinatèki.

79.Ngagem mrijem Djèngwinata mung satunggal,
réwangé ki Ngabéhi,
Kjahi Sadiwirja,
lawan ki Wangsatjitra,
Rangga Mentaprawirèki,
ki Wangsadrana,
lan Tjakrasudirèki.

.

80 Saradipa kalawan Tirtadiwirja,
mrijemipun satunggil,
mungel kaping sanga,
kang alit tan kantenan,
aramé lantjaran bedil,
latri sadina,
wadya lit katah mati.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 326 - 327.

81.Pan samanten kalaning raméning juda,
Kja Resadiwirjèki,
lan Martapirawira,
apan samja rembagan,
angrunduk mring kraman sami,
nulja lumampah,
ndingkik kraman kang djuti.

.

82 Sangking déning sangeting petenganira,
kang mbekta mrijem nenggih,
kraman tan uninga,
jèn sami rinundukan,
dateng ing mengsahirèki,
dyan sinandjata,
kénging tiga ngemasi.

.

83 Neng kalènan pedjahé ponang keraman,
brandal tiga gumlinting,
wonten lurung toja,
brandal kang sami bangka,
Resadiwirja ngabèhi,
ndampèng kalènan,
wau nggènira mbedil.

.

84 Pandingkiknja Resadiwirja waspada,
peteng kukusing bedil,
mrijem Dyjengwinatan,
lawan mrijem bètèngan,
apan sami anulungi,
mring Sadiwirja,
rowangnja katah kanin.

85.Kénging mrijem balané Resadiwirja,
mila katah kang mati,
bèhi Sadiwirja,
gja mundur mesanggrahan,
wonten salebeting biting,
bènteng Sumberan,
sowan dumateng Gusti.

.

86 Wusnja sowan ngarsané Kangdjeng Pangéran,
sedaja para Mantri,
ngadep ngapurantjang,
lir kondjem ing pratala,
sadaja wus kèndel djurit,
para prawira,
andèr ngarsaning gusti.

.

87 Djeng Pangéran ngartikjèng sadjron wardaja,
ija prijé sun iki,
apa akongkonan,
marang nagri Magelang,
Pangéran èwed ing galih,
jèn tan putusan,
ngraos kraman nglangkungi.

.

88. Saj a nemen keraman kedah anglanggar,
angepung kang nèng biting,
rumahos kangèlan,
wau Kangdjeng Pangéran,
nggènira andon ing djurit,
kang wadyabala,
awis kang dados kanti.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 327 - 329.

Kinanti. XXIV

1.Pangéran alon amuwus,
dumateng wadyanirèki,
akarsa budal putusan,
dumateng Magelang nagri,
kang dinuta sigra mesat,
mundur sarta awotsari.

.

2 Tjaraka sigra lumaku,
dumateng Magelang nagri,
tan kawarna anèng marga,
kotjapa tjaraka prapti,
praptanira ing Magelang,
ladjeng major dateng lodji.

.

3 nGonné tuwan Kurnèl iku,
Kalères sadjroning lodji,
praptanja panggonanira,
kang surat katur kumpeni,
kang wonten nagri Magelang,
Tuwan Klères ingkang nami.

.

4 Suratnja winatja sampun,
dumateng wau kumpeni,
ladjeng tuwan Kurnèl prentah,
dateng majoring pradjurit,
Major Klana kang ingatag,
nulja samja tata baris.

.

5 Suraté Kurnèl lumadju,
kang dateng Dipron kumpeni,
anulja surat tinampan,
kalajan Dipron agipih,
semana Dipron atata,
angrasuk busanèng djurit.

6. Seksana Dipron lumaku,
dateng nggèné Kurnèl panggih,
Tuwan Klères nulja ngutjap,
dateng major Dipron nenggih,
angutjap basa Walanda,
wong Djawa tan ana ngerti.

.

7 Tan dangu sigra lumaku,
major Dipron kang pradjurit,
wus lepas ing lampahira,
njarengi tjaraka Djawi,
datan kawarna ing marga,
tan adangu nulja prapti.

.

8 Oja tuwan Dipron pan tutug,
ing bètèng wantji djam sidji,
djam sidji anudju sijang,
kalané kalana prapti,
anèng bètèng ing Sumberan,
panggènané Kangdjeng Gusti.

.

9 Wus sami agunem tjatur,
Pangéran lawan kumpeni,
sinambi lawan daharan,
Pangéran lan Dipron nenggih,
wus dangu nggènira dahar,
Pangéran lawan kumpeni.

.

10 Djeng Pangéran nulja dawuh,
marang Reksadiwirjèku,
prèntahé Djeng Pangran ika,
hèh Resadiwirja bèhi,
sira tumuta Walanda,
Major Dipron kang kumpeni.

Ms.Or.Leiden 2163 blz.329 - 330.

11. Lah mara reksanen iku,
si Dipron sakantjanèki,
Ngabèhi Resadiwirja,
sandika aturirèki,
bèhi mundur arsa dandan,
awot-sari teng ing Gusti.

.

12. Tan dangu sigra lumaku,
kalawan Kjai Ngabèhi,
tanapi sawadyanira,
mangidul sampun dumugi,
Mas bèhi Resadiwirja,
angiring marang kumpeni,

.

13 Sapraptanira ing dusun,
Susupan ingkang wewangi,
nggènira ngutjali kraman,
brandal mireng bubar sami,
tan ana baris keraman,
ladjeng ménggok ngétan sami.

.

14 Lampahira samja ladju,
mangétan ngantos dumugi,
dusun nama Pekiringan,
datan wonten Kraman baris,
anulja wangsul sadaja,
dateng bètèng sampun prapti.

.

15 Ngabèhi pan sampun rawuh,
sawadyanira angiring,
wus prapta bètèng sadaja,
kalawan para kumpeni,
anèng bètèng ing Sumberan,
lan Kelana sampun prapti.

16. Pangéran gja andangu,
dumateng kang para Mantri,
pra Mantri matur anembah,
wus katur solahirèki,
Pangéran ladjeng prembagan,
kelawan wau kumpeni.

.

17 .Kumpeni Dipron arembug,
aturé mring Kangdjeng Gusti,
wusnja rembag ladjeng budal,
kelawan kelana ngiring,
datan kawarna ing marga,
tan adangu sigra prapti.

.

18 Prapta Maglang sadajèku,
.kang nama Dipron anenggih,
lan Kelana sarengira,
sadaja prapta negari,
sumahab sawadyanira,
Dipron mangsuk djroning lodji.

.

19 Praptané Magelang wau,
wus bilang Kurnèl kumpeni,
nengena bangsa Walanda,
kotjapa wau pra Mantri,
kang sangking pados keraman,
mulja sadajanèki.

.

20 Wus katur wiludjengipun,
Pangéran suka ing galih,
Respati ing harinira,
wulan Sura tanggalnèki,
wulan kaping kalih dasa,
Pangéran dipun aosi.

21.Ing sendjata raré gundul,
dapur sendjatanirèki,
sakit kawudan namanja,
sinerasah ing mas adi,
ingkang njahosi sendjata,
Djèndral Dekok ingkang nami.

.

22 Kang sarta gandjaranipun,
Djeng Sunan ingkang maringi,
dumateng Kangdjeng Pangéran,
warni destar lan kulambi,
sindjang wijar langkung katah,
karsané Sri Narapati.

.

23 D'estar sindjang kinèn ngedum,
sakatahé para Mantri,
lawan rasukan sengkelat,
Djeng Pangéran kinèn maris,
rasukan sawidji sowang,
sidji-sidji udeng sidji.

.

24 Djeng Pangran paring rumuhun,
mring Resadiwirja bèhi,
kaparingan ganggon sindjang,
udengé semèn taritis,
rasukan tjemeng sengkelat,
ki Wangsatjitra Ngabèhi.

.

25 Kaparingan sindjang kawung,
destaripun latar putih,
rasukan tjemeng sengkelat,
udengé semèn taritis,
songsong sami kaparingan,
serasah tjèt biru nenggih.

26.Ngabèhi Sutoredjèku,
kaparingan sindjang batik,
seseratan tjakar ajam,
latar-tjemeng dasar mori,
destar tjemeng batik modang,
rasukan sangkelat kuning.

.

27 Kjai Wangsadrana Tanggung,
rasukan sangkelat kuning,
sindjang tjemeng tjakar ajam,
destaripun semèn tritis,
latar tjemeng dapurira,
sakèh Mantri dèn paringi.

.

28 Rangga Mertaprawirèku,
rasukan sangkelat kuning,
sindjang tjemeng tjakar ajam,
latar tjemeng modang batik,
songsong tjemeng dapurira,
Tjakrasudira kijahi.

.

29 Sindjang tjakar ajam djamus,
rasukan sangkelat kuning,
destar tjemeng batik modang,
djeng Pangran ingkang maringi,
songsong tjemeng warnanira,
paringé Pangran Dipati.

.

30 Kusumajuda kang asung,
Saradipa dèn paringi,
sindjang tjemeng suku sata,
rasukan sengkelat kuning,
destar modang batikira,
Pranadiwirja dèn sungi.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 332 - 334.

31. Sindjang tjakar ajam djamus,
rasukan sangkelat kuning,
destar modang batikira,
Kramasentika kijahi,
sindjang batik suku sata,
rasukan sangkelat kuning.

•

32 Destar modang latar-wulung,
wus wradin kang para mantri,
kang sami tampa paringan,
datan wonten Mantri malih,
kang samja tampa gandjaran,
sangking Pangran Kangdjeng Gusti.

•

33 Peparingé Djeng Sinuhun,
ing Surakarta negari,
marengi ing dinten Soma,
wonten surat wau prapti,
surat dateng Djeng Pangéran,
Kusumajuda Djeng Gusti.

•

34 Kang surat pan sampun katur,
anulja sinuksmeng galih,
bebukanira nuwala,
apanta pan sampun patitis,
tembungé surat mangkana,
Pangéran Dipanegari.

•

35 Baris anèng Kembangarum,
mesanggrahan amiranti,
Pangéran Dipanegara,
akatah ingkang pradjurit,
sawarniné tijang désa,
malebet dados pradjurit.

36. Pangéran nèng Kembangarum,
wus ngalih panggènanèki,
manggjan anèng Djlegong désa,
ing mangké sampun angalih,
gambuh anèng Sekar-ganda,
akatah ingkang pradjurit.

•

37 Kontrak anèng Kembangarum,
adjuluk nama Narpati,
parab Sultan Erutjakra,
misuwur sapulo Djawi,
kang wau Dipanegara,
ing mangké nama Narpati.

•

38 Tepis wiring sampun sujud,
sarupané wong amudji,
mudji namanira Sultan,
Amirul-mukmin anenggih,
wong tuwa-tuwa botjah,
sijang latri sami mudji.

•

39 Djeng Sultan midjil sing Tarub,
kang wadya samja anangkil,
Kangdjeng Sultan Erutjakra,
Mirulmukmin Ngabdulkamid,
nengena tjaritanira,
Djeng Sultan Amirulmukmin.

•

40 Kotjapa wau Sang Prabu,
ing Surakarta negari,
anudju ing dina Soma,
Sang Nata mijos tinangkil,
sarta ngrasuk kang busana,
ingajab kang para tjèti.

Ms.Or. Leiden 2163, blz. 334 - 335.

41.Sang Nata wus mijos sampun,
pinarak ing dampar gading,
sinéba ing wadyabala,
sakatahé para Mantri,
Tumenggung para Pangéran,
pepak anèng Sitinggil.

.

42.Pra Pangéran anèng ngajun,
Radèn Dipati kapéring,
Sang Nata alon ngandika,
dumateng Radèn Dipati,
timbalanira Sang Nata,
lah kadi pundi puniki.

.

43 Wonten surat sangking kidul,
surat sangking ing ku mpeni,
ungelé ponang nuwala,
aneda bantuning djurit,
kang dèn teda pra Pangéran,
lah ta ndaweg dika pikir.

.

44 Dèn Dipati sigra matur,
dumateng Sri Narapati,
aturé Raden Dipatya,
sumangga karsa Narpati,
sakarsa Dalem sumangga,
kawula dermi nglampahi.

.

45 nDawuhken timbalan Prabu,
timbalan kang sampun pasti,
Sang Nata alon ngandika,
ndawuhken timbalan malih,
milané kumpeni ika,
aneda bantu pradjurit.

46.Pangran Dipanegarèku,
ing mangké nganseg kang baris,
baris Kembangarum désa,
lan sampun nama Narpati,
nama Sultan Erutjakra,
amirul-mukminin nenggih.

.

47 Andika angkatna gupuh,
Pangéran lan pra Dipati,
inggih nahen ta Sang Nata,
mangké ngong rembug rumijin,
Sang Nata nulja bubaran,
apan nenggih kula arip.

.

48 Mila arip Sanga Prabu,
sanget susah djroning kapti,
semana sampun bubaran,
Sang Nata malebèng puri,
Raden Patya sampun medal,
pra Pangéran tumut midjil.

.

49 Sang Nata kundur ngedatun,
pan kèndel wonten ing kori,
ing regol Danapertapa,
kidul kilèn Srimenganti,
para garwa samja mapag,
wurahan kang pramèswari.

.

50 Pra garwa smja wot-santun,
busana linukar sami,
Sang Nata mring Prabajaksa,
garwa sedaja lumiring,
wus malbèng djron papreman,
Sang Nata dahar gja guling.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 335 - 337.

51. Wungu néndra siram sampun,
kalawan wau sang putri,
sesampunira mangkana,
Sang Nata ngandika aris,
dumateng lurah keparak,
mbok lurah sigra wotsari.

.

52 Keparak sigra lumaku,
mundi timbalan Narpati,
ndawuhken timbalan Nata,
dumateng Radèn Dipati,
angentosi wonten djabar,
galèdègan wétan mesdjid.

.

53 Datan kawarna ing ngenu,
bok keparak sampun prapti,
ngarsanira Dèn Dipatya,
sarta pepak pra Bupati,
Pangéran ngentosi ika,
taksih ngantos wonten djawi.

.

54 Sapraptané sigra muwus,
ndawuhken timbalan Adji,
Dèn Dipati taklim sigra,
atampi timbalan Gusti,
dawuh dalem Dèn Dipatya,
panduka kinon mrijogi.

. .

55 Timbalan Dalem kang sampun,
dawuhna kang bantu djurit,
Pangéran tuwin Bupatya,
sampéjan kinon andugi,
Djeng Sinuhun sampun pasrah,
dumateng sampéjan ugi.

.

56 Dèn Dipati aturipun,
sandika aturrirèki,
kaparak pan sampun méntar,
dumateng sadjroning puri,
tan kotjapa lampahira,
wus umandjing djroning puri.

.

57 Nengena datan tjinatur,
jata wau para-njai,
kotjapa kang anèng djaba,
sira ki rekjana Patih,
sekatahé pra bendara,
kelawan para Dipati.

.

58 Dèn Dipati sampun lungguh,
sakelangkung sangking taklim,
Patih matur mring bendara,
Pangéran sadaja sami,
miwah sakèh pra Bupatya,
sadaja sinungan angling.

.

59 Tan kotjapa malihipun,
nijaka bubaran sami,
Bupati para sentana,
sadaja wus bubar mulih,
mring dalemé sowang-sowang,
pra samja ndandang adjurit.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 337 - 339.

Dandanggula. XXVI

1 Wusnja dandan akumpulan sami,
sakatahé Pangéran sadaja,
kotjapa wong Maduranė,
kang samja ndèrèk iku,
mring kang sami arsa abaris,
Pangéran Surakarta,
titindirèku,
bodolan Klatèn waunja,
wong Madura karsané Sri Narapati,
kinèn tumut mbantuwa.

2 Ingkang kinèn ambantoni nenggih,
Djeng Pangéran Ngabèhi kang nama,
lan Pangran Natapurané,
Pangran Pringgalajèku,
Arja Blatèr rowangirèki,
Pangran Adinegara,
Djajakusumèku,
Tumenggung Sasranagara
hwan iku Bupatiné ing Kediri,
Menggung Bradjadipura.

3 mBupatèni ing Kalang nenggih,
lawan malih dèn Sastrawidjaja,
Tumenggung kalungguhané,
putra Patihan iku,
kliwon gladag Bradjanegari,
lawan samantrènira,
kabekta sedarum,
lan radèn Sumadiningrat,
Djajaningrat punika sami titindih,
Panèwu Kasunanan.

4.Djaba djero sadaja angiring,
lawan bèhi Sastrawidjajanja,
Wirasastra kantjuhané,
lan Mas Kartajudèku,
Wirapradja nama Ngabèhi,
lawan ki Singataka,
Djajadimurtiku,
lulurah ing Kapatijan,
wong Matjanan lan wong Patang-puluh nenggih,
Major lawan kapitan.

5 Lawan malih pradjuritirèki
Kangdjeng Pangéran Mangkunagara,
kinèn sareng ing lampahé,
pradjurit dalem iku,
pan rong atus sadajanèki,
Major lawan Kapitan,
pan titindihipun,
kalawan bala Madura,
wolung atus katahé para pradjurit,
Pandji titindihira.

6 Datan kotjap Pangéranirèki,
kantun anèng nagari Mentaram,
baris nèng djro negarané,
Pangran Karta-pandjiku,
lan Pandji Adikusumèki,
lawan Mlajakusuma,
punika kang kantun,
anèng nagri ing Ngajogja,
pan titiga katahé kang dadi tindih,
Madura Surakarta.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 338 - 340.

7.Nama Pandji Djejèngasmarèki,
lawan Pandji Djajèngsari ika,
Wangsèngrana katigané,
punika tindihipun,
wong Madura sadaja sami,
semana sampun tata,
kang wadya sedarum,
marijemé pan sekawan,
arsa budal kang baris sadaja sami,
mangkat sing Surakarta.

.

8 Pan tengara tamburnja amuni,
mrijem anèng ngajun lampahira,
budal kang nèng nagrsa kabèh,
Djeng Pangran anèng pungkur,
durung nitih ingkang turanggi,
kèhé kang wadyabala,
gunggungé rong èwu,
bandérané kalih dasa,
warna-warna busanané kang pradjurit,
sigra kang wuri budal.

.

9 Sampun numpak turangga pra sami,
Djeng Pangéran Bèhi sigra numpak,
lawan para punggawané,
wus ladju lampahipun,
kang pradjurit pan wonten ngarsi,
wingking tijang Madura,
lan para Tumenggung,
Djeng Pangéran anèng ngarsa,
para Mantri nggarebeg Pangéran Bèhi,
lan Major Kapitannja.

10.Pan atata kang wadya lumaris,
kaèbegan ing marga sadaja,
sangking gung wadya balané,
katah deladjadipun,
dandang muni ing samargi-margi,
angin prapta liweran,
asung pémut iku,
marang kang baris sadaja,
mawèh tanda jèn badé asor kang djurit,
k ang wadya Surakarta.

.

11 Datan wonten uning djroning wangsit,
apa déné kang wadya sadaja,
miwah wongé Madurané,
pan amung rusuhipun,
ing samargi-margi ngrusuhi,
désa kang tjelak marga,
gègèr mawut-mawut,
katradjang wadya Madura,
langkung rusuh wong Madura jèn lumaris,
ngrajah samarga-marga.

.

12 Pan wus kotjap duk ing nguni-uni,
pan katelah badjag Sampang ika,
ing kuna langkung rusuhé,
Djeng Pangran Bèhi iku,
pan karahos sadjroning galih,
ngartikèng ing wardaja,
ing wetaraningsun,
apan wus karsané suksma,
deladjaté jèn badé kasor ing djurit,
katah tersandanira.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 340 - 342.

13. Dandang muni marga galik-galik,
lawan angin prapta aliweran,
tan anglèbèt bandérané,
Pångran ngungun ing kalbu,
nanging datan owah ing galih,
ékla djroning wardaja,
ing ajahanipun,
Djeng Sinhhun Surakarta,
wus djalmaké wong tuwa ingkang nglakoni,
dadi banten Nagara.

14 Dusun Dlanggu ingkang dèn entjiki,
Djeng Pangeran arsa mesanggrahan,
lan sagung wadyabalané,
atata anèng ngriku,
dusun Dlanggu akarja biting,
mrijem papat pinasang,
djroningbètèngipun,
sangking gunging pra punggawa,
ing karsané Djeng Pangéran Hangabèhi,
kinèn maro panggonan,

15 Djeng Pangéran Adinegarèki,
kinèn ngalih anèng loring désa,
Popongan pesanggrahané,
lan Djajakusumèku,
Djajaningrat kantjuhirèki,
Radèn Sumadiningrat,
lawan Mantrnipun,
Djaba djero Kasunanan,
wong Matjanan lan wong Patang-puluh nenggih,
Kapitan lan Majornja.

16. Mung punika ingkang popongan baris,
wus miranti ingkang wadyabala,
genti kotjap tjaritané,
Djeng Sultan Kraman Ngabdul,
Erutjakra Mirul-Mukminin,
andér néng pasanggrahan,
pepak Kembangarum,
Djeng Sultan aris ngandika,
marang wau Pangéran Natapradjèki,
Basah Prawiradirdja.

17 Timbalané Kangdjeng Sultan nenggih,
ingsun mjarsa pawarta wong désa,
bantu sing Surakartané,
wus prapta ing Delanggu,
amiranti sawadyanèki,
katah pradjuritira,
lan Pangéranipun,
nenem gunggungé sedaja,
pra Tumenggung katahirèki,
lawan tijang Madura.

18 Langkung katah pambarisanèki,
karja dadya bètèng Dlanggu désa,
Djeng Sultan gya dawuh agé,
mring para basah iku,
tuwin Pangran Natapradjèki,
Basah Prawiradirdja,
Pengalasanipun,
lawan Radèn Sinduredja,
dolahira Nataprana kang wewangi,
kinèn sami kapinga.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 342 - 343.

19.Marang dusun ing Kuwul kang nami,
angepunga Delanggu ing désa,
langgaren pabarisané,
Pangran Ngabèhi iku,
lah ta mara mangkata aglis,
wus samja pradandanan,
pra basah sedarum,
sijagèng gegamanira,
sakatahé Bulkija lan dolahnèki,
lawan pradjuritira.

.

20 Langkung katah santri kang pradjurit,
pan ginunggung lempaknja sadaja,
tigang èwu pan tjatjahé,
bandéra pitulikur,
atengara bedug lan bèri,
busana warna-warna,
asri jen dinulu,
pan angganggé sreban petak,
pra bulkija dolah gadung srebanèki,
badju teluwatunja (tuluhwatu?).

.

21 Sigra budal Pangéranirèki,
Natapradja titindih ngajuda,
basah Prawiradirdjané,
budal sawadyanipun,
Pengalsan wus budal sami,
ladjeng ing lampahira,
kang wadya sedarum,
samarga arerembugan,
para basah lan Pangran Nataneg.ri,
Wiradirdja mendema.

22. Natapradja kinèn andandani,
lan Sindurdja Pengalasan ika,
ki Natapradja dolahé,
kinèn kembula iku,
amendema sawadyanèki,
njabet sangking ngiringan
pan sampun arembug,
wus agilig anèng marga,
tan antra wus prapta tjelak kang baris,
nèng Kuwel tata-tata.

.

,23 Asijaga gegamaning djurit,
pra Bulkija sedaja sijaga,
sikep pedang lan tumbaké,
bedil kalawan pistul,
samja mudji kang para santri,
gumrunggung adikiran,
Bulkija sedarum,
Paréntahé Kjahi Madja,
sakatahé wadya santri jèn adjurit,
kinèn sami dikira.

.

24 Enengena tjaritanirèki,
genti kotjap wau mengsahira,
gègèr prapta keramané,
wus katur-katur iku,
Pangran Bèhi sigra mrèntahi,
mring kang para punggawa,
kinèn dandan sampun,
kaprabonirèng ngajuda,
gja tengara tambur slomprèt lawan suling,
bu.ekan kèh barisan,

MS.Or.Leiden 2163, blz. 343 - 345

25.Samja gugup kang para pradjurit,
wus wateké wadya Surakarta,
jèn badé tjampuh djuritè,
abingung solahipun,
tyasira pan langkung k umitir,
sawenèh darodogan,
gumeter andjetung,
kèh putjet ing ulatira,
ana manèh pradjurit lagi aguling,
ginugah kantjanira.

.

26 Pan kasusu panggugahirèki,
kang anéndra langkung kagètira,
pan ladjeng mlaju tanginé,
wèh gègèr kantjanipun,
pan dèn njana sampun adjurit,
lumaju pendir ngan,
katjebur ing sumur,
tan dangu ladjeng palastra,
nora nana kantjané ingkang nulungi,
gègèr baris sadaja.

.

27 Pangran Bèhi wus nitih turanggi,
para Mantri agujub sadaja,
Bupati kèh darat bahé,
ana kang sarèh iku,
anggentèni gamel ngambili,
dangu inganti ika,
meksa datan sampun,
kang darbé sigra tatanja,
japagéné kekambil tan uwis-uwis,
gusar ladjeng atedak.

28.Gamel matur pan sampun kjahi,
kapal bengkok tinuntun tan kena,
gja pinriksa ing lurahé,
apa édan sirèku,
akambil palangka beni,
gamel pan ginebugan,
sanget gusaripun,
tjinekak tjaritanira,
jun-ajunan keraman lawan kumpeni,
datan nedya mundura.

.

. Durma, XXVII

1 Sampun tjelak wadyabala Surakarta,
kraman sigra marani,
dateng barisira,
Pangran ing Surakarta,
wus samja prajitnèng djurit,
nabuh tengara,
kendang gong lawan bèri.

.

2 Barisira Pangéran ing Surak arta,
wétan enggènirèki,
barisé keraman,
wonten kilèn prenahnja,
wadya kraman nempuh wani,
wong Surakarta,
apanggih anggagahi.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 345 - 346.

3.Pra Bulkija anggregut pangamukira,
pra Mantri andadahi,
baris Surakarta,
miwah baris Madura,
wus sami tjampuh ngadjurit,
tumbak-tinumbak,
genti asilih ungkih.

.

4 Raméning prang tambuh mungsuh lawan rowang,
Madura akéh mati,
wadya Surakarta,
kjèhbe ingkang pralaja,
aramé dil-binedil,
pan long-linongan,
basah anjentak wani.

.

5 Aneradjang Wiradirdja song ngiringan.
sigra nulja numbaki,
sanget kagètira,
pradjurit Surakarta,
lumaju arebut urip,
katah kang pedjah,
pra Mantri dèn tumbaki.

.

6 Barisira rahadèn Sasrawinata,
dados pendjawat kéring,
tinradjang barisnja,
Basah Prawiradirdja,
lumaju angulon nggendring,
dateng Gabahan,
dèn Sasrawinatèki.

7.Djeng Pangér n Ngabèhi sigra lumadjar,
kénging songsongé kuning,
lawan lopak emas,
apan samja kebandang,
lawan pedangira kalih,
kénging keraman,
samja lumaju tebih.

.

8 Pedangira samja kinerangan emas,
kang wau sami kénging,
dateng wadya kraman,
wong Sampang bubar-bubar,
kantun Sasrawinatèki,
mundur nèng sawah,
wadyanira angiring.

.

9 Pan lumadjeng kabudjung dateng Gabahan,
nanging wonten tutwuri,
dèn kintil keraman,
munggèng ngiringanira,
kramanipun ingkang sami,
dyan Nataprana,
datan sah atut wingking.

.

10 Gja tinumbak Rahadèn Sasrawinata,
datan mawi ping kalih,
tjekap ladjeng séda,
Radèn Sasranagara,
sawadyané pra ngabèhi,
samja umangsah.
angamuk kraman wani.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 346 - 347.

11.Langkung ramé pra Mantri pengamukira,
tan kelar bandjur mati,
kabèh para lurah,
miwah para punggawa,
apan sami angemasi,
ing namanira,
wau kang samja mati.

.

12 Ingkang nama Ngabèhi Setrawidjaja,
Wirasastra ngabèhi,
lan Mas Kertajuda,
Ngabèhi Wirapradja,
pangarsa Djajadimurti,
lan Singataka,
Lurah Patijan mati.

.

13 Sutajuda pradjurit djadjar sadaja,
wong tiga likur idji,
ingkang samja pedjah,
mrijem kalih kaban<u>d</u>ang,
kang kalih kabekta mulih,
dyan Srawinata,
ingkang kaban<u>d</u>ang kalih.

.

14 Marijemé tjatjahé namung sekawan,
ingkang kaban<u>d</u>ang sami,
sisané kang pedjah,
apan samja lumadjar,
wau Pangéran Ngabèhi,
sawadyanira,
wong Madura tut-wuri.

15.Kja Tumenggung Bradjadipura lumadjar,
Dyan Sasrawidjajèki,
ngétan plajunira,
<u>d</u>ateng Gawok sedyanja,
kang baris Popongan dèsi,
Adinegara,
wadyanira tut wuri.

.

16 Pan katun<u>d</u>ung baris sangking Dlanggu désa,
mawut barisanèki,
ngalor plajunira,
wadyabala sadaja,
anggebjug Pangéran Bèhi,
<u>d</u>ateng Kalitan,
panggih lawan kumpeni.

.

17 Pan lumadjeng sadaja <u>d</u>ateng Kalitan,
undure Pangéran Béhi,
pan samja panggihan,
kalawan ing Walanda,
kang wonten Kalitan djagi,
namaning Landa,
Djéndral Panggen kang nami.

.

18 Wong Madura sami pareng praptanira,
anèng Kalitan Lodji,
sadaja panggihan,
wong Sampang lan Walanda,
miwah Pangéran Ngabèhi,
wus samja lenggah,
lawan para kumpeni.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 347 - 348.

19.Lawan malih Pangéran Surjamentaram,
baris lawan kumpeni,
anèng ing Kalitan,
akatah wadyanira,
wong Kartasura kang ngiring,
sampun rembugan,
lawan Pangéran Bèhi.

.

20 Amangsuli keraman kang ngobar ika,
bètèng Delanggu dèsi,
Djèndral sigra prèntah,
marang Kolonellira,
Kurnèl Wiebron kang Kumpeni,
sigra adandan,
arsa samja nglurugi.

.

21 Sampun rembag Pangéran lawan Walanda,
wus gilig tata sami,
ladjeng arsa budal,
karsa nglurugi kraman,
agantjang dènnja lumaris,
wadya Walanda,
kebat lampahirèki.

.

22 Djèndral Panggèn mbekta balanira usar,
gunggung lamun winilis,
satus kalih dasa,
lawan bala-Madura,
Pangéranipun kekalih,
ambekta bala,
sakariné kang mati.

23.Pan Kumpeni gamané sendjata bekta,
mrijemipun kekalih,
ingkang nuntun usar,
wus praptèng lampahira,
apan ladjeng napung djurit,
lawan keraman,
aramé nggènnja djurit.

.

24.Katah pedjah bala kraman ting sulajah,
miwah bala kumpeni,
surak awurahan,
ramé nggènira juda,
akatah pradjurit kanin,
wadya kang pedjah,
wangké sungsun atindih.

.

25 Pan kasoran balané wau keraman,
nggènira rebut djodi,
dedel-dedel kalah,
kraman ing perangira,
wus mundur kèh nandang kanin,
lumadjar samja,
ngilèn paranirèki.

.

26 Andj og dusun ingkang nama ing Kuripan,
mrijem keraman nenggih,
angsalira mbandang,
ladjeng kawon prangira,
ing samangké wangsul malih,
dateng Walanda,
Djèndral Panggèn kang ngambil.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 348 - 349

27.Ponang kraman mrijemé kekalih itjal,
apan kantun kekalih,
wus kabekta mladjar,
dateng wadya keraman,
wus prapteng Kuripan sami,
wus masanggrahan,
Pangran lawan kumpeni.

.

28 Kangdjeng Sultan Erutjakra mesanggrahan,
wonten ing Pengging nenggih,
kumpul wadyanira,
aneng ing pesanggrahan,
akatah balanirèki,
nèng pesanggrahan,
kang aran désa Pengging.

.

29 Djèndral Panggèn mesanggrahan lan Pangéran,
sawadyanira ngiring,
samja mesanggrahan,
bèteng Delanggu désa,
agantjang tjaritanèki,
datan antara,
bèteng samja kabesmi.

.

30 Apan telas bèteng Dilanggu sadaja,
kraman kang angobongi,
Pangran kalih bubar,
Walanda wus lumadjar,
wangsul panggènira sami,
bèteng Kalitan,
sadaja pra kumpeni.

31.Ing Delanggu ingkang kobar dipun tilar,
tan wonten Landa sidji,
ing Dilanggu sonja,
wus ngili mring Kalitan,
barangé wau kumpeni,
ingkang katilar,
sedaja dèn rajahi.

.

32 Wadya kraman kang wau samja mberandal,
kréta kalawan pitjis,
sami rinajahan,
dumateng wadya kraman,
datan wonten ingkang kèri,
wus binersihan,
brandal ingkang nggemeti.

.

33.Datan wonten dandanané kaliwatan,
bènteng Delanggu enting,
nora nana djalma,
ngumpul wonten Kalitan,
Delanggu kelangkung sepi,
anèng Kalitan,
kotjap Sultan nèng Pengging.

.

34 Apan karsa nglurugi marang Kalitan,
wus rembug pra prijaji,
mung ngantosi dina,
bala rembug sadaja,
kantun angkatira sami,
dateng Kalitan,
enengena ing Pengging.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 350 - 351.

35.Kang kotjapa Pangeran Adinegara,
lan Pangéran Ngabèhi,
balané sentana,
sampun sami sedija,
Kangdjeng Pangéran Ngabèhi,
arsa kundura,
mring Surakarta nagri.

.

36 Risaksana apan wus dandan sadaja,
Pangéran gja lumaris,
tan kawarnèng marga,
sentana sampun prapta,
ing Surakarta negari,
sabalanira,
Pangran ingkang kekalih.

.

37 Sedajané abdiné wus samja prapta,
nèng Surakarta nagri,
rawuh dalemira,
Pangran kakalih samja,
Pangran Dipati Ngabèhi,
Adinegara,
nengna Pangéran kalih.

.

38 Genti kotjap baris Pengging sampun mangkat,
nglurug Kalitan biting,
kraman ambeg sura,
nudj u ari Anggara,
ing wulan Sura marengi,
salawé tanggal,
wong Pengging samja baris.

39.Pan akatah barisé wadya keraman,
Djeng Sultan sampun prapti,
Ngasem Ngrangkah-tjina,
kang baris nèng Kalitan,
Tuwan Djèndral Panggèn nenggih,
pradjuritira,
kraman dipun tadahi.

.

40 Pan akatah pradjurit kraman kang pedjah,
kénging mrijem kumpeni,
baris kraman bubar,
Djeng Sultan Erutjakra,
lumampah mangidul nenggih,
wadya sadaja,
Djeng Sultan dateng Pidji.

.

41 Dateng Gawok Djeng Sultan sabalanira,
Djeng Sultan prapteng Pidji,
ladjeng mesanggrahan,
nèng dusun Petjèlengan,
Kangdjeng Sultan ladjeng baris,
dusun Tjèlèngan,
ngantos dumugi Baki.

.

42 Madjaraga dumugi dusun ing Manangm
déné kang anindihi,
Kertapengalasan,
lawan Prawiradirdja,
Pangéran Natapradjèki,
genti kawarna,
Surakarta nagari.

MS. Or. Leiden 2163 , blz. 351 - 352

43.Tan kinanda Djeng Sinuwun Surakarta,
kotjapa wong kumpeni,
sampun kapertjaja,
marang Djeng Sunan Sala,
kumpeni kala rumijin,
wus tepang lama,
jèn neda bantu djurit.

.

44.Milanipun Djeng Sultan sampun mijarsa,
karepé wong kumpeni,
datan mawi neda,
bala bantuning juda,
Sunan mirsa kraman baris,
sampun samekta,
Djeng Sunan amedali.

.

45.Kawarna-a Djeng Sunan asung nuwala,
dateng dalemirèki,
mring Natakusuman,
lan Dyan Djajadiningrat,
tan dangu surat wus prapti,
gantjang tjarita,
surat winatja aglis.

.

46.Pan mangkana bubukaning kang nawala,
kinèn medal ing djawi,
ladjeng samja dandan,
sakèhé wadya-bala,
Djadiningrat dèn timbali,
dateng Pangéran,
tan dangu nulja prapti.

47.Radèn Arja Djadiningrat sampun prapta,
sarta samektèng djurit,
saha wadyanira,
wus tata sigra budal,
sawadyanira angiring,
ramé sjaranja,
lampahé kang pradjurit.

.

48.Tan kawarna lampahira anèng marga,
kotjapa sampun prapti,
anèng ing barisan,
sedaja praptanira,
wonten dusun nama Baki,
ing Madjaraga,
baris kraman mijarsi.

.

49.Pan semana ladjeng tjampuh ing ajuda,
ramé nggènira djurit,
katah wadya pedjah,
kraman katah praléna,
kumpeni angedrèl wani,
pating gulimpang,
wangké asungsun tindih.

.

50 Punang kraman judané kabuja-buja,
mladjeng binudjung wani,
mring wong Surakarta,
kraman larut sadaja,
lumadjeng ngantos dumugi,
sedajanira,
prapta ing Tojawilis.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 352 - 353.

51.Genti kotjap rahadèn Djajadiningrat,
dyan Djajaningrat sami,
wangsul pangusirnja,
Pangran Natakusuma,
wonten ingkang perang malih,
nèng dusun nama,
ing Tjemani nggonnèki.

.

52 Langkung ramé judané wadya keraman,
tan wonten mangga pulih,
katah kang kabranan,
wadya ing Surakarta,
keraman akèh kang mati,
tumbak kumrapjak,
bedil lir gelap muni.

.

53 Tan antara judané kraman kasoran,
gja samja mlaju nggendring,
ing Gawok wus prapta,
Pangran Arja Mentaram,
lan Pangran Adinegari,
kang bandajuda,
wonten ing dusun Pidji.

.

54 Aprang wonten ing Pidji sakedap kawal,
Pangran Arja Mentawis,
kraman wus lumadjar,
dèn suk saparanira,
Pangéran Adinegari,
kang bandajuda,
binudjung ngantos dugi.

55.Pan lumadjar dusun Kuwel saha wadya,
angusir den andegi,
wangsul enggènira,
mring Bètèng ing Kalitan,
pepakan para pradjurit,
tuwin Walanda,
sarta angati-ati.

.

56 Genti kotjap kumpeni anèng Kalitan,
Sapar tanggal kaping dji,
Soma arinira,
djèndral Panggèn sedija,
akarsa wau nglurugi,
dateng Tjélèngan,
kraman nggènnja miranti.

.

57 Rowangira ingkang karsa nglurugana,
Klatèn para kumpeni,
Walanda sumahab,
kang wau wus arembag,
lawan Sunan Kartawani,
gilig rembagnja,
lawan Sri Narapati.

.

58 Kangdjeng Sunan Surakarta Adininingrat,
wus kangsèn lan kumpeni,
semana wus dandan,
pradjurit Surakarta,
lawan pradjurit kumpeni,
wusnja rembagan,
lan Klatèn kang kumpeni.

MS.Or.Leiden 2163 blz. 353 - 355.

59.Wong Walanda barisé sampun atata,
sedaja wus arakit,
kotjap duk semana,
baris sangking ing wétan,
atempuk kalawan baris,
Klatèn gambuhnja,
sami sareng lumaris.
.

60 Sareng mangkat Walanda lan baris Djawa,
pradjurité Sang Adji,
Natèng Surakarta,
akebat lampahira,
duk semana sampun prapti,
ajun-ajunan,
tjampuh raméning djurit.
.

61 Mundur ngilèn Kangdjeng Sultan Erutjakra,
Djèndral Panggèn nadahi,
pradjurit Kalitan,
kraman kasurang-surang,
Walanda angedrèl wani,
raméning juda,
lir gabah dèn interi.
.

62 Kangdjeng Sultan astané kiwa kang kena,
katiban pélor krebin,
èpèk-èpèk kiwax,
nanging rineksèng Suksma,
tan pasah angemu getih,
karahos gerah,
Sultan lèngsèr ngunduri.

63.Milanipun Kangdjeng Sultan Erutjakra,
selot apes ing djurit,
sring supé mring wekas,
udjaré ingkang sjara,
sring takabur djroning galih,
welingé sjara,
jwa tekabur sirèki.
.

64.Jèn djubrija tan wurung dadi Naréndra,
menawa nora kibir,
tulus karsanira,
amengku ing Mentaram,
sedjatiné wus pinasti,
ing durjating Hyang,
lokil-makpul tan gingsir.
.

65 Ladjeng andjog Djeng Sultan ing Sekarganda,
Erutjakra Dulkamid,
kèndel Sekarganda,
sawadyabalanira,
Pangèran Natapradjèki,
lan Pengalasan,
mundur dateng ing Wedi.
.

66 Pan katjrita lamun kanin trah kusuma,
wektu tjarita iki,
dingin ora ana,
satrija kenèng gaman,
wektu mangkin nandang kanin,
nanging tan pasah,
kabèh truh bumi gondjing.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 355 - 356.

Megatruh. XXVIII

1.Trah Kusuma rembesé madu puniku,
widjilé wong njukla-njukli,
amangan ing kaju gapuk,
basa madu iku ngèlmi,
masih anak putu Katong.

.

2 Nanging ana gara-garané Sang Prabu,
Erutjakra Ngabdulkamid,
tedaké wong tapa gunung,
grahana surja lan sasi,
tjahja sami abang marong.

.

3 Sanghyang arka tjahjanja semu abiru,
kang pratala gondjang gandjing,
surja kembar nganti telu,
njatané apes Narpati,
Erutjakra ngatut bojong.

.

4 Wus rumahos Sang Nata sadjroning kalbu,
sampun karsané Hyang Widdi,
béndjing Sang Nata ateluk,
kabojong marang kumpeni,
wus rumangsèng djroning batos.

.

5 Milanira Sang Nata ing lampahipun,
samarga-marga prihatin,
andulur Sultan mangidul,
tan mawi solah Sang Adji,
kinekes-kekes ing batos.

6.Prapta dusun ing pasisir ingkang kidul,
Sang Nata ngupaja wangsit,
salamènira lumaku,
tan angsal wangsit Sang Adji,
wus takdirira Hyang Manon.

.

7 Datan kandeg lampahé Sultan aladju,
pan ladjeng dateng Pasisir,
wus munggah dateng ing Gunung,
Djeng Sultan molar djro ngati,
asru nuhun mring Hyang Manon,

.

8 Ardi Djaler Djeng Sultan pan sampun mudun,
sangking saluhuring wukir,
sawadyanipun tut pungkur,
balanira kantun kedik,
kang nderèk dateng Sang Katong.

.

9 Langkung susah Sang Nata néng Redjasèku,
déné suda kang pradjurit,
amung kantun tigang éwu,
ingkang sami santri-santri,
kang séba maring Sang Katong.

.

10 Kiwa tengen ing dusun Ngredjasa sujud,
saurut Ngredjasa nangkil,
wétan kulon elor kidul,
sedaja sami sumiwi.
dumateng wau Sang Katong.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 356 - 358.

11. Enengena tjaritanira Sang Prabu,
Erutjakra Ngabdulkamid,
gentija ingkang winuwus,
ingkang bubar andjog Wedi,
wus prapta prijaji karo.

.

12 Praptanira prijaji roro umatur,
dumateng wau Sang Adji,
Kangdjeng Sultan sigra ndangu,
solahé andjog ing Wedi,
Pangran Natapradja Katong.

.

13 Kang satunggal Pengalasan namanipun,
wus matur prijaji kalih,
aturé amelas-ajun,
angsal pitulunging Widdi,
mripat kula mèh kotong.

14 Jèn kèngetan mimis geng sak djerukgulung,
kawula tan njana urip,
sangking karsané Hyang Agung,
wus matur titijang kalih,
aturé dateng Sang Katong.

.

15 Apan sami aturé ing kalihipun,
ngandika wau Sang Adji,
pangandikanira arum,
wus karsanira Hyang Widdi,
bésuk teluk sakèhing wong.

16. Ingsun batang sabalaningsun sedarum,
mbésuk ingkang santri-santri,
akatah ingkang sami teluk,
ija marang si kumpeni,
sun duga ing rasaningong.

.

17 Enengena gentija ingkang winuwus,
ingkang djagi wonten biting,
tedaké wong tapa gunung,
Pangéran namanirèki,
Kusumajuda Sang Anom.

.

18 Ingkang aneng bètèng Sumberan atugur,
patan rada gerah panastis,
arembag pan arsa kundur,
dateng Surakarta nagri,
rembag lan kumpeni kang wong.

.

19 Sakatahé kumpeni kang sami tugur,
ing bètèng Sumberan sami,
sadaja wus samja rembug,
Pangran kundur andjurungi,
pra Mantri takon tinakon.

.

20 Napa inggih Pangran badé arsa kundur,
udjaré kjahi Ngabèhi,
Resadiwirja puniku,
kula mireng mila inggih,
jèn makaten kula mbolos.

MS.Or.Leiden 2163 blz. 357 - 359.

21.Mas Tumenggung Sawunggaling ingkang kantun,
wus mangkat sangking ring biting,
Djeng Pangéran sampun kondur,
marengi ari Respati,
tanggal ping sanga mantjorong.

.

22 Wulan Sapar Djimakir ing tahunipun,
sinengkalan kondurnèki,
Pangéran Sumajudèku,
warna buta giri adi,
ndèrèk Mantri Baglèn roro.

.

23 Sadiwirja Wangsatjitra kalihipun,
dumateng wau negari,
sedaja wus mangkat sampun,
dalu mesanggrahan sami,
katah djanma sami nonton.

.

24 Sareng éndjing Kangdjeng Gusti gja lumaku,
asipeng naming sawengi,
nèng Salatiga puniku,
sareng éndjing gja lumaris,
wus dalu samja amondok.

.

25 Sampun éndjing mangkat sangking Bajawangsul,
dumugi ing Purwodadi,
anjaré namung sedalu,
éndjing bjar samja lumaris,
ramé kang wong samja nonton.

26.Ganti kotjap Kang Sinuhun genti metuk,
ametuk nèng Purwadadi,
semana sami amuwus,
Pangéran lawan Sang Adji,
Djeng Sultan ladjeng ngedaton.

.

27 Djeng Pangéran wus panggihan lan SangPrabu
ingatag kondur tumuli,
tan kawarna malihipun,
wus ladjeng lampahirèki,
rawuh dalemira kono.

.

28 Wusnja rawuh Pangéran sawadyanipun,
anderèk kang ngampil-ampil,
kang garwa sami ametuk,
sakatahé para putri,
tijang alit katah nonton.

.

29 Wus malebet Pangeran ing dalemipun,
Pangéran pinarak kursi,
sinéba kang para arum,
rampadan sampun sumadji,
daharan djenang lan lempog.

.

30 Pisang emas pidjetan kalawan duku,
durèn nangka lawan manggis,
kokosan rambutan mundu,
sawo-landa-puki-andjing,
sawo Djawa gedang Ambon.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 359 - 360.

31.Djeruk keprok, djambu petak djambu lumut,
Dresana lan Djambu Konjit,
pelem Dodol pelem Madu,
pelem Bala pelem Gandik,
pelem Sengir Bapang Santog.

.

32 Nangka djingga salak manis kembang-arum,
Sirkaja lan pelem blenjik,
sedaja sami akumpul,
wowohan kang manis-manis,
Nanas Wersah munggèng bokor.

.

33 Sakatahé pala djambu kumpul djambu,
wowohan awarni-warni,
piring djegong wadahipun,
djenèwer nèng gelas alit,
breduwin anggur sumahos.

.

34 Tan kawarna Pangéran néndra wus wungu,
kotjapa sampun alinggih,
wus dangu nggènira wungu,
nggènira wungu aguling,
ladjeng dahar lan Sang Sinom.

.

35 Pan agenti tjaritané kang winuwus,
Resadiwirja Ngabèhi,
lan Kjahi Wangsatjritèku,
anudju warsa Djimakir,
dina Anggara mentjorong.

36.Tanggalipun gangsalwelas wulan Mulud,
Resadiwirja Ngabèhi,
lawan Wangsatjrita iku,
kinon sami dateng lodji,
manggihi Residen kang wong.

.

37 Sakantjané wus prapta ing lodji sampun,
sapraptanira ing lodj i,
dawuhé Residèn iku,
ija sapa ingkang dadi,
pitadosira Sang Anom.

.

38 Ki Ngabèhi alon nggènira umatur,
mring Residèn kang Walandi,
aturé inggih puniku,
Wangsadrana kang wewangi,
kang sampun dadi pitados.

.

39 Apan sampun sedaja sami lumaku,
dateng Magelang negari,
ki Wangsadrana tan kantun,
angiring dateng Ngabèhi,
Sadiwirja Mantri Anom.

.

40 Jata tinggal lampahé ingkang djinudjug,
tan kawarna anèng margi,
kotjapa sampuning rawuh,
wonten Magelang negari,
mareg mring Residèn gupuh.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 360 - 362.

41.Enengena kang mareg Residén wau,
kotjapa wau kang kèri,
anèng Surakarta iku,
Ngabèhi Wangsatjitrèki,
Kjai Sutaredja karo.

.

42 Ki Ngabèhi Wanajuda inggih kantun,
lami-lami nusul malih,
sadaja sakantjanipun,
nusul mring Magelang nagri,
andjog lodji manggèn ing djro.

.

43 Sareng lami wusnja angsal ing nem santun,
Arungbinang nusul sami,
dumateng Magelang sampun,
wus prapta andjog ing lodji,
Pinrèntah Rungbinang kang wong.

.

44 Arungbinang atampa parèntah sampun,
dawuhé Polek kumpeni,
Arungbinang kinèn wangsul,
dateng Manorèh andjagi,
Klères nèng Menorèh manggon.

.

45 Damel bètèng sadaja kang wadya agung,
Arungbinang kang ngrèntjangi,
dateng Kurnèl Klères iku,
Arungbinang wus lumaris,
wus prapte Menorèh andj og.

46.Lami-lami Arungbinang gja kautus,
kang ngutus bangsa kumpeni,
Arungbinang wus lumaku,
dateng Wanasaba nagri,
wus késah ingkang kinongkon.

.

47 Pan lumampah saha wadyabalanipun,
Arungbinang wus lumaris,
wus minggah andjudjur gunung,
tan kawarna anèng margi,
prapta Wanasaba andjog.

.

48 .Enengena kang nèng Wanasaba iku,
Arungbinang kang Welandi,
Gentija ingkang winuwus,
Pangran Surakarta nagri,
kautus dateng Sang Katong.

.

49 Mring Semarang katelu wau kautus,
dumateng Sri Narapati,
Pangéran wus tampa dawuh,
gantjangé tjaritanèki,
Pangéran dandan wus mijos.

.

50 Gja lumampah Pangéran sawadyanipun,
datan kawarna ing margi,
wadya-bala pan gumrudug,
Pangéran titiga ngiring,
Panembahan Bumi-katong.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 362 - 363.

51.Kalihipun Djeng Gusti Purbaja tumut,
katiga Pangéran Bèhi,
kèh manggihi Djèndral iku,
wonten nagri ing Semawis,
dutanira Sanga Katong.

52.Para Mantri sadaja pan sampun tumut,
ndèrèk dateng ing Semawis,
kang nama Radèn Mas Dukut,
Radèn Major rowangnèki,
Kertawinata punang wong.

.

53 Ki Ngabèhi Resadiwirja tutpungkur,
ndèrèk dateng ing Semawis,
Pangéran lampahé ladju,
anjaré dusun ing Tjandi,
numpak rata datan alon.

.

54 Sarawuhé Pangéran Semarang wau,
dateng andjog dateng lodji,
Pangéran sampun arawuh,
dinten Sukra amarengi,
praptanja ladjeng kapergok.

.

55 Sampun panggih Komisaris ladjeng lungguh,
Dj eng Pangéran lenggah kursi,
anenggih Pangéran tjatur,
wu s tata pinarak kursi,
guneman sami mirahos.

56.Sinuguhan Dipati Semarang tumut,
samja dahar anèng lodji,
agenti larih anginum,
Pangéran wonten ing lodji,
asuka-suka gumuroh.

57 Wusnja dangu Pangéran samja arembug,
lan Kumpeni Komisaris,
pan sampun gilig kang rembug,
Pangran arsa kondur sami,
sing Semarang arsa bodol.

.

58 Pan atata Pangéran sawadyanipun,
pikulan sampun miranti,
pra Mantri kang ngrakit djagul,
Pangéran ngandika aris,
dateng Mantri Baglèn kang wong.

.

59 Ija sira paran jèn manira kondur,
Ngabèhi umatur aris,
duh Gusti Bendaraningsun,
gotongan tinata sami,
kang dados titijang Bodj ong.

.

60 Djeng Pangéran mesanggrahan pitung dalu,
wus panggih lawan kumpeni,
Djèndral Komisaris iku,
Pangran tabé nulja pamit,
mesanggrahan lodji Bodj ong.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 363 - 364.

61.Pan gumuruh sjarané kang wadya gung,
datan kawarna ing margi,
lampahira sampun ladju,
kotjapa pan sampun prapti,
ladjeng andjog ing kedaton.

.

62 Genti kotjap Djeng Sunan Surakartèku,
anudju wau tinangkil,
sentana para Tumenggung,
pra Pangéran sampun prapti,
atarab bjantarèng Katong.

.

63 Tan antara Pangran duta gja dinangu,
dumateng Sri Narapati,
Pangéran sigra umatur,
mabukuh aris dérangling,
umatur wau Sang Katong.

.

64 Inggih sampun kawula paduka utus,
dateng nagri ing Semawis,
inggih kula sampun tutug,
kepanggih lawan kumpeni,
sudaradalem Sang Katong.

.

65 Komisaris ngaturaken tabénipun,
dumateng paduka Adji,
k awula pan sampun rembug,
Komsiaris andjurungi,
ing Karsadalem Sang Katong.

66.Riseksana Djeng Sunan djengkar ngedatun,
pra wadya bubaran sami,
pangéran tjatur kundur sampun,
prapta ing dalemirèki,
pinetuk dateng dyah Sinom.

.

67 Gantya ari Djeng Pangran Sumajudèku,
umarek dateng Sang Adji,
Naténg swakèng Sitiluhur,
tanapi para Bupati,
wus munggèng ngarsa Sang Katong.

.

68 Dangu-dangu Djeng Sunan sigra adawuh,
ngandikané Sri Bupati,
dumateng ramanta Prabu,
umatur njaosi nami,
ngandikanira Sang Katong.

.

69 Inggih rama kawula ngaturi djuluk,
dumateng sampéjan ugi,
sarta ngong saosi pajung,
angagema kertas kuning,
lan nama Pangran Dipatos.

.

70 Djeng Pangran Arja Kusumajudèku,
Djeng Pangéran anampèni,
peparingira Sang Prabu,
kalawan kang songsong kuning,
patedanira Sang Katong.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 364 - 366.

71.Genti kotjap Djajasentika puniku,
mapan sampun nama Mantri,
ki Djajasentika iku,
mlampah ngétan dateng Djati,
marani kraman kang manggon.

72 Sampun prapta ing dusun Djati puniku,
pra kraman sampun pinanggih,
sedaja wus pinarunggul,
wus teluk kraman ing Djati,
sedaja sampun binojong.

73 Genti kotjap Pangéran wau kautus,
sareng dinten Soma manis,
Pangéran kinèn anglurug,
dumateng Popongan dèsi,
karsanipun Prabu Anom.

74 Wulan Sawal tanggal kalihdasanipun,
tekasih tunggil kang rumijin,
angkaning kang punang tahun,
marengi warsa Djimakir,
warna buta resi katong.

75 Wus lumampah Pangéran sawadyanipun,
dèn iring kang para Mantri,
Resadiwirja pan tumut,
lan Bèhi Wangsatjitrèki,
wus prapta Pongpongan mondok.

76.Pan adamel Pangéran barisan sampun,
anèng wau ing Sarimbit,
kang dados kepalanipun,
Wiranangga ingkang nami,
lan Demang sabaja karo.

77.Kiwa tengen ing Gumul pan ampun teluk,
sadaja wus sujud sami,
baris katah kalihatus,
wus sami munggèng ing ngarsi,
kiwa tengen sami ambrol.

78 Ngabèhi Resadiwirja karepipun,
pan amatjak baris malih,
ing sakiwa-tengenipun,
Djurang Djero kanan kéring,
wong désa katah kang tjahos.

79 Baris Djati tijang sèket katahipun,
Djajasentika kang nami,
kang dados titindihipun,
sakèhé wong désa Djati,
tanah Padjang sami tjahos.

80 Sampun angsal laminja sedasa dalu,
ingkang samja patjak baris,
djeng Pangèran ladjeng kundur,
ing Surakarta negari,
akarsa sowan Sang Katong.

Ms.Or.Leiden 2163, blz. 366 - 367.

81.Sampun budal saha wadya datan kantun,
tan kawarna anèng margi,
ing Surakarta wus rawuh,
wus midanget Sri Bupati,
Pangran ladjeng mring Kedaton.

.

82 Ginantjangken punika tjaritanipun,
Sang Nata sampun udani,
saaturé Pangran wau,
lamènira tan winarni,
duk matur tembénja rawoh.

.

83 Nèng Negara Pangéran mung kalih santun,
tampi dawuhé Sang Adji,
Djeng Gusti kinèn anglurug,
dusun Dasa-séla nami,
ingkang ndèrèk Radèn Major.

.

84 Lawan malih Radèn Danuwinatèku,
Wiranegara Bupati,
sawadyanira sedarum,
lan Resadiwirja Mantri,
Bèhi Wangsatjitra golong.

.

85 Tan winarna ing marga pan sampun rawuh,
Dasa-Séla kang dèn ntjiki,
Pangéran panggihan sampun,
kalawan wau kumpeni,
nama Tuwan Major Ibron.

86.Sampun rembug Pangéran ing karsanipun,
akarja bètèng Djeng Gusti,
anèng Dasaséla wau,
Djeng Pangéran amréntahi,
sakatahé kang ponang wong.

.

87 Wus pinatah akarja watu sapuluh,
Wiranegara Bupati,
lawan Major kalihipun,
kang s amja wau nindihi,
kang nambut-karja ponang wong.

.

88 Djasetika pan ingkang dadya tutunggul,
wong arahan désa sami,
lan Demang Sabaja iku,
sadaja samja mrèntahi,
pra Mantri katah kang djagong.

.

89 Ingkang karja bètèng Watu Sepuluh,
nengena kang wonten biting,
Pangéran pan arsa kundur,
kang abdi sijagèng sami,
mring negara sigra bodol.

.

90 Tan kawarna ing marga pan sampun rawuh,
ing nagri Surakartèki,
umreg bjantaréng Prabu,
Pangéran sampun alinggih,
ing ngarsanira Sang Katong.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 367 - 369.

91.Djeng Pangéran binagèkaken gja matur,
sasolahira tinuding,
wus katur sedajanipun,
Sang Nata ngandika aris,
ramanta kawula takon.

.

92 Lah ta rama paduka késaha gupuh,
pepanggihan lan kumpeni,
Salatiga kantor iku,
rembaga lan Komisaris,
jèn sangking ing karsaningong.

.

93 Djeng Pangéran sandika ing aturipun,
sumangga karsa Narpati,
ngandika malih Sang Prabu,
djengandika mangkat Kemis,
wulan Sura kang mantjorong.

.

94 Gja bubaran Sang Nata kun ur ngedatun,
kotjapa kang medal sami,
Pangéran sampunnja rawuh,
dalem karja surat aglis,
surat katri sampun dados.

.

95 Lumaksana kang surat wau katelu,
Bajunan Ngabean sami,
lan Pangéran Purbajèku,
seksana dipun tampèni,
winaos sinuksmèng batos.

96.Wus mangerti wau Pangéran katelu,
jen dawuh sangking Nerpati,
Pangéran tjatur ingutus,
kepanggih lan Komisaris,
Salatiga masuk kantor.

.

97 Wus ubaja pra Pangéran papat wau,
dumugi ari Respati,
akumpul Pangéran tjatur,
kebat ing tjaritanèki,
Pangran tjatur minggah tontor,

.

98 Numpak kréta Pangéran sekawan iku,
sinengkalan lampahnèki,
méntjo mas warining ratu,
wulan Sura amarengi,
tanggal pisan kang mantjorong.

.

99 Djeng Pangéran lampahé pan sampun ladju,
datan kawarna ing margi,
warnanen sampuné rawuh,
kepanggih lawan kumpeni,
ing Salatiga nèng kantor.

.

100 Gja tabéjan anulja sami arembug,
Kangdjeng Sultan Ngabdulkamid,
punika ingkang karembug,
supaja teluk Welandi,
karsané wau Sang Katong.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 369 - 370.

101. Ing negara Surakarta ingkang rembug,
sadaja wus ametuki,
karsané Djéndral binudjuk,
Erutjakra dèn aturi,
dateng Salatiga kantor.

.

102 Datan karsa Djeng Sultan Erutjakrèku,
jèn lamun dipun aturi,
mring Salatiga puniku,
malah Landa dèn timbali,
Sultan Erutjakra Katong.

.

103 Karsanipun Djeng Sultan Erutjakrèku,
karsané ngadjak pepanggih,
anèng Djaha-djaler iku,
Djèndral mangsuli kumpeni,
Setriwen ingkang kinongkon.

.

104 Djalma kalih kang kinon lumampah wau,
Walanda kalawan Kadji,
Kadji Ambjah namanipun,
wus tata sami abaris,
wong roro sami kinongkon.

.

105 Genti kotjap Pangéran sekawan iku,
wus pamit marang Kumpeni,
wadyanja tata-sedarum,
Pangran tjatur nitih sami,
kréta medal sangking kantor.

106. Tan kawarna ing marga Pangéran tjatur,
kawarna-a sampun prapti,
lumebet dateng Kedatun,
umarek dateng Sang Adji,
dyan sinapa mring Sang Katong.

.

107 Ri saksana kalima tata alungguh,
ingajap kang para tjèti,
tan kawarna solah ipun,
kotjapa duta kumpeni,
sampun prapta tjrakèng roro.

.

108 Djaha-lanang ri seksana wus tjumunduk,
wau dutaning kumpeni,
Kadji Ambjah kalihipun,
semana sampun alinggih,
Kadji Ambjah awot sinom.

.

109 Kangdjeng Sultan Erutjakra datan purun,
manggihi marang kumpeni,
Djeng Sultan karsanja sulur,
kang nama Pangéran Bèhi,
kalawan Kijahi Mahos.

.

110 Wus lumampah wau ta kijahi Guru,
lan Pangéran Hangabèhi,
sampun prapta Kijai Guru,
nengena datan kawarni,
kotjapa wau Sang Katong.

MS.Or.Leiden 2163,blz. 370 - 372.

111.Naranata ing Surakarta puniku,
sigra malbèng djroning lodji,
Pangéran sekawan metu,
sangking wau djroning puri,
prapta dalem gja leleson.

.

112.Genti kotjap kang anèng ing Djaha-djalu,
ingkang sami apepanggih,
wus panggih Kjai Madjèku,
guneman kalawan Kadji,
kumpeni lungguh metongkrong.

.

113.Tan kawarna rembugé Kadji lan Guru,
kotjap Setriwen kumpeni,
wekasé Djèndral kang wau,
ingkang nama Komissaris,
kang dadi gunem mangkono.

.

114. Tuwan Triwen samana nulja tjalatu,
tidak djadi kata ini,
katanja dia mau turut,
sama maunja kumpeni,
dan sekarang djadi bohong.

.

115 Gua kira itu Sultan betul turut,
en sekarang tidak djadi,
misih mau djadi musuh,
brangkali begitu baik,
sedija perang Sang Katong.

116.Ri seksana kang duta pan sampun mundur,
kumpeni pan sampun mulih,Pangran Bèhi inggih kundur,
lawan Kjahi Madja sami,
wus prapta ngarsané Katong.

.

117.Kangdjeng Sultan Erutjakra ngandika rum,
dateng guru Maha jekti,
ngandika wau satuhu,
jèn wis karsaning Hyang Widdi,
ingsun jèn bakal kebojong.

.

118 Sampun ngrahos Sang Nata ing dalem kalbu,
ija paran polah mami,
wus karsané Hyang Kang Agung,
wus bakal milu Kumpeni,
ing béndjang sawadyaningong.

119 .Langkung susah Sang Nata ing dalem kalbu,
sungkawa sadjroning galih,
tadaking wong tapa gunung,
ngrudatin tyas aprihatin,
kusuma rembesing tawon.

Dandang-gula. XXIX

1. Jata wau kawarna-a malih,
kang walanda wau lampahira,
Kurnèl sangking ing Menorèh,
wadya tumut sedarum,
saradadu sadaja ngiring,
tan kawarna semana,
pan sampun lumaku,
gumuruh sjaraning bala,
Kurnèl Klères wus mudun sangking ing wukir,
gunung Tawing kang nama.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 372 - 373.

2. Andjog wau dusun nama Tubin,
ènggal prapta bètèng ing Gembulan,
désa tanah Nglowanuné,
Bagelèn tanahipun,
pra kumpeni adamel biting,
akatah ingkang karja,
kerig tijang dusun,
Lowanu lan Salatijang,
ing Deraka Wana-tulus Karangdjati,
Krikilan Pekalongan.

.

3 Tunggarana lan Kedungpoh sami,
Kedung Lotong lawan Kedung Putijang,
Kedandèr lawan Maroné,
Djiwan Pogangan tumut,
Kedung Pandjang tanapi Djetis,
akumpul gegawéjan,
bekta pring lan kaju,
sakatahé wong telukan,
samja nggarap ing bètèng ingkang kinardi,
Pangran Mangkudiningrat.

.

4 Lawan Pangran Arja Mentawis,
lan Pangran Srja Prangwadana,
pra Tumenggung samja ndèrèk,
katah para Tumenggung,
pan nembelas telukan sami,
karja bètèng Gembulan,
wadya kalih atus,
kang sami anambut-karja,
sakatahé balané para Bupati,
wau kang samja nggarap.

5. Tan kawarna ing lamanirèki,
tjinatrita bètèng sampun dadya,
Kurnèl Kléres winiraos,
apan karsa lumaku,
sawadyané tinata sami,
ingkang bala batjingah,
lan Mantri Tumenggung,
semana sampun sanéga,
glising tjrita wus budal wadya kumpeni,
rempeg lampahing bala.

.

6. Lan Pangéran Prangwadana ngiring,
samja tumut Kurnèl lampahira,
sedaja wadya-balané,
wus prapta lampahipun,
ingkang nama dusun Ketangi,
semana ladjeng aprang,
kumpeni angesuk,
atjampuh lawan keraman,
datan dangu perangé keraman gusis,
bubar saparan-paran.

.

7 Nulja ladjeng lampahing kumpeni,
ngidul ngilèn wau lampahira,
wus prapta dusun Lubangé,
aprang wonten djro dusun,
langkung ramé nggénira djurit,
tan dangu gja kasoran,
kraman gja lumaju,
berandal asalang tundjang,
saradadu ingkang pedjah tigang idji,
gja lumampah anulja prang.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 373 - 375

8.Dusun Bondjok nggènira adjurit,
surak ramé pan amabl-ambalan,
datan antara perangé,
kraman agja lumaju,
pan kabutuh ing Telar sami,
kraman pedjah dwi dasa,
gangsal langkungipun,
keraman pedjah nèng toja,
ingkang itjal kasilep enèng ing warih,
ladjeng prang Karanganjar.

9 D
9 Datan ramé nggènira adjurit,
tan adangu kraman gja kasoran,
pra Pandji kraman kalihé,
Pandji kalih wus lampus,
kantjanira kang sami mati,
anenggih lilima,
ladjeng prang Pituruh,
tan dangu kraman lumadjar,
perangira semana Kurnèl kumpeni,
Pangran Mangkudiningrat.

.

10 Lan Pangéran Prangwadana nenggih,
sami kundur dateng ing barisan,
mring bètèng Maron karsané,
saksana gja lumaku,
tan kawarna enèng ing margi,
sampun prapta Malij an,
mesanggrahan sampun,
Pangéran Mangkudiningrat,
Prang-wadana nèng Lowanu amiranti,
Pangran Surjamentaram.

11.Anèng Kradjan saha wadya ngiring,
akukuwu anèng désa Kradjan,
Dipati Batang anderèk,
pan samja nèng Lowanu,
sawadyané sami tutwuri,
apepak sinarodja,
mjang para Tumenggung,
tuwin kang para Pangéran,
sedajané miwah kang para kumpeni,
wonten djro bètèng samja.

12 Apan genti wau kang winarni,
kang tjarita Sang Sri Naranata,
Surakarta negarané,
pinarak Sitiluhur,
ri seksana sigra ndawuhi,
ramanta Djeng Pangéran,
Kusumajudèku,
kang dawuh mawi nuwala,
wus tinampan kang surat dateng Djeng Gusti,
Pangran Kusumajuda.

.

13 Pan binuka srat sinuksmèng galih,
bubukaning ingkang nuwala,
Djeng Pangran wus ngerti kabèh,
Djeng Sunan gja ngedatun,
Pangran kundur ing dalemiréki,
sigra nulka dedawah,
animbali gupuh,
Tumenggung Udanegara,
sawadyane tuwin ingkang para Mantri,
pan kinèn tata-tata.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 375 - 376.

14.Radèn Ngabèhi Kartapradjèku,
lan Ngabèhi Kjahi Sadiwirja,
Bèhi Gorawetjanané,
wus rakit wadyanipun,
dawuhira Pangran Dipati
Gusti Kusumajuda,
pan kinon anglurug,
timbalanipun Djeng Sunan,
Surakarta kèn anglurug marang dèsi,
Baglèn panggènan kraman.

.

15 Djeng Pangéran kotjapa wus pamit
kawarna-a sampun lumaksana,
wadyabala ndèrèk kabèh,
kalawan Dèn Tumenggung,
ingkang nama Udanegari,
budal sing Surakarta,
alereb sedalu,
anèng nagri Surakarta,
sareng éndjing Djeng Pangéran budal malih,
njaré ing baja-lepjan.

..

16 Sareng endjing sigra mangkat malih,
tan kawarna lampahé nèng marga,
wus prapta Magelang njaré,
gja mesanggrahan sampun,
Djeng Pangéran sawadyanèki,
déné Kangdjeng Pangéran,
lan para Tumenggung,
lan pra Mantri sadajanja,
samja sipeng mandapané Dèn Dipati,
sedaja sinuguhan.

17.Sapraptané wau Kangdjeng Gusti,
nèng Magelang gènnja mesanggrahan,
wonten wau ing dalemé,
Radèn Dipati iku
Daniningrat ingkang wewangi,
pan namung gangsal dina,
gja budal gumuruh,
wus kebut kang pra prawira,
sampun prapte Menoreh lampahirèki,
pan ladjeng mesanggrahan.

.

18 Namung njaré Pangéran salatri,
éndjing budal andulur nèng marga,
lir laron labuh kapaté,
asri lamun dinulu,
sampun sami minggah ing wukir,
nama ardi Tjatjaban,
wadya-bala umjung,
dina nggara gja prapta,
ing Bagelèn bètèng Maron ingkang nami,
Kurnèl panggih Pangéran,

.

19 Djeng Pangéran mesanggrahan aglis,
wétan marga génira Pangéran,
tan kéri saha balané,
binagi pernahipun,
sakatahé wadya lit-alit,
atata pamondokan,
sedaja pan kumpul,
wus tata manggèn atarap,
Kangdjeng Gusti Sumajuda rembag pikir,
lawan Kléres walanda.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 377 - 378

20.Sampun angsal wau gangsal latri,
Djeng Pangéran gènnja mesanggrahan,
sampun gulig lan Kolonèl,
pinudju ari Saptu,
Djeng Pangéran ladjeng lumaris,
lawan wadya sadaja,
kumpeni tan kantun,
mring Bagelén ngangseg kraman,
sawarnané kéh dusun dipun ulati,
dateng Kangdjeng Pangéran.

.

21 Mas Ngabèhi Resadiwirjáki,
pirembagan lawan kant janira,
Gorawetjana ariné,
lawan Wangsatjitréku,
Tirtajuda katrénirèki,
pan kinèn tengga barang,
prijaji katelu,
rumeksèng nèng pesanggrahan,
néng Lowanu barangipun Kangdjeng Gusti,
Pangran Kusumajuda.

.

22 Pan tinilar barangé Djeng Gusti,
sawab kirang ingkang samja ngrembat,
milané tinilar bahé,
Pangran sampun lumaku,
wadyanira samja angiring,
bèhi Resadiwirja,
ingkang sami tumut,
barangé Kangdjeng Pangéran,
dipun usung marang Balédana sami,
koperé Djeng Pangéran.

23.Gja umangkat pan ladjeng lumaris,
ingkang dados petjalang ing nagrsa,
kjahi Resadiwirjané,
Djeng Pangran tindak sampun,
samja munggah anenggel wuk ir,
ardi ing Geger-Sangsam,
semana wus mudun,
andjog dusun Balédana,
ladjeng budal Pangéran ladjeng lumaris,
wus prapta ing Tresina.

.

24 Samja lereb ing Tersina latri,
sareng éndjing pan samja,
wus prapta Pekatjjangané,
amung sipeng sedalu,
sareng éndjing agja lumaris,
wus lepas lampahira,
andjog ing Winangun,
nulja ladjeng lampahira,
nulja njaré lèr peken Kebumèn nenggih,
ing dusun Wirajudan.

.

25 Endjang budal pan sampun dumugi,
tanah Roma dusun Klapa Gada,
kawengèn Pangéran njaré,
pan angsal tigang dalu,
sareng dinten Ngahad lumaris,
prapta dusun Pamrijan,
nulja éndjungipun,
Ngabèhi Gandawetjana,
lawan malih Ngabèhi Wangsatjitrèki,
ngaturaken nuwala.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 378 - 380.

26.Surat katur dateng Kangdjeng Gusti,
Sumajuda kang serat tinampan,
nuwala sigra binukjeng,
mangkana ingkang tembung,
kundjungipun Ing Kangdjeng Gusti,
koper dalem bendara,
rineksa ing dalu,
anging tiwa awak kula,
kala dalu tinukup mring kraman enting,
pun Kertapengalasan.

.

27 Tijang sèket kang nitih turanggi,
ingkang ngampak dateng awak kawula,
turangga sèket katahé,
kang waos gangsal atus,
pan gangsal bandéranèki,
lawan datan kuwawa,
koper-dalem kerbut,
kapalé Gorawetjana,
inggih kénging lan waos pun Njonjor kenging,
tumbaké Wangsatjitra.

.

28 Waos sulam inggih samja kénging,
kang satunggal kjai Wangsatjitra,
Djeng Pangran sanget krodané,
sigra sanéga gupuh,
Djeng Pangéran umangkat aglis,
sawadya-bala kuswa,
kurnèl datan kantun,
seksana samja lumampah,
Djeng Pangéran kalawan para kumpeni,
Respati ing arinja.

29.Tan winarna lampahirèng margi,
sampun prapta ing pabarisanira,
Pangran Mangkudiningraté,
wonten dusun Semawung,
Pangran Mangkudiningrat iki,
sedaja pra santana,
srebanan s edarum,
kalawan rasukan djubah,
kadjengipun kumpeni kinèn nglurugi,
kèn baris Winong kana.

.

30 Riseksana Winong patjak baris,
Djeng Pangéran pan ladjeng lumampah,
anaré anèng Winongé,
Pangran sawadyanipun,
pan kabekta marang kumpeni,
dateng Biting Gembulan,
Djeng Pangran wus angsung,
Pangéran Kusumajuda,
sampun prapta ing Winong ladjeng abaris,
akarja pamondokan.

.

31 Barisipun Pangran Adipati,
barisipun ing Winong sumahab,
Djeng Pangran Sumajudané,
gja wonten kraman nglurug,
marang Winong angrampit baris,
basah Djajasundarga,
saha balanipun,
Tumenggung Danukusuma,
saha wadya semana samja angiring,
lan Basah Pengalasan.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 380 - 381.

32.Ingkang dadya titindihing baris,
Kangdjeng Pangéran Dipanagara,
kalih-dasa bandérané,
pan wonten kalih éwu,
ingkang samja munggèng ing wadjik,
wong satus kalih dasa,
anempuh prangipun,
Radèn Arja Kertapradja,
ngadjengaken Djajasundarga pradjurit,
kang kidul prenahira.

.

33 Djajasundarga pan ladjeng ku-sir,
ngantos dumugi Séla-sinanglangan,
wétan Singalaba nggoné,
Pangéran barisipun,
anèng tengah awor kumpeni,
baris pendem karsanja,
lawan saradadu,
kalih-dasa langkung gangsal,
mrijemipun ambtekta namung satunggil,
musuh sami Pangéran.

.

Kangdjeng Pangéran Dipanegari,
ladjeng kawon pan sami lumadjar,
binudjung wadya-balané,
dugi Tresina dusun,
Kangdjeng Gusti wus wangsul malih,
Pangran Kusumajuda,
andjog gunung Djeblug,
dèn major Puspawinata,
ki Ngabèhi Resadiwirja ndon djurit,
mungsuh Danukusuma.

35.Ladjeng kawon kraman wus malentjing,
Radèn Tumenggung Danukusuma,
dumugi dusun Gemboré,
ladjeng wantji wus bedug,
Djeng Pangéran wus kundur sami,
dateng ing pesanggrahan,
saha punggawa gung,
wus amanggèn sowang-sowang,
sadajanja wadyabala samja mulih,
panggènanira lama,

36

36 Riseksana kraman anglurugi,
ngesuk wani mandjing Winong désa,
Djeng Pangran Sumajudané,
langkung kasesanipun,
Djeng Pangéran dandos pradjurit,
pan dèrèng ngantos dandan,
kang ndèrèk puniku,
kumpeni alit Russedah,
lawan malih saradaduné winilis,
gunggung rong-puluh lima.

.

37 Mrijemipun mung bekta satunggil,
lan Kjai Bèhi Resadiwirja,
punika samja andèrèk,
Pangran Sumajudèku,
sampun dugi petjalangnèki,
keraman sampun tjelak,
nèng tegil ngendanu,
Pangéran masang sendjata,
pan kasusu andampèng mrijem mring kali,
mrijem langkung kèwedan.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 381 - 383.

38.Nulja Pangran ladjeng andawuhi,
dateng Mantri Bèhi Sadiwirja,
ndikakaké mapagaké,
Mantri tumandang madju,
punang kraman dipun adjohi,
dateng Resadiwirja,
seksana kapetuk,
kekalih Pandji kang sura,
sendjatanja sada katahira nenggih,
Ngabèhi gja njendjata.

.

39 Pandji kraman sinendjata kénging,
kang satunggal wau namanira,
Pandji Pringgasentikané,
kena ing tepakipun,
ingkang kiwa niba ing siti,
kudanja gja lumadjar,
wus tjinandak gupuh,
mring Bèhi Resadiwirja,
wus kabandang kapalé wau Sang Pandji,
kang numpak gja lumadjar.

.

40 Mangsah tandang wau Ki Ngabèhi,
mleter mengsah mring keraman katah,
pan wus tebih pambudjungé,
nuli sradadu nusul,
Kang sedasa katatahirèki,
mring Resadiwirja ika,
sigra saradadu,
angedrèl mring Pandji ika,
ladjeng pedjah Tapijoga sira Pandji,
kasupit wonten toja.

41. Pradjurité wau sitra Pandji,
Tapijoga namung kantun tiga,
ladjeng wau dipun edrèl,
katri pan sareng lampus,
sendjatané dipun pendeti,
sabubaré keraman,
sendjata tetelu,
waosé kalih binekta,
ingaturan dateng wau Kangdjeng Gusti,
Pangran Kusumajuda.

.

42 Sigra mundur dateng Winong malih,
Djeng Pangéran wau mesanggrahan,
anèng pasar ing Winongé,
marengi Kemis iku,
Sadiwirja dipun dawuhi,
dateng Kangdjeng Pangéran,
pan kinèn angètju,
dateng dusun ing Ngalaba,
barisira Djajasundarga kèn nggitik,
sigra bèhi parèntah.

.

43 Nenggih dateng kang para pradjurit,
nulja prèntah ki Resadiwirja,
dateng wau Bekel Sarèh,
Naladangsa kèn ngètju,
dateng Singalaba ing latri,
Nalandangsa Pakutan,
alon aturipun,
inggih sandika kewala,
abdidalem Resadiwirja ngabèhi,
sarta tumut pijambak.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 383 - 384.

44.mBekta waos mung kawandasèki,
sendjatanja tiga katahira,
wus prapta wau prenahé,
bala umjang gumuruh,
ingkang ngètju nulja gé prapti,
ing latri djam sedasa,
baris bubar larut,
barisé Djajasundarga,
Singalaba kinètju semana gusis,
tukang gendéra pedjah.

.

45 Waosipun nenggih wolung idji,
sendjatanja pan namung satunggal,
ladjeng sami mundur kabèh,
wus prapta Winong dusun,
waos bedil katur Djeng Gusti,
dateng Kangdjeng Pangéran,
Kusumujudèku,
Djeng Pangéran lon ngandika,
d_ateng Litnan Lisdah wau kumpeni,
Pandenkoper wus prapta.

.

46 Pra Kumpeni bungahnja kepati,
déné kraman langkung sangking katah,
pan kènging kinètju kuwé,
mring wong kedik puniku,
tumbak bedil dipun tingali,
nenggih marang Walanda,
langkung trustèng kalbu,
bedil tumbak akèh kena,
samja tinon tumbak kinarja matèni,
dateng tukang bandéra.

47.Pra kumpeni bungahé kepati,
lakak-lakak sarwi suka-suka,
angentrog-entrog wentisé,
gentija kang winuwus,
sareng dinten Senèn marengi,
Gusti Kangdjeng Pangéran,
arsa dèn djak ladju,
amriksa ing désa-désa,
Djeng Pangéran ngaturan ngarep pribadi,
tindaké Djeng Pangéran.

.

48 Duk semana pan samja lumaris,
pra kumpeni lan Kangdjeng Pangéran,
wus lepas wau lampahé,
Kurnèl lan Saradadu,
gja dumugi désa Tresinèki,
wonten keraman katah,
akèh prawiraNung,
ingkang dadya Sénapatya,
Djajasundarga lan Tumenggung sawidji,
nama Danukusuma.

.

49 Basah Kretapengalasan katri,
pan lumampah ametuk Walanda,
karep ngadjak ngamuk [illegible]bàhé,
dateng kumpeni wau,
jata sampun kapetuk nuli,
aprang wonten ing marga,
sadaja anempuh,
pan ladjeng uleng-ulengan,
anèng marga aramé asilih ungkih,
sami long-linelongan.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 384 - 386.

50. Ri seksana kraman soring djurit,
dipun usir prapta ing Ngundagan,
Pengalasan tèkong téklé,
pan wus lumaju ndarung,
balanira sadaja mamrih,
Pangran parpta Ngundakan,
kraman sampun mawur,
dateng wau dusun Soka,
Radèn Major Puspawinata Ngabèhi,
nama Resadiwirja.

.

51 Dinawuhan kraman kinèn ngusir,
gja ingusir dugi dusun Soka,
keraman nèng pinggir lèpèn,
ki Resadirjèku,
sanja medal tengah sesabin,
lawan Puspawinata,
wau rowangipun,
wonten pradjurit titiga,
bala kraman bekta sendjata satunggil,
bekta kalih kang tumbak.

.

52 Jata wau pradjurit kang katri,
gja sinentak mring Resadiwirja,
lawan Puspawinatané,
sendjata kang djinaluk,
dateng wau kijahi Bèhi,
nama Resadiwirja,
sendjata djinaluk,
ngasungken sinèlèh kisma,
apan ladjeng tijangé dipun lamengi,
pradjurit nulja pedjah.

53. Kang pradjurit bekta waos kalih,
dyan djinaluk wau boten suka,
ladjeng tinumbak kramané,
dateng pradjuritipun,
Sadiwirja kjahi Ngabèhi,
wong kalih pedjah djadjar,
tan tebih nggènipun,
ngabèhi Resadiwirja,
lawan major nama Puspawinatèki,
wus mandjing dusun Soka.

.

54 Wusnja dangu kraman ingkang ndelik,
gja sinentak dateng Sadiwirja,
keraman bareng kagèté,
tan étung kraman ambjur,
anèng toja silem ing kali,
srebané binuwangan,
gundul ting pendusul,
bediké samja binutjal,
wonten lèpèn katah ingkang ngemasi,
dèn edrèl sangking daratan.

.

55 Katah pedjah nèng dasaring warih,
weteng ndjembling kekatahen toja,
miwah ingkang tatu kabèh,
sawidak katahipun,
kapalira tiga kang mati,
tjatjahé kapal pedjah,
Sadiwirja iku,
akatah angsal bandangan,
pan sendjata kalih-welas tjatjahnèki,
waosipun wolulas.

MS.Or.Leiden 2163, blz .386 - 388.

56.Miwah angsal bandangan Ngabèhi,
pan gamelan salendro larasnja,
sarantjak tiga kapalé,
sareng sabubaripun,
sakatahé kraman angungsi,
Kurnèl Klères punika,
ladjeng wau nusul,
dateng dusun ing Ngundakan,
sareng sampun praptèng ing dusunirèki,
Kurnèl ngrembag ron kamal.

Waringin ageng nglangkungi,
witira tinegori,
rinebahaken mring banju,
ngrubuhi tijang gangsal,
wong Madura kang negori,
kawandasa sigra kali katutupan.

.

4 Pan dadya ingkang sasak,
nulja lumampah pradjurit,
sakatahé wadyabala,
sasak sadina wus dadi,
dènnja njabrang ing latri,
sadajanira wus rawuh,
désa-désa ngalijan,
ngant os dalu nggènnja prapti,
bawanipun tebih nggènnja pasipengan.

.

5 Wadya asasambat katah,
wong alit pating kurintih,
dumèh tebih pasipengan,
kang darat sajah nglangkungi,
lan mentas sami kardi,
sasak ladjeng sami bandjur,
mangkat tebih sipengan,
mila sajah sadajèki,
samja angluh praptèng dalu sirep djalma.

.

6 Wonten dusun ing Ngalijan,
samja ndulu margi alit,
rumpil sarta mentas djawah,
lunjuné kepati-pati,
katah kang sambat mati,
tengah dalu praptanipun,
nama désa Ngalijan,
nanging tan wonten Wismèki,
krambil sepi grija lit tan wonten djalma.

S i n o m XXX

1.Walanda ngadjak rembugan,
Kangdjeng Pangran wus ngrodjongi,
andjadjah ing désa-désa,
wus gilig samja lumaris,
wadya-bala angiring,
wus lepas ing lampahipun,
aramé wonten marga,
sampun praptèng dusun Samping,
samja sipeng sedalu amesanggrahan.

.

2 Sareng éndjing gja lumampah,
sakat'ahé kang wadya lit,
lan Kurnèl Klères walanda,
apan sipeng kalih latri,
mila sipeng rong bèngi,
pan kabutuh lèpèn ladu,
ageng kali Medona,
jata Kurnèl rembug pikir,
lan Pangéran akarja adamel sasak.

.

3 Kénginga (k)adamel marga,
dèn woti wadya lit-alit,
pinggir lèpèn wonten wreksa,

MS.Or.Leiden 2163, blz. 388 - 389

Mung kaju arèn kang ana,
Pangran ngaub grija alit,
warni gubug wisma kraman,
namung sedeng tijang kalih,
Kurnèl lan Kangdjeng Gusti,
wadya lit katah kang ngujus,
Mantri sami kudanan,
tan ana ngaub sawengi,
negigilen wadya alit darodogan.

.

Sedalu tan wonten neda,
sedaja kang wadya alit,
Djeng Gusti langkung luwénja,
tijang latri tan abukti,
wong bekta sangu kedik,
warni beras dipun untut,
priksa ing kantjanira,
tinentak ing wong baring,
wong untut andjaluk djamaké tumbas.

Iki ana bras sapala,
untutan mung sadidik,
ing dermis njauri ngrem(p)pa,
inggih kula niki mitjis,
untutan ngong duwit,
inggih pinten reginipun,
nganti padon rega,
ras inguntut tumuli,
ingkang gadah angregani iki suwang.

Angutjap kang darbé beras,
iki ingong ndjaluk duwit,
ing nguntut mring kali sigra,
susu angkating baris,
kang darbé wus misuhi,
nulja ladjeng tan katjatur,
prapta ing ardi Tawang,
Djeng Pangran ladjeng wus dugi,
nèng Segaluh ingkang nama Purwaredja.

.

11 Djeng Pangran nèng Purwaredja,
pan namung saré salatri,
ladjeng budal mring Tojamas,
anjaré amung nem latri,
éndjing budal tumuli,
apan ladjeng samja wangsul,
dateng ing Purwaredja,
wus prapta sipeng sawengi,
sareng éndjing lumampah samja mangétan.

.

12 Ing Segaluh kang sinedya,
dumugi njaré sawengi,
éndjingipun gja lumampah,
saha wadya lan kumpeni,
dalu sipeng ing ardi,
ardi Tawang namanipun,
selaja rembagira,
Djeng Pangran lawan Kumpeni,
karsanira Djeng Pangran djog Wanasaba.

.

13 Ladjeng dateng ing Magelang,
Kurnèl ing karepirèki,
andjog marang ingkang désa,
Lowanu sinedyèng galih,
Djeng Pangran tan apti,
dangu kèndel putjak gunung,
wadyané atut wuntat,
Djeng Pangran nèng Tawang-wukir,
duk semana Kulnèl lumampah wus prapta.

14.Kemranggèn angidul ngétan,

andjog désa Lowannèki,

ladjeng prapta pra Walanda,

ing Bètèng Gembulan sami,

Kulnèl atutur maring,

ing kantja kumpeni agung,

genti ingkang kotjapa,

Djèndral Dekok mireng warti,

Djeng Pangran taksih wonten ardi Tawang,

.

15 Sekaja ing rembagira,

sigra Tuwan Djèndral kardi,

surat katur Djeng Pangéran,

wus dados punang kintèki,

lamat sing Djèndral muni,

Djeng Tuwan amuwus arum,

dateng ingkang dinuta,

kang surat tinampan aglis,

wus lumampah ing marga datan winarna.

.

16 Kotjapa Kangdjeng Pangéran,

kang lumampah anèng margi,

sawadya-bala sumahab,

Wanasaba nulja prapti,

sareng surup Hyang Rawi,

praptané Wanasabèku,

asta ari laminja,
wonten ardi Tawang nenggih,
ing samangkja mesanggrahan Wanasaba.

17 Duginé ing Wanasaba,

sareng dutaning kumpeni,

surat sampun tinampanan,

dumateng ing Kangdjeng Gusti,

surat tinampan aglis,

ungelé nuwala wau,

Djeng Pangran ingaturan,

katuding andjog ing lodji,

ing Magelang Tuwan Djèndral aran Panggja.

.

18 Djeng Pangran sigra lumampah,

budal sangking wau aglis,

nenggih dusun Wanasaba,

datan kawarna- ing margi,

lampahé sampun prapti,

Magelang sawadyanipun,

praptanira Magelang,

ladjeng andjog dateng lodji,

wus panggihan Djèndral anèng kantor besar.

.

19 Samja alenggah atata,

wus tabé lan pra kumpeni,

seksana sami apista,

adahar nginuman kenit,

Pangran lawan kumpeni,

wus tutug bubaran sampun,

Walanda samja medal,,

kang wadya sami umidjil,

Rineksana tan antara bubudalan.

.

20 Mring Bagelèn sedajanja,

wus prapta Menorèh nenggih,

sabalané Djeng Pangéran,

lumampah anèng ing wingking,

lampahé kang pradjurit,

aselur minggahing gunung,

wus prapta lampahira,

kang nagrsa wus njabrang kali,

sampun prapta pabarisan ing Gembulan.

MS.Or.Leiden 2163, blz.391 - 393.

21.Sadaja pradjuritira,
Djeng Pangran sampun alinggih,
wus panggihan lan Walanda,
sadaja sami manggihi,
dumateng Kangdjeng Gusti,
Pangéran Sumajudèku,
karepé Kurnèl Landa,
Pangran pan kinèn anggalih,
wonten kilèn marga ing sabalanira.
.
22 Pangéran Mangkudiningrat,
wangsul dateng ing nagari,
Magelang malih ndèrèka,
sawadyanira angiring,
Pangran Surjamentawis,
kumpul lan Dipati iku,
Sawunggaling kang nama,
karsané kulnèl kumpeni,
adamela bètèng Pakis lawan Kembar.
.
23 Tuwan Kulnèl wus lumampah,
lan Pangran Surjamentawis,
Sawunggaling rowangira,
Dipati Batang tinuding,
dateng Wanasabèki,
tuwan Kulnèl kang anuduh,
kang ngalor wus lumampah,
wadyanira kabèh ngiring,
ingkang ngidul lumampah bala gumerah.
.
24 Dipati Batang wus prapta,
sawadya Wanasabèki,
Tuwan Kurnèl prapta Kembar,
ing Pakis kinarja biting,
Pangran Surjamentawis,
wus prapta samantrinipun,
karja biting ing Kembar,
ing Pakis kinarja biting,
Wanasaba karja biting tugur arga,

25 Genti ingkang kawarna-a,
Djeng Gusti Sumajudèki,
ladjeng wau aparèntah,
dumateng wadyanja Mantri,
Resadiwirja nami,
wus djinundjung linggihipun,
sampun sinungan nama,
alinggih djeneng Bupati,
anama-a Tumenggung Mas Tjakradjaja.
.
26 Amarangi ari Soma,
ing wulan Djumadilakir,
pan nudju tanggal ping asta,
warsa Alip kang lumaris,
sengkalanira winarni,
Pantjasuda sjara ngratu,
wus tetep kang palenggah,
Arungbinang kang tinuding,
ananema Mas Tumenggung Tjakradjaja.
.
27 Ing Tanggung nama Bupatya,
wus mashur wong sanegari,
Mas Bèhi Resadiwirja,
djinundjung nama Bupati,
Tjakradjaja wewangi,
seksana gja tampi dawuh,
sangking Kangdjeng Pangréran,
Tjakradjaja kinèn djagi,
mesanggrahan tanèng ing Kedungmaesa.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 393 - 394

28.Lan kumpeni rowangira,
Litnan Lisdah ingkang nami,
semana samja lumampah,
tan antara sampun prapti,
Kedungkebo dèn nggèni,
anata pondokanipun,
wus patut rakitira,
wong sèket kang nambut kardi,
pan rumagang sareng let ing kalih dina.

29 Djeng Pangéran nulja tindak,
mring Kedungmaésa gipih,
budal tan wonten kantuna,
wadyanira Kangdjeng Gusti,
sedaja wus miranti,
sjarané bala gumuruh,
sami tata pondokan,
damel gubug alit-alit,
riseksana Djeng Gusti lenggah sinéba.

30 Pangéran alon ngandika,
mring Menggung Tjakradjajèki,
karsané Kangdjeng Pangéran,
kèn nimbali ingkang abdi,
kang wonten wétan kali,
kang abdi adjrih sedarum,
mring kraman kang singidan,
sedaja kelangkung wiwrin,
ngartikèng tyas ki Tumenggung Tjakradjaja.

31 Nuwun pamit mring Pangéran,
Djeng Gusti Sumajudèki,
linilan sarwi andonga,
Tumenggung lèngsèr wotsari,
pan sarta mbekta Mantri,
sanunggil Wangsatjitrèku,
tumut mring Tjakradjaja,
nelukken wong wétan kali,
pan wong désa punika arsa tianata.

32 Ingkang teluk dingin pjambak,
nama dusun Kedunggunting,
siti sèket katahira,
Semawung satus kang sabin,
ing Bara satus malih,
Pidji barisipun kumpul,
dateng ing Kemanukan,
Tjangkrep siti satus malih,
langkung sèket Putjangkreb sedajanira.

33 Brènggong siti Pantja dasa,
Tanggung sa-antéronèki,
satus kang teluk punika,
akatah kang sami baris,
Kemanukan akaping,
sedaja tyang kawan-atus,
pradjurit kang kapalan,
pan namung sedasa idji,
kang nindihi telukan sami arahan.

34 Ki Tumenggung Tjakradjaja,
lan bèhi Wangsatjitrèki,
ingkang dadya tunggulira,
angujuni wadya lit,
lan Wangsasemitèki,
Rangga Mertaprairèku,
pradjurit kawandasa,
ing dinten Dité marengi,
barisira Wangsatjitra kainggahan.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 394 - 396.

35.Kraman ingkang sangking wétan,
namané kang dados tindih,
Tumenggung Tjakranegara,
satunggil namanirèki,
Menggung Padmanegari,
akatah pradjuritipun,
kang kidul gja tumandang,
wau kang tarung rumijin,
sira Kjahi Wangsatjitra pan kasoran.

.

36 Judané ki Wangsatjitra,
Rangga lan Wangsamitèki,
wus kawon samja lumadjar,
mengalor sami anggendring,
Kemanukan wus enting,
kèh wisma sami bineldug,
Brandal sami angrajah,
wong Manukan sami ngili,
salang-tundjang wong wadon saparan-paran.

.

37 Mas TumenggungTjakradirdja,
Tumenggung Nilasrabèki,
ingkang ngangseg tarungira,
ingkang wétan anarungi,
nenggih ngantos dumugi,
Patjekelan raning dusun,
ing Tjangkreb barisira,
lumaju dumugi ing Plipir,
tan antara ing Plipir sami dèn obar.

.

38 Lumaju tan ana lawan,
judané Tjakradirdjèki,
nglud lawan Tjakranagara,
Mas Bèhi Wangsatjitra glis,
énggal matur ing Gusti,
Djeng Pangran Sumajudèku,
tan kawarna ing marga,
wadyané samja angiring,
Wangsatjitra wus prapta Kedungmaesa.

.

39 Matur dateng Gustinira,
Djeng Gusti Sumajudèki,
matur solahé ngajuda,
miwit tekèng m[illegible]asi,
wus katur sadajèki,
namaning mengsah puniku,
Tumenggung Tjakradirdja,
Tumenggung Nilasrabèki,
lawan malih Tumenggung Tjakranagara.

.

40 Pangéran nulja ngandika,
dumateng Tumenggungnèki,
ingkang nama Tjakradjaja,
kèn tandang mengsah ngadjurit,
Kjahi Tjakradjajèki,
sandika saha wotsantun,
siang latri ngong adjab,
nglampahi ajahan Gusti,
nadyan sirna kawula datan lenggana.

.

41 Prapta ing pati dadosa,
tetamèngipun ing Gusti,
kèlesa awor buntala,
adjur luluh awor siti,
Pangran ngandika ris,
lan sira nggawa-a gupuh,
tambur iku satunggal,
lan sèket para pradjurit,
lawan mrijem sira mbekta-a satunggal.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 396 - 398.

42. nGawa-a bedil limalas,
miliha kang betjik-betjik,
tumbak mbekta-a sadasa,
bandéra nggawa-a sidji,
wasijat sun bektani,
jaiku tumbakingsun,
kjahi Keré namanja,
seksana nembah wus pamit,
saha wadya Tjakradjaja anèng wuntat.

,

43 Lan Ngabèhi Wangsatjitra,
adjadjar nggènnja lumaris,
gunem nunggèng luhur kuda,
kang wadya dinulu asri,
tiningalan upami,
kadya bala pendaweku,
kedik agolong manah,
tan adjrih anabrang getih,
ambeg sura nedya nahur sih bendara.

.

44 Sampun prapta prenahira,
Kemanukan nggènnja baris,
wus dalu ing praptanira,
kotjapa pan sampun éndjing,
sigra wau lumaris,
lampahé bala mangidul,
andjog dusun ing Soka,
seksana tjampuh kang djurit,
lan keraman ingkang sami ambek sura.

.

45 Tan adangu nggénnja juda,
keraman lumaju nggendring,
saha wadya-balanira,
Tumenggung Tjakradjajèki,
kraman binudjung wani,
kang bendé munja angungkung,
bala ngangseg ing juda,
Tumenggung Tjakradjajèki,
angandika mring sakèh pradjuritira.

.

46 Sigra pambudjungnja gantjang,
ngantos prapta kang pradjurit,
dateng kang bale kraman,
ing dusun Kuripan nenggih,
ki Martaprairèki,
kénging pélor wentisipun,
awijar tatunira,
praptèng Djengkulan pradjurit,
anir pringga kénging mimis wudelira.

.

47 Ananging datan tumama,
gja mundur sanggrahan sami,
wus lami ngalih panggènan,
Tumenggung Tjakradjajèki,
dawuhana marani,
tjelak Plipir ingkang dusun,
sigra ki Tjakradjaja,
jasa bètèng dèn perigi,
nèng Bendungan kang séla tinumpang-tumpang.

.

48 Bètèng séla kang kinarja,
tinumpangan mrijem sami,
wétan satunggal arepnja,
Tumenggung Tjakradjajèki,
wus lami nggènnja djagi,
ladjeng ngakèn gilir wau,
nulja ki Wangsatjitra,
rembug lan para Bupati,
rembag gilir kang maring Kedung-maésa.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 398 - 399.

49.Pendak dinten andjogira,
ing Bandungan dènnja ganti,
wontena tetijangira,
Kedung-maésa djan asepi,
karsanèng kang Bupati,
klampahan pradjurit tugur,
agilir lakunira,
pradjurit dalem kang djagi,
selawe prah gilir sami kantjanira.

.

50 Ki Tumenggung Tjakradjaja,
kang nata pradjurit gilir,
semana sampun atata,
sadaja miturut maring,
kjahi Tjakradjajèki,
atanapi Mantri manut,
pradjurit kang adjaga,
wonten ing Dawuhan biting,
enengena dina Senèn kang kotjapa.

.

51 Adjeng kainggahan kraman,
sangking wétan kang nglurugi,
akatah tumenggungira,
lan Pangéran Pangran Bèhi,
Tumenggung Tjakra-nagri,
lawan Padmanegarèku,
Radja-niti malihnja,
sawadya-balané ngiring,
tigang èwu katahé pradjurit wétan.

.

52 Kepalanipun titiga,
bandéra pitu winilis,
nengena kraman kang nglanggar,
kotjapa kang tugur biting,
Dawuhan ki Ngabèhi,
Wangsatjitra énggal matur,
jèn badé kainggahan ,
rumahos boten kuwawi,
anadahi kraman katah sangking wétan.

.

53 Sigra mangkat Wangsatjrita,
mring Kedungmésa Ngabèhi,
tan kawarna lampahira,
kotjapa sampuning prapti,
Kedungmésa sira glis,
wotsari sarwi umatur,
mring Gusti Sumajuda,
umatur kabaring alit,
anglangkungi katahé kabaring kantja.

54 Kraman ingkang sangking wétan,
titindih tigang Bupati,
kawula nuhun bantu prang,
Djeng Gusti ngandika aris,
sapa kang sira pilih,
kula nuhun ki Tumenggung,
kilurah kang dadosa,
Sénapati mapag djurit,
anadahi pra Tumenggung sangking wétan.

55 Lan kraman tindih Pangéran,
rampung aturing Ngabèhi,
Djeng Pangran sigra angatag,
mring Tjakradjaja Bupati,
dawuhé Kangdjeng Gusti,
gamanmu prang duk rumuhun,
iku sira gawa-a,
bedamanira ing nguni,
ki Tumenggung aturé dateng sandika.

56.Tan lenggana karsa Tuewan,
semana wus matur pamit,
Mas Tumenggung Tjakradjaja,
wus mangkat Djeng Pangran mudji,
ndonga slamet ing djurit,
dèn iring ing wadyanipun,
datan kawarnèng marga,
kotjapa sampuning prapti,
wus umangsuk munggèng bètèng ing Dawuhan.

.

57 Salatri ki Tjakradjaja,
nèng Bendungan lan pradjurit,
saha wadya-balanira,
kotjapa wus gagat endjing,
kraman katah ndatengi,
pra prawira prapta gujub,
wonten biting Bendungan,
sedaja kraman wus prapti,
pepak ingkang bedamané ing ngajuda.

.

58 Wus tjelak kraman njendjata,
dateng wong sadjroning biting,
sawadya-balanja kraman,
kudu ngesuk ngrampid biting,
angrangsang mring kumpeni,
sareng mbedil pan gumrudug,
mimisé kang senapan,
lir udan dawuh ing biting,
pélor mrijem dawuhé lir tjengkir tiba.

.

59 Pélor kang dawah bendungan,
sakèhé ingkang pradjurit,
pradjurité Tjakradjaja,
wonten salebeting biting.
Kjai Tjakradjajèki,
parèntah maring wadyanipun,
pada sira ndodoka,
seksana andodok sami,
rampak ndodok anèng sadjroning bendungan.

.

60 Kabèh tetep pradjuritnja,
tan wonten ngedap ing galih,
Tumenggung titindih ira,
mrijemé tinunggu sami,
wadya nèng djero sami,
atata ing patrapipun,
atata manahira,
Tumenggung ingkang nindihi,
datan adjrih jèn lamun juda-kenaka.

P a n g k u r XXXI

1. Sakatahé wong arahan,
apan samja wonten sadjroning biting,
tjatjahipun tijang satus,
andodok tatrapira,
karsanira Tumenggung Tjakradjajèku,
samja kinon ping-ampingan,
śela pageré kang biting.

.

2 Kapalé Tumenggungira,
apan sampun wau kambili,
semana wus tjelak mungsuh,
pambudjungira tjelak,
lawan bèteng antawis wus tjaket wau,
mung let sabin kalih kotak,
wentara kalawan biting.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 401 - 402.

3. Grija lebet Biting samja,
apan katah ingkang katiban mimis,
kèh rusak sami arubuh,
kotjapa djalma désa,
Watu-djambul namané wau kang dusun,
katahira tijang tiga,
mbekta gaman tumbak sami.

.

4 Namané wau kang djalma,
pun Sadjaja ingkang sepuh pribadi,
pan titiga rowangipun,
samja amandi tumbak,
sigra mangsah Sadjaja medal angamuk,
dateng kraman kang sumahab,
kraman kèh samja ngunduri.

.

5 Kraman pan samja lumadjar,
bubar larut sedaja wus malentjing,
tjatjah tijang gangsal atus,
sami bubar sadaja,
marijemé Tumeng ung Tjakradjajèku,
apan mungel kaping tiga,
pan angsal tijang kalih.

.

Sangsaja kraman andjarah,
saja gantjang lumaju niba tangi,
bibrah kraman bubaripun,
bendé kadya petjaha,
tamburira lir péndah bedah pinukul,
suraknja kadya ampuhan,
kraman mandjing ing wanadri.

7. Sigra Ki Tumenggung medal,
sangking biting lawan pradjurit sami,
wus medal kjai Tumenggung,
sangking ring bitingira,
surakira anglir pèndah gunung rubuh,
aramé kang wadya bala,
sarta surakira andjrit.

.

8 Kang ambudjung Tjakradjaja,
Pangran Bèhi kang mawi songsong kuning,
lawan Tjakranegarèku,
lawan Padmanagara,
lawan Pandji Tjakradirdja namanipun,
pan sami lumadjeng ngétan,
apan samja njabrang kali.

.

9 Ingkang nama Kali Tengah,
ki Tumenggung Tjakradjaja anenggih,
meksih wonten kilènipun,
Pangran Bèhi ngandika,
dateng bala kang sami kinèn angamuk,
barisé ki Tjakradjaja,
seksana Tumenggung angling.

.

10 Pan kula dédé kusuma,
boten nama kula niki Bupati,
pan boten nama Tumenggung,
aran kula ki Resa,
apan inggih punakawan kang satuhu,
Djeng Pangran Kusumajuda,
nanging purun angembari.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 402 - 404.

11.Paduka nama Pangéran,
apan ingsun tan wedi songsong kuning,
sumangga agenti duwung,
tan wedi tutumbakan,
adja bala wong tjilik dikon angamuk,
wong kuli katah kang sajah,
dikon ngamuk pesti wedi.

.

12 Sampéjan kang kekapalan,
boten sajah sarta dipun songsongi,
pantesé wani angamuk,
amungsuh punakawan,
gja tengginas ki Tjakradjaja Tumenggung,
anjandak talempakira,
ki Keré wasijat Gusti.

.

13 Pangran Bèhi gja lumadjar,
saha wadya samja mandjing wanadri,
ki Tjakradjaja ambudjung,
dugi dusun Djakreta,
mulja wangsul saha wadya balanipun,
sigra lampahé mangétan,
wus prapta ing Kali-gesing.

.

14 Gja Tumenggung Tjakradjaja,
wangsul ngilèn ngambah tanah ing sabin,
lampahipun mangidul,
seksana gja kepapag,
lawan mengsah Menggung Tjakranegarèku,
punika kang darbé bala,
gja wau takèn ing Gusti.

15.Wadyané ki Tjakradjaja,
tan derana anulja dipun bedil,
kang kraman pan ladjeng lampus,
tinigas murdanira,
ingkang katah lumadjar minggah ing gunung,
sumengka napasé pesat,
kang tjekap ladjeng ngemasi.

.

16 Wonten mudun maring djurang,
sinendjata kraman kang kena mati,
katahé gangsal kang lampus,
kang murda tinigasan,
Anggawangsa Ngabèhi Putjangkreb puniku,
lan Ngebhèhi Setradésa,
dusun Bregong ingkang panti.

.

17 Lan Saradiwangsa pedjah,
wismanira ing dusun Wanadadi,
lan Wiradiwangsa lampus,
Sélamirah kang wisma,
lenggah Mantri seksana Tjakradjajèku,
wus mundur tan warnèng marga,
gja tjunduk saha wotsari.

.

18 Tumrap ing bjantarèng Pangran,
ngaturaken kraman kang samja lalis,
kalawan kang tumbak pitu,
marjem lawan sendjata,
pan sedaja bandangan apan wus katur,
langkung trustèng ing wardaja,
Tumenggung Tjakradjajèki.

19.Wus tinrima karjanira,
kja Tumenggung amit sigra wotsari,
saha wadya datan kantun,
dateng bèteng Bendungan,
tan adangu ki Tumenggung nulja rawuh,
wonten biting ing Bendungan,
djro bèteng wonten pradjurit.

.

20 Kang sami abantu aprang,
aningali sirah kraman kang mati,
tj atjahé pradjurit wau,
kirang langkung tan katah,
awetawis datan langkung gangsal puluh,
ningali sirah kang gangsal,
kang wus katur dateng Gusti.

.

21 Kalawan Ki Djajèngsastra,
ingkang wau sami anunginani,
sirah wau ladjeng katur,
Kurnèl lawan Pangéran,
nulja kinèn ngladjengaken sirah wau,
endasipun kraman gangsal,
lantas dateng Sumur-pakis,

.

22 Katuré Kurnèl walanda,
sareng mirsa ing sirah kraman lalis,
trima kasih udjaripun,
dateng Kangdjeng Pangéran,
duk semana Djeng Pangran ladjeng dedawuh,
nimbali tumenggungira,
Tjakradjaja ingkang nami.

23.Tan adangu sigra prapta,
wonten ngarsa ki Tumenggung wotsari,
Djeng Gusti ladjeng dadawuh,
marang ki Tjakradjaja,
kaja paran polahira ki Tumenggung,
iki ana lajang prapta,
lajang muni ndjaluk kuli.

.

24 Kja Tumenggung aturira,
pan kawula ngaturaken pati urip,
kang abdi boten sumanggup,
ngladosi kuli tijang,
Djeng Pangran ameksa pamundutipun,
aturé ki Tjakradjaja,
inggih sami tumut djurit.

.

25 Jèn Gusti amundut tijang,
ingkang abdi ngaturaken patti urip,
Djeng Pangran sanget kang bendu,
mundut kuli tan angsal,
ki Tumenggung datan pareng mantuk-mantuk,
sawab mopo aturira,
Pangéran tan dahar guling.

.

26 Sangking lingsem ing tyasira,
dateng Kurnèl tan waged paring kuli,
pan sanget susah kelangkung,
tan saged angsung tijang,
ki Tumenggung dèn rès sadinten sedalu,
datan klilan késah-késah,
Pangéran arip kepati.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 406 - 407.

27.Tumenggung inggih karipan,
sareng endjing tumenggung matur malih,
aturé pan sampun saguh,
pan tijang gangsal welas,
mung punika sagahipun ki Tumenggung,
Djeng Pangran trusteng ing nala,
pan ladjeng amundut bukti.

.

28 Wus tutug nggènira dahar,
lorodannja paringken Tjakradjajèki,
seksana lèngsèr sing ngajun,
ngrudatin ngupajèng tijang,
medal djawi apan ta sampun pikantuk,
ngaturken Kangdjeng Pangéran,
Pangéran ngandika aris.

.

29 Tjakradjaja luwih guna,
ija iku kuli teka ing ngendi,
umatur Tjakradjajèku,
abdidalem ing Panggyan,
ingkang asung nama Kramadimedjèku,
katahira pan sedasa,
selangkung sing Kedunggunting.

.

30 Sangking Demang Tadiwirja,
Djeng Pangéran andikanira aris,
lah uwis aturna gupuh,
mring tuwan Kurnèl ika,
bètèng kembar lawan Arungbinang iku,
wong roro pada sun duta,
aturna tyang pantja katri.

31.Duta dwi sareng lumakja,
tan winarnèng margi pan sampun prapti,
wus samja tata alunggguh,
tjrakèng kadwi tinanja,
Kurnèl Klères pangandikanira arum,
Tumenggung disuruh apa,
sama Pangran datang sini.

.

32 Umatur ki Tjak radjaja,
saja ini disuruh sama Gusti,
suruh kirim tabé itu,
dengan dikirim slamat,
duakali saja ini wjan disuruh,
Tuwan Pangran kasih orang,
tiga puluh lima lebih.

.

33 Tuwan Kurnèl sukèng ing tyas,
saja bilang banjak terima kasih,
Tuwan Pangran sungguh-sungguh,
kalihnja wus katrima,
njahosaken wau kuli kawah sasur,
wus dangu sami alenggah,
Tuwan Klères ngandika ris.

.

34 Tumenggung kalih tinanja,
dua orang berapa dipunja gadjih,
Tumenggung alon umatur,
saja blum dapat blandja,
tjuma kasih nem rupiah kerdja sangu,
itu dalam satu bulan,
ja saja mintakkan gadjih.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 407 - 409

35.Marang Djèndral Dekok sira,
ingsun bakal kirim lajang tumuli,
pinesti sira ing bésuk,
lèh gadjih swidak petak,
baturira katahé satus rong-puluh,
ing dalem sawidji djalma,
sun gadjih limalas putih.

•

36 Dèn Tumenggung Arungbinang,
bésuk musti dapat dipunja gadjih,
dapat sratus duwapuluh,
dan temen semuwanja,
itu bolèh belandja delapan puluh,
rupijah bulannja Sawal,
mulai terima gadjih.

•

37 Tumenggung kalih pamitan,
wis linilan seksana mundur sami,
tan winarna anèng ngenu,
tjumunduk bjantaranja,
ngarsèng Pangran ing Kedung-danu puniku,
umatur saha wot-sekar,
wau Bupati kekalih.

•

38 Arungbinang aturira,
amba sampun katutus mring Kangdjeng Gusti,
ngaturken tyang kawan-sasur,
sudara-dalem landa,
ingkang nama kurnèl Kalères puniku,
apan ta sampun tinampjan,
kintun tabé kundjuk Gusti.

39.Tjakradjaja aturira,
amba Gusti tampi dawuh kumpeni,
makaten witjantenipun,
béndjing ing wulan Sawal,
kula temtu tampi gadjih pitung puluh,
rupijah arta tembaga,
sarta kantja kula sami.

•

40 Arungbinang binalandja,
satus-kalih-dasa rupijah putih,
punika nggènipun dawuh,
inggih dateng kawula,
duka dalem jektos lawan botenipun,
sarta badé kintun serat,
mring Djèndral Dekok kang nami.

•

41 Pangéran alon ngandika,
sukur-sukur sira pada digadjih,
karo manèh ingsun rembug,
lan sira Tjakradjaja,
ing Pasutjèn gawéja bétèng ing riku,
pikiren lan mantrinira,
prakara dadiné biting.

•

42 Ki Tumenggung awot-sekar,
riseksana sigra sami lumaris,
sawadyanira tan kantun,
dateng bètèng Bendungan,
tan kawarna ing marga pan sampun rawuh,
wonten bètèng ing Bendungan,
sapraptané maréntahi.

43.Dateng kang para punggawa,
Demang Mantri kang sami dèn dawuhi,
Resasemita wus sanggup,
Rangga Mertaprawira,
pan sumanggup ingkang para lurah wau,
sumangga karsa kilurah,
sedaja sami nggujubi.

.

44 Seksana wus samja mangkat,
sedajané arahan ambekta pring,
wenèh mbekta kaju randu,
wenèh ambekta putjang,
tuwin dadap satemnune kaju-kaju,
kang sami wau ginawa,
datan lami nulja dadi.

.

45 Ki Tumenggung Tjakradjaja,
ladjeng tindak mriksani ingkang biting,
biting dadakan akukuh,
wus genah pamriksanja,
tandya ladjeng lampahnja kjai Tumenggung,
dateng dusun Pegagokan,
anulja njabrang ing kali.

.

46 Nama kali Bagawanta,
sareng dugi dusun Kagokan sami,
njabrang kali wétanipun,
wonten kraman katingal,
wonten dusun Koripan namaning dusun,
Mas Tumenggung Tjakradirdja,
Tumenggung Nilasrabèki.

47.Kekalih Tumenggung kraman,
apan katah pradjurit kraman sami,
awetara kalih atus,
pradjuriting keraman,
mung kekalih anenggih bandéranipun,
kapalipun kalih-dasa,
sareng dumugi ing kali.

.

48 Sigra kraman anjendjata,
mring barisé kjai Tjakradjajèki,
ki Tjakradjaja tumenggung,
wau kang sinendjata,
prèntahira jata wau ki Tumenggung,
bala tan suka malesa,
karepané ambedili.

.

49 Awit kraman anjendjata,
djam sadasa pan nganti djam satunggil,
sijang éndjing kawitipun,
ngantos mèh prapta ngasar,
dèrèng mantun nggènira mbedili wau,
keraman kaku tyasira,
déné datan anarungi,

.

50 Sigra kraman tandang mengsah,
madjeng njabrang sing wétan kali nenggih,
keraman pating garubjug,
kraman kang sami njabrang,
ingkang arahan keraman samja muntjul,
samja mbekta gaman tumbak,
bedil atanapi bandil.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 411-412.

51.Katahira kang arahan,
punang kraman lang kung genging kang Baris,
awetara kalih atus,
Tumenggung Tjakradjaja,
sigra mundur kadjengé kraman angesuk,
jèn wus ngelud punang kraman,
étja nggènira narungi.

52 Prapta dusun ing Tjengkowak,
undurira wau sakèh pradjurit,
barisé kraman mertelu,
kang sangking wétan ana,
ingkang sangking kilèn atanapi kidul,
pradjurité Tjakradjaja.
agirirs samja anggendring.

53 Pan sa mi mladjeng sadaja,
aningali tumenggung baris kosik,
kang wadya samja lumaju,
sigra ki Tjakradjaja,
njandak waos ampilan ageming Ratu,
Kjahi Keré namanira,
kang kidul sinander dingin.

54.Kraman kang sinander bubar,
mladjar ngidul ngantos dumugi ing dèsi,
ing Pendem namaning dusun,
wau Resasemita,
lawan Rangga Mertapawira kapetuk,
lan kraman adjeng-adjengan,
Tumenggung Tjakradirdjèki.

55.Lan Tumenggung Nilasraba,
ladjeng tangled ambudjung kraman sami,
kraman bubar mawut-mawut,
samja ambjur ing toja,
wadya kraman binedilan numbuk-numbuk,
kang tatu brandal titiga,
sendjatané kénging kalih.

56 Angsal tumbak mung satunggal,
samja kèndel angsalira angusir,
sigra wau ki Tumenggung,
midanget kang sendjata,
djeglug mungal sartanipun wonten kukus,
mumbul nggènnja désa wétan,
ing Brenggong dipun obori.

57 Dateng wau kang keraman,
Riseksana Tumenggung dandan aglis,
sedaja sabalanipun,
sigra sami luhampah,
sedajané wadyanira ki Tumenggung,
wus lepas ing lampahira,
sangking Tjengkawak wus tebih.

58 Ingkang tjarita gumantya,
ingkang wonten bètèng Pasutjèn sami,
samja ngutjap djroning kalbu,
Bendungan ana kraman,
pan sadaja amitjorèng djroning kalbu,
pun Resasemita miwah,
lawan Mertaprawirèki.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 412 - 414.

59.Ngabèhi Wangsasemita,
lawan Rangga Mertaprawira nenggih,
sedaja samja gegetun,
kotjapa lampahira,
inggih Sutaredja angundjuki weruh,
lumadjar sangking ing wétan,
kesatan napas tan aring.

.

60 Kapetuk Tumenggungira,
Tjakradjaja kepapag anèng margi,
aturé Sutaredjèku,
punika ing Bendungan,
kainggahan berandal kalangkung agung,
namané punang keraman,
Tjakranegara lan Pandji.

.

61 Ingkang nama Tjakradirdja,
kawan-atus katahé kang pradjurit,
dateng Bèntèng adjengipun,
sapalih dateng désa,
pan mangalèr lampahé wau gumrudug,
andjog dusun Ngawang-awang,
ing Brènggong ipun obongi.

.

62 Grija Brènggong samja kobar,
ageng alit pan telas déné api,
kumelun wau kang kukus,
ing Ngawang-awang telas,
rinajahan darbèké mésa lan lembu,
arané samja aperang,
Djajèngan ingkang narungi.

63.Tan adangu nulja prapta,
Ki Tumenggung Tjakradjaja nèng biting,
bèntèng Bendungan duk rawuh,
umijat kraman pedjah,
mung sekawan sami tigas pantjing rampung,
kénging pélor mrijem samja,
Djajèngan kang tarung djawi.

.

64 Ingkang pedjah namanira,
Rangga Pendem Surasemita nami,
kang tiga datan kawuwus,
nulja sira kabekta,
badé katur Pangéran Sumajudèku,
dumateng Kedung-maésa,
pesanggrahanira Gusti.

.

65 Angsal bandangan sendjata,
lawan waos samja katur ing Gusti,
Djeng Pangran sampun andulu,
dateng sirah sekawan,
miwah waos sedaja sami dinulu,
sareng nudju dinten Soma,
Tumenggung Tjakradjajèki,

.

66 Ngaturan dateng Popongan,
Kurnèl Kléres punika ingkang nimbangi,
dumateng Kjai Tumenggung,
Tumenggung sigra dandan,
mring enggoné tuwan Kurnèl Klères puniku,
lan Tumenggung Arungbinang,
kang tumut lawan Ngabèhi.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 414 - 415.

67. Ingkang nama Wangsatjitra,
karsanira Kalères kang kumpeni,
tan wonten kang mirsa wau,
sedaja wus lumampah,
tan adangu Tumenggung kekalih rawuh,
ing dusun nama Popongan,
wus panggih lawan kumpeni.

.

68 Tuwan K urnèl sigra ngutjap,
dateng wau sakèhé pra Mantri,
hèh kaprijé pada iku,
rembugen pada Djawa,
dyan kumpeni amirsa mangkat sedarum,
dateng dusun ing Tjengkawak,
kang badé dipun bètèngi.

.

69 Sampun sami pinariksa,
Arungbinang ingkang kinèn ndjenengi,
utawi Wangsatjitreku,
ningali ing panggènan,
tinengeran kang badé bètèng puniku,
ki Tumenggung Tjakradjaja,
kidul dusun dèn ideri.

.

70 Pra samja djinagang kisma,
pan sa-asta lebeté djinagang siti,
tuwan Kurnèl sigra muwuws,
dateng Tumenggungira,
ingkang nama Tumenggung Tjakradjajèku,
ini puhun bole mana,
puhun klapper kerdja biting.

71. Di Kedungkerbo disana,
saja kita bole jaitu baik,
dibawak aer menganjut,
kira bole djugak,
ja disana tlalu banjak nama puhun,
menegor disana sadja,
mesti boleh djalan sungi.

.

72 En disana sudah tradak,
kraman abis beklahi saben ari,
Tumenggung Tjakradjajèku,
alon ing aturira,
kaluk sukak dari Tuwan punja mau,
sini sadja lebih banjak,
puhun klapper baik-baik.

.

73 Tradak susah banjak-banjak,
trada lain disana sama disini,
Kurnèl ngutjap baik sunggu,
kalau dia njang bisa,
kira-kira dia bisa lebih tahu,
menegor puhunnja klapa,
katanja bisa sendiri.

.

74 Sudah baik sini sadja,
puhun banjak dengan deket sekali,
kalau sudah djadi itu,
saja bawak kelana,
kira-kira puhun ada ampat ratus,
ki Tumenggung Tjakradjaja,
saja kira ada lagi.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 415 - 417.

75.Ada sini banjak klapa,
saja kira ampat ratus sekali,
Tuwan Kurnèl gja lumaku,
ladjeng dateng Sumberan,
lan Tumenggung Arungbinang ingkang tumut,
lan Ngabèhi Wangsatjitra,
tan kèri Tjakradjajèki.

.

76 Anulja amesanggrahan,
nèng Pasutjèn anèng lebeting biting,
sapraptané prentah asung,
dateng Wangsasaemita,
miwah Rangga Mertaprawira tan kantun,
prijaji kakalih sagah,
aturé sandika sami.

.

77 Kinèn ngerig tijang katah,
angger uwong sarupané wong tjilik,
kinèn samja mbekta wadung,
karja bèteng Tjengkawak,
nggih sandika aturé Rangga sedarum,
tanapi Mantri wadaja,
Semana wus marèntahi.

78 Agant ang tjaritanira,
samja dateng kerigan tijang alit,
ambekta petèl lab wadung,
rinangkep lawan tumbak,
katahira tijang ingkang mbekta wadung,
an nggih tijang sewidak,
kawanàtus tumbaknèki.

79.Praptané tijang arahan,
djam pitu nèng Tjengkawak sami binagi,
punika parèntahipun,
Tumenggung Tjakradjaja,
wong arahan kang sami ambekta wedung,
kèn negori kang tirisan,
ingkang mbekta tumbak sami.

.

80 Kinèn sami ngusung grija,
pan kinarja pesanggrahan pra prijaji,
tanapi para Tumenggung,
miwah para kapala,
ing djam tiga pondok kang dadi sedarum,
kalih atus angsalira,
negori uwit kerambil.

.

81 Arikat paréntahira,
ki Tumenggung Tjakradjaja Bupati,
negor angsal kalih atus,
nora nganti sadina,
~~negor angsal kalih atus~~
awit éndjing pesanggrahan nulja rampung,
rong atus ponang tirisan,
kang wus rebah dèn tegori.

82 Wus dadya kang pesanggrahan,
tjaritanja wonten kraman ngunggahi,
keraman kang ndelik dusun,
nanging teksih kliweran,
kraman kalih tan purun-purun atelu k,
apan maksih kaliweran,
anangin tan menang djurit.

83.Wastané kraman kang ndjarah,
nama lami kraman ingkang akesit,
Tumenggung Tjakradirdjèku,
kalawan Nilasraba,
mbekta bala katahira kalih-atus,
asikep bedil lan tumbak,
granggang atanapi bandil.

.

84 Balané ki Tjakradjaja,
ladjeng sami adandan kang pradjurit,
arahan sami atumut,
sedaja sami tata,
sigra ngangseg keraman kang sangking kidul,
sangking dusun ing Tjeleban,
tan ana ingkang ngunduri.

D u r m a XXXII

1 Sami gugup barisé ki Tjakradjaja,
tijang tas ngangkat kardi,
teksih sami sajah,
nulja wonten keraman,
aramé bedil kang muni,
surak wurahan,
surak karngèng wijati.

2.Langkung sura ambegke kang wadya kraman,
titindihing ngadjurit,
Menggung Nilasraba,
lan Menggung Tjakradirdja,
tjutjuking prang wus narungi,
raméning surak,
anglir udan sumèni.

3.Gragang mawur tibané lir péndah djawah,
watu kinarja bandil,
ramé tumbak kang mara,
.. ..
wong tjilik kalawan Mantri,
udreg-udregan,
ganggas gagah tan gigis.

.

4 Raméning prang anèng dusun ing Tjelapar,
kraman angesuk wani,
dangu-dangu kraman,
asor ing judanira,
lumaju mangidul nggendring,
asalang tundjang,
saparné dèn usir.

.

5 Tekan bedug pangusiré Tjakradjaja,
kraman minggah ing wukir,
pan pating salebar,
kraman saparan-paran,
anusup dateng wanadri,
kjèh djalma désa,
nenggih samja angili,

.

6 Ting salebar wong Bedug lawan Krèndètan,
ngili dateng ing wukir,
samja ngungsi gesang,
wong désa kéring kanan,
wong dusun kelangkung adjrih,
ngungsi mring wana,
kraman kèh nandang kanin.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 418 - 420

7. Wadyanira ki Tumenggung Tjakradjaja,
lir buta rebut daging,
kraman langkung giras,
wisma Bedug ngobongan,
donja samja dèn rajahi,
mring wadyanira,
kjai Tjakradjajèki,

8 Pajungira Mas Tumenggung Nilasraba,
idjo soroté kuning,
punika kabandang,
amung pajung satunggal,
bandangan sendjata kalih,
waosnja tiga,
seksana mundur sami.

9 Tandya wangsul Tjakradjaja saha bala,
ngrusak ing urut margi,
saunduré wadya,
sangking Bedug angrajah,
grija kraman dèn rajahi,
judané kalah,
menggung roro anggendring.

10 Sampun wangsul ki Tumenggung Tjakradjaja,
sawadyanira ngiring,
prapta prenahira,
Pasutjèn Kemanukan,
wus rawuh andjog ing biting,
sampun atata,
wus ngaso kawan ari.

11. Ari Buda seksana samja sijaga,
nulja kebut kang baris,
Tjengkawak sinedya,
praptèng negor tirisan,
ki Wangsatjitra Ngabèhi,
Wangsasemita,
lan Martaprawirèki.

12 Ki Tumenggung Tjakradjaja anèng ngarsa,
sedaja Mantri ngiring,
dateng ing Tjengkawak,
ndandosi pesanggrahan,
tan adangu nulja dadi,
kang pesanggrahan,
kalawan bakal biting.

13 Tigang atus angsalé ponang tirisan,
teksih dipun pageri,
sareng wantji asar,
sami mantuk sadaja,
dateng ing Pasutjèn malih,
datan antara,
kraman ndatengi malih.

14 Anggraita ki Tumenggung Tjakradjaja,
mireng kraman ndatengi,
wonten dusun Sokan,
bala kinèn sedija,
anglampahaken kang baris,
ki Wangsatjitra,
lan Wangsasemitèki.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 420 - 421

15.Lawan malih ki Rangga Mertaprawira,
kalawan kang pradjurit,
seksana wus prapta,
wonten dusun ing Soka,
kraman wus dangu abaris,
datan antara,
ladjeng bedil binedil,

.

16 Datan dangu Mas Tumenggung Nilasraba,
sigra angangseg sami,
dateng barisira,
wadyanja Wangsatjitra,
aramé asilih ungkih,
sami prawira
prangé ingkang pradjurit.

.

17 Riseksana keraman ladjeng kasoran,
sigra binudjung wani,
mundur barisira,
kraman pating salebar,
brandal mlaju ting djempalik,
munggah ing arga,
ladjeng kasaput ing wengi.

.

18 Apan katah kang tatu wadya keraman,
wonten ing Banju-mati,
Rangga Tamenggala,
tatu pupu kang kiwa,
Mas Pandji Djajengtirtèki,
kapalé plangka,
sukunja tatu ngarsi.

19.Wonten malih wadya kraman pan arahan,
rinampog ladjeng mati,
anuli katilar,
dangu-dangu agesang,
seksana ladjeng atangi,
sarja angutjap,
pagéné ingsun kèri.

.

20 Genti tjrita ki Tumenggung Tjakradjaja,
nusul tutwuri baris,
datan dangu prapta,
anèng ing pabarisan,
nanging tan menangi djurit,
kepanggih sonja,
kraman sampun agusis.

.

21 Sarawuhé ki Tumenggung Tjakradjaja,
sampun boten menangi,
rawuh dusun Soka,
Tumenggung Tjakradjaja,
semana anulja mulih,
sawadyanira,
mring Sutjèn prapta biting.

.

22 Wusnja aso ki Tumenggung Tjakradjaja,
nulja ngemandah malih,
saha wadyanira,
dateng dusun Tjengkawak,
wus prapta Tjengkawak biting,
kala semana,
kotjapa wong kumpeni.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 421 - 422.

23.Kulnèl Klères dateng saha wadyanira,
prapta Tjengkawak biting,
nenggih rowangira,
Tumenggung Arungbinang,
lawan Wangsatjitra ngiring,
dateng Tjengkawak,
Klana samja angiring.

.

24 Sapraptané Tuewan Kulnèl ing Tjengkawak,
mandjing lebeting biting,
ndangu tjara Mladjar,
dateng ki Tjakradjaja,
jang pigimana disini,
dapet berapa,
bolehnja manegori.

.

25 Puhun klapper ki Tumenggung aturira,
tuwan sekarang ini,
lima ratus ada,
dapetnja semuwa,
belum dipotong mulai,
en misi pandjang,
ada mungsuh kemari.

.

26 Djadi brenti semuwa njang angkat kerdja,
semuwa bekelahi,
sama itu kraman,
mangka sampe sekarang,
mangka saja djaga sini,
en dari sebab,
tu mungsuh misi brani.

27.Tlalu betul lu Tumenggung punja kata,
sekarang itu tapi,
saja punja mintak,
boleh dikerdja lekas,
njang supaja lekas djadi,
bèntèng Tjengkawak,
Klana sudah kemari.

.

28 Dengan lagi keraman semikin banjak,
ati banjak kuwatir,
Tumenggung pamitan,
agja medal ing djaba,
wus tata pinarak sami,
lan pra kadéjan,
seksana maréntahi.

.

29 Sakatahé pra Mantri matur sandika,
napa karsanirèki,
ki Tumenggung ngutjap,
sedaja tan lenggana,
Kurnèl sampun wangsul malih,
sawadyanira,
dateng ing Sumberpakis,

.

30 Ingkang kantun kumpeni wonten Tjengkawak,
Igelberek kang nami,
lawan Litnan Kerap,
kumendan Selarika,
lan saradadu kèhnèki,
apan sawidak,
mrijemipun kekalih.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 422 - 424.

31.Tan alama bètèngira nulja dadya,
mrijem minggah satunggil,
pansijun kang nggarap,
nama Tjakrapramudja,
Mangkupradja rowangnèki,
pan sampun tata,
mrijemé minggah kalih.

.

32 Jata genti kanda keraman kang prapta,
pengagenging pradjurit,
basah Djajasundargam,
lan Kertapengalasan,
kalawan Reksapradjèki,
Pangéran putra,
nama Dipanegari.

.

33 Ingkang sepuh wus djumeneng nama Sultan,
Erutjakra Dul kamid,
salin namanira,
kagentosan putra,
ingkang arsa ngrangsang biting,
dateng Tjengkawak,
sigra tjampuh ngadjurit.

.

34 Pangran Blitar anèng djro biting Tjengkawak,
sedaja pra prijaji,
pan amping-ampingan,
bètèng kang dèrèng dadya,
sakatahé pra kumpeni,
amping-ampingan,
awedi kena mimis.

35.Ki Tumenggung Tjakradjaja sampun minggah,
ngadep mrijemirèki,
mrijem kang satunggal,
wadya mantri sadaja,
miwah kang para pradjurit,
samja adjaga,
ing mrijem kang satunggil.

.

36 Sigra medal ki Rangga Mertaprawira,
sangking sadjroning biting,
ambudjung keraman,
ramé dènira juda,
tumbak atanapi bedil,
raméning juda,
surak karengèng langit.

.

37 Pan gumuruh sjaraning kang wadyabala,
kraman ladjeng ngunduri,
binudjung lumadjar,
marang Mertaprawira,
kraman mandjing djro désèki,
ing Sumber-séla,
sadaja tan akèri.

.

38 Ki Tumenggung Tjakradjaja sigra mangsah,
kraman angungsir wani,
Kjai Tjakradjaja,
wau pambudjungira,
kidul Sumur Watu dugi,
kraman anggiwar,
pun Pengalasan kiting.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 424 - 425.

9.Lawan malih Pangéran Dipanagara,
gagah ganggas tan gigrig,
datan gugup gagap,
gegesnja tan ginega,
anggugu santrijan nenggih,
baris kawlandan,
Gorawatjana Bèhi.

.

Rowangira ki Rangga Mertaprawira,
ngilèn nggènira ngusir,
mbudjung Djajasundarga,
lawan Djajaprabangsa,
lawan Djajaprawirèki,
Djajadimedja,
kraman mandeg narungi.

.

Djuritira ki Tumenggung Tjakradjaja,
mimisnja sampun enting,
telas kang sudawa,
seksana sami nglempak,
sedya ambeg surèng djurit,
ki Tjakradjaja,
tata titi patitis.

.

Djam satunggal nggènira abratajuda,
genti ungkih-ingungkih,
wadya Tjakradjajan,
sinendjata mring kraman,
seksana satunggal kénging,
pilinganira,
sigra niba ing siti

43. Nulja pélor pinendet mring Tjakradjaja,
tan lebet nggènnja kanin,
rineksa Pangéran,
nenggih datan palastra,
jata Resasemitèki,
ajun-ajunan,
lan Djajaprabangsèki.

44. Sasemita ingajat arsa winatang,
lawan mungsuhirèki,
Menggung Djajapragota,
Resasemita nggiwar,
watangé tiba ing siti,
kebandang mengsah,
Resasemita nggendring.

.

45 Barisira ki Tumenggung Tjakradjaja,
sedaja sami wingwrin,
obat mimis telas,
binudjung mring keraman,
sedaja tan angundili,
mladjar sar-saran,
sigra kumpeni prapti.

.

46 Kalih dasa pan kulit petak sadaja,
sangking lebeting biting,
mbantu mimis obat,
dateng ing wadyanira,
Tumenggung Tjakradjajèki,
binagé rata,
obat mimis weradin.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 425 - 426.

47.Tandang mangsah ki Tumenggung Tjakradjaja,
lir Raden Séta nenggih,
rinebut kurawa,
tan etang durgamèngrat,
sedya nahur sih kumpeni,
wadya keraman,
angangseg ngesuk wani.
.

8.Rampak bala keraman sedya abéla,
anumpes mring kumpeni,
tetunggguling kraman,
gumrah surèng ing rana,
Walanda ingkang dèn intjih,
rijeg sadaja,
rembugé golong pipis.
.

9 Riseksana ki Tumenggung Tjakradjaja,
ngembat waos kumitir,
ki Keré kang nama,
kraman samja tumingal,
wadyané para kumpeni,
pan ambeg sura,
keraman nulja nggendring.
.

Langkung giris ningali wadya kuwlandan,
Pangran Dipanegari,
lan Djajasundarga,
lan Basah Pengalasan,
tan kèri Resapradjèki,
mring dusun Krasak,
kumpeni kang winarni.

51.Samja mundur lan pradjurit Tjakradjajan,
lumebet ing biting,
ing dusun Tjengkawak,
wau kumendan tiga,
hurmat metuk sukèng galih,
....
nenggih litenan katri.
.

52.Wus tabéjan ki Tumenggung Tjakradjaja,
nulja tata alinggih,
nama Litnan Kerap,
kalawan Tuwan Selar,
lan Igelbèrek katrèki,
asuka-suka,
samja larih linarih.
.

53 Litnan katri samja trusta ing tyasira,
gunggung Tjakradjajèki,
ngutjap tjara Mladjar,
Bupati Tjakradjaja,
itu orang baik-baik,
seksana bubar,
mulih prenah pribadi.
.

54 Kawarna-a tan antara ing laminja,
kraman anulja prapti,
njaleki Tjengkawak,
titindihing ngajuda,
Pangran ingkang aprang dingin,
Dipanegara,
lan Djajasundargèki.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 426 - 428

Djaprabangsa kalawan Djajaprawira,
Djajapragota nenggih,
basah Pengalasan,
lan Menggung Resapradja,
ingkang arsa ngrampit biting,
wus ambek sura,
kang sangking k ilèn prapti.

.

Ki Tumenggung Tjakradjaja wus prajitna,
sigra wau ndawuhi,
kang kilèn punika,
nggjan Djajasundarga,
aramé bedil-binedil,
datan antara,
para kraman ngunduri.

.

Pan kabudjung barisé Djajasundarga,
kausir ngantos tebih,
prapta Kemanggungan,
Tumenggung Tjakradjaja,
barisé n undurken sami,
dateng Tjengkawak,
wus mandjing djroning biting.

.

Pan antara keraman kang sami prapta,
sangking kidul ngadjoni,
Kertapengalasan,
Pangran Dipanagara,
sakèhé para ngabèhi,
Rangga keraman,
akatah kang pradjurit.

59. Sigra nempuh pradjurit Dipanegaran,
ambeg sura tinangkis,
ing pradjuritira,
Tumenggung Tjakradjaja,
adangu ungkih ingungkih,
datan antara,
mrijem djro bètèng muni.

.

60 Bubar larut sakèh kraman nundjang-nundjang,
pan sami dipun usir,
lumaju sar-saran,
kraman arebut gesang,
Tumenggung Tjakradjajèki,
wus mundur samja,
para prawira ngiring.

.

61 Sampun mandjing sadjroning bétèng Tjengkawak,
wus panggih lan kumpeni,
samja tata lenggah,
nulja sami daharan,
Kumendan tri sukèng galih,
sarwi angutjap,
kena sun gawé kanti.

.

K i n a n t i XXXIII

1 Sareng ari Dité nudju,
marengi tanggal satunggil,
aneggih ing wulan Besar,
wonten upas tjarakèki,
andjog bètèng ing Tjengkawak,
ki Tumenggung gja manggihi.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 428 - 429

2.Tjaraka ladjeng umatur,
mring Tjakradjaja Bupati,
aturé upas tjaraka,
kula ingutus kumpeni,
nimbali dateng sampéjan,
dateng bètèng Sumur-pakis.
.

3.Jata tinggal ki Tumenggung,
busana sijagèng djurit,
kang wadya samun sedija,
sampun rakit sadajèki,
seksana anulja budal,
andulur dinulu asri.
.

4 Datan kawarnèng ing enu,
gja prapta ing Sumberpakis,
tjumunduk bjantarèng landa,
Kalèeres ingkang kumpeni,
wus samja lenggah atata,
tuwan Klères angling aris.
.

5 Dumateng kjai Tumenggung,
njang saja panggil kumari,
saja trima kestul duwa,
dari tuwan Djèndral ini,
dikasihken sama dija,
ini ketjil baik-baik.
.

6 Dikasihken sama elu,
sabab dija kerdja biting,
sudah djadi di Tjengkawak,
Tuwan Djèndral sukak ati,
en lagi lu langgar kraman,
sudah perang duwa kali.

7.Belanda trak turut-turut,
dwa kali untung sekali,
Pangéran Diapanagara,
lu njang brani usir-usir,
djadi saja sama djendral,
tlalu banjak trima-kasih.
.

8 Seksana Kjahi Tumenggung,
nampèni kestul serakit,
angutjap pan sarwi hurmat,
saja Tuwan trima kasih,
dari Tuwan punja kasjan,
saja mau minta balik.

9 Pulang di Tjengkawak itu,
Tuwan Klères angling malih,
ini tempatnja senapan,
kajunja trembalo baik,
Tumenggung sampun atampa,
lèngsèr sing ngarsa kumpeni.
.

10 Ing marga datan winuwus,
Gja prapta Tjengkawak biting,
sedaja sampun mijarsa,
Tumenggung tampi ingkang sih,
sangking tunggulé Walanda,
anèng Bètèng Sumur-pakis.
.

11 Agenti ingkang tjinatur,
Djeng Gusti Pangran Dipati,
kekuwu Kedung-maesa,
sinéba pra prawirèki,
seksana nulja ngandika,
wau Pangran Adipati,

MS.Or.Leiden 2163, blz. 429 - 431.

12.Hèh botjah sira ngong utus,
timbalana dipun aglis,
ki Tumenggung Tjakradjaja,
kang nama Tjengkawak biting,
tjaraka gja lumaksana,
akebat munggèng ing wadjik.

.

13 Ing marga datan winuwus,
kepanggih Tjakradjajèki,
manebdèng tjrakèng Pangéran,
panduka dipun timbali,
ing Djeng Gusti Sumajuda,
sareng lampah kula niki.

.

14 Agupuh kjahi Tumenggung,
sandika karsané Gusti,
sijaga ki Tjakradjaja,
wus budal wadyanja ngiring,
datan kawarna ing marga,
Kedungmésa sampun prapti.

,

15 Ngarsané Kangdjeng Gustiku,
mabukuh saha wotsari,
ngandika Djeng Pangran ledjar,
mring Menggung Tjakradjajèki,
selamet ki Tjakradjaja,
nggonira ndjaga kumpeni.

.

16 Ki Tjakradjaja umatur,
sawab dalem nggih basuki,
sudara-dalem Kumendan,
Tjengkawak kang djagi biting,
kintun tabé Djeng paduka,
Pangran nabdèng trima-kasih.

17.Ngandika malih sang bagus,
mring kjai Tjakradjajèki,
iki ana lajang teka,
sangking Surakarta nagri,
nuwalané Kangdjeng Sunan,
surasané ingkang tulis.

.

18 Pan mangkono tembungipun,
aparing marang sirèki,
Djeng Sunan aparing nama,
Dipati Tjakradjajèki,
sun tampakken marang sira,
sineksèn para pradjurit.

.

19 Amengkuwa sira iku,
Bumi Tanggung sadajèki,
sa-antéro wukir Lebak,
kabawaha ing Dipati,
ing tanah Tanggung sadaja,
limang atus sedajèki.

.

20 Dipati Tjakradjajèku,
nuhun turé awotsari,
misuwur wong Tanggung samja,
agung alit djalu estri,
jèn Tumenggung Tjakradjaja,
djinundjung nama Dipati.

.

21 Mengku bawah gangsal atus,
ing Tanggung lenggah Dipati,
Djeng Gusti anulja pista,
lawan abdi para Mantri,
anggijarken pangandika,
saur peksi pra pradjurit.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 431 - 432

22. Pangéran agja dedwuh,
dumateng ki Adipati,
wus rampung timbalanira,
sigra pamit marang Gusti,
Djeng Pangéran angandika,
lah ija dèn ngati-ati.

.

23 Ki Dipati aturipun,
punapa karsané Gusti,
sigra Sang Dipati Budal,
lèngsèr sangking ngarsa Gusti,
wadyanira sampun tata,
upatjara samja ngirijg.

.

24.Sampun lepas lampahipun,
tan dangu nulja gé prapti,
anèng bètèng ing Tjengkawak,
praptanja nulja alinggih,
pepak ingkang pra prawira,
sedaja ngadep Dipati.

.

25 Para Mantrinira sujud,
Dipati ngandika aris,
pan kula tampa gandjaran,
sangking Djeng Sunan negari,
dipun pindah nami kula,
Dipati Tjakradjajèki.

.

26 Kabèh siti gangsal-atus,
pan kula kinen ngujuni.
seksana ki Adipatya,
kuwasa akarja Mantri,
lan sujud kang wadya kuswa,
pra prijaji sami asih.

27.Pan asih mring pambekipun,
tjekak bener agemnèki,
penggalih resik santosa,
pan tuhu netepi djandji,
terus terang ing parèntah,
datan manggih sangga runggi.

.

28 Waskitèmg angitih wadu,
temené anambut kardi,
taberi datan bosenan,
sabarang kang dèn lakoni,
mung anjpita dadinira,
sumarah karsaning Gusti.

.

29 Lami nèng Tjengkawak tugur,
pan sami guneman pikir,
karsané badé ngamandah,
dateng Bedug kang dèn intjih,
seksana rembagé rikat,
wus tata budalan sami.

.

30 Gja budal sawadyanipun,
Dipati Tjakradjajèki,
saha kang para prawira,
nèng marga dinulu asri,
arempeg lampah wadyanja,
atata lampahé baris.

.

31 Sinigeg ingkang lumaku,
keraman ingkang miranti,
nèng Bedug ki Nilasraba,
Tumenggung Tjakradirdjèki,
Ngabèhi kalawan Rangga,
Pandji tanapi pradjurit.

32. Seksana ladjeng atarung,
aramé nggenira djurit,
ki Dipati Tjakradjaja,
anjerot sawadyanèki,
keraman sami lumadjar,
tan ana kang mangga pulih.

.

33 Gentija ingkang winuwus,
Kumpeni Tjengkawak biting,
anusul mring Adipatya,
anenggih litnan kekalih,
Inggelberek lawan Islar,
sra-dadu wolung-dasèki.

.

34 Kumpeni pan sampun rawuh,
pernahé kang andon djurit,
Baradadu wolung-dasa,
kang samja nusul Dipati,
nanging tan menangi juda,
para kraman wus malentjing.

.

35 Dipati sigra angelud,
keraman kang munggah wukir,
dumugi dusun Suwéla,
keraman nusup wanadri,
Suwéla pan rinajahan,
Pondoké keraman nenggih.

.

36 Ingobaran wisma ngriku,
sedaja pan sampun enting,
bèbèk ajam rinajahan,
Dipati Tjakradjajèki,
nenggih antuk kang bandangan,
bedil mawi sangkuh katri.

37. Satunggal kang pedang suduk,
antuk pitu kang tu-gigi,
angsal waos nenggih gangsal,
seksana ngundurken baris,
kepapag kang lagja prapta,
kelawan litnan kekalih.

38 Kepanggih wonten ing dusun,
Karèndètan tabé sami,
manggèn pondoké keraman,
seksana atata linggih,
bandangan wus tinampanan,
sadaja dateng kumpeni.

.

39 Inggelberek ingkang ngusung,
bandangan binekta sami,
ingaturken kulnèlira,
Kalères ingkang kumpeni,
sarta binektanan surat,
lumakjèng mring Sumur-pakis.

.

40 Ki Dipati sampun kundur,
kalawan Litnan kekalih,
dateng bèteng ing Tjengkuwak,
saha wadya samja ngiring,
wus prapta datan winarna,
umandjing dateng ing biting.

.

41 Gantjanging tjaritanipun
Kalères tunggul kumpeni,
karja bèteng sampun dadya,
dusun Wadja lan Magilis,
kekah pinggir Bagawanta,
arahan kang nambut kardi.

MS.Or.Leiden 2163 Blz. 434 - 435

42.Enengna datan winuwus,
gentija ingkang winarni,
Kangdjeng Sultan erutjakra,
midanget solah kumpeni,
karja biting sampun dadya,
ing Wadja nèng pinggir kali.

43 Punika arsa pinukul,
seksana sijagèng djurit.
wus budal tan warnèng marga,
gantjanging tjarita prapti,
nèng dusun Telagaléla,
pradjurit sedaja ngiring.

44 Sultan mesanggrahan sampun,
prawira katah kang ngiring,
kekuwu ing Tlagaléla,
ing solah datan winarni,
apan samja pirembagan,
sakatahé pra pradjurit.

45 Djeng Sultan ngandika arum,
dumateng para pradjurit,
mara pada rembugana,
kumpeni pikir pan iki,
gawé biting anèng Wadja,
wus rupak pasaban mami.

46 Walanda saja angangkut,
bitingé saja mratani,
lah pada sira pikira,
umatur pradjurit sami,
jèn angsal idi Djeng Sultan,
kula larag béndjing-endjing.

47.Semana wus tata sampun,
sakatahé kang pradjurit,
Kangdjeng Sultan Erutjakra,
Ngabdulkamid Amir Mukmin,
sedaja sampun sijaga,
gja budal kang pra pradjurit.

48 Tan antara sampun rawuh,
sakatahé pra pradjurit,
rasukan abrit sadaja,
lir péndah ardi kabesmi,
Kangdjeng Sultan Erutjakra,
neneda mring maha luwih.

49 Mugi Hyang paringa tulung,
mring umat kang sami mukmin,
muga kapir kalahena,
panuwuné Sultan ngudi,
kalangkung sungkawèng ing tyas,
wiwrinnja lan kung ngrudatin.

50 Gentija ingkang winuwus,
pradjurit kang nglurug sami,
pan sampun prapta sadaja,
ing bètèngira kumpeni,
anulja tjampuh ing juda,
sarupané pra pradjurit.

51 Aramé ing judanipun,
sakatahé kang pradjurit,
datan wonten kang kasoran,
kang aprang ungkih-ingungkih,
seksana kraman lumadjar,
wadyanja katah kang mati.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 435 - 437.

52.Walanda kang samja lampus,
pipitu katahirèki,
Magilis apan kabranan,
rantas tanganira kéring,
seksana pareng undurnja,
sakatahé pra kumpeni.

•

53 Baris kraman kèh lumaju,
sadaja sami malentjing,
mulih prapta ngarsanira,
Kangdjeng Suktan Ngabdulkamid,
Djeng Sultan aris ngandika,
dateng kang para pradjurit.

•

54 Lah kaja ngapa ta wau,
perangmu karo kumpeni,
pradjurit matur kutila,
kula anumbak kumpeni,
panempuk tumbakanira,
kumpeniné ladjeng mati.

•

55 Kawula numbak ping telu,
Welandi kang sami mati,
sampuné bubar sadaja,
sakatahé pra kumpeni,
bèndjing éndjing linurugan,
daweg sami dèn lampahi.

•

56 Sareng éndjing tarung pupuh,
Walandi katah kang mati,
salaminé pra Walanda,
anèng bèteng Wadja sami,
aprang ambal kaping tiga,
Walanda katah kang mati.

57.ngGènnja damel bèteng wau,
sawulan lamaninirèki,
aperang ambal ping tiga,
kumpeni akèh kang mati,
nanging datan gumingsira,
kumpeni saja nemeni.

58 Kumpeni bandané agung,
wong Djawa katah kang miskin,
mila kawon judanira,
apan kirang ebèr budi,
kumpeni bandané katah,
bangsa Djawa tan nandingi.

•

59 Mila betah perangipun,
kumpeni sugih donjèki,
sartané wani kélangan,
apan ora ngéman pitjis,
kalané rebut negara,
gentija ingkang winarni.

•

60 Bèteng Wadja kèndel sampun,
wus dadi pan sampun rakit,
marijem madju sekawan,
saradadu kang ndjagani,
gunggung satus kalih dasa,
tan pegat angati-ati.

61 Anenggih ingkang winuwus,
Djeng Sultan tan purun malih,
angraos kasoran juda,
kelangkung nggènnja prihatin,
asanget panalangsanira,
Erutjakra Ngabdulkamid.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 437 - 438.

62.Pradjuritė́ pra Tumenggung,
ing Batang Kendal negari,
kang sami wonten ing Wadja,
mung sèket katahirèki,
agenti kang kawarna-a,
kotjapa isining kendil.

.

63 Pan uwos kang dadi rangsum,
kelangkung nggènira awis,
pantjènira argi suwang,
punika seringgit argi,
kumpeni ladjeng putusan,
dateng Kedu mirah pari.

.

64 Nulja tuwan Kulnèl gupuh,
anurati dateng biting,
bètèng Wadja sampun prapta,
Tumenggung Batang Negari,
lawan Tumenggung ing Kendal,
kang surat pan sampun prapti.

.

65 Punang surat sampun katur,
ing Batang Sang Adipati,
tinampan sigra winatja,
bubukaning ingkang tulis,
seksana Tumenggung Batang,
kalawan ingkang pradjurit.

.

66 Ing Kendal Kjai Tumenggung,
gja budal saha pradjurit,
sarta lawan upatjara,
seksana sampun lumaris,
datan kawarna-a ing marga,
ing Gembulan sampun prapti.

67. Praptané para Tumenggung,
sadaja wadya pradjurit,
ing bètèng tanah Gembulan,
kabèh kang para prijaji,
nulja Kurnèl karsanira,
dateng Kapitan Magilis.

.

68 Kurnèl ingkang badé ngutus,
dumateng Tumenggung kalih,
ing Kendal lawan ing Batang,
lan Kaptian Amagilis,
kinon marang Wanasaba,
wus dandan sedaja sami.

.

69 Sigra budal pra Tumenggung,
lan Kapitan Amagilis,
tan kawarna lampahira,
seksana agja wus prapti,
anèng dusun Wanasaba,
pra Tumenggung lan kumpeni.

.

70 Sapraptanira ing gunung,
Kapitan Tuwan Magilis,
kalawan para Bupatya,
apan sami rembug pikir,
kumpeni samja bitjara,
arembug akarja biting.

.

71 Anèng tanah gunung iku,
Plundjaran dusunirèki,
Major Burkes réwangira,
kang bètèng nèng Marga-litjin,
bètèng wus dadi sadaja,
ing Plundjaran tanah wukir.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 438 - 440.

72. Major Burkes Marga-lunju,
tanah Roma nggènnja biting,
ija lèpèn Kemit-rama,
Major Burkes ingkang kardi,
Tumenggung Brangtadiningrat,
Karangbolong bètèng nenggih.
.

73 Kinon karja Karang-duwur,
punika kinèn mbitingi,
agantjang ingkang tjarita,
Karang-duwur agja dadi,
seksana Brangtadiningrat,
anèng Petanahan nenggih.
.

74 Tumenggung kalih puniku,
ingkang sami karja biting,
Karangduwur sampun dadya,
pan angalih karja malih,
damel biting wonten Wawar,
tanah Sepuh budjeng kardi.
.

75 Lan kumpeni maswèl wau,
lan Tumenggung ingkang nami,
Dipajuda désa Ngajah,
lan Wanajuda Ngabèhi,
sampun sami linampahan,
gantjanging tjarita dadi.
.

76 Gentija ingkang winuwus,
kang wonten ledok ing ardi,
Magilis s awadyanira,
damel biting sampun dadi,
ladjeng damel malih samja,
dusun Merdèn damel biting.

77. Seksana klampahan sampun,
nèng Merdèn akarja biting,
kang tumut Redjasentika,
sakantjanira tut-wuri,
datan lami nuli rupa,
ingkang biting sampun dadi

78 Enengna tjaritanipun,
ingkang samja karja biting,
Djeng Pangéran Sumajuda,
punika ingkang winarni,
sinéba kang pra prawira,
Arungbinang munggèng ngarsi.
.

79 Anèng Kedungkebokuwu,
katah séba para Mantri,
Pangéran aris ngandika,
mring Arungbinang Bupati,
lah ta sira lumakuwa,
nusula marang kumpeni.
.

80 Kang ingatag wus lumaku,
lèngsèr sarja awotsari,
Arungbinang lumaksana,
kepanggih wonten ing margi,
kalawan bangsa Walanda,
seksana arembag pikir.

81 Magilis lawan Tumenggung,
pan arsa akarja biting,
seksana samja lumakja,
Marinèn sinedyèng galih,
tan winarna anèng marga,
ing Ungaran damel biting.

MS.Or.Leiden , blz. 440 - 441.

82. Gentija ingkang winuwus,
Major Burkes ingkang nami,
akarja biting ing Soka,
lawan désa Patjar nenggih,
tan winarna laminira,
bèteng kalih sareng dadi.

.

83 Kalawan Raden Tumenggung,
Brangtadiningrat kang nami,
Banjumas ingkang pilenggah,
sadaja sawadya ngiring,
seksana sami lumampah,
sampun dadi punang biting.

.

84 Jata wau ki Tumenggung,
Brangtadiningrat wewangi,
wus prapta ing Petanahan,
sinigeg genti winarni,
ki Dipati Tjakradjaja,
tampi dawuhing kumpeni.

.

85 Amarengi ari Septu,
sasi Sura tanggal kaping,
satunggal Ehe kang warsa,
sengkalanira winarni,
gana buta sjara djalma,
Dipati sigra lumaris.

.

86 Dipati arsa kautus,
kang nama Tjakradjajèki,
kinongkon karja barisan,
dusun Rawong ingkang nami,
seksana sampun lumampah,
para Mantri samja ngiring.

87.Ki Gorawetjana tumut,
lawan Wangsasemitèki,
ki Rangga Mertaprawira,
Ngabèhi Sutaredjèki,
kakalih kumendanira,
tuwan Selar lawan Lirwit.

.

88 Wadyanja soldadu satus,
langkung kalih dasa idji,
marijemira satunggal,
lan pradjurit ing Narpati,
nenggih satus katahira,
ambekta mrijem satunggil.

.

89 Satunggal ing Majoripun,
Litnan Pantja kang nindihi,
wus lepas ing lampahira,
tan antara sampun prapt i,
nama dusun Purwaganda,
mèpèd Rawong nunggil wangkit.

.

90 Purwaganda Rawong wau,
kang karja kekuwu baris,
atata tata arata,
tetep tutug karjèng panti,
Kekadjor kang pesanggrahan,
abanar nèng pinggir kali.

91 Tan tjinatur laminipun,
bèteng Purwaganda dadi,
Adipati Tjakradjaja,
seksana mireng pawarti,
inng njatakken ingkang warta,
tanah redi katah baris.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 441 - 443.

92.Pinatak namaning dusun,
kramanx agung ingkang baris,
amung elet tigang désa,
tebihnja kalawan biting,
sawétané Purwaganda,
tigang epal njabrang kali.

93.Dipati Tjakradjajèku,
atur wuningan kumpeni,
tetunggulíng kang Walanda,
Kurnèl Klères kang wewangi,
tjaraka gja lumaksana,
sangking ngarsa angunduri.

Durma. XXXIV

1.Datan dangu tjaraka agja wus prapta,
ngarsanira kumpeni,
nulja ge sinapa,
dateng wau Walanda,
umatur ingkang tinuding,
ing tuwan ika,
disuru saja ini.

2 Punja amba Adipati Tjakradjaja,
sekarang banjak baris,
didesa Pinatak,
urut bukit tempatnja,
tlalu deket dari biting,
brangkali nglanggar,
sama orang kumpeni.

3.Itu kraman kepalanja tjuma tiga,
satu Nilasrabèki,
duwa Tjakradirdja,
tiga Sumadipura,
tlalu banjak rangga pandji,
ada Pinatak,
kira mau pukul biting.

4 Angandika tuwan Klères mring tjaraka,
lu bilang trima kasih,
sama Adipatya,
kasih tau kita rang,
tapi guwa punja pikir,
dikètju sadja,
djalani malam baik.

5.Dengan lagi saja ini kasih orang,
dikerdja temen ini,
dan satu tamburnja,
bolé lekas berdjalan,
didjalani malam musti,
tra bole tidak,
lu pulang djangan brenti.

6 Riseksana tjaraka lèngsèr sing ngarsa,
lan bantuning kumpeni,
suldat gangsal dasa,
tindihira satunggal,
tan winarna anèng margi,
pan sampun prapta,
bètèng Purwagandèki.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 443 - 444.

7.Gja umatur mring Dipati Tjakradjaja,
saha wus Tuwan tuding,
pan atur wuninga,
sudara dalem Tuwan,
Kulnèl dateng Sumberpakis,
katur sadaja,
solahira tinuding.

.

8 Kja Dipati Tjakradjaja pirembagan,
lawan para kumpeni,
rijek kang bitjara,
sedaja tata-tata,
tumemen titining pamrih,
teteg gja budal,
anitik-nitik wus titi.

.

9 Angkatira tengah dalu wajahira,
Tjakradjaja Dipati,
tan antara prapta,
pre nahira keraman,
dumugi pan sampun éndjing,
pukul sekawan,
praptané sami njepi.

.

10 Kraman ngrungu kalamun kang mengsah prapta,
bedil kang metjalangi,
Kjahi Tjakradjaja,
ngangsegken kang pra wadya,
marani mungsuhirèki,
Petjalang bubar,
gja mandjing ki Dipati.

11.Pradjuritè sadaja/samja mbeg sura
Pinatak dèn lebeti,
kraman kagum bujar,
gugup ing solahira,
keraman lumaju ngungsi,
marang ngaldaka,
gègèr pujengan adjrih.

.

12 Ana ingkang lumaju putjuking arga,
napasé ting karempis,
genti kang kotjapa,
balané Tjakradjaja,
samja ngintil atut-wuri,
laruging kraman,
separoné dèn ungsir.

.

13 Ting salebar wadya kraman plajunira,
satengah in nem éndjing,
wonten luhur ngarga,
anusup djurang sengkan,
ana ingkang angum kali,
nesep gombolan,
seksana dipun usir.

.

14.Ingkang mbudjung pradjurit ing Tjakradjajan,
Wirasraja wewangi,
kalih kang nèng ngandap,
ngutjap kalih rowangnja,
Ganggamina kang satunggil,
kang mbekta tumbak,
Wirasraja pambedil.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 444 - 446.

15.Lawan malih nama Kèntol,Pramenggala,
Datan dangu mrangguli,
wau Wirasraja,
kapetuk lawan kraman,
nama Djajasugriwèki,
pun Wirasraja,
anulja djelah-djelih.

.

16 Kja Dipati Tjakradjaja anèng ngarga,
wus keladjeng manginggil,
tebih lawan kraman,
Dipati Tjakradjaja,
kliwat tjegat putjuk wukir,
lan Wirasraja,
panggènanira tebih.

.

17 Adipati Tjakradjaja sru ngandika,
mbuh-embuh sira angling,
kakèhan witjara,
mbok ija tandangana,
Adipati sru andjelih,
tebih nggènira,
lan tumbaken dèn aglis.

.

18 Katik kowé djelah djelèh asil apa,
préntahé ki Dipati,
akèn numbak kraman,
hèh mara Wirasraja,
ingatag Sang Adipati,
gja Wirasraja,
kraman ggja binedil.

19. Wirasraja atiti panitisira,
teteg tatag terampil,
tengginas tinata,
tinata sampun tata,
tètèh tyas sendjata muni,
tatu kang djadja,
Djasugriwa tan mati.

20.Pan pinindo sinangkuh Djajengsugriwa,
Tinitir pasah mati,
gja wadya keraman,
wonten kang tulung juda,
Tumenggung Puspadirdjèki,
Daulah Wadja,
mangsah tandang ing djurit.

.

21 Pan umijat kantjané sampun palastra,
ngangseg pedang tinarik,
sedya sabillulah,
marek mring Wirasraja,
Wirasraja jitnèng westi,
masang sendjata,
Puspadirdja binedil.

22 Mulja kénging uwangira datan pedjah,
sinangkuh gja ngemasi,
sutèng Puspadirdja,
umjat kang rama sirna,
pepulih mangsah angungkih,
lawan tjuriga,
Wirasraja ambedil.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 446 -447.

23.Tètèh titis panitising Wirasraja,
mimisnja angenani,
Mas Puspatenaja,
seksana gja palastra,
wonten ngabèhi sesulih,
mara tumandang,
ngembat waos kumitir.

•

24 Djasentana ing Djenar pan wismanira,
Wirasraja dèn intjih,
tinumbak ampingan,
Wirasraja nèng séla,
Djasentana numbak nitir,
tumbak tjinandak,
dateng Wirasrajèki.

•

25 Gja sinangkuh Djasenatana djadjanira,
niba nulja ngemasi,
kuwanda ting glimpang,
udreg asilih lawan,
Wirasraja pan kepanggih,
Kertamenggala,
kraman lagja andelik.

•

26 Sinendjata kang nama Kertamenggala,
kang djadja trus ing gigir,
ilatira medal,
nanging dèrèng palastra,
angamuk dipun kalihi,
ladjeng palastra,
rangga Kertamanggalèki.

27.Gangga-mina seksana angungkih lawan,
ajun-ajunan sami,
nèng sukuning arga,
panggja lan Tjakradirdja,
gja matang Ganggamina glis,
mring Tjakradirdja,
angsal daridji djentik.

•

28 Tjakradirdja niba siti gulangsaran,
seksana nulja tangi,
tandang tjapeng karna,
Ganggamina anumbak,
Tjakradirdja nampjal glis,
watangnja ndjeplak,
agja tinumbak malih.

•

29 Djadjanira Tjakradirdja datan pasah,
wulunja datan busik,
wanti-wanti numbak,
wau ta Ganggamina,
salin tumbak tan nedasi,
teguh prawira,
Menggung Tjakradirdjèki.

•

30 Datan arsa Tjakradirdja amalesa,
geger nétranira ndik,
lir dyan Béganandа,
rinebut pra riwanda,
kalanira adjurit,
nèng Swelatjala,
gagah ganggas tan gigrik.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 447 - 448

31.Wirasraja umjat kantja kutéteran,
sigra tandang nulungi,
sarwi ngembat watang,
mara sarwi anumbak,
mring Menggung Tjakradirdjèki,
ambal ping tiga,
pupunira kang kéring.

.

32 Wirasraja tumbaknja agja tjinandak,
didak dadya gulali,
wegah Wirasraja,
manahira miruda,
adjrih mlaju miring-miring,
ngattikèng drija,
kulité anglir wesi.

.

33 Uwong apa tinumbak ajem kiwala,
kulité nora busik,
watang pirang-pirang,
samja putung sadaja,
teka nora amalesi,
pama malesa,
tan wurung aku mati.

.

34 Riseksana turanggané Tjakradjaja,
pun ditya Mungkranadi,
lumaju sar-saran,
mubeng madyèng pajudan,
adangu awola-wali,
kuda kepanggja,
lawan Tjakradirdjèki.

35.Gja tjinèngklak munggah ngardi nander nong-klang,
kuda pun Mungkranadi,
saben-saben juda,
mengkana solahira,
jèn Gustiné menang djurit,
saba memangan,
tan mawi dèn tjekeli.

.

36 Kang kekambil datan mawi rinutjatan,
étja saba pan aring,
kalamun kasoran,
Tjakradirdja ajuda,
turangganira gja prapti,
njelak ing ngarsa,
kang darbé agja nitih.

.

37 Wulu biru anenggih ingkang turangga,
enengena kang anggendring,
kjai Tjakradjaja,
kang aneng ngarga putjak,
saha wadya jitnèng wèsti,
lawan arinta,
bèhi Gorawetjanèki.

.

38 Kraman ingkang lumadjeng munggah ing arga,
Menggung Tjakradirdjèki,
ladjeng kapetukan,
pra kraman samja nggiwar,
Bèhi Gorawetjanèki,
mangsah ngajuda,
ngembat watang kumitir.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 448 -450

39.Tjakradirdja ingkang arsa pinerdjaja,
Tjakradirdja pan uning,
kudanja prajitna,
lir bisa anggit djalma,
sanderira londjong mimis,
sampun atebah,
jata wau winarni.

.

40 Wadyanira Adipati Tjakradjaja,
ran Wiradikramèki,
lan Resasemita,
ambekta gaman pedang,
samja darat tyang kalih,
datan antara,
kapetuk sreng ningali.

.

41 Lawan kraman ran Rangga Djajawilaga,
nulja amedang aglis,
kraman kabaranan,
tepaké ingkang kanan,
Djajawilaga aglis,
narik tjuriga,
bramatyanira tan sipi.

.

42 Ambeg sura Djajawilaga djumangkah,
anjuduk wanti-wanti,
kena pupunira,
wau Wiradikrama,
nanging datan anedasi,
lir wewajangan,
genti asilih ungkih.

43.Panjuduké Djawilaga tan mijata,
gemadul tan mbusiki,
ladjeng leng-ulengan,
wau Wiradikrama,
lawan Djajawilagèki,
Djajawilaga,
gelutan pan kalindih.

.

44 Kantun ageng kadjengkang Djajawilaga,
ladjeng dipun talèni,
seret paningsetnja,
girang Wiradikrama,
mbatitt tan bisa usik,
Djajawilaga,
langkung nggènnja prihatin.

.

45 Wonten malih pradjurit ing Tjakradjajan,
Trunadrija wewangi,
amburu keraman,
kraman kabutuh marga,
Trunadrija gja ambedil,
kraman bek-sura,
ladjeng angrangsang wani.

.

46 Gja agelut Trunadrija pan kasoran,
kraman sigra nunggangi,
marang Trunadrija,
ramé udreg-udregan,
Trunadrija djelih-djelih,
ku tulungana,
sigra Sokadranèki,

MS.Or.Leiden 2163, blz. 450 - 451.

47. Atetanja marang wau Trunadrija,
sira ana ing ngendi,
angling kang tinanja,
pan aku katindihan,
Sanadrana mara aglis,
narik tjuriga,
anulja dèn larihi.

.

Kang watgata keraman kempung kang kiwa,
seksana wal ngemasi,
wus ebjar rahina,
mijos ingkang baskara,
bubaran ingkang adjurit,
kumpul atata,
niti nitik kangmati.

.

Angandika Adipati Tjakradjaja,
sekèh ingkang pradjurit,
kraman ingkang pedjah,
ketokana sadaja,
kang ingatag amarani,
nggjan kang palastra,
dèn ketok sadajèki.

.

Linempakken s agungè ingkang bebandang,
pipitu ingkang keris,
samja pendok emas,
kang timang salaka,
mawi benggol s adajèki,
sendjata rolas,
angangge sangkuh sami.

51. Antuk pedang kerang slaka pan lilima,
dapur suduk prajogi,
lawan angsal tumbak,
katahnja kalih dasa,
kang landejan waru sami,
ki Tjakradjaja,
mundur panggih kumpeni.

.

52 Wonten kiduling dusun Pinatak ika,
tuwan Islar kumpeni,
bitjara Lumadjar,
angling mring Tjakradjaja,
saja tlalu sukak ati,
ki Adipatya,
banjak untung sendiri.

.

53 Orang Blanda tradak turut apa-apa,
banjak kraman kang mati,
itu pigimana,
bolehnja dapat barang,
kja Dipati punja pikir,
kasihken sapa,
angling ki Adipati.

.

54 Pikir saja semuanja itu barang,
saja kasihken Gusti,
Pangran Sumajuda,
di Kedungkebo sana,
kalu sudah sampé Gusti,
apa maunja,
disana punja pikir.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 451 - 452.

55. Saja ini orang ketjil turut sadja,
Islar angerudjuki,
seksana gja bubar,
ing marga tan winarna,
apan ta sampun dumugi,
ing Purwaganda,
Kumpeni mandjing biting.

56 Kja Dipati Tjakradjaja pirembagan,
Tuwan Islar kumpeni,
saja ini Tuwan,
brangkali Tuwan sukak,
ja mau pigi sendiri,
kasih bandangan,
dan pigi ini ari.

57 Tuwan Islar ngandika mring Tjakradjaja,
ja itu tlalu baik,
seksana pamitan,
wau ki Adipatya,
lumampah wadya angiring,
datan kawarna,
solahira nèng margi.

58 Sampun prapta ing dusun Kedungmaesa,
Gusti atedak gipih,
arum angandika,
dateng ki Tjakradjaja,
apa sira ana kardi,
marek mring ingwang,
Tjakradjaja wotsari.

59 Amba marek dumateng ngarsa paduka,
ngaturken pedang keris,
tumbak lan sendjata,
kundjuk Kangdjeng paduka,
nggèn kula ngètju ing wengi,
dusun Pinatak,
ker aman katah mati.

60 Kang mustaka sadaja kawula bekta,
sumanggèng karsèng Gusti,
Gusti amijarsa,
aturé Tjakradjaja,
sukèng tyas dipun priksani,
sakèh bandangan,
Pangran ngandika aris.

61 Sarupané bandangan iku aturna,
marang tunggul kumpeni,
sandika aturnja,
Dipati Tjakradjaja,
sigra lèngsèr awot-sari,
agja lumangkja,
nggènné kang kumpeni.

62 Tan kawarna ing marga ingkang lumampah,
prapta ngarsèng kumpeni,
alon aturira,
Dipati Tjakradjaja,
mring Tuwan Klères kumpeni,
kula dinuta,
dumateng Gusti Dipati.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 452 - 453.

63.Ngaturaken bandangan angsal kawula,
barang sedaja nenggih,
angsal kula mbandang,
duk aprang nèng Pinatak,
wus tinampan gja kumpeni,
nakèni marang,
mring Kjai Adipati.

.

64 Saja tanja lu bilang njang betul sadja,
ini kraman njang mati,
orang dari mana,
apa punja dudukan,
atawa njang masih udip,
dimana rumah,
Tjakradjaja nauri.

.

65 Ni njang mati daolah didésa Wadja,
tapi lain premili,
satu nama Rangga,
nama Djajèngsugriwa,
jaitu Tuwan premili,
Bedug rumahnja,
atawa ini lagi.

.

66 Njang bernama Djasentana désa Djenar,
ija itu premili,
tawa njang terpégang,
itu premili djuga,
ini tuwan misih udip,
Djajawilaga,
saja punja premili.

67.Trustèng ing tyas Tuwan Kurnèl duk mijarsa,
ngartikèng djroning galih,
betjik Tjakradjaja,
tumemen mring Walanda,
sumungkem lumangkjèng kardi,
bésuk di blakang,
kita tulung njang baik,

.

68 Kulnèl ladjeng dedawuh mring Tjakradjaja,
njang misi idup ini,
semuwa kasijan,
semuwa ini bawak,
di barisan bésuk pagi,
di kasih obat,
bjar duwa abis sakit.

.

69 Kang kebandang sadaja sampun tinampan,
lininglang sedajèki,
mring Kulnèl Walanda,
kabèh njang rupa barang,
kang arta binagi wradin,
mring para Litnan,
sedaja sampun enting.

.

70 Tan winarna laminé nèng Kedungmésa,
Dipati dèn dawuhi,
mring Tunggul Walanda,
Kulnèl Klèrès kang nama,
kèn tumut marang kumpeni,
ngupajèng kraman,
Kulnèl gja nggal lumaris.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 454 - 455.

71. Pan gumrudug tiningalan sri katingal,
Tjakradjaja Dipati,
nderèk lan arinja,
bèhi Gorawetjana,
ngidul laruging kumpeni,
ngebjak ing sawah,
seksana wus dumugi.

72 Dusun Wunut mèh sumurup Sanghyang arka,
ngaso kang pra kumpeni,
tata pemondokan,
dalu datan winarna,
gja sijagèng wus bjar éndjing,
lan Tjakradjaja,
lan sanaknja taruni.

S i n o m XXXV

1 Tuwan Kulnèl wus lumampah,
saksana sampun dumugi,
désa Kaliwungu aran,
pan samja tata alinggih,
nengena pra kumpeni,
kang winarna Radja Butun,
apan ta samja prapta,
mentas sangking palwa nèki,
sampun ngantjik telatah ing pulo Djawa.

.

2 Andjog nagri ing Semarang,
sedaja sakwadyanèki,
anama Radja Sebandar,
kekalih radjanirèki,
satunggil nama Patih,
sor-sorané Radja Butun,
ambekta pra kapitan,
katahira pitung idji.
lawan malih ambekta kang nama Litnan.

.

3 Selawé ing katahira,
Litnan sarta nama Mantri,
pradjuritira sadaja,
gangsal atus tjatjah djalmi,
kepanggih lan kumpeni,
Semarang ingkang tutunggul,
tan antara laminja,
nggènira anèng Semawis,
kinèn samja tetulung ngrubasèng kraman.

.

4 Radja Butun tan lenggena,
sumarah karsèng kumpeni,
seksana budal sedaja,
pradjurit Butun lumaris,
asikep kang bedami,
slirik kantar pedang suduk,
datan kawarna marga,
wus prapta Maglang nagari,
samja sikep anata kang pesanggrahan.

.

5 Sareng endjang gja lumampah,
tan kawarna anèng margi,
wus prapta ing Baledana,
tanah Baglèn sampun wengi,
tata sipeng ing latri,
kang para pradjurit umjung,
sampunira rahina,
akebut kang prapradjurit,
pan mangidul arsa nusul mring walanda.

Gantjangin ingkang tj-arita,
Radja Buton sampun prapti,
panggònan Kulnèl Walanda,
anèng désa Kalitangi,
kepanggih lan kumpeni,
wus sami tata alungguh,
tabéjan kang para Litnan,
gentija ingkang winarni,
Major Burkes gja prapta saha kang wadya.

.

Rahadèn Sindunegara,
punika ingkang angiring,
seksana tata alenggah,
dateng sangking Bètèng Kemit,
sigra dipun prèntahi,
dateng Kulnèl Klèrès wau,
Radèn Sindunagara,
kalawan Major kumpeni,
samja kinèn akarja bètèng Pedjagan.

Dusun ing Lengis punika,
sapinggiring Kali Djali,
seksana sigra lumampah,
sumedya mring dusun Lengis,
ing margi tan winarni,
wus prapta sawadyanipun,
sampun angsal panggènan,
ingkang badé karja biting,
tjinarita tan alami sampun dadya.

.

9 Sinigeg Sindunagara,
ingkang djagi biting Lengis,
kotjapa ki Tjakradjaja,
kalawan Klèrès kumpeni,
kang anèng Kali Tangi,
ngrembag pan arsa mundur,
mring bètèng Purwaganda,
Radja Butun datan kèri,
saha wadya pan sampun budal sadaja.

.

10 Tan winarna anèng marga,
wus prapta Ngrawong djro biting,
ing solah datan winarna,
tuwan Klères agja nuding,
dateng Gumbulan biting,
apan ta kinèn dedawuh,
Pangran Surjamentaram,
kinèn djagi bètèng Lengis,
riseksana Pangéran sigra lumangkja.

.

11 Datan kèri kang pra wadya,
gantjanging tjarita dugi,
bètèng Lengis wus kepanggja,
kumpeni ingkang adjagi,
Major Burkes walandi,
Radèn Sindunegarèku,
sami tata alenggah,
tuwan Burkes tanja aris,
dateng wau Pangéran Surjamentaram.

12 Pangran dateng kerdja apa,
termasuk di bètèng sini,
angling ingkang tinanja,
saja tuwan dapat tulis,
dari Klèrès kumpeni,
saja ini twan disuru,
turut sama Tuwan,
djaga biting Lengis sini,
Tuwan Burkes mijarsa sukèng kang
drija.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 457 - 458.

13.Genti ingkang kawarna-a
kang anèng Ngrawong djro biting,
Tuwan Klères aparéntah,
dateng Tjengkawak biting,
tjaraka wus lumaris,
datan kawarna ing enu,
wus prapta ing Tjengkawak,
saksama ladjeng kepanggih,
Tuwan Esèh kalawan Pangran Balitar.

.

14.Tjaraka mundi nuwala,
umatur saha wotsari,
ngaturken ingkang nuwala,
tinampèn suniksmèng galih,
Pangran sampun udani,
lan Tuwan Sèh sampun rembug,
pan arsa abudalan,
marang Wadja djaga Biting,
gja wus budal saha bala marang Wadja.

.

15 Genti ingkang kawarna-a,
Gorawetjana Ngabèhi,
kinèn baris mring Parakan,
seksana sami lumaris,
ing Parakan miranti,
Tuwan Kulnèl kang winuwus,
atata arsa t indak;
wus sijagèng sawadyèki,
sigra budal wus prapta ing bètèng Wadja.

.

16 Tan antara laminira,
nèng Wadja adjaga biting,
jata genti tjinarita,
Dipati Tjakradjajèki,
kang djagi Ngrawong biting,
kalawan sawadyanipun,
Radja Buntun andjaga,
anèng désa Bandjarsari,
Tjakradjaja wau ingakng kawuwusa.

.

17 Alami wonten barisan,
anèng Ngrawong djagi biting,
lamanja datan winarna,
wonten surating kumpeni,
daténg ki Adipati,
kang surat sinuksmèng kalbu,
bukaning kang nuwala,
tuwan Klères maréntahi,
kinèn karja bètèng anèng ing Pinatak.

.

18 Pan kalawan Tuwan Litnan,
ingkang nama Litnan Lirwit,
kalijan pinaring arta,
selawé rupijah putih,
seksana dandan sami,
kalawan sawadyanipun,
kalawan Tuwan Litnan,
pan samja sijagèng djurit,
Tjakradjaja kang wadya ngiring sadaja.

.

19 Wus rakit kang upatjara,
Dipati Tjakradjajèki,
seksana sampun lumakja,
wus kebut sangking ing biting,
kalawan Tuwan Litnan,
soldadu salawé idji,
tan kawarna ing marga pan sampun prapta.

(kirang 2 pada lingsa????)

MS.Or.Leiden 2163, blz. 458 - 460

20. Anèng désa ing Pinatak,
wonten saputjaking wukir,
apan sami tinengeran,
sedaja dipun angkani,
agja dinuduk aglis,
ingkang dèn tengeri wau,
anenggih wus kinarja,
wanguné bètèng pesagi,
pan arahan tijang ingkang nambut karja.

•

21 Datan lama nulja dadya,
agantjang tjaritanèki,
rakité sampun prajoga,
angaglah nèng putjuk redi,
nanging dèreng dèn nggèni,
Dipati Tjakradjajèku,
anulja ingutusan,
pan ladjeng dipun aturi,
dateng Kurnèl ing Ngrawung panggènanira.

•

22 Kja Dipati Tjakradjaja,
kadatengan surat malih,
lajang sangking ing Walanda,
kang surat wus dèn tampèni,
marang ki Adipati,
nuwala binuka sampun,
sampun sinuksmèng drija,
rasaning tulis wus titi,
datan dangu wau nggènira amatja.

•

23 Kja Dipati Tjakradjaja,
anulja dandan tumuli,
tan adangu sigra budal,
sawadya ki Adipati,
datan kawarnèng margi,
seksana pan sampun rawuh,
Dipati Tjakradjaja,
wus prapta ngarsa kumpeni,
ki Dipati apan ta ladjeng tabéjan.

•

24 Wusnja tabé mundur sigra,
anulja tata alinggih,
ki Dipati Tjakradjaja,
wadyanja tarap ing ngarsi,
pepak andèr miranti,
seseliran anung-anung,
Kurnèlé dèreng medal,
litnan Lirwit amarani,
dateng Kurnèl lumebet sadjroning kamar.

•

25 Datan dangu nulja medal,
Tuwan Kulnèl marang djawi,
Kja Dipati sigra mara,
tabénira angèreni,
Dipati lan Walandi,
wus tabéjan nulja lungguh,
nèng kursi djeng-adjengan,
Tuwan Kulnèl takon aglis,
dateng wau dyan Dipati Tjakradjaja.

•

26 Itu bèntèng di Pinatak,
apa kira sudah djadi,
ki Dipati aturira
rasa saja sudah djadi,
tapinja kurang baik,
sebabnja terlalu baru,
en sudah kita orang,
suru djaga dalem biting,
saja watir itu bètèng tengah utan.

27.Satu Mantri ada sana,
Banjaknja orang pradjurit,
ampat puluh semuwanja,
lagi sama bawa bedil,
Kulnèl sukèng ing galih,
ngentrog wentis pan gumuju,
wekasan angandika,
dumateng Kjahi Dipati,
trima kasih ki Dipati punja kerdja.
.
28 Adangu imbal watjana,
pilenggah anèng ing kursi,
seksana datan antara,
wonten tjarakèng kang prapti,
sangking Pinatak biting,
bekel Kembang Kuning dusun,
matur mring Adipatya,
kawula apan tinuding,
dateng Mantri kang djagi bètèng Pinatak.
.
29 Kautus atur wuninga,
nalika ing wau latri,
wonten baris agung liwat,
sinapa datan nauri,
binudjung tan ngandegi,
tan kantenan larugipun,
samja mladjar sedaja,
Dipati matur kumpeni,
Tuwan Kurnèl ladjeng mandah mring Suwéla.
.
30 Ing ngri .u wonten kang warta,
kraman kang langkung ing latri,
kang dadya pangirid bala,
Prawiradirdja puniki,
Basah lungguhirèki,
lawan Mertanegarèku,
lawan Djajasundarga,
lan Prawirakusumèki,
Tjakraredja daulah dusun Bapangan.
.
31 Kang dadya pangirit lampah,
dèn Menggung Tjakraredjèki,
sabab ingkang pinertjaja,
nèng Bagelèn tuduh margi,
rong atus kang turanggi,
wadyabala gangsal èwu,
andjog dusun Bubutan,
lèr peken kang dèn margèni,
ladjeng ngilèn pan andjog dusun ing Djasa.
.
32 Ladjeng dateng dusun Wingka,
tapaké taksih ketawis,
Tuwan Kulnèl gja lumakja,
kalawan ki Adipati,
Naota lungguh kaptin,
lawan usar sadajèku,
kang para usar dinuta,
pan sami kinèn mriksani,
dateng kraman latjaké wonten ing Wingka.
.
33 Tuwan Kulnèl nèng Pinatak,
amriksani ingkang biting,
seksana samja lumampah,
kundur dateng Ngrawong biting,
kalawan sang Dipati,
tan dangu nulja gé rawuh,
nèng Ngrawong pabètèngan,
kotjapa barisanèki,
kja Demang Kertadiwirja ingkang nama.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 462 - 463

34. Dèn obar marang keraman,
sedaja pondokan enting,
kraman ladjeng sami késah,
mring Wingka kang dèn enggoni,
mèh surup Sang Hyang Rawi,
keraman samja lumaku,
anèng ing désa Kranggan,
mesanggrahan amiranti,
jata genti wau ingkang tjinarita.

.

35 Nenggih ingkang kawarna-a,
kang anèng bèteng ing Lengis,
seksana samja uninga,
keraman samja lumaris,
pradjurit gung anglangkungi,
amblèbèr ngebeki dlanggung,
seksana kang pra Walanda,
kang djagi ing bèteng Lengis,
tata-tata sijagèng kaprabon juda.

.

36 Tuwan Major sigra medal,
angendèr djawining biting,
kalawan kang wadya-bala,
wolung-dasa katahnèki,
sadaja pra kumpeni,
kang kepala saradadu,
usaré kawan-dasa,
kalawan Tumenggung sidji,
ingkang nama Tumenggung Sindunagara.

.

37 Ambekta pradjuritira,
satus kalih dasa sami,
ambekta gaman sendjata,
atmadjèng Dipati Tegil,
ngagem sendjata sami,
tyang satus kalihdasèkri,
samja angintil kraman,
keraman sipeng Kemiri,
tuwan Major asipeng nèng Patjar désa.

.

38 Sareng éndjing gja keraman,
dusun Kroja kang dèn nggoni,
Tuwan Burkes ladjeng mangkat,
saking Patjor taksih éndjing,
ari Dité marengi,
kaping nem ing tanggalipun,
anudju wulan Sapar,
tahun Ehé kang lumaris,
sigra perang Tuwan Burkes lawan kraman.

:

39 Atjampuh nèng dusun Kroja,
kang binudjung mring kumpeni,
kang dèn peleng Djasundarga,
mangilèn pladjengirèki,
andjog désa kang nami,
ing Ngampèl namining dusun,
kang mendem nèng dusun Kroja,
anaming mrijem satunggil,
kang satunggil mrijemé anèng dedalan.

.

40 Kang djagi mrijem punika,
satus kalih dasa duwi,
Tumenggung Sindunagara,
putrané Dipati Tegil,
lan saradadu sami,
tyang satus kalih-dasèku,
anulja kang pra kraman,
lungguh Basah kang pangarsi,
sinambat rum rahadèn
Prawiradirdja.

41.Ingkang mendem djroning désa,
sigra ladjeng amedali,
sangking dudun wedalira,
seksana ladjeng anjliring,
andesek ngesuk wani,
mring pradjurit saradadu,
sendjata sampun munja,
ping gangsal mrijem kang muni,
ingkang alit pan mungel rambah ping tiga.

42 Agempuran judanira,
sradadu ingamuk wani,
tinumbakan mring keraman,
saradadu bubar gusis,
Raden Sindunegari,
seksana umangsah ngamuk,
balané ketadahan,
wadya kraman surèng djurit,
nulja bubar barisé Sindunagara.

43 Seksana rahaden Basah,
Prawiradirdja nututi,
tinumbak Sindunagara,
pan kena ingkang tjetjetik,
kaninira ngranuhi,
Sindunagara puniku,
balané asasaran,
lumaju arebut urip,
marijemé saradadu kénging satunggal.

44 Kebandang marang keraman,
tumulja para kumpeni,
kang mbudjung Djajasundarga,
Majoripun ing kumpeni,
lawan usarirèki,
sedaja sami awangsul,
kumpeni amijarsa,
jèn mrijemé sampun kénging,
kang satunggal kebandang marang keraman.

45 Wignjané Djajasundarga,
milané lumadjar sami,
kang wau sampun djangdjèjan,
lan Basah sakantjanèki,
rembug lawan agilig,
pan Prawiradirdja iku,
wus kangsèn kang ubaja,
ing mangké ndika kalahi,
nggih kadjengé kumpeni sami mbudjunga.

46 Jèn sampun mbudjung andika,
kula sliring sangking wuri,
dimènnja kedik kang bala,
nggih kula ingkang narungi,
sagah Djajasundargèki,
binudjung aglis lumaju,
basah Djajasundarga,
pelajuné miring-miring,
Wiradirdja amempen sadjroning désa.

47 Mula putra Tegal sirna,
siniwo sangking ing wingking,
gelarnja Prawiradirdja,
singidan djro désa sami,
genti kotjapa malih,
Major lawan usaripun,
sigra ladjeng ajuda,
usarnja agolong pipis,
mungsuhira dèn Basah Prawiradirdja.

48. Rok ungkih asilih lawan,
nèng bulak kidul Krojèki,
seksana usar lumadjar,
kalawan para kumpeni,
ngidul samja anggendring,
sisanira kang lumaju,
usar kang sami pedjah,
gangsal welas sadajèki,
saradadu kang palastra kawandasa.

.

49 Bala ing Sindunagaran,
sedaja ingkang ngemasi,
nemlikur ing katahira,
sedaja wadya ing Tegil,
kang mambu kulit daging,
kawandasa sareng lampus,
sami mbekta sendjata,
bebandang mrijemé kalih,
pan kabekta dumateng Prawiradirdja.

.

50. Major Burkes kepalanja,
wadyané Sindunagari,
angidul palajunira,
samja andjog biting Lengis,
sedaja ting karempis,
sakantuné ingkang lampus,
Pangran Surjamentaram,
lawan kjai Sawunggaling,
lan Ngabèhi Wanajuda ing Telaga.

.

51 Sareng ing dina Salasa,
ping wolu tanggalirèki,
amudju ing wulan Sapar,
warnanen wau kumpeni,
Klères ingkang anami,
lan Major Kolson puniku,
kang samja abarisan,
kaping kali dereng sami,
tinimbalan kalawan Kulnèl Walanda.

.

52 Petjalanganipun kang wétan,
ingkang wonten Djaga-banggi,
pan sami kumpul sadaja,
pradjuritipun kumpeni,
ngumpul nèng Ngrawong biting,
ananging ing barangipun,
sadaja tan kabekta,
teksih wonten Wadja biting,
datan dangu Major dateng lan Kelana.

.

53 Wau sareng praptanira,
Kelana nèng Ngrawong nenggih,
apan sampun pepanggihan,
kalawan Kulnèl kumpeni,
bitjara pra kumpeni,
sedaja pan sampun gujup,
Major Kolson karsanja,
angadjak sami angusir,
dateng basah kang nama Prawiradirdja.

.

54 Anganging Kulnèl tan rena,
Jèn lamun sami angusir,
Kulnèl wau karsanira,
sami kinèn damel biting,
Bandung namaning dèsi,
seksana ladjeng atutur,
Kulnèl alon ngandika,
dateng Major Kolson nenggih,
lan Dipati ingkang nama
Tjakradjaja.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 467 - 468

55. Rembugé Kulnèl Walanda,
lah mara Major sirèki,
ija kerdja biting sama,
pigi Bandung ditempati,
pegi disana ini,
njang nama Dipati iku,
Tjakradjaja namanja,
dia itu sama pegi,
kerdja biting di Bandung itu tempatnja.

56 Seksana sigra dandan,
Dipati lawan kumpeni,
dateng Bandung kang sinedya,
sawadyabala angiring,
sedaja sampun rakit,
budalan agja lumaku,
Dipati Tjakradjaja,
kang wangsul nggènira lami,
ing Tjengkawak wau enggènira lama.

57 Genti ingkang katjarita,
Kelahané Major iki;
Major Kolson namanira,
Kelahané kang angusir,
dateng Bagah kang nami,
Prawiradirdja puniku,
kang nindihi kelana,
Kapitan Nota kang nami,
arsa budal kang wadyabala tinata.

58 Kelana sampun umangkat,
lan kumpeni Sumur-pakis,
sedaja sami budalan,
kelana lawan kumpeni,
datan kawarnèng margi,
tan dangu nulja gé rawuh,
Kutawinangun tanah,
seksana sampun dumugi,
wus kepanggih kalawan rah dèn Basah.

59 Kang nama Prawiradirdja,
Kapitan Udani nenggih,
nèng dusun Ladjer nggènira,
dèn Basah nggènnja miranti,
dèn Basah sampun uning,
wadya Wlanda samja nusul,
seksana Radèn Basah,
anata gelaring djurit,
padju tiga kang dadya pendjawat kanan.

60 Dyan Tumenggung Tjakraredja,
kalawan kang para Pandji,
anèng elèr nggènnja mapan,
sedaja angati-ati,
Wirabradja pradjurit,
anèng tengah enggènipun,
nganggo kelambi abang,
Bradjadirdja kang nindihi,
Raden Basah nindihi para sentana.

61 Sakidulé Wirabradja,
anenggih panggènanè nèki,
dèn Basah Djajasundarga,
kelawan ingkang pradjurit,
anggènira miranti,
tjelak dusun Ladjer wau,
dawuhe Radèn Basah,
dateng Djajasundargèki,
karja platuk jèn binuru
ngontjatana.

62.Lan dawuh mring Tjakraredja,
lan sagung para Ngabèhi,
jèn binuru ngontjatana,
wadya Wirabradja ngliring,
seksana sampun dadi,
arijeg ing rembugipun,
nengena wadya Djawa,
utjapen wadya kumpeni,
Kaptin Nota rembagan lan pra prawira.

.

63 Anèng dusun ing Pamrijan,
sijagèng gelaring djurit,
Kaptin Nota paparèntah,
Tumenggung Rungbinang aglis,
ingkang kinèn ngadjoni,
kang abaris anèng kidul,
déné kang anèng madya,
pra kumpeni kang ngadjoni,
kang nèng elor Ngabèhi Kramadimedja.

.

64 Kalawan sawadyanira,
sedaja wus ngati-ati,
mengsah rowang ambeg sura,
seksana tjampuh ngadjurit,
kang kidul awit dingin,
Djajasundarga binuru,
basah Prawiradirdja,
umjat rowangnja kausir,
agja mangsah kalawan para santana.

65 Pradjurit Arungbinangan,
tinangkep sangking ing wuri,
tinumbakan katah pedjah,
Rungbinang mlaju nèng ngampih,
pra kumpeni udani,
seksana angedrèl purun,
pradjurit Wirabradja,
kang samja rasukan abrit,
mangsah tandang anjimpé Walanda usar.

.

66 Tinumbakan sangking wuntat,
usar gangsal ingkang mati,
pra usar nolih ing wuntat,
pangestulnja tan ngoberi,
tunggul Wirabradjèki,
Bradjadirdja pan kesambut,
madyèng ing adilaga,
pilingannja ingkang kanin,
nulja niba binajang mring wadyanira.

.

67 Sarta mundur lon-alonan,
pra usar angusir wani,
lir glagah kobar kestulnja,
pendjawat kanan nulungi,
dyan Tjakraredjèki,
amangsah sawadyanipun,
bèhi Kramadimedja,
seksana tumandang gipih,
tjampuh uwor lan pradjurit Tjakraredjan.

.

68 Silih ungkih ganti lawan,
nenggih Kramadimedjèki,
apan ta ajun-ajunan,
kalawan Tjakraredjèki,
anitih kapal abrit,
pun Badjor panurungipun,
kapal madjeng pendapan,
namanira kuda pandji,
pan angintjih mring Tumenggung
Tjakraredja.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 470 - 472.

69. Tjakraredja wus prajitna,
kudanira nama mimis,
gula geseng ulesira,
weton sangking Mergawati,
ngangge waos pun Bugis,
seksana surung-sinurung,
lawan Kramadimedja,
bolak balik genti ngusir,
kalihira rinekseng marang Hyang Suksma.

.

70 Tat-kala awit ajuda,
ing pukul pan sapta endjing,
meh sumurup Sang Hyang Arka,
tengareng ngundurken djurit,
katah pradjurit mati,
saradadu katah lampus,
wondene kang kebranan,
saradadu pitung idji,
Litnan usar ingkang pedjah pan satunggal.

.

71 Usar pedjah namung gangsal,
dene kraman ingkang mati,
kang djedjer Pandji pan gangsal,
salawe bala kang mati,
wadya kang alit-alit,
basah Gandakusuma tatu;
basah Prawiradirdja,
sikut tengen ingkang kanin,
basah Gandakusuma pupu kang kiwa.

72 Ingkang sami amerdjaja,
mimis kang samja kang kanin,
sampun ndungkap pukul gangsal,
sanghyang surja apan mandjing,
mundur kang sami djurit,
samja mondok kalihipun,
neng Mrinen kang Walanda,
den Basah wadya lit-alit,
lawan Basah Gandakusuma tan pisah.

.

73 Sampun samja mesanggrahan,
wadya lit lawan pradjurit,
wonten dusun Petarangan,
salatri wus nggagat endjing,
kaptin Naota nenggih,
sedaja samja lumaku,
kabeh sawadyanira,
umangkat dateng Saruni,
ingkang nderek ngabehi Kramadimedja.

.

74 Arsa karja beteng samja,
aneng dusun ing Saruni,
agantjang tjaritanira,
beteng Saruni wus dadi,
antaranira nenggih,
beteng dados laminipun,
naming satengah wulan,
pan kraman ladjeng lestari,
Samja ngetan lampahe Prawiradirdja.

.

75 Rahaden Prawiradirdja,
pan ladjeng dateng telagi,
mangkat sangking Petarangan,
mesanggrahan wonten Tjandi,
sareng antawis lami,
wetarane wolung dalu,
Prawira-dirdja mangkat,
dumateng dusun Pengasih,
pan marijem bandangan kalih binekta.

76. Bandangira anira Sendjata,
sadaja tinilar sami,
kang nengga Wirakusuma,
Sénapati wétan Djali,
dèn Prawiradirdjèki,
gja matur ing solahipun,
Djeng Sultan wus narima,
anggènira unggul ing djurit,
Djeng Sultan seksana midjil kang karsa.

Midjil. XXXVI

1 Riseksana Sultan Ngabdulkamid,
rembug lan Ki Maos,
lah ki Madja kaprijé pikiré,
kula arsa akrama kijahi,
lan putrané èstri,
Kjai Ngabdulrakup.

.

2 Kula karja nenggih garwa selir,
rembugé Sang Katong,
Kjai Madja tan suka aturé,
jèn makaten karsané Sang Adji,
kula tan ngrembugi,
karsané Sang Prabu.

.

3 Sawab Kjai Ngabdulrakup nenggih,
ginuron Sang Katong,
datan kena rinabi putrané,
pan wus sasat tunggil roh Sang Adji,
kang kotjap ing dalil,
tan kena puniku.

4. Lawan Kjahi Kasongan ing nguni,
wus sabil Sang Katong,
anglabuhi Djeng Sultan karjané,
jèn kinawin wangkingan Sang Adji,
punika tan kénging kitab ungelipun.

.

5 Aneraka ing kitab sakedik,
jèn kinarja bodjo,
sampun katah Dulrakub pétangé,
sasat males kabetjikanèki,
jèn makaten Gusti,
kawula arembug.

.

6 Kangdjeng Sultan nurut turirèki,
mring Kijahi Mahos,
jèn makaten sun karja garwané,
Kangdjeng Sultan semuné aruntik,
déné turiréki,
Kjai Madja iku.

.

7 Anuruti ing lahir Sang Adji,
batin langkung mirong,
marang wau Ki Madja aturé,
awit bèntjèng nenggih tepunganèki,
Madja lan Sang Adji,
wit sulajèng rembug.

.

8 Kangdjeng Sultan arsa andawuhi,
dateng Kjahi Maos,
pan kinarja Pengulu karsané,
pan wus pasti karsané Hyang Widdi,
ki Madja lan Sang Adji,
awit pisahipun.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 473 - 475

9.Wusnja lami nèng dusun Pengasih,
dènnja amakuwon,
Kangdjeng Sultan Mataram namané,
Ngabdulkamid Amiril Mukminin,
Kjai Madja nenggih,
kinarja Pengulu.

.

10 Nanging Kjai Madja datan apti,
sakelangkung mopo,
miwah Senapati lan Patihé,
tadah bendu atur pati urip,
Gusti awak mami,
dédé turunipun.

.

11 Tijang ngingeraken Nagri Djawi,
manah sanget bodo,
Kangdjeng Sultan kudu meksa bahé,
dados Pangulu Ki Madja nggalih,
salamènirèki,
nandang sungkawa gung.

.

12 Sabab tanah Padjang wus wradin,
kasaban ing mungsoh,
ndèrek lan Dipadjang(?) antéroné,
Kjai Madja gadah atur malih,
kula nuwun idi,
mring Padjang anglurug.

.

13 Lawan nuwun .. ..nembang nenggih,
lega tyasé Katong,
Kangdjeng Sultan manis timbalané,
Tuwan Kadji nama Ngabdulkadir,
sakantjanirèki,
tijang tigang atus.

14.Menggung Rawan sakantjanirèki,
lurah mantri anom,
Gus Kandjali wajah ing Mlanginé,
sakantjané para Mantri-mantri,
wus pepak angrakit,
sabedamananipun.

.

15 Kjai Madja pra Tumenggung sami,
pamit mring Sang Katong,
nuwun idi Dalem sakantjané,
wus ingidèn nulja budal aglis,
tan kawarna margi,
Sendangpitu rawuh.

.

16 Ngalèr ngétan lampahé kang baris,
kala pan samono,
Wlandi baris wétan Negariné,
lan Kumpeni anèng djro negari,
miwah baris djawi,
mijarsa ki guru.

.

17 Kjai Madja kang angirid baris,
sedyané mring paos,
badé ngradin Padjang sedajané,
gja tjinegat samja dèn barisi,
salèripun margi,
tuwin kidulipun.

.

18 Marga ngadjeng samja dèn barisi,
dugi ing Kedjambon,
Kjai Madja dugi ing Tjandiné,
kidul Bedojo panggih lan Kumpeni,
ajuda basuki,
tan wonten kang lampus,

MS.Or.Leiden 2163, blz. 475 - 476.

19.Wusnja aso bala mentas djurit,
gus Kadjali rawuh,
.njahosaken surat Kumpeniné,
gus Kadjali sampun tjantèl lami,
lawan wong kumpeni,
dados pikatipun.
.

20 Gus Kadjali aturé amanis,
dateng kjai Maos,
mugi Kjai ngowela rusaké,
tijang Djawi ageng miwah alit,
tuwin djaler estri,
andika katempuh.
.

21 Idjoané surat jèn Kijahi,
boten lawan popor,
lah suwawi rembag prajogané,
sampun ngantos pandjang ngrisak djalmi,
kula kang njagahi,Kumpeni turipun.
.
.

ngGih punapa Kjai dèn remeni,
kumpeni angrodjong,
anuruti Kjai pendjaluké,
riseksana ki Madja agampil,
wus pestining Widdi,
Ingkang Maha Agung.
.

Kjai Madja mbukak punang tulis,
galihé tjumeplong,
amijarsa surat ing tembungé,
madyan gunem anèng djroning lodji,
Klatèn mungging Djawi,
tan tebih nggènipun.

24.ngGih suraté pan andika sanding,
jèn pirsa lijan wong,
mbok kapengkok tan lebih lebuné,
maring lodji napa dèn karepiné,
kula kang ndjurungi,
titi nuwalèku.
.

25 Wusnja dangan ki Madja ing galih,
angsul-angsul dados,
gus Kadjali kang mbekta suraté,
lan kang raka wus nama Bupati,
ki Kasanbesari,
kang bekta sul-angsul.
.

26 Wus katampèn dumateng kumpeni,
binukak winahos,
ing kawitan prapta wekasané,
wong kumpeni langkung trusteng galih,
urmat mrijem muni,
ping enem djumegur,

27 Mulja budal metuk wong kumpeni,
baris ana maro,
pan dèn apit ki Madja lampahé,
anèng tengah wong Djawi kang baris,
liwat ngati-ati,
kumpeni tyasipun.
.

28 Miwah Djawa kang tumut kumpeni,
pengapité adoh,
jèn wong Djawi tan golong pikiré,
katah njimpang itjal urut margi,
sareng tjaket lodji,
elet tigang dusun.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 477 - 478.

29. Kjai Madja sakantjanirèki,
pan sami angaso,
Pra Tumenggung salat ngarsa kabèh,
sampun bakda kumpeni njelaki,
sadaja mbarisi,
ngapit ngurung-urung.

.

30 Pra kumpeni baris ngurpak wani,
kanan kéring ngoso,
pan pineksa masuk djro lodjiné,
pra Dolah Tumenggung pra tuwin,
ki Madja kang dingin,
pradjurité kantun.

.

31 Wonten djawi sadaja wadya lit,
gegamané wutoh,
tan pinulung tumbak lan bedilé,
sakantuné pradjurit kang kèri,
sareng madya latri,
sami minggat mamprung.

.

32 Dumèh pradjurit tan dèn opèni,
Ngabdulkadir ndoso,
minggat mawut wau sakantjané, antawisé pukul tiga latri,
kesahipun ngitjir,
ngétan ngilèn ngidul.

.

33 Endjing gita wau pra kumpeni,
Kjai Madja kinon,
pan tinuding mring Surakartané,
lawan Kasanbesari tan kèri,
lan Mukamad Meksir,
sakréta akumpul.

34. Ketib Iman lan Bagus Godjali,
lan Urawan awor,
lawan Amad-djenawi djenengé,
kumpul sakréta gja nambuk kang kusir,
kuda ngrap kepati,
lir tattit dinulu.

.

35 Tan kawarna lampahé nèng margi,
Surakarta rawoh,
andjog lodji pra kumpeni mangké,
wus sedija ingkang betjik-betjik,
kang badé ngidjèni,
kumpeni gung luhur.

.

36 Wus misuwur prapta Purwodadi,
pra kumpeni gupoh,
bebetjiké ngapit badéné,
anèng kreta sidji dèn karoni,
metuk Purwadadi,
seksana wus tjunduk.

.

37 Pra kumpeni tabé lan ngulami,
wong sidji kinaro,
sareng sami tabé sekaroné,
asta tengen ingkang nampani,
kumpeni kang kèri,
njebrot pedang duwung.

.

38 Pra ngulama gamané wis kénging,
ngulami kang bènggol,
mung pradjurit tjilik sedajané,
wus pinikir mring bangsa kumpeni,
gaman tan ngaèsi,
sedaja djinudjuk.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 478 - 480.

39.Pan lestari krétané lumaris,
wus prapta nagri djro,
lodji wurung wus dèn ungkurakè,
nulja mangsuk kabèh djroning lodji,
kraman ageng alit,
sedaja rongpuluh.

.

40 Pradjurit brandal barundul sami,
nèng lodji atjelong,
kabèh sami lir majit ulaté,
kjai Madja tinari kumpeni,
hèh ndika Kijahi,
pan kinèn anantun.

.

41 nGih punapa kang ndika karepi,
adja gawé rusoh,
timbalané Tuwan Gupernuré,
Kjai Madja aturira aris,
mung panuwun mami,
pra alim sedarum.

.

42 Kèh ngulami tanah Nagri Djawi,
ing panuwuningsong,
pan dadosa èrèh kula kabèh,
ingkang kula suwun medanani,
sugal wong kumpeni,
wong gedé tan asung.

.

43 Sabab Ratu Djawa sampun kardi,
panggedéné kang wong,
sakatahé para ngulamané,
pan Pangulu Negari kekalih,
ing Surakartèki,
Ngajogjakartèku.

44.Panggedéné kumpeni marengi,
nanging tanah Ngambon,
tuwin Banda Menado Ternaté,
iku durung ana wong ngulami,
sira dèn lilani,
kumpeni gja nubruk.

.

45 Wus katjekel Ki Madja mlasasih,
brandal ingkang bénggol,
binalenggu djedjempol tanganè,
brandal kodèn samja dèn bandani,
mangkta mring Semawis,
lir kentjana timbul,

.

Mas kumambang. XXXVII

1.Kjai Madja samarga-marga mlasasih,
hèh kantja wong Djawa,
mbok ndika kendoni titik,
balenggunè djempol ingwang.

.

2 Mantri gladag repot kumpeni titindih,
sugal nggènnja ngutjap,
tan awèh jèn kendo tali,
malah singsetana pisan.

.

3 Ngasih-asih ki Madja marang kumpeni,
tuwan saja mintak,
balenggu dèn kendo titik,
supaja bisa asalat.

4.Tradak usah kluwar iket taruk besi,
kebèt Tuhan Allah,
kabar lama ada djalmi,
ing Pesantrèn puhun apak.

.

5 Suprandéné dènira bekti ring Widdi,
rinilan Pangéran,
mangsané jèn éndjing ngadji,
mbukak kuran datan taha.

.

6 Njang namanja bagus alus itu djalmi,
tangan tradak ada,
mbukak kur'an pakik sikil,
kakinja wutuh kiwala.

.

7 Tradak potong tradak sakit,
itu Kjahi Madja,
banjak bitjara tjariwis,
ki Guru anenggak waspa.

.

8 Kjai Madja tigapar mrebes mili,
ladjeng lampahira,
datan kawarna ing margi,
Wus langkung lodji Ungaran.

.

9 Pudak pajung Serondol dipun margani,
Djati-ngalih liwat,
kotjapa nagri Semawis,
kumpeni Opsir lan Kopral.

10. Samja metuk Paterongan tata baris,
kumpeni sedija,
usaré sami ndjadjari,
ngapit munggèn kéring kanan.

.

11 Pan lestari lampahé malebéng lodji,
antara rong dina,
nggènira sipeng Semawis,
seksana anulja mangkat.

.

12 Medal laut linepas marang Betawi,
sampun numpak palwa,
wus mantjal sangking Semawis,
lajar mota wus pinasang.

.

13 Babar lajar angin timur andatengi,
nèng tanah lautan,
silem daratan kaeksi,
sadina sawengi prapta.

.

14 Pra kumpeni kang agung nagri Betawi,
pepak kantor Besar,
kang badé urmat manggihi,
datengipun Kjai Madja.

.

15 Tan antara prapta babagan Betawi,
ormat mrijem munja,
ping sapta awanti-wanti,
wusnja mentas sangking palwa.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 481 - 482.

16.Sakatahé kumpeni samja ningali,
marang Kjai Madja,
kumpeni kang bangsa alit,
pan samja ngutjap mangkana.

.

17 Itu djadi Kjai Madja kabar santri,
kena apa kerdja,
djadi onar nagri Djawi,
tan sunggu djalannja badrinja.

.

18 Sawussira malebèng sadjorning lodji,
sampun pinanggihan,
para agung ing Betawi,
tan winarna Kjai Madja.

.

19 Kawarna-a Kangdjeng Sultan ing Mentawis,
kodrating Pangéran,
Bulkamid Mukmirulminin,
wusnja katjakup ki Madja.

.

20 Sapungkuré Kjai Madja damel Patih,
pan djunundjung nama,
Radèn Danukusumèki,
turuné Danukusuma.

.

21 Kang wus laja pan tetep dados Pepatih,
tan antara lama,
Radèn Prawiradirdjèki,
atamijan bangsa Wlanda.

22.Namanira Tuwan Rup ambekta mari,
para kalangkung katah,
ruruba badè njahosi,
dumateng ing Kangdjeng Sultan.

.

23 Lawan kestul djené lawan obat mimis,
prapta ngarsanira,
Radèn Prawiradirdjèki,
Tuwan Rup lon tembungira.

.

24 Ingkang mugi Radèn Prawiradirdjèki,
kula dèn larapna,
katurè dateng Sang Adji,
kularsa njaosi barang.

.

25 Angantuki Radèn Prawiradirdjèki,
sigra aparèntah,
mring kantjanira,
ingkang nama Kjai Ngisa.

.

26 Lon angutjap Dèn Basah marang kumpeni,
hèh Tuwan Rup sira,
dja nganggo tjara kumpeni,
pigi turut kangdjeng Ngisa.

.

27 Pan lestari prapta lampahé Pengasih,
katur Kangdjeng Sultan,
kumpeni angasih-asih,
ngrerepa noraken djiwa.

Ms.Or.Leiden 2163, blz. 482 - 484.

28.Matur alon Welandi dateng Sang Adji,
tan mawi sandangan,
paké-paké tjara Djawi,
aturé Gusti sumangga.

.

29 ngGih kawula njaosi kestul lan mori,
penganggéné bala,
sareban miwah kulambi,
kaparingna abdi tuwan.

.

30 Matur malih tuwan Rup marang Sang Adji,
turnja katah-katah,
duh Gusti jwa pandjang djurit,
kèh risak mengsah lan rowang.

.

31 Tuwin abdidalem ingkang bangsa Djawi,
inggih katah risak,
Kangdjeng Sultan amtuki,
aturira Rup Walanda.

.

32 Pun Rup sagah dados patoké kumpeni,
anggering bitjara,
amrih itjaling adjurit,
awit punika kèndela perang.

.

33 Salebeting ing wulan Sijam puniki,
wau Kangdjeng Sultan,
angadjeng-adjeng kumpeni,
Tuwan Rup tan ana prapta.

34.Enengena tjarita ingkang winarni,
Tuwan Nota ika,
wus mangkat sangking Saruni,
medal Mrin èn sawadyanja.

.

35 Pan akatah kumpeni kang sangking djurit,
Opsir lan Kapitan,
awangsul karsanirèki,
dateng bèteng roning-kamal.

.

S i n o m. XXXVIII

1 Arempeg samja lumampah,
wus prapta ing Sumurpakis,
sigra mandjing ing Bètengan,
lawan Kulnèl wus kepanggih,
tutur solahirèki,
duk kalané aprang pupuh,
nenggih anèng ing Kroja,
mungsuh Prawiradirdjèki,
lawan radèn Basah Prawirakusuma.

.

2 Lan Basah Gandakusuma,
aprang Kedungtawon sami,
dina Rebo nggènnja perang,
ing Sapar wulanirèki,
ananging pur kang djurit,
aramé nggenira tjampuh,
tutug nggènnja tjarita,
ing dina lagi marengi,
Kurnèl mangkat sangkin ring bitinganira.

3.Duk kala ing pangkatira,
sangkala dipun pémuti,
tata gati argèng tjandra,
anenggih Ehé warsèki,
Kurnèl angkatirèki,
seksana budal lumaku,
saha kang wadyabala,
tan dangu nulja gé prapti,
anèng dusun Glagah tanah Kuta-ardja.

.

4.Pan sami karja pondokan,
ing Glagah ingkang dèn djreki,
pan akarja bètèng samja,
kalih dasa dinten dadi,
prijaji kang tut wingking,
bèhi Kramaleksanèku,
Bupatiné satunggal,
ki Tumenggung Sawunggaling,
ingkang tumut ngjasani dusun ing Glagah.

.

5 Wus dadi bètèng Gelagah,
sampun rampung ngalih malih,
karja bètèng Bajem désa,
ki Tumenggung Sawunggaling,
Madjir kinarja biting,
Bèhi Kramaleksanèku,
pan namung kalih dina,
punang bèteng sampun dadi,
enengena ing Bajem tjaritanira.

.

6 Genti ingkang tjinarita,
Kaptin sira wong kumpeni,
anèng bèteng Bandung djaga,
pan atampa prèntah sami,
sangking Kulnèl kumpeni,
Kurnèl Klères namanipun,
Kaptin Binèt namanja,
kinèn sami karja biting,
sigra mangkat Kaptin Binèt saha wadya.

7 Sangking Bandung angkatira,
damel biting ing Kemiri,
kalawan Djajanagara,
Tumenggungipun ing Madjir,
amung satengah sasi,
bètengira wus barukut,
kang bèteng wus prajoga,
Tuwan Kulnèl mantuk malih,
marang biting Sumurpakis sampun prapta.

.

8 Tuwan Kurnèl nulja prèntah,
dumateng Nota kumpeni,
ngaturaken rangsumira,
dateng ing Wawar kang biting,
Saradadu ing Biting,
ingkang kinèn sami rangsum,
biting dusun Telaga,
seksana sampun lumaris,
Tuwan Nota lumampah medal Tjengkawak.

.

9 Kurnèl pan ladjeng lumampah,
tan antara sampun prapti,
bèteng Sumurpakis ika,
enengna genti winarni,
Tuwan Nota lumaris,
prapta ing Tjengkawak sampun,
panggih lan Tjakradjaja,
anèng saljroning biting,
ingatjaran wus sami lenggah atata.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 485 - 487.

10. Wusnja mangkat gja lumampah,
kalawan Kjai Dipati;
tan kawarna nèng marga,
wus lepas nggènnja lumaris,
pjaji Djawa kumpeni,
lumampah andulur-dulur,
sareng prapta barisan,
nggènnja kraman amiranti,
ingkang nama Basah Prawirakusuma.

.

11 Wonten désa ing Duduwan,
Kapitan Nota kumpeni,
balané Radja Sebandar,
akatah ingkang pradjurit,
Radja Sebandar tindih,
sakatahé wadya Butun,
Landa medal Bakungan,
apisah lampahirèki,
wonten marga lan Dipati Tjakradjaja.

.

12 Medal ing Djati-pendawa,
ladjeng andjog Djenar nenggih,
nulja wau kapranggulan,
keraman kang samja baris,
nengna ingkang kepanggih,
dèn Prawirakusumèku,
Kaptin Nota winarna,
rangsumé pan sampun prapti,
anèng bètèng ing desa aran Telaga.

13 Praptané rangsum sedaja,
sawarnining kang kikirim,
sampun dalu praptanira,
kabagé sakantja sami,
saradadu waradin,
kang samja atampi rangsum,
genti kang tjinarita,
keraman Djenar kang baris,
sami aprang lan Dipati Tjakradjaja.

.

14 Adipati Tjakradjaja,
dedawuh marang wadyèki,
lah sapa namaning kraman,
ingkang dadya Senapati,
abdinja matur aris,
kang kalih nama Tumenggung,
satunggal Suradirdja,
kekalih Tjakradirdjèki,
gja lumampah tjampuh anèng désa Djenar.

.

15 Keraman ladjeng kasoran,
nggènira atjampuh djurit,
samja ngilèn larugira,
gentija ingkang winarni,
Kaptin Nota gja prapti,
wadyanja sami andulu,
Dipati Tjakradjaja,
nggènnja aprang ladjeng ngusir,
Ngartikèng tyas Naota arsa tulunga.

.

16 Sigra mrijemé Kapitan,
madjeng ngilèn gennja musti,
kraman ngilèn plajonira,
punang mrijem wus arakit,
Walanda mbudjung sami,
mangilèn dipun tut pungkur,
anulja kepangkalan,
keletan kali Adjuring,
mung mrijemnja pinasangken
kaping tiga.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 487 - 489.

17.Mungel sangking sabrang wétan,
keraman nggendring wus gusis,
lumaju anundjang-nundjang,
sar-saran aniba tangi,
namung tijang satunggil,
kang mbekta gandéra wau,
kang kénging ladjeng pedjah,
sempal wangé nggondol mimis,
gendéranja ki Tumenggung Suradirdja.

.

18 Mungel kaping kalihira,
kadjeng pelen ingkang kénging,
nanging nisip angsalira,
mimisira ambaluki,
olèh sirah prijaji,
Andamoi kang katudju,
sirahnja sasisih kena,
Andamoi angemasi,
kja Dipati Tjakradjaja lampahira.

.

19 Seksana ladjeng lumamampah,
Dipati Tjakradjajèki,
mangidul ing larugira,
madjog dusun Duduwan nami,
saha wadya angiring,
katudju barisanipun,
dèn Prawirakusuma,
samantriné ki Dipati,
ingkang nama ki Rangga Mertaprawira.

.

20 Basah Prawirakusuma,
sigra dènnja nata baris,
pra wadya sampun sijaga,
mbekta wahos lawan bedil,
mulja dènnja lumaris,
wus medal sangking ring dusun,
sadaja para keraman,
wus sami angati-ati,
sarupané Daulah Pandji lan Rangga.

.

21 Dinulu kang baris kraman,
kadi kuntul neba sabin,
samja séta klambinira,
apan samja serban putih,
lir kapuk dèn wusoni,
keraman tandangnja gujub,
sigra kang para kraman,
sedya sami ngamuk wani,
tjantjut nggeregut atata sampun sanéga.

.

22 Genti ingkang kawrna-a,
pradjuritè kja Dipati,
sadaja sami prajitna,
wus sami tata ing djurit,
sedaja ngati-ati,
sumedya anubruk mungsuh,
sampun ngangseg sawadya,
asawang sinawang sami,
dyan Dipati datan arsa amundura.

D u r m a. XXXIX

1 Pan gumuruh tengaraning ing ajuda,
kendang gong lawan bèri,
teteg lir butula,
surak kadya ampuhan,
anglir gondjing ingkang bumi,
bedil kang munja,
mimisnja lir garimis.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 489 - 490

2.Tandang mangsah prawira ing Tjakradjajan,
kraman panggah nggagahi,
pan tumbak-tinumbak,
bala katah kang pedjah,
atjaruk ruket kang djurit,
wong Tjakradjajan,
katah kang nandang kanin.

.

3 Raméning prang tambuh mungsuh lawan rowang,
panggrujuhé kang kanin,
lir Garèng kasanga,
ungkih agenti lawan,
samja surèng ing ngadjurit,
lir Bratajuda,
Pendawa Kurawèki.

.

4 Ambek sura kang mengsah kalawan rowang,
tumbak bedil wus mari,
mung tamèng lan pedang,
ingkang meksih ajuda,
para kraman ngamuk wani,
wong Tjakradjajan,
lir banténg tawan-kanin.

.

5 Pan aruket wadya lit ing Tjakradjajan,
lir singa mangsah daging,
njkep ndjedjak njandak,
surèng prang pra keraman,
anggagas gagah tan gigrig,
pangamikira,
tan sedya angontjati.

6.Tjarub uwor tan ana atolèh wuntat,
surak sinurak sami,
ladjeng bala kraman,
sami mundur sadaja,
dèn Prawirakusumèki,
nitih turangga,
sarta pedang tinarik.

.

7 Jèn dinulu Basah Prawirakusuma,
sumbar-sumbar mrih djurit,
sarwi nitih kuda,
sarta angikal pedang,
Dipati Tjakradjajèki,
anjandak tumbak,
kjai Keré namèki.

.

8 Wasijatnja Djeng Gusti Kusumajuda,
atmadjèng ing Narpati,
nagri Surakarta,
punika wus ingasta,
ingembat wus kumitir,
mangsah ing rana,
Dipati Tjakradjajèki.

.

9 Kjai Rangga Mertaprawira umangsah,
tumbaké pan pinundi,
pareng adjengira,
Dipati Tjakradjaja,
wus madjeng wonten ingarsi,
katah kang mulat,
tinon kadya Setyaki.

10.Karsanira ki Dipati Tjakradjaja,
tan mawi nolèh wingking,
putra Nglésanpura,
Bima lit Wresniwira,
lir angsahnja Sang Setyaki,
ing Nglésanpura,
sarwi angembat biring.

•

11 Kjai Rangga lir péndah putra Mandura,
Wisata dènnja djurit,
getap manahira,
kagjat mjarsa sendjata,
nanging tan adjrih ing getih,
wus taté tuman,
wewedak rahing djalmi.

•

12 Wadyanira ki Dipati Tjakradjaja,
sikep sendjata sami,
binudjung mring kraman,
sinorog-sorog tumbak,
seksana sami ngunduri,
wong Tjakradjajan,
kja Dipati ngandegi.

£

13 Ingkang Basah Radèn Prawirakusuma,
angling marang pradjurit,
pada angamuka,
sigra Dipati mangsah,
lah iku Bupatinèki,
amandi tumbak,
mendeng marani mriki.

14.Sru ngandika Ki Dipati Tjakradjaja,
mring abdi mbekta bedil,
akèn anjendjata,
anulja sinendjata,
dèn Basah seksana kènging,
titihanira,
dèn Basah njandak bedil.

•

15 Ki Pranggumun kudané kena djilingnja,
Pranggumun rebah siti,
Prawirakusuma,
amusti kestulira,
Dipati Tjakradjajèki,
gja tjapeng karana,
kraman sinurung wani.

•

16 Riseksana Radèn Prawirakusuma,
ngagem kudané nga bdi,
agja tinitihan,
sampun nitih turangga,
angasta pedang kumitir,
genti kotjapa,
usar sada nulungi.

•

17 Kja Dipati Tjakradjaja tinulungan,
rolas Kapitan sidji,
pradjurit basahan,
ingkang kinepung usar,
kang nama Djajèngsemantri,
kinalang-kalang,
tinumbak usar mati.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 492 - 493.

18.Usar tiga tinumbak sami pralaja,

Kjai Dipati angling,

dateng wadyanira,

nama Mertaprawira,

seksana Djajèngsemantri,

Mertaprawira,

winatang angontjati.

.

19 Irung kapal wau ingkang kaperdjaja,

tinumbak mring Semantri,

gja Mertaprawira,

mudun sangking turangga,

sigra males anglarihi,

nulja tinumbak,

sira Djajèng-sumantri.

.

20 Kaprawasa gulu iring tjela uwang,

niba gja ngemasi,

sampunira palastra,

tjinandak sirahira,

Dyangsemantri dèn kakahi,

dateng ki Rangga,

tinigas wus tjinangking.

.

21 Sigra lèngsèr ki Dipati Tjakradjaja,

dateng Tjengkawak mal ih,

ngalèr undurira,

saha kang wadyabala,

bakda unggul ingadjurit,

ki Adipatya,

datan kawarna ing margi.

22.Sampun prapta saha wadyabalanira,

mandjing lebeting biting,

lan Kapitan Nota,

wus panggih tata lenggah,

agenti ingkang winarni,

kang kawarna-a,

kraman nèng Plendèn baris.

.

23 Jata wau Kja Dipati Tjakradjaja,

sampun bakda kepanggih,

lan Kapitan Nota,

nulja Kapitan Nota,

késah dateng ing Telagi,

lan balanira,

Radja Butun lan Djawi.

.

24 Kjai Demang ing Pangèn Kramadimedja,

Kertadiwirja Mantri,

lan Djajasentika,

wus lepas lampahira,

datan kawarna-a ing margi,

tan lami prapta,

kumpeni nèng Tegil.

.

25 Riseksana Kapitan Nota ajuda,

lawan kraman kang nami,

Sénaptènira,

Radyan Gandakusuma,

aprang nèng dusun Telagi,

kraman kasoran,

wadya tiga kang mati.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 493 - 494

26.Pandjinira kang pralaja pan satunggal,
anakira Kjahi,
ran Gamawidjaja,
ing dusun Palempukan,
keraman ladjeng agusis,
samja lumadjar,
angungsi rebut urip.

.

27 Risek sana Kapitan Nota pan agja,
mangkat sangking Telagi,
Mantri lawan Demang,
nama Kramadimedja,
lan Radja Butun tan kèri,
para Prawira,
sadaja sami mulih.

.

28 Sangking Tlaga ladjeng andjog Purwaganda,
anulja sami pikir,
kumpeni lawan demang,
lawan Radja Sebandar,
sami rembag damel biting,
nèng Purwaganda,
gantjang tjaritanèki.

.

29 Kawarna-a kang nama Regèn tan lama,
seksana bèteng dadi,
kalih dasa dina,
nggènira nambut karja,
kang biting rampung prajogi,
genti tjarita,
kraman ingkang abaris,

30.Kang abaris Basah Prawirakusuma,
tata nggènira baris,
katah kang pra wadya,
Ketos amesanggrahan,
nggènnja baris amiranti,
wadya keraman,
kesaru mungsuh prapti.

31 Kang anama ADIPATI Tjakradjaja,
sawadyanira prapti,
anèng Ketos désa,
bèhi Gorawetjana,
wonten kilèn Sambiradin,
ingkang trinadjang,
dumateng kraman aglis.

.

32 Pradjurité kja Dipati Tjakradjaja,
kang wonten djro dèsi,
ramé nggènnja aprang,
bedil lawan tumbak,
keraman angesuk wani,
wong Tjakradjajan,
nadahi tan gumingsir.

.

33 Dangu-dangu wadya-bala Tjakradjajan,
riwut nggènira djurit,
sigra samja mangsah,
kraman pinaperekan,
kraman umjat angunduri,
wong Tjakradjajan,
seksana ngangseg wani.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 494 - 496.

34.Wadyakraman palajuné salang tundjang,
pan sampun bubar gusis,
wadya Tjakradjajan,
satunggal pedjah tjekap,
pambudjungé saja wani,
wus mandjing désa,
ing Plendèn dèn lebeti.

•

35 Jata wau wadya-bala Tjakradjajan,
tan kèndel ambedili,
wadya-bala kraman,
wau kang binedilan,
dèn Basah tan amalesi,
sigra busana,
kraman samja umidjil.

•

36 Sangking désa wadya-bala kraman medal,
sigra neradjang wani,
wau kang trinadjang,
wadya ing Tjakradjajan,
bubar mawut kang pradjurit,
Mantri lumadjar,
kraman ambudjung wani.

•

37 Lurahira kja Dipati Tjakradjaja,
pirsa wadyanirèki,
jèn bubar sadaja,
para Mantri sar-saran,
sigra lurah ngawé dasih,
marang kang wadya,
pradjurit sami ngiring.

38.Kang lumadjar ki Rangga Mertaprawira,
lawan Sutaredjèki,
lan Kertadiwirja,
miwah para punggawa,
tanapi para pradjurit,
ki Adipatya,
ngupajèng papan radin.

•

39 Para Mantri binudjung marang keraman,
dumugi Ketos malih,
Ketos Penawangan,
Dipati Tjakradjaja,
angingeri sarta milih,
papan kang banar,
karjèng mogling djurit.

•

40 Suradirdja Tumenggung Setjadipura,
klodjok pambudjungnèki,
tan uninga mengsah,
mring kjahi Tjakradjaja,
amendem saklo ring dèsi,
sarta prajitna,
kraman madjeng kasupit.

•

41 Kja Dipati Tjakradjaja sikep gaman,
tumbakira pinandi,
ki Keré namanja,
apengkuh barisira,
tan ana ingkang gumingsir,
weng Tjakradjajan,
kraman samja mbedili.

42. Raden Basah Kakawan Tumenggungira,
pan sami amestuti,
mring wong Tjakradjajan,
Dipati Tjakradjaja,
kang sami dipun pistuli,
dateng keraman,
nanging tan angenani.
.
43 Riseksana ADIPATI Tjakradjaja,
kudané dèn tjameti,
ngadjoni keraman,
anulja pra keraman,
kapalira tjinameti,
arsa madjenga,
tan saged amrepeki.
.
44 Turanggané kja Dipati Tjakradjaja,
apan samja ngunduri,
ginitik landéjan,
meksa tan gelem mara,
ladjeng kèn nuntun pradjurit,
titihanira,
belo meksa ngunduri.
.
45 Kinetap-ketap turangga djungkem kewala,
Tjakradjaja Dipati,
Menggung Suradirdja,
dèn Prawira kusuma,
menggung Tjakradipurèki,
titihanira,
inggih njungkem ngunduri.

46.Kudanira sinabet-sabet ing pedang,
tan purun angadjengi,
nulja Suradirdja,
miwah Tjakradipura,
lan Prawirakusumaèki,
titihanira,
ingèngeraken aglis.
.
47 Nulja mundur para prawira keraman,
kudané tjinameti,
Tumenggung titiga,
angidul plajunira,
Dipati Tjakradjajèki,
sawadyanira,
keraman dipun usir.
.
48 Pan binereg keraman prapta ing Wingka,
seksana wadya pradjurit,
bala Tjakradjajan,
anglud pambudjungira,
pra keraman sampun tebih,
kja Adipatya,
kèndel madyaning sabin.
.
49 Sami wangsul pan sangking dusun ing Wingka,
ing kana samja mulih,
sakèh wadyanira,
Dipati Tjakradjaja,
dateng ing Tjengkawak biting,
sarta kang wadya,
anèng biting wus mandjing.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 497 - 498.

50. Wusnja lerep Kja Dipati Tjakradjaja,
antara sampun lami,
gja antuk parèntah;
sangking Klères Walanda,
apan ta kinèn nglurugi,
dusun Katreban,
ingkang umadeg baris.

.

51 Menggung Gamplong kang nama Tjak ranagara,
lan Padmanagarèki,
kalawan Prenalam,
Dipati Tjakradjaja,
sampun sijagèng/nga djurit,
lan para wadya,
tan arsa kantun wuri.

P a n g k u r XL

1 Gja mangkat Sang Adipatya,
Pan gumuruh wadyanira angiring,
tengah dalu angkatipun,
sangking bètèng Tjengkawak,
tijang satus sewidak sedajanipun,
datan kawarna ing marga,
sipeng dusun Kaligesing.

.

2 Bjar éndjing ladjeng umangkat,
Sampun prapta ing Pendem tanah ardi,
kepanggih wonten ing ngriku,
lawan Kapitan Kenaan,
Tumenggung ran Ranawinata puniku,
mentas sangking Kalibawang,
sedyané samja nglurugi.

3. mBekta bala tijang Dajak,
gangsal atus sadaja katahnèki,
saradadu wolung puluh,
usaré kawandasa,
gandéranja katahira pan tetelu,
rembagan lan Adipatya,
wus rembug samja lumaris.

.

4 Ngidul sareng Sang Dipatya,
anglurugi kraman Katreban nenggih,
jata wau kang winuwus,
Menggung Gagakpranala,
lawan Tjakranagara Gamplong puniku,
katrinja Padmanegara,
limang atus kang pradjurit.

.

5 Turangganja kalih dasa,
sèket bedil gandéra limang
idji,
miranti sedajanipun,
anèng désa Katreban,
kang sepalih mentjalang kraman puniku,
anèng KaliElo désa,
keraman angati-ati.

.

6 Wus prapta ki Adipatya,
wong kumpeni sadaja wus miranti,
anèng kali Lo puniku,
wus sami jun-ajunan,
sampun tjampuh keraman sawadyanipun,
aramé nggènira juda,
pan sami asilih ungkih.

MS.Or.Leiden 2163. blz. 499 - 500

7.Keraman ladjeng kasoran,
bubar mawut anusup rebut urip,
Tumenggung samja lumaju,
ngungsi saparan-paran,
gja ketjandak kraman tiga urip iuku,
ki Dipati ingkang angsal,
seksana dipun bandani.

.

8 Pan angsal sendjata tiga,
kapal éstri anenggih angsal kalih,
angsal lameng kalih iku,
kraman ketjandak gesang,
karsanira Dipati ngaturken iku,
sedaja ingkang bandangan,
ngaturken mring Kangdjeng Gusti.

.

9 Pangéran Kusumajuda,
wus utusan wau ki Dipati,
dumateng ing Kedungkebo,
solahnja tan winarna,
Adipati marang Katreban angelud,
kalawan wadya Walanda,
kraman sampun bubar gusis.

.

10 Wus sami kèndel sadaja,
nèng Katreban kang samja unggul djurit,
Dipati ngartikèng kalbu,
apan arsa pamitan,
dateng Tuwan Kapitan Kenap puniku,
umatur tjara lumadjar,
Tuwan saja mau balik.

11.Pulang di bètèng Tjengkawak,
sebab kraman disini sudah lari,
Kapitan mangsuli wuwus,
mau pulang sekarang,
baik djugak gja tabik amit lumaku,
kalawan sawadyanira,
datan kawarna ing margi.

.

12 Kawarna Kulnèl Walanda,
karsanira nusuli Adipati,
anglurugi kraman iku,
lawan sawadyanira,
lan Kapitan Djinèt litnanira telu,
saradadu wolung dasa,
tjatur dasa usarirèki.

.

13 Lawan kjahi Wangsatjitra,
apan mbekta pradjurit tijang Djawi,
sadaja sami lumaku,
Kulnèl panusulira,
tan kawarna ing marga wau/[wus] prapta dusun,
Pandjer namanira désa,
kapetuk lan Adipati.

14 Kulnèl Klères wus uninga,
Kja Dipati Tjakradjaja wus bali,
dya panggih wonten ingriku,
tabéjan sigra tanja,
Kurnèl Klères mring Kjai Dipati iuku,
déné bali lakunira,
Dipati umatur aris.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 500 - 502.

15. Saja bilang sama Tuwan,
sudah perang kraman semua lari,
di Katreban sudah suwung,
tradak satu kraman,
saja temu sama Kaptin Kenap itu,
turut langgar kraman mana,
Tumenggung tiga njang lari.

16 Kulnèl langkung sukéng drija,
amijarsa aturé ki Dipati,
seksana ingadjak wangsul,
wau ki Adipatya,
sareng-sareng medal Ngulasaba dusun,
wus liwat sing Ngulasaba,
dumugi dusun ing Plipir.

17 Kulnèl kèndel karsanira,
tata makan Kulnèl asangu nasi,
adahar anèng ing ngriku,
Dipati dèn djak mangan,
lawan kjai Wangsatjitra rowngipun,
Kapitan kalawan Litnan,
tan ingadjak sareng bukti.

18 Tan kena tjelak alenggah,
wong kumpeni sadaja kinèn tebih,
gja dahar Kulnèl iku,
angling sarwi daharan,
tanja dateng ki ....rum,
hèh Dipati Tjakradjaja,
ingsun tanja kang sajekti.

19. Apa sira tuhu tresna,
mring Pangéran Kusumajuda jekti,
matura satemenipun,
matur ki Adipatya,
inggih tresna punika Gusti satuhu,
rumijin dalasan mangkja,
punika Gusti sajekti.

20 Kula ndèrèk selaminja,
atut pungkur sangking Surakartèki,
kawula pan tresna satuhu,
ingkang nguwlak-ken amba,
langkung suka Kulnèl mireng aturipun,
seksana ladjeng ngandika,
ija ingsun animbangi.

21 Tresnané mring Gustinira,
sira demen pan ingsun langkung asih,
ja ingsun nurut sirèku,
sawab sira kang nangga,
ing ngadjurit miwah karja sedajèku,
kabèh kamot marang sira,
tan ana kurangan sidji.

22 Pangéran mung étja-étja,
wuru bahé kalawan wadyanèki,
mung najub pakarjanipun,
tan mikir pisan-pisan,
ing pakarja utawa aperang pupuh,
mung siradéwé kang nangga,
jèn wani sira Dipati.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 502 - 503.

23.Matura mring Gustinira,
sawab aku wus nampa dawuhnèki,
Tuwan Djèndral Dekok iku,
dawuhé Tuwan Besar,
jèn Gustimu gelem nunggu karjanipun,
kongsi rampungé sadaja,
Djèndral Dekok kang njaguhi.

.

24 Gustimu pasti digandjar,
ing Bagelèn separo kang nduwèni,
luputé separo iku,
pasti sapara-tigan,
ing Bagelèn kabawaha ing Gustimu,
Djèndral ku paréntahira,
separo mesti nduwèni.

.

25 Lan malih djinundjung nama,
luwih sangking namané Pangran Dipati,
Tuwan Besar préntahipun,
Pangran djinundjung lenggah,
l uwih sangking namanira lama iku,
lah poma sira matura,
marang Gusti dèn aririh.

.

26 Kadarbé ing Gustinira,
Ing Pagelèn Gustimu kang ngujuni,
Dipati aturnja saguh,
matur dateng Pangéran,
langkung trustèng Tuwan Kurnèl djroning kalbu
~~lan poma sira matura~~ déné saguh Sang Dipatya,
jèn mengkono sira iki.

27.Wis majo pada bubaran,
satekamu Tjengkawak sira glis,
ngunèkna mrijem kang nem pun,
gja bubar sadajanja,
Kurnèl kundur dateng Kedungkebo iku,
ki Dipati Tjakradjaja,
wus prapta Tjengkawak biting.

.

28 Sappraptanira Tjengkawak,
ki Dipati bilang sama kumpeni,
saja suru pasang itu,
mrijem njang lebih besar,
kerdja tanda kalau saja sudah sanggup,
Kurnèl begitu préntahnja,
kumendan bilangnja baik.

.

29 Tapi rang Setabel sadja,
tidak susah kowé pasang sendiri,
gja prèntah Setabelipun,
marijem sampun munja,
pingsapisan sjarané pan gumludug,
kja Dipati rasanja,
lir nigas njawaning djalmi.

M e g a t r u h XLI

1.Sareng éndjing Kja Dipati karsanipun,
umarek ing Kangdjeng Gusti,
Pangéran Kusumajudèku,
wus mangkat sangking ing biting,
séba maring Narpa Katong.

Ms.Or.Leiden 2163, blz. 503 - 505.

2.Riseksana Kja Dipati wus lumaku,
wus prapta ngarsané Gusti,
mabukuh sarja wotsantun,
ing ngarsèng Pangran Dipati,
Kusumajuda atakon.

.

3 Hèh bagéja ki Dipati satekamu,
ingsun tanja ing sirèki,
mrijem munja bengi mau,
apa ana kraman prapti,
bengi-bengi mrijem nggembor.

.

Gumaludug angluwihi teka seru,
Dipati umatur aris,
mrijem mungel wau dalu,
prèntahé urnèl kumpeni,
kawula kinèn atjahos.

.

Jèn wus temtu kawula kèn pasang iku,
mrijem kang ageng pribadi,
Pangéran semu gumuju,
jèn mengkono sira iki,
lir Djajaningrat samengko.

.

Ki Dipati umatur sarja wotsantun,
kawula inggih tinuding,
sudara dalem pukulun,
kula kinèn matur Gusti,
Kulnèl tjantèl atur jektos.

7. Sampun katur ngandikané Kurnèl iku,
tan ana kliwatan sidji,
pan sampun katur sedarum,
tan wonten gèsèh kang weling,
Dipati terang mirahos.

.

8 Wali-wali aturé Dipati iku,
Pangéran amung ngèsemi,
dènnja sanget aturipun,
ing tyasnja datan ngrudjuki,
mring aturé Sang Dipatos.

.

9 Pangran angling pan sarwi angguju-guju,
dumateng ki Adipati,
jèn mengkono ingsun mbésuk,
bakal djumeneng Narpati,
dadi Sultan awak ingong.

.

10 Amengkoni Pagelèn sadajanipun,
kang ngasta kuwasa mami,
iku Djèndral préntahipun,
ingsun djinundjung kang linggih,
Tuwan Djèndral ingkang sagoh.

.

11 Jèn mengkono Dipati aku ja nurut,
mring aturmu kang sajekti,
ingsun anglakoni tuduh,
gawèkna panggonan mami,
tengah-tengah ingkang manggon.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 505 - 506.

12.Kja Dipati Tjakradjaja ris umatur,
duh Pangéran Gusti mami,
nenggih nami dusun Bandung,
punika ingkang prajogi,
tenga-tengah punang enggon.

.

13 Djeng Pangéran pan anggega aturipun,
Dipati Tjakradjajèki,
mesanggrahan anèng Bandung,
seksana wau anuding,
Wangsatjitra kang kinongkon.

.

14 Pan akarja pesanggrahan anèng Bandung,
tan alami nulja dadi,
wus rampung sadajanipun,
Pangéran sampun mijarsi,
Pesanggrahan sampun dados.

.

15 Nanging mirong Pangéran ing dalem kalbu,
datan arsa anuruti,
Sang Dipati aturipun,
kelangkung éwa ing galih,
tan arsa nurut Dipatos.

.

16 Tan antara Pangéran anulja kundur,
pan namung let tigang ari,
kalawan ing aturipun,
Dipati Tjakradjajèki,
duk matur nèng Kedungkebo.

17.Wus misuwur Djeng Pangéran sampun kundur,
mring Nagri Surakartèki,
dina Soma angkatipun,
ing sasi Djumadilakir,
tanggal ingkang winiraos.

.

18 Sangalikur warsa Ehé kang lumaku,
jeksa tata panditèki,
kelawan sakbalanipun,
datan kawarna ing margi,
karsanira Narpèng Katong.

.

19 Wus dilalah ing karsèng Kang Maha Agung,
tan nurut tuduh kang jekti,
dumadakan nuli kundur,
nampik aturing kumpeni,
tan ngéman sakèhing wong.

.

20 Mring kang abdi tanah Bagelèn sedarum,
sungkemé Kjai Dipati,
mung kinarja ukur-ukur,
teka dadak lintja-lintji,
Tuwan Kurnèl jitnèng batos.

.

21 Mring solahé Pangran Sumajudèku,
Tuwan Kurnèl gja nimbali,
Dipati Tjakradjajèku,
wus prapta ngarsaniréki,
Tuwan Kurnèl atetakon.

MS.Or.Leiden 2163,blz. 506 - 508.

22. Apa sira ora matur mring Gustimu,
umatur ki Adpati,
sakwelingé Tuwan iku,
tan wonten kliwatan sidji,
dawuhipun inggih sagoh.
.
23 Jèn mangkono ingsun karja surat katur,
mring Djéndral Dekok tur uning,
tan arsa pratikelipun,
Kurnèl karja surat nuli,
seksana surat gja dados.
.
24 Sampun katur surat mring Djèndral puniku,
jèn Pangran datan ngrudjuki,
prèntahé Djèndral puniku,
sapunika sampun mulih,
mring nagri sang Sutèng Katong.
.
25 Gja peparing surat prèntah Djèndral iku,
Pangéran tan kena bali,
mring tanah Bagelèn iku,
kongsi rampungè prekawis,
tan kena mbalèni lakon.
.
26 Djeng Pangéran wau ta ingkang winuwus,
prapta ing Surakartèki,
saha wadya datan kantun,
agenti ingkang winarni,
ing Bagelèn Durma tjinrijos.

D. u r m a. XLII

1. Kang winarna Adipati Tjakradjaja,
tampi dawuh kumpeni,
lan samantrènira,
anenggih ingkang nama,
Wangsasemita Taruni,
lan Sutaredja,
pan kinèn damel biting.
.
2 Nenggih dusun Ngungaran ing tanah ngarga,
biting kinarja baris,
anèng Sumpel ngarga,
ran Demang Mangunsura,
ingkang samja patjak baris,
Sumpel prawata,
Demang ing lèpèn Gesing.
.
3 Lawan Demang ingkang nama Djajaresa,
Brènggong wismanirèki,
lan Mertawidjaja,
ing Ganggeng wismanira,
pan samja mbekta pradjurit,
waos sendjata,
patbelas kèhirèki.
.
4 Gangsal welas anenggih sendjatanira,
lan kawan sasur nenggih,
gunggung sèket ika,
nèng marga tan winarna,
Wangsasemita ngabèhi,
kang anèng Soka,
mbekta tumbak lan bedil.

5.Sendjatanja anenggih pan gangsalwelas,
tumbak kalih dasèki,
lan Randuwirja,
Demang Ranasentika,
Salawé midji pinilih,
mrijem satunggal,
Litnannja mung satunggil.

.

6 Saradadu kang tumut satus sekawan,
Litnannja anindihi,
mrijem mung satunggal,
wus pepak anèng Soka,
tan kawarna solahnèki,
anèng ing Soka,
kotjap adjaga biting.

.

Lami-lami kang anèng biting ing Soka,
kotjapa Sang Dipati,
wadyanira katah,
wus sami tata-tata,
rembag lan para pradjurit,
miwah punggawa,
pan samja rembag pikir.

.

Angandika Kja Dipati Tjakradjaja,
dumateng kang pra Mantri,
ngong pada rembuga,
nglurug dateng Djasa,
dèn Prawirakusumèki,
kang anèng Djasa,
kang kidul nggonirèki.

9.Pradjurité wonten Djasa lor sadaja,
rembug pikir wus gilig,
pan sampun sijaga,
pradjurit nulja mangkat,
sangking Soka para Mantri,
para punggawa,
Kjahi Tjakradjajèki.

.

10 Lampahira ki Dipati Tjakradjaja,
angaglah anèng ngarsi,
tan kawarna marga,
wus lepas lampahira,
seksana pan sampun prapti,
ring dusun Djasa,
lawan para pradjurit.

.

11 Namur lampah ki Dipati Tjakradjaja,
ndingkik-dingkik anelik,
anelasak désa,
désa sadjroning Djasa,
ing tyasira jitnèng westi,
samja lumangkya,
datan ana kang uning.

.

12 Samja kagèt sakèh wadya-bala kraman,
kraman djedjel pradjurit,
sami tjinekelan,
nèng Djasa loring pasar,
pan samja dipun bandani,
pradjurit kraman,
genti ingkang winarni.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 509 - 510.

13.Radèn Basah Prawirakusuma ika,
medal sangking désaki,
Djasa kidul nggènnja,
sigra ladjeng kepapag,
lan Wangsasemitra mantri,
Kertadiwirja,
seksana tjampuh djurit.

•

14 Pradjurité Ngabèhi Resasemita,
kasoran nggènnja djurit,
lan Kartadiwirja,
wau pradjuritira,
pan sami lumaju nggendring,
ladjeng ketjandak,
tinumbak kraman kènging.

•

15 Tjakrawangsa tatu bauné kang kiwa,
tinumbak kraman kénging,
pan namung satunggal,
tatu bodja kang kiwa,
Dipati Tjakradjajèki,
sareng tumingal,
pradjurit dèn tumbaki.

•

16 Pradjurité Ngabèhi Wangsasemita,
rinampog kraman sami,
tatu walikatnja,
tanggina nulja njandak,
Dipati Tjakradjajèki,
ngikal ampilan,
kjai Keré pinandi.

17.Jata wau Basah Prawirakusuma,
sigra malja aglis,
wonten kang katjandak,
Pradjurité dèn Basah,
kang sami ambekta bedil,
apan kabandang,
tambur kénging satunggil.

•

18 Kang sendjata anenggih kénging titiga,
Basah lumaju nggendring,
sigra pradjuritnja,
Dipati Tjakradjaja,
apan sami wangsul malih,
dateng ing Djasa,
grijené dèn obongi.

•

19 Riseksana Basah Prawirakusuma,
lawan wadyanirèki,
ndjog dusun Komaran,
ladjeng mring Walikara,
nèng ngriku umadeg baris,
kumpul pra wadya,
wus lami dèn lurugi.

•

20 Kawarna-a Adipati Tjakradjaja,
arsa ngrubasèng djurit,
dateng Walikara,
dèn Prawirakusuma,
agantjang tjaritanèki,
pan sampun dandan,
sigra sami lumaris.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 511 - 512.

21.Tan kawarna ing marga pan sampun prapta,
nenggih walikarèki,
gja tjampuh ngajuda;
kraman ladjeng kasoran,
dèn Prawirakusumèki,
samja lumadjar,
nèng désa Kradjan mandjing.

.

22 Adipati Tjakradjaja saha wadya,
kraman dipun suk wani,
dateng dusun Kradjan,
dèn Prawirakusuma,
mring Wingka nggènira nggendring,
nèng Lorog bulak,
pan sami amping-amping.

.

23 Kang karja ampingan wau maésa,
pélor kadya grimis,
bedil Tjakradjajan,
deres pangerèlira,
Dipati Tjakradjajèki,
ngesuk sawadya,
kraman sami ngontjati.

.

24 Riseksana maésa samja tinilar,
kraman nèng désa mandjing,
Ngandong namanira,
kedik kang anèng ndjaba,
kang samja andon djurit,
tadah apanggah,
Dipati amrepeki.

25.Samja dèn suk kraman pan sampun bubar,
Maésa dèn tilari,
nèng saklèring désa,
ing Ngandong namanira,
Kja Dipati amijarsi,
jèn kraman telas,
mésa samja akèri.

.

26 Angandika Adipati Tjakradjaja,
mring kang para pradjurit,
pada paranana,
kramané pan wus telas,
bubar keboné giniring,
mring wadyanira,
Kjahi Adipati.

.

27 Katahira wau sadaja maésa,
satus kalihdasèki,
ageng pitung dasa,
kang alit gangsal dasa,
sedaja sami giniring,
mring wadyanira,
Kjahi Adipati.

.

28 Tan winarna ing marga pan sampun prapta,
seksana agja prapti,
ing bèteng Tjengkawak,
sedaja kang bandangan,
wus sami katur kumpeni,
tunggul ing Walanda,
Kalères tarima kasih.

HS.Or.Leiden 2163, blz. 512 - 513.

29.Mésa satus rong puluh katur sadaja,
deder pèlèt lan bedil,
lan bandangan tumbak,
manuk nori kuki lang,
sedaja katur kumpeni,
tan kaliwatan,
Tjakradjaja Dipati.

30 Pan sinigeg genti ingkang kawarna-a,
Kraman wus wangsul malih,
wonten dusun Kradjan,
dèn Prawirakusuma,
kalawan para pradjurit,
pepak sadaja,
nèng kradjan samja baris.

31 Pan sanéga kelawan para Daolah,
anèng Kradjan akaping,
genti tjinarita,
baris wong Tjakradjajan,
sedaja sampun mijarsi,
Bupatinira,
apan sampun mijarsa.

32 Angandika dateng wau para wadya,
lan sijagènga ing djurit,
sedaja sijaga,
sapirantiné ing juda,
seksana sigra lumaris,
mu ntab mbelabar,
andulur anèng margi.

33.Kang sinedya andjog dusun ing Keradjan,
kramàn kang patjak baris,
anèng dusun Kradjan,
dèn Prawirakusuma,
sawadyanira miranti,
sikeping juda,
tumbak kalawan bedil.

34 Lampahira AdipatiTjakradjaja,
tinata gelar djurit,
pinatah mertiga,
wadya ing Tjakradjajan,
sangking Djenar kang sebagi,
andjog ing Kradjan,
dusun ing Wanabanggi.

35 Nulja andjog tembing kidul dusun Kradjan,
sangking Tjengkawak nenggih,
mener andjog kradjan,
Dipati Tjakradjaja,
kang wadya ginelar katri,
prajitnèng baja,
ngesuk masah mangsengit.

36 Wadyabala agantjang ing lampahira,
seksana sampun prapti,
tepis wiring samja,
dèn ungak tan na medal,
sakatahé kraman sami,
jata rembugan,
sakèhé pra Mantri.

MS.Or. Leiden 2163, blz. 513 - 514.

37. Kja Dipati Tjakradjaja lampahira,
medal ing Banju-urip,
andjog ing Sebara,
kang sangking ing Dud_uwan,
andjog Tjarikan anengih,
genti kotjapa,
Gorawetjana bèhi.

.

38 Pan rumijin praptané Gorawetjana,
ndjudjug kraman abaris,
anèng dusun Kradjan,
sanèga saha bala,
seksana tjampuh ing djurit,
lawan keraman,
aramé silih ungkih.

.

39 Karsanira ki Dipati Tjakradjaja,
kinèn tarung rumijin,
anèng dusun Kradjan,
kraman kihalang kalang,
aramé judanirèki,
anèng ing Kradjan,
Mantri tiga narungi.

.

40 Kang nèng ngarsa Ngabèhi Gorawetjana,
lan Wangsasemitèki,
lan Mertaprawira,
kraman ing judanira,
dèn Prawirakusumèki,
apan kasoran,
pan samja angunduri.

41.Gja Lumaju Basah Prawirakusuma,
mangilèn pan anggendring,
genti kawuwusa,
wadya ing Tjakradjajan,
wonten kilèn nggennja baris,
dusun Tjarikan,
keraman dèn tadahi.

42 Pan kabutuh plajuné bala keraman,
tjengkélak angénggoki,
dateng dusun Setjang,
sami dèn atut wuntat,
keraman lumaju malih,
mring désa Djana,
nulja na bantu prapti,

.

43 Ki Ngabèhi Gorawetjana gé prapta,
mangsah tandang maletjit,
anglud marang Djana,
kraman anundjang-nundjang,
ing Kijangkong sampun prapti,
sapraptanira,
ing Kjangkong samja bali.

.

44 Kja Dipati Tjakradjaja gja utusan,
dawuh marang pradjurit,
wangsul mring Tjengkawak,
angsal mbandang maésa,
selawé prah katahirèki,
angsal sendjata,
sekawan katahnèki,

MS.Or.Leiden 2163, blz. 515 - 516.

45. Angsal-angsal nenggih kapal lilima,
seksana sigra prapti,
ing bètèng Tjengkawak,
wus panggih lan Walanda,
bandangan katur kumpeni,
sadajanira,
Tuwan Klères anampi.

46 Pan lami nggènira anèng ing Tjengkawak,
kjahi Tjakradjajèki,
lan kang para wadya,
samja munggèng ing ngarsa,
nèng Tjengkawak saben éndjing,
sukèng wardaja,
raosing gula milir.

D a n d a n g g u l a. XLIII

1 Sakatahé kang para pradjurit,
nèng Tjengkawak pan samja aséba,
atarap munggèng ngarsané,
mring Kja Dipati sujud,
para Mantri miwah pradjurit,
aglar nèng pasèwakan,
pan andèr supenuh,
miwah pra pjaji ing désa,
kanan kiri mrasowan marang djro biting,
panakwan lan magang.

2 Sinangbukuh manikel nèng ngarsi,
para magang tan kena ingétang,
pepakan wadya-bala ndèr,
kasaru praptanipun,
serat sangking ing Sumur-pakis,
kintaken kèngin Walanda,
sigra surat katur,
dumateng Kja Adipatya,
gja binuka sinuksmèng sampun patitis,
tètès tuturing surat.

3 Bubukaning serat sing kumpeni,
Kja Dipati Tjakradjaja dija,
sekarang lu kerdja bètèng,
di désa Sendang itu,
tanah baik pur kerdja biting,
sama hani Belanda,
Kmp namanja itu,
dengan bawak itu orang,
ri seksana Kja Dipati Surarèng glis,
umangkat saha wadya.

4 Mrijem tiga kang binekta dingin,
tan kawarna lumakja nèng marga,
sampun prapta panggènané,
Sendang salèring dusun,
apan sami ajasa biting,
akatah ingkang nggarap,
bètèng pan mèh rampung,
wus angsal satengah wulan,
nggènnja karja punang bètèng nulja dadi,
tinata sampun tata.

5 Ki Ngabèhi Gorawetjanèki,
Kinèn karja bètèng ing Sebara,
nenggih lawan kimpeninè,
Hèlberek namanipun,
lan ambekta saradadunèki,
kang anèng ing Sendang,

binekta sedaraum,
dumateng dusun Sebara,
ngambil banda wadya lit ingkang nindihi,
Mantri Gorawetjana.

.

6 Tan alami bèteng nulja dadi,
sinengkalan nenggih dadinira,
Sendang lawan Sebarané,
sad bana panditèku,
karsanira Kja Adipati,
kang nama Tjakradjaja,
karja sendang iku,
bèteng sampun amirantya,
sengkalannja kalawan Sebara tunggil,
sad gana resi tjandra.

.

7 Ing Sebara mrijemé kekalih,
bèteng Sendang mrijemé satunggal,
sradadu sada katahé,
gantya ingkang winuwus,
Djèndral Dekok sampun pinanggih,
Kalèras ingkang nama,
pan sampun arembug,
tindak dateng Purwaganda,
amriksani mring bèteng Purwagandèki,
seksana gja lumangkja.

.

8 Budal éndjing lampahé kumpeni,
sampun prapta bèteng Purwaganda,
ingiring wadya-bala kèh,
amuntab wadya agung,
sapraptané anèng biting,
kang aran Purwaganda,
hormat pra sradadu,
datan dangu Tuwan Djèndral,
mangétan ladjeng amulih.
dateng bèteng Tjengkawak.

..

9 Ngantos dahar nèng Tjengkawak biting,
saha wadya tan ana kliwatan,
wus waradin sedajané,
bakda dahar gja kundur,
amangétan lampahirèki,
Tumenggung pra punggawa,
andèrèk tan kantun,
mring Twan Djèndral atut wuntat,
andjog Soka tan dangu sigra lumaris,
ndjog Tanggung masuk bètyang.

.

10 Tan adangu seksana lumaris,
Tuwan Djèndral nèng Kedung-maèsa,
sedaja para Mantriné,
samja ndèrèk gumrudug,
wadyabala sami angiring,
Tumenggung lan punggawa,
seksana gja rawuh,
ing bèteng Kedung-maésa,
Tuwan Djèndral anaré namung salatri,
indjang nulja lumampah.

.

11 Tindak ing Sendang saha wadya ngiring,
datan owah kang para punggawa,
sadaja angiring kabèh,
seksana sigra rawuh,
anèng Sendang mriksani biting,
mider ing kiri kanan,
anulja kepangguh,
lan Dipati Tjakradjaja,
anèng Sendang pan samja tabik pra pjaji,
Landa lan Tjakradjaja.

12. Sigra lenggah anenggih nèng kursi,
Tuwan Djèndral suka manahira,
midangetaken aturé,
kandané Dipatiku,
Tuwan Djèndral angentrog wentis,
gumudjeng tjukakakan,
trustèng djroning kalbu,
dènnja menang djuritira,
apan katah nggènira angsal negari,
ing bawah Surakarta.

•

13 Tan kotjapa bawah ing Mentawis,
langkung katah tumut marang Djèndral,
mula suka ing galihé,
sarja angutjap sanggup,
dateng wau Kjai Dipati,
kang nama Tjakradjaja,
katah sanggupipun,
aku mbésuk kasih kerdja,
sama dija kowé kerdja baik-baik,
semuwa ini tanah.

•

14 Sarta wau Tuwan Djèndral kasih,
mring Dipati wau Tjakradjaja,
rasukan tjemeng warniné,
sikepan dapuripun,
géndong rénda kuning kang murni,
nenggih namung satunggal,
rasukan mung satu,
sakatahé pra punggawa,
pinaringan badju satunggil pra sami,
sangkelat djamus ika.

15.Ki Ngabèhi Wangsatjitra nenggih,
pinaringan kestul pengantènan,
bèhi Wangsasemitané,
pinaringan badju djamus,
pan sikepan sangkelat atjih,
Bèhi Gorawetjana,
pinaringan iku,
rasukan Atjih sangkelat,
(lan) sakèhé kang para Ngabèhi,
sadaja pan ginandjar.

•

16 Kjai Ranudiwirja pinaring,
ing rasukan tjemeng sangkelat,
wus waradin sadajané,
nenggih wau tan dangu,
Tuwan Djèndral ladjeng lumaris,
mring Bètèng Bandung désa,
jata sampun rawuh,
ing dusun Bandung namanja,
ri-seksana alenggah anèng ing kursi,
nulja ladjeng anggandjar.

•

17 Kang ginandjar Kjai Sawunggaling,
pinaringan rasukan sangkelat,
sikepan tjemeng warniné,
lan géndong rénda murub,
Kjai Tumenggung Djanegari,
pinaringan rasukan,
anenggih pan djamus,
dapurira pan sikepan,
ki Ngabèhi Kramaleksana pinaring,
sedaja pan warata.

18. Ing rasukan pan sangkelat Atjih,
dapur sikepan inggih sangkelat,
pan inggih tjemeng werniné,
wradin sakèh Tumenggung,
atanapi kang para Mantri,
sedaja pinaringan,
datan wonten kantun,
wus tata sadajanira,
para Mantri pepakan sami anangkil,
seksana ladjeng psita.

19 Pan aramé kang para Opesir,
dènnja pista apan andrawina,
kabèh lenggah nèng kursiné,
kapja para Tumenggung,
Tjakradjaja lan Sawunggaling,
lawan Danuwinata,
Surjawinatèku,
atarap munggèng ingarsa,
lénggah kursi pan samja anginum sopi,
Dipati Tjakradjaja.

20 Nulja sami bubaran pra sami,
nggènnja pista kang para Bupatya,
Tuwan Djèndral mring Winongé,
ndère`k para Tumenggung,
dateng Winong mirsani biting,
kang djagi bitingira,
pangran lan sèh iku,
kang nama Pangran Balitar,
pan wong Djawa aminda-minda wong Sajid,
seksana Djèndral prapta.

21. Wonten winong andjog djroning biting,
ingkang (a)nama gunung Presada,
nggènira masang bètèngé,
tan dangu sigra kundur,
Tuwan Djèndral mangétan malih,
dateng Kedungmaésa,
pra wadya sedarum,
sapraptané Kedungmésa,
sampun panggih kalawan para kumpeni,
samja lenggah atata.

22 Ladjeng pista kang para kumpeni,
pra Tumenggung lan Ki Adipatya,
wus dangu nulja arèrèn,
anenggih sami rembug,
pra Tumenggung lawan kumpeni,
nanging pikir tan sora,
bibisik tan asru,
datan dangu nulja bubar,
Tuwan Djèndral kundur dateng Kedu malih,
marang nagri Magelang.

23 Pan akatah Mantri lan Bupati,
samja ngiring mring kondurè Djèndral,
lawan Tuwan Kulnèl ndèrèk,
tan lami sigra rawuh,
nèng Magelang samja abaris,
nèng Kaliwungu ika,
Kumpeni sedarum,
anèng Kalitangi ika,
sampun pepak kumpeni para prijaji,
sinigeg tan winarna.

4. Kawarna-a Kjai Adipati,
Tjakradjaja ingkang tjinarita,
nèng dusun Ngunut barisé,
ingkang sinedya wau,
angulari mrijem kang kèri,
wauné ingkang gadah,
Djajasundarga iku,
lawan Kjai Ranggadjaja,
aturira wau tijang kang satunggil,
anèng sadjroning toja.

.

Sigra mara sami dèn ulari,
kang sendjata wonten ing suwakan,
pinendem akèh ropohé,
nulja sami angrubjuk,
nèng suwakan sigra kepanggih,
wau ponang sendjata,
awarni perunggu,
kabubrah kang ropoh ika,
mawi eri sadaja pan kadjeng tjangkring,
bedil gedé saputjang.

.

Pandjangipun namung tigang kaki,
jata genti ingkang tjinarita,
sapraptané tuwan Kulnèl,
sangking tanah ing Kedu,
sapraptané andjog ing biting,
nenggih Kedungmaésa,
ladjeng lampahipun,
mring Sumurpakis lumakja,
riseksana Kja Dipati sigra prapti,
nèng ngarsané Walanda.

27. Ngaturaken marijem satunggil,
dateng Kulnèl pan wus tinampanan,
kelangkung suka drijané,
ladjeng Kja Dipatiku,
lèngsèr sangking ngarsa wus pamit,
dateng Kulnèl Walanda,
sigra wau mantuk,
dateng ing bètèng Tjengkawak,
sapungkuré ing wuri paréntah malih,
dateng ki Ragadjaja.

.

28 Tuwan Kulnèl akon angulari,
prèntahira dateng Ragadjaja,
sarupané ing bedilé,
Djajasundarga iku,
utjalana dipun kepanggih,
sigra ki Ragadjaja,
anulja lumaku,
angupaja kang sendjata,
nuli wonten djalma pandé kang nuturi,
panggènané sendjata.

.

29 Aturipun djalma tukang besi,
dateng wau Kjai Ragadjaja,
kula mirsa panggènané,
pinendem nèng bebatur,
inggih wonten sadjroning siti,
salebetipun wisma,
anulja dinuduk,
pan kepanggih mung nembelas,
pan adaja sendjata asangkuh mawi,
sedaja ingambilan.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 523 - 524.

30.Riseksana katur punang bedil,
dateng Tuwan Kulnèl sedajanja,
tuwan Kulnèl paréntahé,
kèn njukakaken iku,
mring kumpeni ing bètèng Lengis,
tuwan Bokes kang nama,
bètèng Lengis tugur,
lah agè sira mangkata,
marang Lengis wénéna kang djaga biting,
kumpeni Lengis kana.

.

31 Sigra ladjeng wangsul punang bedil,
Ragadjaja ladju lampahira,
bedil ndjog bètèng Lengisé,
prapta panggènanipun,
Ragadjaja matur kumpeni,
njaosaken sendjata,
nembelas kèhipun,
Major Bokes langkung suka,
anampani kang bedil nembelas idji,
kumpeni trustèng nala.

.

32 Jata genti tjinarita malih,
Kja Dipati nenggih Tjakradjaja,
utusan dateng wadyané,
Dipati karsanipun,
animbali dateng kang abdi,
weweling kèn ngupaja,
ki Demang puniku,
tutura Kertadiwirja,
kon nggolèki marjemé Basah kang nami,
ran Prawirakusuma.

33.Sigra késah Ki Demang lumaris,
dateng Djawa wau ingkang warta,
pradjurité kraman déwé,
tukang gandéra iku,
ingkang warta panggènan bedil,
uning panggènanira,
mrijem sendjata gung,
pinetak anèng ing Djasa,
gja dinudug ponang mrijem wus pinanggih,
genti wau kotjapa.

.

34 Kja Dipati sigra anindaki,
nusul dateng lampahé ki Demang,
nulja budal sadajané,
sigra nuli kapetuk,
anèng Djenar nggènira panggih,
nulja mrijem ngukuran,
ageng pandjangipun,
Kja Dipati Tjakradjaja,
ingkang ngukur pandjangipun tigang kaki,
gengira satirisan,

.

35 Wijarira wiwaraning bedil,
winetara namung sedeng madja,
anulja sigra sinèrèd,
Dipati balanipun,
Tjakradjaja kinèn ngréntjangi,
Sumurpakis kang nama,
prapta mrijem katur,
dateng wau kang Walanda,
Kurnèl Klèrès seksana tinampan aglis,
glis mrijem rinawatan.

36. Wusnja lami angulati malih,
Kja Dipati wau Tjakradjaja,
sawadyabala anderèk,
mbok ana kraman kantun,
Kembang kuning nggènnja miranti,
sigra sami lumampah,
seksana wus rawuh,
ing Kembang-kuning prenahnja,
ladjeng pirsa wonten kraman ting kulitjir,
késah mring Walikara.

•

37 Rahadèn Prawirakusumèki,
sampun wonten dusun Walikara,
seksana Kjahi Dipatos,
ladjeng ngalih mring dusun,
anèng wau dusun Garigid,
sakilèn ing Komaran,
punika nggènipun,
sakedik ingkang petjalang,
sigra kraman anggendring tan nolih-nolih,
genti ingkang kotjapa.

•

38 Grijanipun wong Komaran sami,
pan sedaja sami ingobaran,
wus telas déné latuné,
ladjeng Dipati wangsul,
ngalèr dateng ing Sendang malih,
medal dusun Bubutan,
Sang Dipati gupuh,
pratélan marang kumendan,
Purwaganda kula wau ngupadosi,
dèn Prawira-kusuma.

39. Sapunika pan boten pinanggih,
kang pinanggih pan mung petjalan,
wonten Komaran enggèné,
ladjeng kula atarung,
nèng Komaran kraman malentjing,
ladjeng grija Komaran,
wus telas sedarum,
Kja Dipati Tjakradjaja,
bakda bilang anulja mring Sendang malih,
tan dangu sigra prapta.

•

40 Enengena Kja Dipati mulih,
jata genti ingkang tjinarita,
kraman lawan pradjurité,
Prawirakusumèku,
nedya ngamuk marang ing biting,
sawadya balanira,
wus prapta sedarum,
dateng bèteng Purwaganda,
nuli aprang wonten sawidjining biting,
biting ing Purwaganda.

•

41 Saradadu kang sami andelik,
anèng ing djro biting Purwaganda,
namung tijang Butun baé,
ingkang sami atarung,
langkung ramé asilih ungkih,
tan wonten kang kasoran,
dènnja aprang pupuh,
aramé nggènira juda,
tijang Butun pipitu ingkang narungi,
bekta lameng lan bérang.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 526 - 527.

42.Pradjurit Wirakusumèki,
nunggang djaran pan sarya angipang,
dateng tyang Butun pituné,
katah kang samja tatu,
kenèng bérang para pradjurit,
pipitu kang watgata,
rangga kalih tatu,
sigra pirsa Basahira,
Kja Tumenggung Pant jadipura kang nami,
sigra ladjeng anumbak.

.

43 Litnan Butun pan tinumbak keni,
dateng wau ki Pantjadipura,
ingkang kénging walikaté,
Litnan Butun wus tatu,
males njlameng Tumenggung kénging,
kang tatu tanganira,
wus kena Butun,
wus kabandang waosira,
pan binekta lumadjar kang nora kanin,
wong Butun kantjanira.

.

4 Litnanira ladjeng angemasi,
tijang Butun wau kénging pedjah,
mung nenem lawan Litnané,
sigra mrijem djumegur,
anulungi wong Butun sami,
mimis angsal gumukan,
mangka ponang gumuk,
malesat kena dèn Basah,
ladjeng kénging dèn Basah anulja kanin,
wentis tengen kabranan.

45. Langkung perna tatuné kang wentis,
radèn basah Prawirakusuma,
ladjeng rinampa wadyané,
mundur wadya sedarum,
titihané dèn Basah kénging,
butul lambung terusan,
kuda ladjeng lampus,
namung mimis bubutulan,
sangking kuda dèn Basah tatuné wentis,
terus marang ing kapal.

.

46 Radèn Basah pan maksih basuki,
mempen anèng dusun Wirasaba,
nenggih sawadya-balané,
para Tumenggung kumpul,
Natatruna anèng in dèsi,
anèng désa Mantjasan,
pepakan supenuh,
nggèn kraman wau nèng Djasa,
pan amalih kalawan nèng Wiratangkil,
dèn Prawirakusuma.

.

47 Enengena kang samja andelik,
kawarna-a Kjai Tjakradjaja,
kang wonten bèteng Sendangé,
anenggih arsa nglurug,
dateng Djasa sinebdèng kapti,
ngrubasèng pra kraman,
nenggih kang djudjuluk,
rahadyan Tirtak usuma,
anèng Djasa kang arsa dipun lurugi,
mring kjahi Tjakradjaja.

48 Tan antara Kjahi Adipati,
sampun prapta anèng dusun Djasa,
tan wonten Tirtatrunané,
kang anèng Djasa iku,
mung Tumenggung Tjakradirdjèki,
Menggung Tirtanegara,
mirsa mungsuh rawuh,
sigra wau samja mapag,
dateng mungsuh ki Dipati ingkang prapti,
wonten kulon ing désa,

.

49 Ladjeng tjampuh kang para pradjurit,
mung sakedap wau nggènira perang,
kraman asor ing djurité,
ingkang désa djinudjug,
ing Truwatang ingkang dèn enggoni,
sigra wong Tjakradjajan,
tan kandeg ambudjung,
keraman asalang tundjang,
sampun prapta punang kraman andjog dèsi,
aran dusun Sinuwan.

.

50 Kja Dipati Tjakradjaja ngusir,
dènnja mbudjung dateng para kraman,
anggendring palajuné,
ndjog dusun Kaliwungu,
Tjakradjaja sawadyanèki,
Menggung Tirtanegara,
sawadyanja ambjur,
lawan sapradjuritira,
sami kantun tumbak atanapi bedil,
papat lan mantrinira.

.

51.Namaning Mantri ingkang ngemasi,
peparab ki Ardjamandura,
kang pedjah wonten ing lèpèn,
angsal sendjata pitu,
waos tiga-likur puniki,
penurung saput kajja,
lawan kapal antuk,
kang kabandang kapal gangsal,
ingkang mbandang sira kjahi Adipati,
kang anama Tjakradjaja.

.

52.Riseksana mundur pra pradjurit,
ndèrek dateng Kjai Tjakradjaja,
tan dangu prapta Sendangé,
bandangan sampun katur,
marang Kulnèl tunggulìng Wlandi,
sedaja kang bandangan,
katur sadajèku,
sareng dinten pan Selasa,
ladjeng prèntah Kulnèl wau mring Dipati,
kang nama Tjakradjaja.

.

52 Prèntahira wau kang kumpeni,
kinèn ngètju dateng ing keraman,
Natataruna namané,
ing Kedung kuwalèku,
riseksana ingkang pradjurit,
Dipati Tjakradjaja,
sigra dandan gupuh,
pra wadya samektèng juda,
nulja mangkat wau sira ki Dipati,
bèhi Gorawetjana.

MS.Or.Leiden 2163, blz.529 - 530.

54.Lawan Rangga Mertaprawirèki,
Lawan Litnan Hèlbèrek kang nama,
pan sèket saradaduné,
ambekta mrijem kang bum,
mung satunggal mrijemirèki,
ri anggara mangkat,
wantji tengah dalu,
agantjang ingkang tjarita,
tan winarna lampahira aněng margi,
prapta Bubutan rembag.

55 Rembagira Hèlbèrek kumpeni,
Kja Dipati wau Tjakradjaja,
kèn malebet sabalané,
nèng dusun Kedungwangsul,
Tuwan Bèrek kang anèng Djawi,
anjegat kidul désa,
nèng djawining dusun,
aneda kanti wong Djawa,
dateng wau Kja Dipati mung satunggil,
anenggih tjinaosan.

56 Kja Dipati Tjakradjaja angling,
pan paréntah dateng Mantrinira,
Mertaprawira arané,
ingkang kinèn atumut,
dateng wau bangsa kumpeni,
lawan pradjuritira,
sadaja tut pungkur,
nadahi sakidul désa,
riseksana Kja Dipati nulja mandjing,
anèng Dungkwali désa.

57 Pra keraman pan datan pinanggih,
kraman ingkang nama Natatruna,
ing Dungkwangsul sampun kosong,
Dipati nulja pangguh,
tijang dusun nenggih satunggil,
Suradipa kang nama,
seksana dinangu,
enggèné Natataruna,
aturira kang tinanja inggih uning,
wonten dusun ing Kanggan.

58 Suradipa binekta lumaris,
sami njabrang Kali Pragawanta,
anulja tekèng prenahé,
dusun dèn drèl gupuh,
djalma désa gègèr kepati,
kraman Natataruna,
pan aglis lumaju,
lawan sapradjuritira,
sami medal sangking dusun niba tangi,
gugup pating salebar.

59 Kang kabandang marang Sang Dipati,
turanggané dèn Natataruna,
apan kena lan pistulé,
kudané ki Tumenggung,
Pantjadipura apan kénging,
kalawan kestulira,
serakit pan katut,
......
Bjar rahina keraman pan sampun gusis,
Tjakradjaja winarna.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 530 - 532.

60. Sukèng ingtyas panunggguling djurit,
anatjahken sagunging bandangan,
turangga pitu asalé,
gangsal sendjatanipun,
pedang usar sekawan idji,
waos angsal sedasa,
krega angsal tjatur,
sami tjineplok salaka,
bangsal slaka timang slaka angsal katri,
tjindé lus gangsal lirang.

•

61 Sampun mundur wus tjunduk kumpeni,
Igelbèrek kang nèng kidul désa,
Tjakradjaja ngaturaké,
sakèh bandanganipun,
Igelbèrek sukèng ing galih,
wusana ngandika,
mring Tjakradjajèku,
semuanja itu barang,
baik kirimken sama Kulnèl dan papi,
saja dapet lima.

•

62 Riseksana tjarakèng tinuding,
ngaturken sagunging bandangan,
Hèlbèrek lan Dipatiné,
sedaja samja wangsul,
kundur dat ng ing Sendang biting,
tjaraka kang winarna,
seksana tjumunduk,
ngaturken sagung bandangan,
Tuwan Kulnèl tampi sarta sukèng galih,
genti ingkang winarna.

63. Tjinarita wau wong kumpeni,
kang anama Kapitan Naota,
kang ngrangsum marang Wawaré,
kalawan Radja Butun,
Demang Kramadimedja ngiring,
sareng sawangsulira,
sangking nggènnja ngrangsum,
kang nama dusun ing Wawar,
ladjeng sami karsa adamel biting,
wonten dusun Bedjadja.

•

64 Tan winarna nggènnja nambutkardi,
winentara mung satengah wulan,
bèteng dadi pinggir lépén,
lèr kali Lereng iku,
kuneng sigeg genti winarni,
Kaleres kang Walanda,
animbali gupuh,
mring Dipati Tjakradjaja,
ari Buda ing Besar tanggal satunggil,
anèng désa Tjarikan.

•

65 Pan agantjang ing tjaritanèki,
Kja Dipati Tjakradjaja,
lumampah saha wadyané,
seksana sigra rawuh,
ngarsèng Kulnèl ingkang nimbali,
nèng Bèteng Petjarikan,
Tuwan Kulnèl muwus,
dumateng ki Tjakradjaja,
pan mangka Kja Dipati saja panggil,
di kita punja mukak.

66. Dari itu saja punja pikir,
Pinggir sungi di desa Bubutan,
itu baik kerdja bènteng,
tanahnja baik sungguh,
kja Dipati bolèh mulai,
Tjakradjaja turira,
saja djuga turut,
prentahnja kepada Tuwan,
tapi saja dibelakang barangkali,
abisnja ini perang.

67 Saja mintak satu surat djangdji,
pakik tanda dari Tuwan Djèndral,
tjap merah angutjap Kulnèl,
dari perkara itu,
blakang kali saja kirimi,
surat Semarang Besar,
Gupremen Gupernur,
njang pegang nagri Indija,
njang berduduk ada di Negri Betawi,
bole utawa tidak.

68 Saja kasih kabar sama Kjahi,
lu sandenja djadi orang Blanda,
sudah dapat bintang gedé,
Tjakradjaja umatur,
saja punja mintaken lagi,
sama kepada Tuwan,
kalau kraman teluk,
itu djangan dipasang,
kerdja mati kasijan diblakang kali,
takut trak masuk Blanda.

69. Tuwan Kulnèl langkung trusteng galih,
amijars turé Tjakradjaja,
rijeg sagung bitjarané,
seksana gja lumaku,
Kja Dipati lawan k umpeni,
kebut sing Tjarikan,
muntab lir wun-awun,
seksana prapténg Bubutan,
lan Helberek Kja Dipati prèntah Mantri.
miwah tijang arahan.

70 Nambut karja mung samadya sasi,
ing Bubutan bèteng sampun dadya,
Radja Butun lawan Kulnèl,
tindak mring Bandjar santun,
samja nata apatjak baris,
anjegat kraman liwat,
tan ana kang langkung,
kundur mring Kedungmesa,
Radja Butun tinilar Bubutan djagi,
tijang Butun sedaja.

71 Jata genti tjinarita malih,
Dyan Tumenggung nama Tjakraredja,
dusun Bapangan wismané,
teluk sawadyanipun,
wus tinrima Kulnèl kumpeni,
sarta pinaring bawah,
urut Kedungwangsul,
wonten malih menggung kraman,
Tjakradirdja anenggih ingkang wewangi,
ateluk saha wadya.

72.Sampun tunduk ing ngarsa Kumpeni,
Tuwan Klèrès wus paring ngapura,
sakatahé ing dosané,
agenti kang winuwus,
putranira Pangran Ngabèhi,
sekawan katahira,
inggih samja teluk,
lenggahira samja dollah,
sampun katur sekawan para prijaji,
Kulnèl paring pangapura.

.

73 Para putra sekawan prasami,
pan binekta marang ing Magelang,
wus prapta wau lampahé,
dinangu namanipun,
mring Risidèn para prijaji,
tj atur atur prasetya,
ngwalèhken djedjuluk,
nama Radèn Arja Demang,
kang satunggal nama Reksakusumèki,
lawan Séwakusuma.

.

74 Sekawané Dèn Dajana nami,
pan sinigeg genti tjinarita,
menggung Pantjadipurané,
lan Djajadimedjèku,
Tjadipura djangkepnja katri,
sareng tumenggung tiga,
nggènira ateluk,
Kulnèl Klèrès wus ngapura,
sakatahé dosné tumeng ung katri,
kalawan wadyanira.

75.Kuneng wonten tjinarita malih,
Kangdjeng Sultan wau Erutjakra,
Basah Prawiradirdjané,
sentana anung-anung,
pan sentana samja anangkil,
Pangran Bèhi ing ngarsa,
pepak punggawa ung,
nèng Pengasih ngarsa-arsa,
praptanira Tuwan Rup bangsa kumpeni,
sareng Sawal bakdanja.

.

76 Datengipun wau kang Welandi,
ingkang nglurug Pengasih désanja,
mukul Sultan barisané,
pémut sengkalanipun,
buta tata sabdaning Adji,
pan Ehé ingkang warsa,
seksana gja tjampuh,
aramé ing judanira,
pan kasoran Kangdjeng Sultan nggènnja djurit,
anèng Pengasih désa.

77 Mila apes Sultan nggènnja djurit,
awitira dèn tjahosi barang,
mring Tuwan Rup pisungsungé,
mori tanapi pistul,
Kangdjeng Sultan kersa nampani,
ruruba sing Walanda,
Kangdjeng Sultan rembug,
kalawan para sentana,
kamituwa kang rama Pangran Ngabèhi,
punikakang tinarja.

78. Arsa lolos mring Bagelèn nenggih,
Pangran Bèhi tan lengga karsa,
wus kumpul sagung pikiré,
seksana gja lumaku,
Kadilangu kang dèn margèni,
tekjeng ing Wanarata,
anjaré sedalu,
ladju dateng dusun Putjang,
nulja njaré sedalu bjar sampun éndjing,
seksana lumaksana.

•

79 Surup ngarka njaré nèng Kemiri,
nulja munggah dateng ing Djelamprang,
ladjeng njaré Panironé,
ing Juni kang djinudjug,
apan tetep anèng ing Juni,
genti kang tjinarita,
Twan Kulnèl winuwus,
Kalères ingkang wewangja,
nglampahaken sakèhing ingkang pradjurit,
kang para Litnan lima.

•

80 Litnan Kerap lawan Litnan Djili,
saha wadya wau Litnan gangsal,
sadjuru-djuru golongé,
kekalih mrijemipun,
dateng Mranggèn ladjeng abaris,
Mrijem Kedungmaesa,
kang binekta wau,
kang baris anèng Sampuran,
Tuwan Kulnèl Klères ingkang nglurugi,
dumateng Karangmadja.

81. Ingkang samja wau dèn lurugi,
Ingkang nama Pangèran Dipatya,
Dipanagara anèn,
abaris Kedung agung,
Enggelbèrek ingkang kumpeni,
lan Kjai Tjakradjaja,
lawan Radja Butun,
genti ingkang kawarna-a,
Kulnèl Salwèng mangkat sangking Wanapeti,
ing latri ésuk prapta.

•

82 Datengipun Karangmadja ingin,
ladjeng Pangran Dipati Taruna,
wus panggih lan kumpeniné,
kang Klana nulja pangguh,
Pangran datan suwalèng galih,
nulja sami binekta,
lan raji dèn-aju,
sakèhè ingkang ampilan,
wus kapendet dumateng para kumpeni,
sedaja rinampasan.

•

83 Raré bulé wus binekta sami,
Tumenggungnja kekalih tut wuntat,
pan wewolu djajèngané,
lawan Raden Mas Sukur,
nggih binekta dateng kumpeni,
mring dusun Kalinangka,
lumampah gja rawuh,
anèng dusun Kali-nangka,
jata genti ingkang kawarna-a malih,
Kulnèl Klères winarna.

84.Nembé rawuh pan sangking Telagi,
pan lumampah wau aneng marga,
anulja kapetuk agé,
lawan Basah ing ngenu,
putranira Pangran Ngabèhi,
Radèn Wirakusuma,
nggih sedajanipun,
anèng dusun ing Galendang,
riseksana samja tjampuh ing adjurit,
ramé katah kang pedjah.

.

85 Raden Tumenggung Natajudèku,
kang nama Pandji Tjakradiwirja,
kalawan Natatrunané,
ppra Prawira pitu,
sami pedjah kenèng ing mimis,
kang katjrita sedaja,
wong tjilik kang lampus,
kumpeni angsal bandangan,
kuda rolas lan duwung sedasa idji,
waosé gangsal welas.

.

86 Genti kotjap kang sami abaris,
kja Dipati nama Tjakradjaja,
nèng Kebon-agung enggoné,
ambandang kapal iku,
usar kanin ingkang darbèni,
mawi kestul satunggal,
semana pan katur,
dateng wau kang Walanda,
wus katur dumateng bangsa kumpeni,
nulja gé tinampanan.

87.Ladjeng Kulnèl wau samja mulih,
wus lumampah mring Kedungmaésa,
wus prapta wau lampahé,
jata datan winuwus,
jata genti ingkang winarni,
ingkang anèng Sapuran,
Kerap lan Djulèku,
kaunggahan ing keraman,
pradjuritè Kangdjeng Sultan Ngabdulkamid,
ngrubasèng mring Walanda.

.

88 Para kraman tata titi titis,
ambeg sura lumawaning mengsah,
arempeg puput papané,
pepak para Tumenggung,
gagah ganggas kang para Kadji,
pandji djadjar lan basah,
samja sujut saguh,
kumpeni mapan akapang,
kupeng kepung kemput pipit papan panggih,
pupuh popor gemporan.

.

89 Kuneng sigeg kang tjarita gumanti,
saradadu anèng Balekambang,
pan Magilis tetunggulé,
atata sami rembug,
sami arsa ngadangi baris,
dateng wadya kraman,
ing peladjengipun,
wus rijeg kang patembajan,
golong gilig gutgutan Major Magilis,
trep tatrap Balekambang.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 538 - 539.

90. Kraman asor mundur anjelaki,

mring Maglis wau barisannja,

keraman rampeg undurè,

lumaksana akumpul,

rèrèh riris raras lumaris,

wus sami ajun-ajunan,

kraman jitnèng madju,

wus tjaket sawang-sinawang,

wadya kraman kalawan bala kumpeni,

tan nedya lumajuwa.

Pangkur. XLIV

1. Aramé ing judanira,
wadya kraman lawan bala kumpeni,
surak awor lawan tambur,

gumuruh sjaranira,

pangedrèlnja kumpeni mimisnja ambjuk,

kumrutug lir péndah udan,

katah tatu kang pradjurit.

.

2 Punapa malih kang pedjah,

sampun dangu kraman ladjeng ngunduri,
kasengser ing djuritipun,

mangidul lorodira,

pan sadaja keraman samja lumaju,

dateng dusun Balekambang,

seksana dipun tarungi.

.

3 Kraman ingkang anèng tengah,

apan katah wau kang tatu mati,

kenèng pélor lawan sangkuh,

Basah Du kadir pedjah,

Pandjinipun Djajasundarga sami tatu,

sekawan ingkang pralèna,

kapalé Djajasundargèki,

.

4 Kang pedjah pun Sanggaréma,

Tuwan Djili angsal bandangan sami,

gendéra tiga kéhipun,

kudanja kawandasa,

kèh dandosan pèni-peni warnanipun,

barangé para keraman,

kang sami dipun rampasi.

5 Kraman ingkang samja oedjah,

napa malih wau kang samja kanin,

winatara wonten satus,

Pangeran Dipanagara,

ladjeng lorod sawadyanja pan mangidul,

kèndel désa Pantjeng ika,
angasokken kang wadya lit.

.

6 Pra Walanda suka-suka,

nggènira sami menang djurit,
Tuwan Magilis puniku,

angsal mbandang bandéra,

mung kekalih anenggih bandéranipun,

kuda alus kalih welas,

ingkang darbé pra prijaji.

.

7 Amempen anèng ing désa,

Pundi ladjeng wau kang dèn sipengi,

gentija ingkang winuwus,

Kulnèl Klères semana,

ladjeng nglurug dateng wau ing Delanggu,

seksana pan sampun prapta,

Delanggu kepanggih sepi.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 540 - 541.

8 Kangdjeng Sultan Erutjakra,
sampun pindah wau nggènira baris,
nèng Nglubang sawadyanipun,
sedija lawan juda,
wis tinata mring Basah para Tumenggung,
seksana tjampuh kang juda,
saradadu angedrèli.

•

9 Ontjat wadyabala kraman,
saradadu sangsaja ngesuk wani,
nggènnja mundur prapta Nglugu,
barisé Kangdjeng Sultan,
pan binudjung dateng sakèh saradadu,
ladjeng andjog Warèng dèsa,
seksana kesaput latri.

•

10 Bjar éndjing tindak mangétan,
Kangdjeng Sultan njabrang kali Semanggi,
Kulnèl Klères kang winuwus,
lampahé sampun prapta,
Djagabaja anenggih namaning dusun,
kelawan kang wadyabala,
gja angentja karja biting.

•

11 Nama dusun ing Gedangan,
lan Semanggi pan tjelak samodràki,
agantjang tjaritanipun,
bètèng Semanggi tatrap,
sampun dadya wong Djawa kang sami tumut,
rahadèn Djajanegara,
lan ingkangpara pradjurit.

12. Dèn Major Sjarawinata,
sami tumut mbekta mrijem satunggil,
ladjeng kulnèl dateng gunung,
kang nama Tlagaléla,
Kja Dipati Tjakradjaja Radja Butun,
kalawan ambekta Litnan,
Hèlbèrek ingkang wewangi.

•

13 Seksana prapta telaga,
gja lumampah Grèndang kan dèn edjogi,
nèng Karangmadja kepangguh,
kelawan Kangdjang Sultan,
samja tata anèng ing madyaning gunung,
nama désa ing Tangkisan,
wadyanja prajitnèng westi.

14 Seksana wadya Walanda,
ladjeng ngesuk baris kraman angusir,
kumpeni ambudjung purun,
Djeng Sultan Erutjakra,
saha wadya sedaja samja lumaju,
andjog désa nama Kokap,
lèngsèr désa Bjerma nenggih.

•

15 Walanda nèng Kali Buka,
sjakèh wisma samja dèn obongi,
latu-lumatu kamukus,
Kulnèl Kalères prèntah,
pan Hèlbèrek kalawan Sang Radja Butun,
samja kinèn lumampah,
wadya Butun kang angiring.

16.Papak Sangon sampun prapta,
lan Dipati Kjai Tjakradjaj èki,
gentyja ingkang winuwus,
nenggih ingkang winarna,
Djeng Pangéran Mangkubumi lan Dèn aju,
lan Pangéran Surjèngalaga,
lumaju nèng nggigir ardi.

.

17 Binudjung mring wadya Wlanda,.
Pangran kalih umjat lumaju nggendring,
umandjing wana nelusup,
bubar datan kantenan,
wadya Landa mbudjung dugi Sengir dusun,
Kja Dipati Tjakradjaja,
andjudjug ingkang dèn nggoni.

.

18 Pondok Pangran kang lumadjar, .
ki Dipati angsal bandangan bedil,
warni gondok pan tetelu,
waosé gangsal welas,
angsal bendé satunggal kalawan tandu,
téko kalih angsalira,
mésa angsal sèket idji.

.

19 Pan angsal lembu nggih sapta,
riseksana sanghyang Arka wus mandjing,
bjar éndjing Tjakradjajèku,
dawah mring para wadya,
Papak Sangon kalawan Pelampang dusun,
kinèn sami ngobar samja,
ingobong wisma wus gusis.

20.Kja Dipati gja lumampah,
nenggih andjòg ing Gunung Regax nami,
ingriku keraman suwung,
Dipati Tjakradjaja,
samja wangsul sangking redi Ngarga iku,
dateng bèteng ing Bubutan,
kelawan para pradjurit.

.

21 Kulnèl anèng Sengir ika,
umjat wisma saé-saé kang warni,
dedawah mring para wadu,
sami kinèn ngobonga,
lawan wisma Papak Sangon ingkang kantun,
kalih désa wisma brasta,
grija Plampang dèn obari.

.

22 Ngantos dugi Putjangdenta,
ingobongan kan wisma sampun gusis,
Tuwan Kulnèl sampun kundur,
ndjog désa Tlagaléla,
saha wadya semana samja lumaku,
gja prapta bètèng ing Wadja,
sinigeg datan winarbi.

.

23 Nenggih ingkang kawrna-a, (a)
ki Dipati lawan bangsa kumpeni,
Hèlberek lan Radja Butun,
sami mandah nèng arga,
tan winarna ing marga pan sampun rawuh,
Papak Sangon tanah arga,
kang bala awarni katri.

MS.Or.Leiden 2163 blz. 543 - 545

24.Ladjeng dateng Kali Buka,
surup ngarka ladjeng sipeng sawengi,
bjar éndj ing samja lumaku,
dugi Manguri désa,
Kja Dipati bramatya sadjroning kalbu,
tyang dusun njepeng satunggal,
seksana dipun talèni.

•

25 Tijang punika tinanja,
panggonané Kangdjeng Sultan kang jekti,
kalawan sawdyanipun,
aturé kang tinanja,
inggih ndara panggonané kang satuhu,
wonten Tenggan ingkang désa,
kalajan pra garwa siwi.

•

26 Lan Basah Gandakusuma,
lawan malih Basah Mertanegari,
ingkang wonten Banjubiru,
Pangran Surjèngalaga,
lawan Pangran Arja Mangkubumi iku,
kalawan para wanita,
pepak anèng Tojawilis.

•

27 Rembagé Hèlbèrek Litnan,
pesanggrahan arsa dipun inggahi,
seksana Dipati gupuh,
lan wadya Walandanja,
pan angalér wau nggènira lumaku,
tan winarna anèng marga,
gja prapta dusun Tengganing.

28.Atata sami prajitna,
mesanggrahan anèng désa Tengganing,
kumpeni lan Radja Butun,
Dipati Tjakradjaja,
sawadyané sami minggah anèng gunung,
sareng prapta luhur ngarga,
kepanggih para prijaji.

•

29 Anenggih ing namanira,
Mas Tumenggung Nitiilaja nami,
lan dèn Wurjadjajèku,
Dènaju Pakuningrat,
ban pra putri atmadja Ingkang Sinuhun,
Kangdjeng Sultan ingkang djengkar,
kang séda anèng Mentawis.

•

30 Wanita meksih wewudjang,
pan pipitu katahé para putri,
dènadjeng Munteng namèku,
kang putra Kangdjeng Sultan,
lan embannja ingkang tansah atut pungkur,
kja Dipati Tjakradjaja,
seksana ngangseg angungsir.

•

31 Kalawan para prawira,
gja ketjandak sakèhé para putri,
wonten saputjuking gunung,
sadaja kang ampilan,
gja rinampas waos gangsal srasah bagus,
sendjata ingkang titiga,
kuda mawi busanèki.

32.Kalih-likur katahira,
kapuranti kapal sampun mepeki,
angsal kalih tamburipun,
kang werni emas retna,
nenggih Sengkang anèng nglantjang wadahipun,
seksana turun sing arga,
kepanggih lawan kumpeni.

•

33 Tuwan Litnan Hèlbèreknja,
sampun katur bandangan sadajèki,
Tuwan Litnan sukèng kalbu,
éndjang pan ladjeng prèntah,
mring tutunggul nenggih wadya Radja Butun,
saha wadya kinèn minggah,
tan lenggana lèngsèr ngarsi.

•

34 Wus minggah dateng haldaka,
nulur pèrèng kadya séla blekiti,
seksana nulja kepangguh,
putri katahnja gangsal,
kang satunggal nama wau Radèn aju,
anama Tjakrawinata,
lawan Tjakrakusumèki.

•

35 Lijané kalih punika,
sami nama dèn-adjeng meksih alit,
dèrèng sami krama iku,
(apan)angsal sendjata,
angsal tiga nenggih waos penurung,
angsal duwung serasahan,
séla lan pendoké murni.

36.Lan ali-ali tadjugan,
setja mirah pitulikur kèhnèki,
lopak-lopak kentjanèku,
miwah retna selaka,
emas kalih selakanè nenem iku,
d_uwung pendok djené gangsal,
bangkol emas angsal kalih.

•

37 Lawan angsal kapal gangsal,
las-lasan mirah lan inten warih,
apan inggih kalih bumbung,
bumbungipun selaka,
lan sangkelat tjemeng angsal kalih gulung,
miwah mori mblog-mblogan,
wong Butun ingkang angambil.

•

38 Kuneng ingkang tjinarita,
kang winarna Djeng Sultan Ngabdulkamid,
kalawan kang prawira nung,
nenggih sami lumampah,
pan mangétan dateng Tjlapar kang djinudjug,
Tuwan Bèrek lampahira,
wangsul mring Bubutan biting.

•

39 Nulja agé mbutjal surat,
dateng Kulnèl tembungé kang kintèki,
arepot bubukanipun,
sampun sinuksmeng drija,
sigra Tuwan Klèrès seksana lumaku,
dateng bètèng ing Bubutan,
prapta gja ladjeng kepanggih.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 546 - 548.

40.Genti ingkang kawarna-a,
Ki Dipati Tjakradjaja anenggih,
ginandjar mring Kurnèl iku,
werni lopak-lopak mas,
waos tiga lan kapal salapakipun,
kapal peranakan tedjya,
kang darbé Mertanegari.

.

41 Kang kuda koré satunggal,
saklapaké ingkang gadah inguni,
Basah Prawiradirdjèku,
Radja Butun kang angsal,
pinaringan duwung sakandelanipun,
sinerasah duwungira,
mirah inten lan widuri.

.

42 Apan mawi tetadjugan,
sinukanan ampilan wau kalih,
Dipati Tjakradjajèku,
ntuk kalih kang tjuriga,
kang satunggal kandelané djené sepuh,
mas tumenggung Tjakradirdja,
paringan duwung satunggil.

.

43 Lawan kandelané pisan,
tuwan Litnan Sumenep dèn paringi,
lopak-lopas mas puniku,
inggih namung satunggal,
sakèh barang kang nora winaris iku,
karsané Kulnèl Walanda,
kalinglang para kumpeni.

44. Tjakradjaja kang winarna,
tijang Butun lawan sradadunèki,
ing Bubutan enggènipun,
lenggahé pan pinada,
sukèng drija pan sarwi bodja anginum,
sadina-dina mangkana,
tan winarna laminèki.

.

45 Anudjwa ing dina Soma,
wulan Sapar tanggal kaping satunggil,
Dipati Tjakradjajèku,
tampi prèntah Walanda,
kinèn mandah dateng t anah gunung-gunung,
Tuwan Bèrek kantinira,
wus tata kang punang baris.

.

46 Gja mangkat sangking Bubutan,
prapta gunung medal dusun Telagi,
seksana kesaput dalu,
lerep nèng Kali Buka,
jata genti mau ta ingkang winuwus,
Kaptin Rinija Naota,
mangkat sangking Wadja biting.

.

47 Sumahab saha kelana,
medal Tlaga andjog Tangkisan nenggih,
latri sipeng Kokap dusun,
bjar éndjing gja umangkat,
dugi Tjerma anenggih namining dusun,
seksana nulja kepanggja,
tilas latjak ingkang baris.

MS./Or.Leiden 2163, blz. 548 - 549.

48.Tiningalan maksih anjar,
wetaranja dèrèng dangu lumaris,
Naota prajitnèng kéwuh,
prèntah mring para Litnan,
kinèn nitik dateng pundi purugipun,
Kangdjeng Sultan Erutjakra,
belum lama dari sini.

.

49 Pra Walanda ngira-ira,
takjan dusun kang nama Kedungtangkil,
Dipati Tjakradjajèku,
angling mring wadyanira,
ija pajo sakatahé kantjaningsun,
nusul Kedungtangkil èng al,
wus prapta ing Kedungtangkil.

.

50 Kraman panggja gja lumadjar,
anèng pèrèng ametukaken djurit,
tan adangu kraman mundur,
kalawan para wadya,
anèng redi Rega kesaput ing dalu,
sipeng wonten ngara-ara,
bjar éndjing nulja lumaris.

.

51 Ladjeng dateng Tjerma Kokap,
angja andjog ing dusun wau Tangkil,
ladjeng sedaja wus wangsul,
dateng ing bètèng Wadja,
Kja Dipati Tjakradjaja Radja Butun,
Enggelbèrek kumpeninja,
andjog dateng Tojawilis.

52.Mlampah prapta Mangurinja,
prapta Kali Buka ñjaré sawengi,
éndjing pra samja lumaku,
Papak Sangon Telaga,
dateng Grendang, Bubutan pan ladjeng dalu,
kang bandangan warna-warna,
lan angsal gambar suwargi.

.

53 Angsal lapak lan sendjata,
bedil tiga kapalé amung kalih,
gambar neraka puniku,
kagunganė Sri Nata,
Erutjakra sareng ari ngGara iku,
pan tanggal kaping hembelas,
tunggal wulan kang rumijin.

.

54 Kja Dipati Tjakradjaja,
Radja Butun Helbèrek kang kumpeni,
sumedya mandah mring gunung,
kelawan para wadya,
bala Wlanda Djawa lawan bala Butun,
seksana sampun lumangkja,
sampun prapta ing Manguri.

.

55 Keraman datan pinanggja,
tuwan Litnan rembag lan Adipati,
utawi sang Radja Butun,
nenggih arsa wangsula,
riseksana sedaja sami lumaku,
datan kawarna ing marga,
wus prapta Bubutan biting.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 550 - 551.

56.Laminja datan winarna,
tampi dawuh sangking Kulnèl kumpanei,
kinèn mandah dateng gunung,
Dipati Tjakradjaja,
lan Kumpeni sarta wadya bala Butun,
kalawan Kumendan Kerap,
Litnan Bèrek lagja sakit.

.

57 Kerap kinèn sumulija,
Tjakradjaja sampun sijagèng djurit,
Radja Sebandar tan kantun,
saradadu Walanda,
nulja mangkat nèng marga lir laron mbubul,
sinengkalan lampahira,
giri gati gunung tunggil.

.

58 Prapta sipeng Kali Buka,
ladjeng andjog ing Kokap Tjerma nenggih,
agenti ingkang winuwus,
Kelana sangking "adja,
prapta Kokap Naota tetunggulipun,
kumpul wadya Tjakradjajan,
pan sami arembag pikir.

.

59 Rembagé Kaptin Naota,
Radja Butun kalawan ki Dipati,
kinèn ngubres gunung-gunung,
Djeng Sultan Erutjakra,
kang pawarta manggjan anèng Bulutelu,
wong Butun sigra lumampah,
kalawan para pradjurit.

60.Minggah ngarga Bulu tiga,
wong Djageran ingkang sami nèng wuri,
prapta gunung Bulu pitu,
ngupaja Kangdjeng Sultan,
Erutjakra ananging datan kepangguh,
seksana wangsul sedaja,
dateng Kokap rembag pikir.

.

61 Kaptin Nota ingkang rembag,
désa Kulur ingkang sinebdèng kapti,
seksana sami lumaku,
ladjeng dateng ing Wadja,
Tuwan Kerap dumateng Tangkisan dusun,
ladjeng dateng ing Bandjaran,
kundur dateng Wadja biting.

.

62 Ladjeng mundur mring Bubutan,
sareng Tumpak Tuwan Ota kumpeni,
mangadjak minggah ring gunung,
Dipati Tjakradjaja,
lawan Kokap tanapi sang Radja Butun,
seksana nulja umangkat,
Tangkisan pan sampun prapti.

.

63 Kaptin Nota wus mijarsa,
kabar Sultan angsalira miranti,
anèng désa nama Penggung,
kalawan adya garwa,
Tuwan Nota kalawan sang Radja Butun,
lan Dipati Tjakradjaja,
tuwan Kerap datan kèri.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 551 - 553.

64.Wus prapta ing Penggung désa,
surup ngarka pan sipeng kalih latri,
ing Penggung kepanggih suwung,
éndjing gja angsal kabar,
Kangdjeng Sultan Erutjakra enggènipun,
ing désa Tangkil semangkja,
bjar mangkat mring Kedungtangkil.

65 Kja Dipati Tjakradjaja,
Radja Butun minggah mring Kokap ngardi,
pan sami lumampah dalu,
ing Kedungtangkil prapta,
tabuh katri praptanja anèng ing ngriku,
keraman kepanggih sonja,
ngaso angsal tigang latri.

66 Kapitan Nota paréntah,
marang Kja Dipati Tjakradjajèki,
kèn nelik panggonanipun,
Djeng Sultan Erutjakra,
ki Dipati seksana utusan gupuh,
ngupaja mring Kangdjeng Sultan,
Erutjakra Ngabdulkamid.

67 Tjaraka badé dinuta,
Tjakradrana lan Kramaleksanèki,
dutèng dwi wus lumaku,
seksana sigra prapta,
ngarsanira Dipati Tjakradjajèku,
tinanja sasolahira,
kalih samja tur upeksi.

68.Matur solahnja dinuta,
purwa madya wusana aturnèki,
kula sami késah dalu,
nggih Sultan Erutjakra,
wonten Soka Pangéran Ngabèhi wau,
Prawiradirdja tan pisah,
Kembaran ingkang dèn nggoni.

69 Kangdjeng Gusti Panembahan,
Mangkubumi wau nggènnja miranti,
Bandjaran namaning dusun,
kalawan abdinira,
nenggih tjelak lawan Sultan enggènipun,
para garwa para putra,
tunggil Pangran Mangkubumi.

70 Ki Dipati Tjakradjaja,
dutèng trang langkung sukèng ingkang galih,
Kapitan Nota sumambung,
tetanja ingkang marga,
kang prajoga terusing désa tetelu,
kang kena ingambah kuda,
umatur kang ponang telik.

71 Aturira pan meng kana,
inggih tjelak sangking Tjerma asanding,
dateng Soka purugipun,
apan mergi titiga,
ingkang sangking ing Banjubiru puniku,
nginggilipun ngargapura,
inggih andjog Soka dèsi.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 553 - 554.

2.Pan mangidul lampahira,
Kja Dipati Tjakradjaja tinari,
ing marga ingkang tetelu,
lah paran kaja ngapa,
Kja Dipati andèrek dateng kang mlaku,
Kapitan Nota punika,
Tjerma arsa dèn margani.

.

3 Kang medal margi tengahan,
Radja Butun lawan Kerap kumpeni,
Dipati Tjakradjajèku,
lawan pradjuritira,
medal marga ingkang sangking Banjubiru,
lan Menadu kang binekta,
katàhnja wolung dasèki.

4 Langkung rumpil marganira,
mila matur wau KiAdipati,
sumengkèng ardi pan duwur,
jèn mbekta bala katah,
mboten arsa mopo ing aturipun,
kalamun kinèn ambekta,
wong Menadu marga rumpil.

.

5 Kapitan Nota angutjap,
ija pira balamu sedajèki,
Kja Dipati lon umatur,
mung satus kalih dasa,
gendéranja kekalih tuwan puniku,
Kapitan Nota angutjap,
apa ta wani sirèki.

76.Lawan Sultan Erutjakra,
Kja Dipati lon umatur aris,
jèn adjrih dèrèng kinaruh,
purun dèrèng kantenan,
mung kawula derma anglampahi dawuh,
préntah tuwan kang sun gega,
ànulja tabé Dipati.

.

77 Kaparingan slamet djalan,
Sang Dipati mangsuli trima kasih,
Kapitan Nota lumaku,
medal dusun ing Tjerma,
tuwan Kerap medal tengah lawan Butun,
Kja Dipati Tjakradjaja,
medal dusun Tojawilis.

.

78 Seksana sareng lumampah,
sowang-sowang ginelar padju katri,
Kja Dipati minggah gunung,
Kaptin prapta ing Tjerma,
Tuwan Kerap kang medal tengahan dusun,
mretiga sami prajitna,
keraman anempuh wani.

.

79 Kapitan Nota prajitna,
jèn keraman wonten Soka miranti,
sigra baris ngepang sampun,
anèng in dusun Soka,
sigra Kaptin njelak lan sawadyanipun,
mring barisé Tjakradjaja,
karsanira rembag pikir.

MS.Or.Leiden 2163 blz. 554 - 556.

80.Barisé ki Adipatya,
kinon wau sami minggah ing ardi,
seksana wus minggah gunung,
lawan Kapitan Nota,
elet djurang tan waged marani mungsuh,
nanging sami bebedilan,
ngedrèl sangking kilen ardi.

.

81 Awanti-wanti njendjatanja,
Kangdjeng Sultan Erutjakra mijarsi,
jèn wonten baris nèng gunung,
sedaja baris Djawa,
ladjeng ménggok mangétan ing lampahipun,
sigra wadya Tjakradjajan,
keraman dèn esuk wani.

.

82 Dumugi dusun ing Tjlapar,
pan kabandang sendjatanira kekalih,
kudanira kénging satu,
Dipati Tjakradjaja,
ladjeng dateng tengganing ingkang djinudjug,
asipeng sawadyanira,
sipeng Soka Krap kumpeni.

.

83 Kapitan Nota punika,
sipeng Penggung lawan sawadyanèki,
bjar éndjing samja lumaku,
teksih lampah mertiga,
Kaptin Nota seksana anulja wangsul,
wus mangidul saha wadya,
andulur dinulu asri.

84.Andjog Kulur Tlagaléla,
ladjeng andjog ing Wadja ingkang biting,
Tuwan Kerap mangkat ésuk,
kebut sangking (ing) Soka,
riseksana dumugi ing Tjerma dusun,
ladjeng dateng ing Tangkisan,
ing Grendang lawan Telagi.

.

85 Kja Dipati Tjakradjaja,
ari Tumpak tanggal kalih-dasèki,
umangkat sawadyanipun,
dateng Manguri désa,
anelasak djurang-djurang gunung-gunung,
prapta dusun Kali Buka,
samja kesel kang pradjurit.

.

86 Ki Dipati Tjakradjaja,
inggih sajah tan pegat nggènna angling,
dateng Wangsasemitèku,
hèh mara balaningwang,
metjalanga aku arip a rep turu,
barisira Tjakradirdja,
anenggih anèng ing wingking.

.

87 Kang metjalang kawarna-a,
sampun prapta saha ngaturi uning,
Dipati Tjakradjajèku,
mijarsa aturira,
(kang metjalang) lamun wonten kraman rawuh,
ragi katah tingal kula,
Kja Dipati datan gati.

MS.Or.Leiden 2163 blz. 556 - 557.

88. Ngandika alon kewala,
klemak-klemèk kramané ana ngendi,
ragi maido ing kalbu,
sigra anitih kuda,
kja Dipati Tjakradjaja arsa ndulu,
riseksana amriks a,
katingal untabing baris.

.

89 Kja Dipati anèng ngarga,
Mantri Wangsasemitra kang kinanti,
seksana dulu-dinulu,
nulja tjampuh kang juda,
Kja Dipati prajitna mangsah anggregut,
anjander sawadyanira,
ampilan kang dèn ulari.

.

90 Seksana nulja kepanggja,
ingkang ngampil tijang Kedurèn nenggih,
pan ladjeng wau pinundut,
dateng ingkang kagungan,
datan asung kang ngampil sarwi ambekuh,
apan ladjeng sinabetan,
nolèh umjat lamun Gusti.

.

91 Anulja sinungken énggal,
wus ingasta marang Kjahi Dipati,
umangsah lan sampun pupuh,
baris kraman mertiga,
Kangdjeng Sultan agolong nggènnja lumaku,
lan Basah Prawiradirdja,
lan Gandakusumèki.

92.Lan Basah Mertanegara,
lawan Basah Sumanegara nami,
dèn Prawirakusumèku,
wadyanja kang kapalan,
kawandasa anèng saluhuring gunung,
Pangéran Bèhi lumampah,
rija Djajakusumèki.

93 Dèn rija Padmakusuma,
anindihi pradjurit darat sami,
anèng satengah gunung,
ingkang medal ing ngandap,
Panembahan Mangkubumi malihipun,
lan Pangéran Surjënglaga,
Pangran Adikusumèki.

.

94 Pan sami anitih kuda,
Pangran Bèhi dèn iring Santri kalih,
wadyanja Tjakradjajèku,
angintil marang kraman,
amertiga lampahé pradjuritipun,
prèntahé Kjahi Dipatya,
gelar guru-daja ngirib.

.

95 Ingkang baris anèng tengah,
Mas Ngabèhi Wangsasemita nami,
wingking ki Dipati iku,
kapetuk barisira,
Pangran Bèhi akatah pradjuritipun,
awetara mung sewidak,
gja tjampuh asilih ungkih.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 557 - 559

96.Akatah pradjurit pedjah,
pan nembelas tjatjahé/kang [ing] mati,
kari Pangéran tetelu,
Pangéran Bèhi kang nama,
lawan malih Pangran Djajakusumèku,
Pangéran Padmakusuma,
seksana sigra nglarihi.

•

97 Dumateng Wangsasemita,
Pangran Bèhi panumbaknèki,
ki Wangsasemita luput,
tinumbak datan kena,
sigra milar pan ladjeng wau kagulung,
(kaglundung?)
prapta ngandap djroning djurang,
Dipati Tjakradjajèki.

•

98 Mengsah merpak saha bala,
adj engira sampun ubaja-pati,
gangsal sareng nggènnja madju,
sira pun Trunadrija,
Pangran Bèhi pan sarwi ngandika arum,
hèh pradjurit teluk ingwang,
Trunadrija anahuri.

•

99 Inggih jèn teluk sampéjan,
djengandika lah inggih kados pundi,
jèn sampéjan jektos teluk,
pan sampun njepeng tumbak,
angandika Pangran Bèhi rija asru,
kibir bidengah sumengah,
kasiku mring Hyang Widdi.

100.Brematya supé sakala,
angandika sarwi brengos pinuntir,
hèh prijé apa abamu,
wong tjilik wani ngutjap,
dudu kowé perang mungsuh lawan ingsun,
endi aran Tjakradjaja,
kang pada anjekel bumi.

•

101 Ingsun iki uwis lawas,
dadi Basah tedasa tumbak mimis,
pasti aku uwis lampus,
ngandika kalepatan,
nenggih rija Pangéran ngandikanipun,
kowé dudu bobotira,
amungsuh kalawan mami.

•

102 Nama Wirasraja ngutjap,
inggih sampun sampéjan nantang wani,
dateng ki Dipatiningsun,
jèn kula taksih gesang,
ki Dipati midanget udjaring mungsuh,
susumabaré Djeng Pangéran,
bramatya ga(i)rap dérangling.

•

103 Prèntah marang Wirasraja,
lah ta mara sira tumbaka aglis,
anulja tinumbak asru,
kénging lempèng kang kiwa,
nora pasah dederé tjinandak kukuh,
dinosokaken kadjengkang,
kagulung mring djurang tawing,

104.Pangéran Djajakusuma,
pan tinumbak marang Trunadrijèki,
nenggih kénging baunipun,
tengen pan ora pasah,
pan kadjengkang seksana ladjeng kaglundung,
sareng wonten djroning djurang,
wau pun Wirasrajèki.

•

105 Sigra pinaringan jatra;
dateng Pangran Bèhi ingkang maringi,
werni jatra petjah iku,
Wirasraja tan arsa,
Djeng Pangéran aparing rupijah telu,
nenggih kalih ringgitira,
Wirasraja anampèni.

•

106 Tinampanan tangan kiwa,
tangan tengen njepeng waosiréki,
Pangéran Ngabèhi wau,
minggah malih mring arga,
dateng léré ki Dipati elet terdjung,
Dipati nèng nginggil arga,
Pangran Bèhi mempis-mempis.

•

107 Sareng wonten ngarsanira,.
sinendjata pun kèri ingkang mbedil,
watgata pèlor tan pasuk,
uwangnja ingkang kiwa,
ladjeng dipun ping kalih pélor anudju,
anenggih agemnja serban,
serban tan pasah ing mimis.

108.Pangeran Djakakusuma,
sinendjata tan pasah kénging mimis,
pélor gèpèng gepang luluh,
tumèmplek anéng djadja,
lir ndeng-andeng saduwit bunder dinulu,
Kja Dipati Tjakradjaja,
paréntah para pradjurit.

•

109 Kinèn sami njepeng séla,
pan sadaja pradjurit andjupuki,
sedaja anggegem watu,
tan wonten kaliwatan,
pantja sura tumanggah angsahnja gujub,
gujub sami mbentur séla,
Pangéran tan ngraos sakit.

•

110 Wirasraja nulja matang,
Pangran Bèhi wulu slembar tan busik,
tumbaké Wirasrajèku,
tjinandak mring Pangéran,
redjeng watang adosok-dinosok kukuh,
seksana Pangran kadjengkang,
lenggah aglis dèn trutuli.

•

111 Trunadrija ingkang matang,
ingkang kénging ati-ati kang kiring,
Wirasraja numbak gupuh,
anenggih angsal wadja,,
wadya gangsal ingkang sami ngrutug watu,
Pangran Bèhi wus palastra,
bramatya Pangéran taruni.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 560 - 562

12.Pangéran Djajakusuma,
arsa numbak mring Demang Ranupati,
Trunadrija gé tutulung,
anumbak mring Pangéran,
ingkang kénging anenggih pilinganipun,
tengen ingkang kaprawasa,
Demang Ranupati aglis.

.

13 Tetulung sigra anumbak,
wali-wali seksana anedasi,
kang kuwanda adjur njunjur,
ladjeng ginutuk séla,
wus palastra kang raji mangsah tutulung,
mangsah dyan Padmakusuma,
manglarih marang pradjurit.

.

14.Ingkang nama Wirasraja,
kan dèn intjih Rasraja mentung aglis,
landéjan kinarja mukul,
batuk ingkang katudjya,
ladjeng ngrungkeb marang kalèn gumalundung,
sigra Demang Ranupatya,
dumrodjok ladjeng numbaki.

.

15. Kang wadya ngrotjok sadaja,
gja palastra angling Sang Adipati,
mring bala aparing dawuh,
kinèn nigas sadaja,
kang mustaka satrija tiga puniku,
Kja Dipati Tjakradjaja,
nututi Sri Narapati.

Sinom XLV

1.Sultan Kabir Erutjakra,
punika dipun tututi,
anèng sanginggiling arga,
prawiranung atut wuri,
Dyan Prawiradirdjèki,
Dyan Prawirakusumèku,
Basah Sumanegara,
ngadjak ngamuk tulung djurit,
narik pedang ~~dyan~~ Dyan Basah Prawira~~kusuma~~dirdja.

.

2 Kangdjeng Sultan Erutjakra,
dawuh mring pra Basah sami,
tan kalilan tandang mengsah,
kinèn sami angunduri,
sarta ngandika aris,
ja bener pada Djawèku,
adja dumèh wong Djawa,
sun duga palang negari,
sun watara para basah nora nangga.

.

3 Pan mangsa anaakelar,
ananggulang ing adjurit,
lan i u lagja winenang,
dumateng Hyang Maha Luwih,
Njai Bagelèn ngiring,
saparané pan djinangkung,
Basah Prawiradirdja,
mjarsa dawuhé Sang Adji,
datan éstu nggènira arsa tulung prang.

4.Kja Dipati Tjakradjaja,
sapih wangsul sawadyèki,
prapta prenah kang palastra,.
Kangdjeng Pangéran Ngabèhi,
Djeng Pangéran Mangkubumi,
baris anèng kidulipun,
amung elet-elet djurang,
lawan Surjèngalagèki,
lawan malih Pangéran Adikisuma.

.

5 Panembahan angandika,
angling mring Tjakradjajèki,
nora patut sira pada,
sumija tedak Mentawis,
mbok adja wani-wani,
ndjabut uta-mangganipun,
sikara mring satrija,
mustaka pada dèn ambil,
Tjerak-tjerik Pangran nggènira ngandika.

:

6 Pradjurit ing Tjakradjajan,
mjarsa udjar salah kapti,
sedaja ngedrèl sendjata,
mring Pangèran Mangkubumi,
binedil wanti-wanti,
Pangran sarta putranipun,
lawan abdi sadaja,
lummadjjar minggah mring ngardi,
asar-saran lumadjeng saparan-paran.

.

7 Kuneng ingkang tjinarita,
Dipati Tjakradjajèki,
anjar unggul mangun ing prang,
nggènnja mbandang kang winilis,
wangkingan saput pranti,
anenggih pikantuk wolu,
kalih pedang srasahan,
satunggil pinontang rukmi,
kepalanja mawi sinotya mubjar,

.

8 Satunggilé pan salaka,
wangkingan tiga kang mawi,
pinatik ing nawa-retna,
waos mawi ing retna-di,
anenggih pan kekalih,
kang lugas gangsal kèhipun,
kundur prapta Bubutan,
wus panggih para Kumpeni,
mustaka tri ingaturken Tuwan Kerap.

.

9 Sadaja barang bandangan,
kinintunken mring kumpeni,
Kaptin Rinija Naota,
sarta kang mustaka katri,
kinèn mandjer tumuli,
nèng Bubutan wus misuwur,
sareng ing dinten Ngahad,
ping telulas tanggalnèki,
Kja Dipati Tjakradjaja tinimbalan.

.

10 Anenggih mring Tuwan Kerap,
anèng ing Bidjaja biting,
wus prapta agja tinanja,
sirah tiga pjaji pundi,
Dipati matur aris,
t jatur-é duk uripipun,
angaku nama basah,
kula tan uning kang nami,
pan kasusu rebat djodi bratajuda.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 563 - 565.

11.Kula wingi atetanja,

mring Menggung Tjakradirdjèki,

aturé tijang Mentaram,

hinggih tan priksa kang nami,

tan dangu nulja prapti,

Dyan Menggung Tjakradirdjèku,

Dipati Tjakradjaja,

tanja mring Tjakraredjèki,

inggih priksa mring Pangéran ingkang séda.

12 Pangran Bèhi lan putranja,

Pangran Djajakusumèki,

lan Pangéran Padmakusuma,

sareng amijarsa warti,

Kjahi Tjakradjajèki,

angres ing tyas ragi ngungun,

angling sadjron wardaja,

déné wingi liwat kumbi,

jèn ngakuwa trah Mentaram sun tan suka.

.

13 Kja Dipati Tjakradjaja,

kelangkung welas ningali,

énggal matur Kulnèlira,

sarta Pangran Blitar nenggih,

matur marang kumpeni,

pandjeran sirah kasuwun,

nenggih mustaka tiga,

pan arsa dipun penedi,

pan pinetak dusun Bedug aturira.

14. Kulnèl mjarsa langkung kagjat,

apa kowé liwat adjrih,

jèn njata tedak Mentaram,

ija ingkang pada mati,

matur ki Adipati,

kawula pan boten takut,

mila kawula teda,

rèhning tedak ing Mentawis,

tunggil darah kalawan Gusti kawula.

.

15 Ingkang ngawulakken amba,

awit tjanggah marang kaki,

Kulnèl luntur manahira,

sarta Pangran Blitar ngudi,

Tuwan Kulnèl marengi,

mustaka pinendèt sampun.

ladjeng kapetak énggal,

kulnèl angaturi uning,

mring panggedé Kangdjeng Tuwan Djèndral ika.

.

16 Sareng angsal tigang dina,

mustaka kinèn mendeti,

ka-ambila tiga pisan,

kèn madahi aneng peti,

sampun angsal suténgsi,

dèn pundut mring Djèndral agung,

binekta mring Magelang,

dèn kintunken mring Mentawis,

sinarèkken tunggil rama tunggil éjang.

.

17 Kang njaosaken mustaka,

Bèhi Wangsasemitèki,

mantuké ginandjar pedang,

sekawan kalawan bedil,

dapur pengantèn serakit,

mawi kotak wadahipun,

Bèhi Wangsasemita,

pinaring kestul serakit,

sareng prapta ngarsanira Ki Dipatya.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 565 - 566

18. Sinahosaken mring Walanda,
Tuwan Kulnèl ngandika ris,
sun paringken Tjakradjaja,
duta wangsul mundi bedil,
kuneng datan winarni,
Sukra wolulas sutèngsu,
nenggih Rabingulawal,
Panembahan Mangkubumi,
Pangran Surjangalaga Adikusuma.

.

19 Samja teluk mring Walanda,
anèng bètèng Wanapeti,
jata genti tjinarita,
Kangdjeng Sultan Ngabdulkamid,
ujang-ujung nèng ngardi,
mres tyas angurdatin kajun,
sedaja pra sentana,
sami teluk mring Welandi,
ingkang ndèrèk pan namung basah titiga.

.

20 Dyan Basah Gandakusuma,
lan Basah Mertanegari,
lawan Basah Pengalasan,
Djeng Sultan ngartikèng galih,
ambudi budi tan dadi,
seksana sami arembug,
lan katri kang pra Basah,
Djeng Sultan badé lumaris,
kang sinedya tindak marang tanah Roma.

21 Wus gilig rembag lumampah,
tanah Baglèn njabrang kali,
Watulumbu kamarganan,
andjog désa Wanaradin,
njaré Bener salatri,
éndjing mènggok ngalèr iku,
minggah ing Bulutiga,
medal dusun Wanasari,
pan kukuwu anèng redi Bulu-tiga.

.

22 Jata genti tjinarita,
nggih kumpeni Major Maglis,
djagi bètèng ing Kalisat,
pan sampun mijarsa warti,
Djeng Sultan Ngabdulkamid,
anèng gunung Bulu-telu,
Seksana tata-tata,
mandah arsa nglanggar djurit,
wus lumampah kelawan kang bala kuswa.

.

23 Tan winarna anèng marga,
prapta ngarsa Bulu-katri,
wus prapta ing prenahira,
nggjaning Sultan Ngabdulkamid,
Djeng Sultan kagjat nggendring,
kèh barang kang samja kantun,
Sultan ing palajonira,
tanah Roma kang dèn ungsi,
kuneng gantya wau ingkang kawarna-a.

.

24 Dyan Basah Prawiradirdja,
lan Prawirakusumèki,
lan Basah Sumanegara,
mring tanah Kidul Negari,
minggah dateng ing redi,
kukuwu nèng Bukit-mangsul,
ngingjahan mring Walanda,
Kulnèl Salwèng kang titindih,
tjampuh ing prang dèn Basah asor ing juda.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 566 - 568.

25.Dandosan telas sadaja,
kabandang marang kumpeni,
kelangkung sungkawèng drija,
arsa mangsuk mring kumpeni,
anudju ditè ari,
Djumadilakir ping pitu,
tunduk Prawiradirdja,
lan Basah Sumanegari,
katrinira Radyan Prawirakusuma.

.

26 Sakantuné abdinira,
punika sami umiring,
sadaja satus sewidak,
kalawan mbekta Bupati,
sada katahirèki,
seksana samja lumaku,
Magiri kang sinedya,
tan kawarna anèng margi,
riseksana kapetuk bala Walanda.

.

27 Kang dadya pengirid bala,
nenggih nama Kulnèl Kokis,
Kuta-ageng nggènnja mapag,
nèng marga tabéjan sami,
seksana dipun irid,
gja katur Tuwan Gupernur,
sedaja ingapura,
Tuwan Djèndral sukèng galih,
enengena genti ingkang kawuwusa.

28.Nenggih ingkang tjinarita,
Djeng Pangran Mangkubumi,
kalawan ingkang atmadja,
Pangran Adi usumèki,
Pangran Surjènglagèki,
anenggih sampun umangsuk,
marang sadjroning nagara,
sowan tutunggul kumpeni,
katrinira wus pinaringan ngapura.

.

29 Tuwan Djèndral adadawah,
apan kinèn angenggèni,
ing Kadipatèn punika,
Pangran Surjèngalagèki,
Pangran Dikusumèki,
amanggyan sawadyanipun,
anèng ing Kadanurdjan,
Bagelèn ingkang winarni,
ingkang djagi anèng bètèng ing Bubutan.

.

30 Kja Dipati Tjakradjaja,
ing wulan Djumadilakir,
pinudju ing dina Tumpak,
tanggal ping nembelas nenggih,
kalawan pra kumpeni,
sarta lawan Radja Butun,
Hèlbèrek Litnanira,
mangkat mandah marang ngardi,
prapta ngarga ngupaja para keraman.

31 Wus gusis datan na kraman,
Sengir Kokap pan tinitik,
seksana wadya Walanda,
wangsul mring Bubutan biting,
solah datan winarni,
Dipati Tjakradjajèku,
tampi dawuh Walanda,
kinèn ngodol Ngabdulkamid,
sareng ari ing Soma tanggal sapisan.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 568 - 570.

32.Wulan Redjeb kang lumakja,
Dipati Tjakradjajèki,
Ngabèhi Gorawetjana,
ambekta para pradjurit,
kawandasa sinelir,
pangirid Hèlbèrek iku,
sedaja wus sanéga,
miranti praboting djurit,
gja umangkat sumedya mring tanah Roma.

.

33 Djeng Sultan anèng Kedjawang,
seksana ki Adipati,
lumampah kalawan bala,
atut wingking mring kumpeni,
medal bèteng Semanggi,
ngilèn medal urut Sèwu,
tan winarna ing marga,
seksana sampun angantjik,
tanah Pandjer andjog kita ing Kabumjan.

34 Wonten Pandjer hari tumpak,
Dipati Tjakradjajèki,
dina Soma tinimbalan,
Kalères ingkang nimbali,
seksana gja lumaris,
bèteng Soka enggènipun,
Kulnèl aparing dawah,
sekarang lu baik balik,
sekarang ini bjar brenti lu punja orang.

35.Sebab itu Tuwan Sultan,
denger lu datang kemari,
lantas naik pigi ngarga,
njang dulu tempatnja brenti,
Kedjawang saja kasih,
makanan dan sama rangsum,
semuwa mau trima,
en sekarang lari lagi,
tanah gunung di Tjondong namanja désa.

.

36 En begitu mau saja,
purak-pu̇rak dia balik,
pulang di bèteng Bubutan,
biar Sultan turun lagi,
dari kita punja taksir,
itu Sultan ada malu,
Dipati baik prèntah,
sȧtu orang suru angling,
sepertinja orang sini punja kata.

.

37 Suru kata dia pulang,
Dipati aturé baik,
seksana lèngsèr sing ngarsa,
lan Hèlbèrek ingkang kumpeni,
saha wadya angiring,
wangsul dateng Pandjer gupuh,
datan kawarna ing marga,
wus prapta Pasitèn nenggih,
mung salatri endjing nulja tampi dawah.

.

38 Anudju ari Anggara,
anenggih tanggalnja kaping,
pitulas Redjeb kang wulan,
tuwan Klères paring uning,
mring Hèlbèrek kumpeni,
sarta ki Tjakradjajèku,
Djeng Sultan sampun sagah,
apanggih lawan kumpeni,
saha wadya anèng tanah ing Reroma.

39.Ubaja nèng désa Kamal,
kalawan para kumpeni,
Hèlbèrek ingkang Walanda,
kalawan ki Adipati,
wus sami dèn dawuhi,
nèng Mrinèn kinèn atugur,
ing bètèng ngantosana,
ngeningna kabar rumijin,
riseksana nulja wonten surat prapta.

.

40 nDikakaken mring Bubutan,
Dj eng Sultan mbajèng pasti,
Hèlbèrek ingkang lumampah,
teluké Sultan Dulkamid,
nudju ari Respati,
ping nembelas tanggalipun,
Ruwah Djimawal warsa,
sengkalèng karjèng mèngeti,
mawan guna resi adi Roma Kamal.

.

41 Kalèreres ingkang Walanda,
lan Litnan Tèmes kumpeni,
samja metuk nèng Kedjawang,
anulja panggihan sami,
lan Sultan Ngabdulkamid,
ingkang sami atut pungkur,
Basah Gandakusuma,
lan Basah Mertanegari,
pradjuritè kawan-atus katahira.

.

42 Kangdjeng Sultan Erutjakra,
pradjuritan nunggang wadjik,
pan sami darat sadaja,
anulja dipun tjahosi,
gja prapta Soka biting,
njaré namung gangsal dalu,
sareng hari Anggara,
ping salikur tanggalnèki,
budal sangking Soka njaré nèng Kebumjan.

.

43 Endjing Buda gja umangkat,
sipeng Ngranté mung sawengi,
respati éndjing umangkat,
njaré dusun ing Teghagi,
mangkat ri Sukra éndjing,
Bidjadja njaré sedalu,
bjar éndjing gja umangkat,
anenggih Tumpak kang ari,
gja lumampah anjaré nèng Tanggung désa.

.

44 Kangdjeng Sultan Erutjakra,
mangkat bjar dité kang ari,
ing Manorèh sampun prapta,
alerep datan lumaris,
Ruwah nemlikurnèki,
anjaré sedasa dalu,
nudjya ari Anggara,
tanggal sad Sijam kang sasi,
mangkat sangking Manorèh dateng Magelang.

.

45 Nèng Magelang masanggrahan,
Mentèsèh hingkang dèn nggoni,
lèrkilèn lodji Magelang,
tjelak lawan kali Pragi,
kèndel nèng Maglang nagri,
laminja selawé dalu,
pinudju wulan Sijam,
mila datan dèn aturi,
dateng Djèndral pan kinèn ngaso sadaja.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 571 - 573.

46.Pradjuritè Kangdjeng Sultan,
gangsal atus pitung dèsi,
nèng Magelang lawan Basah,
Mertanegara wewangi,
lan Gandakusumèki,
Pangran Dipanegarèku,
nèng Bètèng Wanasaba,
dèn timbali mring sudarmi,
mring Magelang wus panggih lawan kang rama.

.

47 Kang ndèrèk Kertasiluman,
Gadjahpramada Bupati,
gangsal kang para dahullah,
satus katahing pradjurit,
ing solah tan winarni,
wus bakda Puwasa iku,
marengi dina Ngahad,
wulan Sawal ping satunggil,
kang lumakja anenggih warsa Djimawal.

.

48 Kangdjeng Sultan Erutjakra,
semana dipun timbali,
dumateng Djeng Tuwan Djèndral,
umangsuk sadjroning lodji,
praptèng anèng ing lodji,
pra wadya kang sami tumut,
pinisah aggènira,
lan putra Dipanegari,
Kangdjeng Sultan tjumunduk lan Tuwan Djèndral.

.

49 Prapta tabè lenggah tata,
Tuwan Djèndral ngandika ris,
tetanja mring Kangdjeng Sultan,
pan sarwi abisik-bisik,
mila ngong tan manggihi,
Tuwan Sultan kala rawuh,
pinudju wulan Puwasa,
astanè sarwi kinanti,
inggih napa kang dadi pandjaluk ndika.

.

50 Kumpeni datan lenggana,
angling Sultan Ngabdulkamid,
umatur mring Tuwan Djèndral,
sun arsa djumeneng Adji,
anèng ing nungsa Djawi,
nglurahi Islam sedarum,
ingkang pada ngibadah,
kabèh ingkang laku santri,
Djèndral Dekok midjilken bitjara sugal.

M i d j i l XLVI

1.Djèndral Dekok angandika bengis,
dumateng Sang Katong,
inggih Sultan pan sumanggèng karsé,
arsa madeg dadi ratu santri,
ing negari Bali,
dèrèng slam sedarum.

.

2 Wo nten malih nagri Banjuwangi,
ndika manggon kono,
tlatah Djawa mung roro Ratuné,
Kangdjeng Sultan ing Jogjakartèki,
lan Djeng Sunan nenggih,
ing Surakartèku.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 573 - 574

3.Tuwan Djèndral dukanja tan sipi,
ndika jèn mengkono,
napa ndika arsa nutugaké,
saba alas angrubedi nagri,
boten suka mami,
Djèndral Dekok dawuh.

.

4 Dateng Tuwan Kulnèl kang kumpeni,
wangkingan sinebrot,
gja pinulung sasaput kajuné,
Kangdjeng Sultan kagjatnja tan sipi,
angandika ririh,
kaprijé wakingsun.

.

5 Kangdjeng Sultan angling ngasih-asih,
mbok adja mangkono,
tan ameksa pendjalukku kuwě,
jèn tan angsung tuwan ija uwis,
Kapitan Rup aglis,
numpak kréta gupuh.

.

Tuwan Kulnèl Kus ingkang kumpeni,
batung Sultan gupoh,
pan pineksa munggah karétané,
gja sinambuk kuda ngrap kepati,
saben pos ginanti,
Semarang wus rawuh.

Kangdjeng Sultan lereb nèng Semawis,
salatri djing bodol,
ladjeng ngilèn marang Betawiné,
lan Kapitan Rup ingkang kumpeni,
lawan Kulnèl sidji,
kang nama Tuwan Kus.

.

8 Basah Mertanegara lan malih,
ali Basah roro,
ingkang nama Gandakusumané,
pradjurité sadaja barindil,
duwung dèn ratjuti,
kalawan panurung.

.

9 Pangran Dipanagara taruni,
nenggih Narpa Katong,
pradjurité ingerèsan kabèh,
lan pradjurit ingkang sami kari,
wadyanja Sang Adji,
ingkang sami kantun.

.

10 Tan kalilan késah pra pradjurit,
sadaja pan bro(n)dol,
nèng Magelang kèh susah atiné,
enengena gantya kang winarni,
Bagelèn tjritaning,
punika kawuwus.

11 Kala teluk ki Resapradjèki,
tanggal lagja mijos,
ari Ngahad Djumadilakirè,
teluk dateng ing bètèng Kemiri,
Kjai Sawunggaling,
kang njaosken iku.

.

12 Dateng Tuwan Kulnèl kang kumpeni,
wonten bètèng Winong,

MS.Or.Leiden 2163, blz. 574 - 576.

raden Basah Kertapengalasé,

kala teluk nudju hari Kemis,

ping gangsal marengi,

nèng Bubutan tjunduk.

.

13 Lan Dipati Tjakradjaja panggih,

gja binekta tjaos,

nenggih Tuwan Kolonèl Kalèresé,

dateng Winong kantjanira sami,

wus ngapura sami,

ing panungkulipun.

.

14 Ranadipura lan Ngabdul-amir,

Setrapura tjahos,

samja tunduk marang Tuwan Kulnèl,

ri Anggara nudju tanggal kaping,

sedasa kang sasi,

Madilakir iku.

.

15 Djagundarga teluk mring Kemiri,

Djaprawira tjaos,

lawan Djajadimedja rowangé,

Mangundrana Pekatjangan ngiring,

lan Tjakraredjèki,

Daolah Pituruh.

.

16 Rumpak-baja Kijangkong neluki,

binekta mring Winong,

samja nderèk mring Sawunggalingé,

ingaturken tunggul ing kumpeni,

ngGara ping satunggil,

Redjeb wulanipun,

.

17 Dén Dipati Danurdja neluki,

teluk sestèn kulon,

dateng Bètèng ing Soka djudjugé,

anampani teluké Dipati,

Kulnèl wong Kumpeni,

kuneng tan winuwus.

.

18.Pan katahé bètèng kang winarni,

tanah Mentaram nggon,

tanah Kedu katahé kang bètèng,

nggih punika kinanda rumijin,

Barabudur sidji,

Trajem Blabag iku.

19 Dusun Semèn lawan Kali-djengking,

Mlaka lawan Grogol,

bètèng Mlati lawan ngGedangané,

Kanigara kelawan Semaki,

Pedes lan Paminggir,

bètèng Berdja iku.

20 Désa Tjakra lawan Wanapeti,

Gunung Gempal Gampong,

ing Ngulakan lawan ing Kerètèg,

Kutagedé lan Sijangan biting,

Kali Pènten biting,

Duwet lawan Bulu.

21 Danalaja Kali Bawang biting,

Bakungan Sentolo,

ing Patalan Ambarketawangé,

ing Drodjogan Wadas inggih biting,

Nanggulan Bligoki,

Kali Elo iku.

22.Katahira bèteng ing Mentawis,
nan kiri kedaton,
pan tri dasa datan kirang luwèh,
tanah Kedu sekawan kang biting,
enengena tjritaning,
gantya kang winuwus.

23.Ing Bagelèn Kjahi Adipati,
nenggih winiraos,
Dulkangidah respati ariné,
nudjya tèngsu pan kaping satunggil,
nèng Bubutan biting,
Djimawal warsèku.

.

24 Tinimbalan marang Kulnèl gipih,
marang Kedungkebo,
prapta ngarsa Kulnèl dawuh agé,
lu dipanggil Tuwan Besar pigi,
di Magelang nagri,
itu tanah Kedu.

.

25 Dan semuwa njang nama prijaji,
panggil Tuwan Dekok,
gja umangkat katah pjaji ndèrek,
Dyan Dipati Danurdja umiring,
Djajasundargèki,
Pengalasan tumut.

.

26 Gagakprenala lan Sawunggaling,
Madjmedja Pangon,
Kja Ngabèhi nggih Wangsatjitrané,
Kja Prehala ing Tanggung umiring,
tan kawarnèng margi,
ing Magelang rawuh.

27.Sukra éndjing kang para prijaji,
sowan Djéndral Dekok,
samja ngiring Kulnèl Kalèresé,
lan Pangéran Balitar umiring,
Twan Djèndral nimbali,
mandjing kamar agung.

.

28 Angandika tungguling kumpeni,
Kangdjeng Tuwan Dekok,
dateng Dipati Tjakradjajané,
tuwin dateng kang para prijaji,
saja trima kasih,
tulung sunggu-sunggu.

29 Sijang malem tradak sajang diri,
Tjakradjaja gupoh,
ngaturaken nenggih bandangané,
duwung srasah tjrigan Pangran Bèhi,
pinatik sotya di,
ran Nagamusnèku.

.

30 Tutuk naga mripat inten bumi,
sumorot pan abjor,
pan suwasa bunton kandelané,
uwer bèdjèn sesotya hér geni,
panurung satunggil,
prabot kentjanèku.

.

31 Dapur nenggala sinrasah rukmi,
deder lèt timaos,
godinira binelongsong djené,
angsalira duk perang Tengganing,
Sultan Ngabdulkamid,
ingkang darbé iku.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 577 - 579

32. Wus tinampan langkung sukèng galih,
Kangdjeng Djèndral Dekok,
angandika banjak terima kasèh,
dateng sira Kjahi Adipati,
seksana ngling malih,
Djeng Tuwan Gupernur.

.

33 Hèh sakjèhing kang para prijaji,
betjik pada ngaso,
bokmenawa mbésuk pemburiné,
aku bisa males gawé betjik,
penggawé kang mesti,
sedaja gja mundur.

.

34 Malem Setu tinimbalan malih,
sedaja wus tjaos,
marang lodji wus tata linggihé,
kinèn pista pinarak ing kursi,
tan winarnèng tulis,
solah dahar minum.

.

35 Kja Dipati éndjing dèn timbali,
Kulnèl ngemban dawoh,
dinawuhken mring Tja radjajané,
para pjaji pan kinèn abali,
mring Bagelèn saiki,
karsané Gupenur.

.

36 Tanah Bagl`n karsané kumpeni,
Risidèn kang anggadoh,
angkatipun mbésuk ari Senèn,
Kja Dipati èwed atu:nèki,
Djèn:ral Dekok angling,
kaprijé karepmu.

37 Aturipun Kjahi Adipati,
dateng Djèndral Dekok,
arsa sowan mring Surakartané,
tur uninga dat ng Kangdjeng Gusti,
Kusumajudèki,
risang Narpa-sunu.

.

38 Kadjengipun Gusti atur uning,
dumateng Sang Katong,
Tuwan Djèndral rum manis delingé,
Tjakradjaja bener sira wedi,
sira sun gawani,
surat mring Sinuwun.

39 Tuwan Djèndral angandika malih,
uwis jèn mengkono,
lumakuwa sira lawan Kulnèl,
Klères ingong utus mring nagari,
ing Surakartèki,
awja brangta wujung.

.

Asmaradana XLVII

1. Djèndral Dekok mangkat dingin,
ari Dité angkatira,
Dipati Tjakradjajané,
lan Kulnèl Soma angkatnja,
prapta Mlati pinapag,
nenggih Tuwan Kulnèl iku,
karéta kuda pinasang.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 579 - 580

2.Tuwan Kulnèl angling aris,
mring Dipati Tjakradjaja,
ingadjak nunggang krétané,
seksana ki Adipatya,
gja numpak anèng kréta,
djam sekawan praptanipun,
sijang anéng Jogjakarta.
.
3 Ing pondok pinernah nggèning,
wismèng Tumenggung madura,
kawan dalu ing laminé,
ari Respati gja mangkat,
dalu sangking Ngajogja,
prapta Klatèn pan pinetuk,
krèta kuda wus pinasang.

4 Klèręs numpak lan Dipati,
prapta lodji Surakarta,
gja samja mudun karoné,
panggya Komisaris Sala,
tuwan Nahis kang nama,
t inari pondokanipun,
kula manggjan wismèng pjambak.

5 Pamit arsa amanggihi,
Gusti Pangran Sumaj uda,
kalilan umangsuk agé,
wus panggih lan Narpa-suta,
Dipati Tjakradjaja,
umatur sasolah ipun,
rembagé pra rad Indija.
.
6 Baglèn arsa dèn tanduri,
Pangéran alon ngandika,
lagi lara ingsun kijé,
Sinuwun je lagi gerah,
beneré iku sira,
betjik panggja lan lurahmu,
Dipati Sasradiningrat.

7 Tjakradjaja matur malih,
nuwun menawi tan terang,
jèn tan sangking Gusti lingé,
Pangéran datan ngandika,
pamit Sang Adipatya,
mantuk mring pondokanipun,
bjar éndjing mangsuk ing lodya,
.
8 Tumanèng ngarsa Kumpeni,
lan Kalères lenggah tata,
atatanja tuwan Kulnèl,
kaprijé ing lakunira,
katemu lan Pangéran,
ki Dipati (lon) umatur,
boten angsal wewangsulan.
.
9 Kula ladjeng nuwun pamit,
Kulnèl angling aturana,
katemu lan aku bahé,
lawan banget kangeningwang,
seksana ki Dipatya,
umangsuk sampun kepangguh,
umatur dateng Pangéran.
.
10 Di-dalem kautus Gusti,
angaturi Djeng Paduka,
sarta Kulnèl kintun tabé,
kelangkung kangening drija,
Pangéran angandika,
durung waras laraningsun,
balija sira tutura.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 580 - 582.

11.Pamit lèngsèr sangking ngarsi,
umangsuk dateng ing lodjya,
kepanggih kalawan kulnèl,
wus katur sasolahira,
Pangéran ngandikanja,
tigang dina wungsal wangsul,
Pangéran sengadi gerah.

.

12 Kulnèl lawan Komisaris,
wus rijeg ingkang bitjara,
maringaken dawuh agé,
mring Dipati Tjakradjaja,
sira balija sowan,
ndjaluka pamit Gustimu,
mengko bengi ingsun mangkat.

.

13 Tjakradjaja gja lumaris,
panggih lawan Narpa-suta,
Tjakradjaja matur alon,
karsané Kulnèl walanda,
kul a dipun djak mangkat,
idi-dalem njuwun mundur,
Pangéran djurung pandonga.

.

14 Pangéran nulja pepareng,
lorodan njamping lan destar,
kang wus kagem sariranė,
anulja ki Tjakradjaja,
anjaosi bandangan,
wangkingan sasaput kaju,
katri wanda tjara Jogja.

.

15 Kang kagungan Pangran Bèhi,
satunggal duwung sarasah,
pinatik ing sesotya bjor,
kang kalih pendok kentjana.
satunggal pan suwasa,
katri watang genukipun,
satunggal pintatik retna.

.

16 Kang kekalih datan mawi,
ing solah tan tjinarita,
budal sing Surakartané,
ari Soma ping nembelas,
Djimawal Dulkangidah,
anjipeng Klatèn sedalu,
bjar éndjing nulja lumakja.

.

17 Prapta Ngajogja Negari,
Seksana glis tinimbalan,
Massaris Sepenhopené,
Komisaris asung warta,
Bagelèn kaparèntah,
ka-asta Kangdjeng Gupenur,
Djeng Sultan uwis paring tjap.

.

18 Angetjapi surat djangdji,
Dipati ndika kinarja,
tetunggul anèng Bagelèn,
kinèn karja pesanggrahan,
anèng Kedungmassa,
sangking Jogja budalipun,
Respati kaping sanga-las.

.

19 Ing marga datan winarni,
nèng Sentolo bètèng prapta,
anjaré sadjroning bètèng,
bjar éndjing Sukra umangkat,
datan kawarna marga,
bètèng Bubutan gja rawuh,
Kulnèl ladjeng Purwaganda.

20.Kulnèl Ibron datan kèri,
sigeg Sukra ping sekawan,
wulan Besar kang lumangkjèng,
Tuwan Spengopen prapta,
anèng Kedungmaésa,
ari Buda pjaji kumpul,
tinata temtuning nama.

.

21 Kumpul ngarsa Komasaris,
Sepengopen angandika,
ndawuhaken paréntahé,
mring Dipati Tjakradjaja,
lah ndika tampènana,
karsanja Kangdjeng Gupernur,
Dipati matur sandika.

.

22 Sawétaning kali Djali,
tapel wates ing Mentaram,
kidul wates samodrané,
Tuwa-buru wangkit Wawar,
ngalèr separo arga,
Dipati aturnja nuhun,
mulja Kjahi Wangsatjitra.

.

23 Tinanem lenggah Buoati,
ran MenggungWangsanegara,
Kjai Kramadimedjané,
pinaring nama Bupatya,
menggung Resanegara,
Kjai Gorawetjanaèku,
ran Menggung Wiranegara.

24 Kjahi Gagak-pranalèki,
punika pinaring nama,
Tumenggung Dipadirdjané,
Ngabèhi Wangsasemita,
gja pinaringan aran,
Menggung Sutanegarèku,
seksana samja luwaran.

.

25 Jata ari Buda kaping,
Besar ing warsa Djimawal,
ngabèhi Wanajudané,
sowan pinaringan nama,
TumenggungWanajuda,
Kramaleksana puniku,
ran Menggung Resawiguna.

.

26 Mas Tumenggung Sawunggaling,
seksana ingangkat lenggah,
Dipati Sawunggalingé,
kilèn Djali wangkit Gebang,
punika kang kabawah,
ngidul lèreng wangkitipun,
lèr Gawong tapel wangkitnja.

.

27 MenggungArungbinang nenggih,
ingangkat nama Dipatya,
rut Pandjer désa Kebumèn,
wétan wangkit Lesung kalja,
kidul wangkit Luk-ula,
pangilèn ing wangkitipun,
anenggih kali Luk-ula.

:

28 Ngalèr wangkit Gawong redi,,
Dyan Tumenggung Sindupatya,
sampun ingangkat Bupatos,
sakilèn Kali Luk-ula,
aran tanah ing Roma,
ngidul wangkit urut séwu,
Kali Banger pangilènja.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 583 - 585.

29. Kang lèr wangkit redi Palih,
kalawan ing tanah Bandjar,
kuneng Tuwan Kalèresé,
mantuk mring nagri Walanda,
Kedungkebo budalnja,
anudju ing ari Setu,
Sura tanggal ping limalas.

.

30 Warsa Djé ingkang lumaris,
siniqeg datan winarna,
jata genti winiraos,
ari Tumpak wulan Sijam,
tanggal kaping patbelas,
Tuwan Baron Pister djuluk,
Bèrek van Lawik vam Va?

.

31 Réder sangking bintang tjilik,
Komisaris lampahira,
rawuh ing tanah Bagelèn,
sepèksi kang badé kuta,
Brèngkèlan sinung nama,
negara Purwaredjèku,
Kja Dipati Tjakradjaja.

.

32 Ingangkat djumeneng nami,
lenggah nagri Purwaredja,
Radèn Tjakranegarané,
Semawung pinindah nama,
negari Kutaredja,
Menggung Sawunggaling iku,
ngangkat ran Natanegara.

33 Menggung Arungbinang nami,
anenggih ingangkat lenggah,
dyan Dipati ing Kabumèn.
Tumenggung Dyan Sindupatya,
nenggih ing Kutanira,
tanah Roma ing sedaju,
wus mashur ing kering kanan.

34 Sinungan nama Dipati,
Tu menggung Judanegara,
kuneng ingkang tjinarios,
gantya ingkang kawarna-a,
nenggih ingkang winarna,
Djèndral Dekok apan rawuh,
prapta nagri ing Walanda.

35 Akatah nggènnja kekirim,
kang barang arupa-rupa,
dumateng sang Adipatos,
Tjakranagri Purwaredja,
awerni pedang kuswar,
sing nagri Wlandi wus ladju,
kinintun mring Batawijah.

.

36 Sapraptanira Betawi,
linantasaken sadaja,
mring nagri Purwaredjané,
tuwan Semisar lumangkja,
ing marga tan winarna,
Purwaredja sampun rawuh,
kang tetep ngasta kuwasa.

.

37 Risidèn Semisar nami,
nimbali Tjakranegara,
kang pedang pinaringaké,
kintunipun Tuwan Djèndral,
sangking Negari Hollan,
Dipati nampéni sampun,
trima-kasih aturira.

58. Kang pedang kelangkung adi,
kepala wergu kentjana,
tanapi lawan pedangé,
sabuk wilis linuding mas,
rinéka gora rupa,
werangka ranté mas lurus,
dinulu abra prajoga.

59 Wus brasta tjaritanèki,
babad ing Dipanagaran,
jata ingkang wniniraos,
ing negari Purwaredja,
ingkang ginubah-gubah,
winidjah-widjah winuwus,
wuwusen dandang wurahan.

D a n d a n g g u l a. XLVIII

1 Jata ingkang kawuwusa malih,
gantjarira nagri Purwaredja,
gja tampi dawuh Gupremèn,
tanah Baglèn sedarum,
wus kabawah marang kumpeni,
sedaja sinalinan,
ing prenatanipun,
prenata alaming Djawa,
datan kanggja jèn njimpang sangking Struksi,
mangkana karsanira.

2 Kang prenata Risidèn kang dingin,
tuwan Pranesgérardis punika,
plek tumrap prenatané,
semana durung gujub,
kagèt déning aturanèki,
anjarira tinata,
kèh susah wong dusun,
tan alami kagentènan,
marang tuwan kang nama Semisar nenggih,
dadalem Purwaredja.

3 Sampun rudjuk kalawan Dipati,
samubarang ing tata prenata,
wus manut saparèntahé,
nulja na prèntah iku,
terang sangking nagri Betawi,
Risidèn wus atampa,
surat prèntah iku,
sangking nagri Batawijah,
ing Bagelèn sadaja kinèn njengkali,
karsané Tuwan Besar.

4 Wus mupakat tanah pasisir,
apa déné tanah ing Pra(i)jangan,
saben kang milu Gupremèn,
tjinengkal sawahipun,
atanapi kang tegil-tegilé,
wong Baglèn durung bisa,
anjengkal puniku,
Tuwan Lawik karsanira,
ndatengaken wong sangking tanah pasisir,
kang bisa njengkal sawah.

5 Tan antara nulja dateng sami,
prijaji kang pan sangking Balora,
Semarang lawan Rembangé,
ana sangking sapuluh,
ingkang sami kinarja tindih,
radèn Suranegara,
lan Mertapradjèku,
punika Patih Balora,

Kertapradja Djeksa alit lungguhnèki,
lan Redjasari nama.

.

Radèn Suranegara puniki;
kang ngebasi mubarang bitjara,
lawan njengkal pratikelé,
wus panggih dipatyèku,
rinembugken ing karsanirèki,
gja pinrèntah ènggal,
mring Wedana iku,
kinèn anjengkali sawah,
wong Pasisir kan kinèn karja titindih,
mring bawah Purwaredja.

.

7. Kang tjinengkal kawedanan nagri,
sareng sampun ladjeng dateng Djenar,
sampun Djenar mring Lowanu,
ing Putjangkreb ping tjatur,
tan winarna panjengkalnèki,
Risidèn kang winarna,
Semisar puniku,
semana anandang gerah,
nulja tirah pinggir laut nama Pasir,
dèsa ing Djati- kontal.

.

8 Sampun karja pesanggrahan dadi,
asring tugur Radèn Adipatya,
atengga Tuwan Risidèn,
Wedana Urut-sèwu,
Dyan Tumenggung Tjakraredjèki,
ingkang tan késah-késah,
nggènira atugur,
kalawan saputra garwa,
Tuwan Risdèn dalemira ingkang kardi,
Tumenggung Tjakraredja.

9 Gantya ari kawarna-a malih,
bab prenata nagri Purwaredja,
unda-undaké lenggahé,
nenggih para prijantun,
sor-soran é dyan Adipati
anenggih lenggah patya,
Djasari puniku,
beskal Radèn Djajaprana,
Kolekturé Rahadèn Wirapradjèki,
Wedana Purwaredja.

.

10 Dipadirdja nenggih kang wewangi,
ingkang dadya Wedana ing Djenar,
Menggung Wiranegarané,
Wedana ing Lowanu,
radyan Gagak-andaka wangi,
Putjangkreb Wedananja,
anama Tumenggung,
Tumenggung Wangsanagara,
kaliwonnja Djajaprabangsa wewangi,
kalih Mantri negara.

.

11 Djeksa Kabupatén pan satunggil,
Mantri kopi lawan Mantri toja,
gudang kopi lan ujahé,
nami Mantri sedarum,
Kawedanan Mantri satunggil,
kawedanan sekawan,
Mantrinira tjatur,
ingkang lenggah Djurueserat,
Kang Bupati tjarikira pan satunggil,
kantor Tjarik satunggal.

2.Ing Beskalan Tjariknja satunggil,
Kolekturan Tjariknja satunggal,
Wedana sidji Tjariké,
gantya ingkang winuwus,
pjaji ganèk ingelih nami,
anama djaga-karsa,
Dyan Dipati wau,
pan nenem djaga-karsanja,
pradjuritnja tigang-dasa litnan sidji,
Kopral lawan saresan.

•

Pra Wadana pan dipun paringi,
djaga-karsa njekawan-njekawan,
gunggung nembelas katahé,
kang tinandur Pengulu,
aran Tuwan Kadji Bilawi,
pinaringan kuwasa,
kakim nikahipun,
satunggal Pengulu landrad,
namanira tuwan Kadji Badarudin,
nrapaken kukumolah.

•

Ketib wolu sor-soring Bjilawi,
Kawedanan naibnja satunggal,
Ketibira loro-loro,
Mardin datan tjinatur,
kuneng gantya para kumpeni,
Sepriwenberek punika,
Sekretarisipun,
Kontrolir Tuwan Burnekam,
gantya warna prijaji kang njengkal sabin,
wus ngaturken pratélan.

15.Dyan Tumenggung Suranegarèki,
kinèn ngasta buk sakèhé sawah,
Risidènan ing Bagelèn,
anulja ana dawuh,
amriksani kang ala betjik,
marang Suranagara,
kèn neksir puniku,
Tumenggung Suranagara,
sampun karja buk teksir pan sampun dadi,
kinolom warna tiga.

•

16 Tinampanan ponang ebuk teksir,
mring Djeng Tuwan Risidèn sedaja,
buku sawah lan tegalé,
sadaja wus ginunggung,
kawedanan sawidji-widji,
Purwaredja katahnja,
sèwu pitung puluh,
pan katri djung langkungira,
tegalira sedajanira winilis,
pitung atus katahnja,

•

17 Limalas djung punika kang luwih,
gantya Djenar sawahnja katjengkal,
gunggungira sedajané,
pan sèwu ptung atus,
pitung dasa langkung satunggil,
tegalira sedaja,
gunggungira satus,
nenggih langkung gangsal welas,
Kawedanan Lowanu ingkang winarni,
gunggungé ingkang sawah.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 590 - 591.

18.Pan sadaja punika winiwilis,
pitung atus pan langkung selawé prah,
déné tegal ta gunggungé,
winarna kèhnja satus,
pan sewidak sanga puniki,
luwih rong bau ika,
Putjangkreb winuwus,
limang atus katahira,
pitung edjung rong bau wau kang luwih,
satus tri puluh tegal,

.

19 Pan erong djung punika kang luwih,
kinumpulken gunggungé sadaja,
Regènsekap sedajané,
gunggungira sedarum,
patang èwu pitung dasèki,
katri djung pan luwihnja,
langkung tigang bahu,
anenggih katahing tegal,
Kabupatèn pan ginunggung sedajèki,
sèwu satus tri dasa.

.

20 Kalih edjung leluwihanèki,
sidji bahu kumpulé punika,
ingétang djung sedajané,
nulja na prèntahipun,
Tuwan Risdèn mring Adipati,
kinèn angumpulena,
pra kepala dusun,
prémtah rolis karsanira,
tumeka-a Djati-kontal tanah Pasir,
sengkala ginupita.

21.Muka tata suwaraning bumi,
warsa Edal wau kang lumakja,
Rabingulawal wulané,
lagja tanggal ping wolu,
pra kepala pepak nèng Pasir,
ran désa Djati-kontal,
pra bekel ing dusun,
sampun tinari sadaja,
traping dawuh para Kepala wus miarsi,
Risidèn prentahnja.

.

22 Prèntahira Risidèn saiki,
amer nata kabèh désa-désa,
lan malih padjeg wetuné,
kèh solah bekel dusun,
déné padjeg kinèn ngundaki,
mawi bengkok tan kena,
mesti padjeg iku,
kang dadi pangan kepala,
amung prsèn padjeg satus étangnèki,
tampi wolung rupijah.

.

23 Sampunira rinulis pra sami,
wus ginunggung padjegé sadaja,
sadestrik Purwaredjané,
tang leksa sangang éwu,
pan nem atus kawan dasèki,
langkung limang rupijah,
salin étangipun,
alam Dkawa padjegira,
durung ana padjeg rupijah tangnèki,
itung réjal sadaja.

Ms.Or.Leiden 2163, blz. 591 - 593

24.Distrik Djenar padjegé winilis,
limang leksa kawan atus ika,
sangang puluh nem langkungé,
Lowanu kang winuwus,
padjegira ingkang winilis,
telung leksa katahnja,
rong éwu tripuluh,
rong rupijah luwihira,
bawah Tjangkreb sadistrik gungguanèki,
rong leksa luwihira.

.

25 Pitung éwu tri tus nemdasèki,
rong rupijah kunen g kang winarna,
wus djangkep patang distriké,
ginunggung distrik tjatur,
padjegira kinumpulken aglis,
bawah ing Purwaredja,
gunggungé sedatum,
saketi pan limang leksa,
sangan éwu pantja tus tigangdasèki,
luwih limang rupijah.

.

26 Kuneng gantya kang winarna tulis,
wau ingkang tjinarita,
marengi tumpak ariné,
nudju tanggal rongpuluh,
wulan Redjeb ingkang lumaris,
teksih tunggil warsanja,
lan sengkalanipun,
Danupaja tjinarita,
ngadeg kraman anèng Pinatak nèng wukir,
Kedungguntingaslinja.

27.Pan siBeluk kalaréjanèki,
nglajab bahé pakarjanira,
tur siwer mata sidjiné,
prandéné ngaku-aku,
nama Pangran Danupajèki,
apan karsaning Suksma,
ing dilalahipun,
wong mursal temah katjurnan,
djer puniku lumuh kaprèntah kumpeni,
kudu neksa amapan.

.

28 Pan mengkana panggawéning éblis,
Danupaja ngraman karsanira,
djer iku dadi sukané,
dèn nut ing budinipun,
lawas-lawas sangsaja ndadi,
ambek murka tjendala,
ing weksasanipun,
simurka kelakon bangga,
ambeg sura pangrasané anguwisi,
anedarung kudu ala.

.

29 Angsal kanti ki Djajawangsèki,
ingkang nama ki Wangsaleksana,
Kedungmendjangan wismané,
wetara pitung dalu,
arembugan ngumpulken sami,
arsa ngaku Pangéran,
nèng dusun ingriku,
pan ana sangking sewidak,
sedajané ingkang samja anggujubi,
sidji bendéranira.

30. Ari Tumpak pan samja angalih,
marang désa kang nama Pinatak,
sedalu nèng désa kuwé,
kanan kéring misuwur,
lamun ana keraman bar is,
Menggung Wangsanegara,
semana wus ngrungu,
ènggal matur sang Dipatya,
sampun katur keraman kang madeg baris,
Menggung Wiranagara,

.

31 Nudju séba marang Dyan Dipati,
lawan Patih radèn Djajaprana,
nulja ingatjaran agé,
mring Dyan Dipatiku,
munggèng ngarsa prijaji kalih,
kula pan asung warta,
nenggih wau dalu,
Pinatak wonten keraman
Wiranagri dèn ènggal sira amulih,
kraman sedja njang Djenar.

.

32 Aku bakal metu wétan kali,
anglurugi kerman ing kana,
Tumenggung wus lèngsèr agé,
lampahira kesusu,
anèng marga bareng lumaris,
lan Setraleksana,
bekel dusun iku,
anenggih dusun Bubutan,
mentas sangking bajar padjeg sing negari,
asareng antukira.

33. Sapraptané Berogolan nenggih,
Setrasana ladju lampahira,
mring désa Bubutané,
gja dugi Salam dusun,
sangandaping asar ing wantji,
kapetuk Danupaja,
anèng dusun ngriku,
lawan malih Djasentana,
wus kapetuk Djasentika ngadjak bali,
marang désa ing Djenar.

34 Setrasana kebat nggènnja bali,
pan anggiwar pelajuné ngitar,
tutur marang Wedanané,
Wiranagara andangu,
déné sira ènggal abali,
Setrasentana turira,
kawula kapetuk,
lawan Pangran Danupaja,
anèng Salam sumedya mring Djenar mesdjid,
kang ngiringna sewidak.

.

35 Djasantika punika kapusti,
pan asareng mantuk lan kawula,
binekta marang Djenaré,
gja Djawiranèku,
pan keplaju umjating baris,
matur mring Tumenggungnja,
Djenar mesdjid iku,
sampun dèn nggèni keraman,
tan adangu Agrajuda nulja prapti,
panggih Wiranagara,

36.Kinèn ladju tur uning negari,
umatura mring radyan Dipatya,
gja ladjeng Agrajudané,
Gja Wiranegarèku,
dandan mangkat angepung mesdjid,
sanéga saha bala,
wetara rong puluh,
ambekta sendjata gangsal,
Djawirana ingadjak lumampah bali,
nglurug marang ing Djenar.

.

37 Mangkat latri Djawirana ngarsi,
pan sinigeg gantya kawuwusa,
Djagawasita asliné,
sangking pasisir iku,
bola-bali sedya tut wuri,
nanging manah tan étja,
sedyané lumaju,
marang nagri tur wuninga,
ngrepotaken ki Tumenggung solahnèki,
tur iku durung priksa.

.

38 Sangking tipis ing sadjroning ati,
ladjeng matur mring tuwan Semisar,
ngaturaken wedanané,
wus asor ing prang pupuh,
pra sentana pan pada mati,
Tumenggung tan karuwan,
nggènira lumaj u,
Risidèn kelangkung duka,
ja sun gugu jèn bener aturmu iki,
nangin jèn goroh sira.

39.Sun gebiri iku ukum mami,
langkung maras ki Djagawasita,
angrasa luput aturé,
sajekti dèrèng weruh,
pan kapelak rasaning ati,
genti ta tjinarita,
Wiranagarèku,
wus prapta sakloring désa,
angandika mring Kjahi Djawiranèki,
lah ndika dinginana.

.

40 Kula anti anèng ing ngriki ,
préntahana kabèh kantja ndika,
ngepungna mesdjid Djenaré,
Djajawirana ladju,
andingini nggènnja lumaris,
prapta ing ngepos lèrnja,
seksana kapetuk,
kraman sangking mesdjid medal,
arsa ngètju mring Bragulan sedyanèki,
priksa Djajawirana.

.

41 Ginijakan Djawirana bali,
gurawalan matur mring Wadana,
punika kjahi kramané,
ngadjak mundur kawruwun,
Djawirana pan sampun wedi,
katah aturira,
mring Kjahi Tumenggung,
duh Kjahi mangsa nangga-a,
Kjahi Menggung anenggih datan nahuri,
aturé Djawirana.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 596 - 597.

42.Angandika Wiranegarèki,
maring wau Pangran Danupaja,
kawula pan arsa ndèrèk,
Danupaja sumaur,
jèn ateluk sira Kijahi,
mréné jwa nggawa rowang,
dèwèka sirèku,
ki Tumenggung tan derana,
gja bindeil kraman anglis angunduri,
bubar saparan-paran.

43 Ingupaja Danuhupajèki,
tan kepanggja mlaju tan karuwan,
Dipati Segaluh nggené,
gja panggih lan Tumenggung,
nèng Salam sami apikir,
radèn Dipati duka,
kraman tan katemu,
kuneng gantya tjinarita,
nenggih wonten keraman tetunggulnèki,
aran Djajamandura.

44 Ri anggara nudju tanggal kaping,
telulikur Redjeb ing wulannja,
tunggil sengkala warsané,
kraman Danupajèku,
nggènnja baris anèng ing Gading,
Djamandura kelawan,
Kretawana gujub,
Djamandura ngalih nama,
Tjakraningrat Urut-Sèwu dèn rajudi,
wus katah kang telukan.

45.Mila nama Tjakraningrat nenggih,
pan punika asli sing Medura,
pan tilas saradadunè,
amlantjong karjanipun,
sampun lami tanangsal pkil,
kesèd anambut karja,
tan gelem mematjul,
dadi kéwran manahira,
lami-lami akarja tingkah tan jekti,
arsa ngrubaséng pradja.

46 Agja budal sangking dusun Gading,
Tjakraningrat lawan Kertawana,
andjog ing tanah Romané,
seksana gja pinangguh,
lan Mas Pudja ingkang wewangi,
adjuluk Panembahan,
Mas Pudja puniku,
anèng Petanahan rembag,
pan kelawan Kramaprawira wewangi,
djalma sangking ing Sélang.

47 Lawan malih Gamawidjajaèki,
wismanira ing dusun Pelpukan,
lan Wanajuda Tlagané,
Wedana lungguhipun,
nanging dipun undur kumpeni,
ing tyas langkung mérang,
mring kraman umangsuk,
kang sanggup Kramaprawira,
lumebet mring Kebumèn mandjing negari,
angrusak pradjanira.

Ms.Or.Leiden 2163, blz. 597 - 599.

48.Wus samekta gegamanirèki,
pan sumahab telukan arahan,
wong limang atus katahé,
anudju ari Sabtu,
tanggal pitulikur djam kalih,
latri Redjeb wulannja,
taksih tunggil tahun,
Tjakraningrat sampun prapta,
djroning kuta Kebumèn sakantjanèki,
wisma-wisma dèn obar.

•

49 Mantrinira Menggung Alapakking,
wasta Ngabèhi ki Malangjuda,
rinampog marang kramané,
seksana nulja lampus,
Kramaprawira angulati,
mring kang dadi wadana,
Alappaking iku,
lan Alappaking gja panggja,
pan dèn intjih marang Kramaprawirèki,
Alappaking lumajja.

•

50 Pan lumebet djedjurang ing kali,
ing Luk Ula manjabrang mangil-jan,
wangsul Kramaprawirané,
lawan sawadyanipun,
Kolekturan kang dèn lebeti,
radèn Mangunprawira,
kang dadi Kolektur,
Mangunprawira lumadjar,
para kraman/pan ambukak gedong duwit,
padjeg (pan) ingambilan.

51.Arta padjeg sadaja kèhnèki,
pan saleksa dèn usung brandal,
andjukuk déwé-déwé,
sakelaré angusung,
arta gedong pan sampun gusis,
ladjeng Kramaprawira,
mring Buwi umangsuk,
sakatahé pesakitan,
dèn tjullaken sedaja wus ndérék sami,
marang Kramaprawira.

•

52 Gja umandjing wismané Bupati,
saha bala Dèn Pati lumadjar,
mangètan nasak sawahé,
pisah lan wadyanipun,
tanpa gaman tanpa turanggi,
para selir nèng wuntat,
seksana kapetuk,
lan Patih Reksanegara,
kudanira pinundut mring Dyan dipati,
pun Menur ules petak.

•

53.Kjana Patih Reksanagerèki,
tan lenggena kuda tinitijan,
Kjana Patih sru aturé,
sumangga Lurah wangsul,
amangsuli kraman kang djuti,
dyan Dipati ngandika,
kakang betjik mlaju,
berandal kelangkung katah,
duga kula mangsa kelara nadahi,
Kja Patih aturira.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 599 - 600.

4. Jèn makaten kula nuwun amit,
tur uninga dateng Purwaredja,
sudara dalem Risidèn,
Radyan Dipati muwus,
rembug ndika pan luwih betjik,
ndika mring Purwaredja,
kula mring Semawung,
Kja Patih Reksanegara,
njandak kuda Kepala ingkang ndarbèni,
njèngklak anulja ngerap.

.

5 Tan winarna lampahira margi,
sampun prapta nagri Purwaredja,
tumamèng ngarsèng Risidèn,
katur sasolahipun,
Tuwan Risdèn kagjat kepati,
nulja angsung wuninga,
mring Kulnèl puniku,
anèng ing Kedungmaésa,
Tuwan Kulnèl amepekaken Uopesir,
sampun atata-tata.

.

6 Gja lumampah pra bantu kumpeni,
Kjahi Patih pan Reksanegara,
wangsul amor kumpeniné,
lumampah anèng ngajun,
anèng margi kang abdi prapti,
ambekta gamaning prang,
sedaja wus kumpul,
pra kelana tan winarna,
anèng marga prapta Winangun kumpeni,
keraman gja katingal.

57 Pasar Kutawinangun abaris,
pra Walanda amasang sunapan,
awanti-wanti angedrèl,
keraman bubar larut,
datan ana kang mangga pulih,
bubar abelasaran,
nggiwar sasar-susur,
bujar mabjur bala brandal,
pra kumpeni samja angusir wani,
gja prapta ing Kabumjan.

.

58 Para Brandal nèng Roma miranti,
samja rembag lan sakantjanira,
arsa nggepuk Sidajuné,
para berandal gujub,
nulja mangkat sakantjanèki,
seksana agja prapta,
kuta ing Sidaju,
dyan Menggung Judanegara,
pan beplaju saha wadya samja nggendring,
mangilèn munggah ngarga.

.

59 Dyan Tumenggung kang sinedyèng galih,
saha garwa marang ing Banjumas,
datan winarna solahé,
bedahira Sidaju,
ari Dité Redjeb kang sasi,
sangalikur tanggalnja,
Walanda gja nusul,
keraman umjat lumadjar,
saenggèné keraman sampun kaungsir,
bubar tan tjinarita.

0.Kawarna-a RadyanAdipati,
Purwaredja arsa angluruga,
kraman ing Urut Sèwuné,
mbantoni Dyan Tumenggung,
Tjakraredja kasoring djurit,
bubar. sangking ing Roma,
berandal sedarum,
angumpul anèng Telaga,
Tjakraredja Wedana ing Wanaradin,
ametuk kasor juda.

•

Tjakraredja kèngser lan wadyèki,
kang abantu Dipati wus prapta,
ing tanah Utur-Sèwuné,
pra keraman wus ngrungu,
dèn lurugi mring Dyan Dipati,
kraman sami uwas,
ndelik sedajanipun,
Dyan Dipati prapta Tlaga,
nulja ladjeng dateng Palempukan baris,
pados Gamawidjaja.

•

Ingupaja pan datan kepanggih,
Dyan Dipati angumpulken wadya,
pan arsa kundur karsané,
dateng Wanaratèku,
sampun sipeng tri latri nenggih,
kumpeni kawarna-a,
baris Bugel iku,
lan Kliwon Djajaprabangsa,
riseksana kepanggih lan kraman sami,
ramé tjampuh ing juda.

63. Ambeg sura kraman ngesuk wani,
kraman kalih ingkang kapradjaja,
satunggil Wlanda kang djedèt,
seksana brandal larut,
ki Dipati seksana uning,
gja wangsul sawadyanja,
mring Telaga dusun,
lereb angsal gangsal arja,
sakèh kraman ingkang baris sami gusis,
lumaju ngungsi gesang.

•

64 Dandan kundur rahadèn Dipati,
saha wadya dateng Purwaredja,
para kraman sampun entèk,
kelangkung adjrihipun,
déné sampun tatal inguni,
arang ingkang anangga,
lamun murwèng pupuh,
Dipati Tjakranegara,
mila giras sakèhé pra kraman sami,
kelangkung adjrihira.

•

65 Tan winarna lumakjèng ing margi,
prapta anèng nagri Purwaredja,
kepanggih Tuwan Risidèn,
katur sasolahipun,
Tuwan Risdèn seukèng ing galih,
kuneng datan winarna,
berandal akumpul,
tanah Roma Petanahan,
Wlanda Pandjer mijarsa arsa nglurugi,
mring désa Petanahan.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 602 - 603

66.Para kraman wus kumpul abaris,
sampun tata ngagamaning ngajuda,
Opsir mangkat sing Kebumèn,
ing marga tan winuwus,
Petanahan pan sampun prapti,
keraman tata kapang,
sedya mangsah pupuh,
seksana ajun-ajunan,
pra kumpeni pangedrèlé nggigirisi,
keraman maksih panggah.

•

67 Nulja ana kumpeni sawidji,
Litnan Selar wau namanira,
ambudjung mring keramanĕ,
kantjanira tutulung,
Wlanda Plangkir angedrèl wani,
marijem sampun munja,
Litnannja ketawur,
kénging pélor sangking kantja,
Litnan rebah anulja dipun trutuli,
tinumbak mrang kraman.

•

68 Litnan Selar anulja ngemasi,
wong kumpeni weruh Litnanira,
rinampog keraman akèh,
anulja madjeng anglud,
kraman kènser katah kang mati,
katahnja kalih dasa,
kang gesang wus mawut,
Walanda kang sirna asta,
saradadu gangsal mati Litnan sidji,
loro Setabel pedjah.

69.Bubar larut keraman wus gusis,
kantjanira pedjah kalih dasa,
sadaja miris manahé,
Tjakraningrat lumaju,
Kertawana pan atutwuri,
mangidul plajunira,
mring Kewangunan dusun,
Pudja lan Kramaprawira,
pelajunja marang desa Tédja nggendring,
andelik sedyanira.

•

70 Kuneng Tuwan Risidèn mijarsi,
wus kasoran kang para keraman,
perang lawan kumpeniné,
sedaja wus lumaju,
gja paréntah mring Adipati,
kinèn angankatena,
nenggih Mas Tumenggung,
kang nama Wiranegara,
lawan malih Kjahi Mangundjajèki,
sanéga saha bala.

•

71 Wus umangkat ki Mangundjajèki,
Mas Tumenggung Prawiranagara,
Wedana Djenar linggihé,
kinèn sami anglurug,
para kraman kang sami ndelik,
seksana lumaksana,
kraman kang winuwus,
Kulektur Kebuomèn ika,
kang nama Radèn Mangunprairèki,
angsal njepeng keraman.

72.Opah-opah mring kang wani mati,
sapa wongé kang bisa njekela,
aku awèh bajar kowé,
mring Kramaprawirèku,
nulja ana ingkang nangkupi,
saguh anjekela,
ketjandak wus lampus,
kang murda sampun tinigas,
dèn Kolektur angaturaken ndas sidji,
mring Tuwan Asistènja.

•

73 Tinarima Mangunprawirèki,
déné saged angsal sirah kraman,
kuneng Djajamadurané,
nenggih sampun katjakup,
nenggih anèng Roma puniki,
ran mas Djajadimedja,
kang angsal puniku,
lawan Mas Wangsadipura,
wus ketjandak ananging tan dèn patèni,
lawan malih Mas Pudja.

•

74 Wus katjekel nèng Ladjer pinanggih,
lawan malih bèhi Wanajuda,
teluk marang kumpeniné,
awitira rinudjuk,
kang angrudjuk nenggih mas Patih,
kang aran Tjakradjaja,
Purwaredja iku,
lan malih panunggalira,
ingkang nama Panembahan Djajagati,
wus sami tjinekelan.

75.Kang anjekel mas Tjakraredjèki,
pan Wedana Pituruh lenggahnja,
lawan Resamuhamadé,
wus katjekel seda[illegible]um,
kang anjekel ki Ranupati,
Bupati Purwaredja,
puniku kang ngutus,
mung sidji durung ketjandak,
ingkang nama wau Gamawidjajèki,
antara ragi lama.

•

76 Wonten malih panunggalanèki,
ingkang nama Kjahi Kretawana,
anèng Gading katjekelé,
déné ingkang anjikut,
kèntol Djajawiruna wangi,
Kepala dusun Wala,
seksana wus katur,
Kretawana mring nagara,
mring Risidèn Purwaredja karsanèki,
tinratap ukumira.

•

77 Pan ginantung sadaja wus mati,
kawarna-a ki Wiranagara,
lawan ki Mangundjajané,
nèng tanah Roma iku,
angulari kraman kang taksih,
samana gja panggihan,
lan Radèn Kolèktur,
kang nama Mangunprawira,
golong rembug ki Tumenggung arsa bali,
mring nagri Purwaredja.

78. Semunira sampun angsal warti,
ing enggonné ki Gamawidjaja,
mila tjrakèng kinèn mulèh,
jèn teksih ki Tumenggung,
milu njekel kraman puniki,
marang Gamawidjaja,
tan katrimèng laku,
milanja rembug mangkana,
awad sampun tampa surat sing Negari,
Risidèn paréntahnja.

•

79 Ki Tumenggung sakniki kèn mulih,
awangsula dateng Purwaredja,
sampun terang parèntahé,
ki Tumenggung wus wangsul,
dateng Purwaredja negari,
lawan sakantjanira,
wus prapta sedarum,
dumugi ing Purwaredja,
ladjeng sowan dateng Risidén kumpeni,
Djeng Tuwan atetanja.

•

80 Sabab apa lakunira bali,
pa wis rampung keraman ing kana,
Tumenggung alon aturé,
kawula kinèn wangsul,
prèntah sing Mangunprawirèki,
suka dawuh mring kula,
Tuwan ingkang dawuh,
Risidèn ngandika tradak,
kasih prèntah sama elu suru bali,
pulang di Purwaredja.

81. Kuneng sigeg antara wus lami,
Mangundjaja lan sakantjanira,
teksih ngupados kramané,
nèng tanah Urut-Sèwu,
ngupaja Gamawidjajèki,
nanging dèrèng pinanggja,
manggèn nakuk uwu,
ing Bugel namaning désa,
Radèn Mangunprawira ingkang nindihi,
datan suwalèng rembag.

•

82 Gja tinitik Gamawidjajèki,
ndelik Bugel tan medal sing wisma,
wus kinepung panggonané,
mung wong Purwaredjèku,
ingkang wani tjelak nggènèki,
wisma Gamawidjaja,
seksana gja metu,
sangking salebeting wisma,
rèjab-réjab gagap gugup tangi guling,
pan sarwi njekel tumbak.

•

83 Mingat-mingut tan ana kang wani,
mung kantjané Kjai Mangundjaja,
djalma tri sareng adjuné,
ki Sutawangsa iku,
lawan malih Wiradangsèki,
tri Kertaleksana,
katri matang gujub,
sira ki Gamawidjaja,
datan angsal wau nggènira malesi,
rebah pedjah tinigas.

84.nD_as tjinangking sigeg tan winarni,
kawarna-a Pangran Danupaja,
duk bubar sangking Djenaré,
wus lami tan/pinangguh,
katah ingkang sami madosi,
anudju ari Soma,
tanggal ping Tlulikur,
Djumadilakir wulannja,
warsa Ehé sengkalanira kinardi,
nir rasa gentruingrat.

85 Wus misuwur nenggih patjak baris,
dusun Kali Elo tanah arga,
nanging ngalih djudjuluké,
anenggih Pangran puniku,
Girinata nama semangkin,
sampun ngumpulken djalma,
Kali Elo agujub,
kumpul bala sirna pantja,
riseksana mudun dateng Kali Gesing,
sigra angètju wisma.

86 Wismanira Mangunsura gusis,
rinajahan barangé telasan,
djaran ginawa kramané,
inganggo Pangranipun,
para kraman ladjeng lumaris,
amudun tanah Lenah,
ran Ganggeng kang dusun,
nenggih sami mesanggrahan,
kuneng gantya Tumenggung Wangsanegari,
Putjangkreb kang Wedana.

87.Apan sampun amijarsa warti,
ki Tumenggung mangkat metuk juda,
sedija sabala praptèng,
Ganggeng seksana tjampuh,
lawan Pangran Girinatèki,
rebut rok silih papan,
sami ambeg purun,
Tumenggung Wangsanegara,
saha wadya tembaja sabaja pati,
adja na kang mundura.

Durma. XLVIII

1 Kawarna-a Dipati Tjakranegara,
sampun mijarsa warti,
Kja Wangsanegara,
nèng Ganggeng mangun laga,
karsané Radyan Dipati,
arsa nusula,
sangkep keprabon djurit.

2 Gja umangkat sangking nagri Purwaredja,
sampun anjabrang kali,
tan kawarna marga,
ing Ganggeng sampun prapta,
sigra mangsah ing adjurit,
para keraman,
sedaja sami anggendring.

3 Girinata lumaju asar-esaran,
Kemanukan ndjognèki,
seksana mangètan,
gja minggah marang arga,
pradjuritira satunggil,
kang mbekta kendang,
kénging pélor ngemasi.

4. Pradjurité Tumenggung Wangsanegara,
sawidji nandang kanin,
tinumbak mring brandal,
nanging datan praléna,
seksana radèn Dipati,
ngangsegken wadya,
para pradjurit ngusir,

.

5 Girinata dèn drèl gja kaprawasa,
èpèk-èpèké kéring,
pra pradjurit sigra,
angedrèl kapalira,
kapal kénging wus ngemasi,
aberangkangan,
Girinata nèng siti.

.

6 Gja tinubruk wau Pangran Girinata,
dèn uleng tan ngulisik,
anulja branda,
mring abdi kang Wedana,
wadya gangsal welas sami,
ingkang mangrurah,
salong ketjandak urip.

.

7 Wus binekta marang nagri Purwaredja,
kraman sedajanèki,
ngetrapan ukuman,
Pangèran Girinata,
ginantung ukukman`ki,
pan kongsi pedjah,
rampungé kantjanèki.

8. Ana ingkang ginantung miwah binuwang,
djabaning nagri Djawi,
genti tjinarita,
sampuné lama-lama,
karsané radèn Dipati,
karja susukan,
toja kang andjog negari.

.

9 Usiking tyas Dipati Tjakranagara,
repot marang kumpeni,
mring Residenira,
nenggih Tuwan Semisar,
umangsuk marang ing lodji,
atur pirembag,
menawi nudju kapti.

.

10 Wis kepanggih tabéjan Risi_dèn tanja,
dumateng Dyan Dipati,
dateng apa kerdja,
ketemu sama saja,
Dyan Dipati anahuri,
brangkali sukak,
njang saja punja pikir.

.

11 Tèmpo perang saja punja kaèngetan,
urus njang lebih baik,
saja punja bawah,
dulu banjak njang rusak,
barang-kali tuwan kasih,
kerdja susukan,
ambil èr dari kali.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 609 - 610.

12. Kira-kira njang bolé dibendung tuwan,
di Penungkulan baik,
di geger Mendjangan,
gunung dikerdja slokan,
tapi susah bolé gali,
kalu terbukak,
itu njang satu bukit.

.

13 Tapi dalem galli tanah gunung Sangsam,
saja trak takut gali,
prekara dalemnja,
sebab tambah untungnja,
tuan punja orang ketjil,
témpo ketiga,
orang bisa tanem padi.

.

14 Kangdjeng Tuwan Risidèn alon wuwusnja,
saja turut sekali,
lu punja pikiran,
dari itu prekara,
Gupremèn untung sekali,
aér berdjalan,
sampé didalem nagri.

.

15 Dèngan lagi orang ketjil désa-désa,
énak dipunja ati,
ada aèr djalan,
en sekarang ada prèntah,
ditanah Bagelèn sini,
sa-antéronja,
disuru tanem kopi.

16. Apalagi tanem tom ditanah tegal,
disuruh kerdja pabrik,
itu besar tiga,
bernama désa Tambak,
Maron Sutjèn taruk pabrik,
disuru lekas,
mulai tahun ini.

.

17 Tetapinja njang perlu itu susukan,
pabrik diblakang kali,
kalu sudah djalan,
aér dari susukan,
itu bolé kerdja pabrik,
ini sekarang, di
disuru gali-gali.

.

18 Saja kasih bajaran njang satu orang,
musti delapan duwit,
satu ari kerdja,
musti trima bajaran,
semuwa njang gali-gali,
Dipati turnja,
saja takut sekali.

.

19 Trima uwang dari kantor tlalu banjak,
diblakang tradak djadi,
kalu Tuwan meksa,
mau kasih bajaran,
dari saja punja pikir,
kasih bras sadja,
satu ri satu kati.

20.Dan tempo ini tlalu murah beras,
didalam satu datjin,
bole tiga rupijah,
djadi mangsuk harganja,
satu kati tiga duwit,
Tuwan Semisar,
kelangkung trima-kasih.
.

21 Saja rasa berembug ini sudah énak,
bolé lekas djalani,
dimana énaknja,
bolé dikerdja slokan,
saja turut Radèn Pati,
punja pikiran,
diliha t baik-baik.
.

22 Kalu sudah djadi rembug pjaji banjak,
lekas bolé mulahi,
gja radyan Dipatya,
pamit nulja tab-ejan,
lèngsèr prapta dalem aglis,
karja nuwala,
dateng pra pjaji-pjaji.
.

23 Para pjaji kèn nglarah bakal susukan,
nurut pinggiring ardi,
désa Panungkulan,
mangidul nganti prapta,
ardi geger Sangsam nenggih,
andjog ing kuta,
pundi ingkang prajogi.

24 Pan mangkana bukaning punang nuwala,
wus waradin pra prijaji,
tampi suratira,
sangking radèn Dipatya,
seksana kang para pjaji,
ubaja dina,
mangkat arsa hanitik,
.

25 Tan winarna rontjéné ingkang tjarita,
seksana sampun awit,
anduduuk susukan,
para prijaji tengga,
sadina katahing kuli,
pan limang sasra,
titimangsa kinawi.

26 Ri Respati anudju ing wulan Sawal,
tanggal kaping satunggil,
warsa Bé lumakja,
sengkala kang kinarja,
nir rasa pandita adi,
bedama karja,
tjutjuk dandang lan linggis.
.

27 Tan winarna solahé anambut karja,
duwi madyaning warsi,
dadi kang susukan,
toja milir mangandap,
andjog salebeting nagri,
milet tesijar,
umangsuk sabin-sabin.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 612 - 613.

28. Langkung étja tyasnja pra pjaji negara,
djalma lit tani-tani,
wignja nggarap sawah,
nenggih mangsa katiga,
sinigeg datan winarni,
kang kawarna-a,
rahadèn Adipati.

.

29 Kang pilenggah ing negari Purwaredja,
sasi Mulud warsèki,
Wawu sengkalannja,
tjandra ojag prawata,
rupa wau adipati,
Tjakranagara,
angsal paringan bedil.

.

30 Tuwan Djèndral Pandebos ing nagri Hollan,
punika kang ngirimi,
wuluh sangub petak,
pengantèn wadah kotak,
mawi pontàng astra putih,
tanda kang nama,
nenggih ingkang maringi.

.

31 Kang winarna Tuwan Risidèn Semisar,
gerahira tan mari,
katur Tuwan Besar,
lamun Risidèn lara,
Tuwan Besar paring tulis,
kinèn tetamba,
marang negari Wlandi.

32 Sanpun prapta Risidèn ingkang gumantya,
anenggih kang wewangi,
tuwan Handris Djohan,
nis as Ritenbah ika,
Risidèn Semisar mulih,
mring nagri Hollan,
Ritenbah gja gumanti.

.

33 IngBagelèn tinata sampun atata,
tinitik titik titi,
tinata arata,
tataning ratan-ratan,
tetep Assistènira tri,
Ngambal Kabumjan,
lawan Wanasabèki.

.

34 Pan tinata titiné nama Bupatya,
Regèn Purwaredjèki,
anenggih kinarja,
tetunggul pra Bupatya,
Bupati nomer sawidji,
Dyan Arungbinang,
Kabumèn nomer kalih.

.

35 Nomer tiga Bupati ing Wanasaba,
Ngambal ingkang Bupati,
karja nomer tiga,
déné nomer sekawan,
Karanganjar kang Bupati,
Djajadiningrat,
namanja kang Bupati.

36. Nomer gangsal ing negari Kutaredja,
Dyan Menggung Sawunggaling,
nagri Purwaredja,
wus tata kang prenata,
Dyan Dipati jasa mesdjid,
awit ing Besar,
nudju tanggal ping kalih.
.

37 Tahun Alip anenggih ingkang sengkala,
guna sad giri hadi,
seksana gja dadya,
mesigit Purwaredja,
djalma Islam djalu èstri,
ari Djumangah,
sami salad nèng masdjid.
.

38 Enengena genti ingkang kawarna-a,
ing Besar Djé kang warsi,
nenggih sinengkalan,
obah rasa pandita,
wani keraman kang nami,
ki Amad-sléman,
djalma datan pa asli.
.

39 Imah-imah manggèn anèng dusun Setjang,
adjudjuluk Sèh Ngarib,
lawan minda-minda,
tedak Sajid ngakunja,
dadi dukun nggautèki,
....
seksana duwé pikir.

40. Ngahid marang wong désa pan arsa ngraman,
pan sampun angsal kanti,
pan tijang sedasa,
sampun gilig ubaja,
ahut ing sapati-urip,
gya lumaksana,
anèng ing désa Lengis.
.

41 Surup ngarka ki Amad-sléman lumampah,
nèng kreteg Kali Djali,
ran désa ing Djana,
wisma kreteg dèn obar,
seksana ladjeng angalih,
pangobarira,
bekel Djana wismèki.
.

42 Wonten bendé wismané ki Bangsadrana,
satunggal dipun ambil,
ginawa mangétan,
bali mring désa Setjang,
Dyan Dipati wus mijarsi,
jèn ana kraman,
sijagèng ing adjurit .
.

43 Saha wadya lumaksana marang Setjang,
wajah djam kalih latri,
tan kawarnèng marga,
prapta désa ing Setjang,
dèn upaja tan pinanggih,
pan sampun bubar,
mangétan latjaknèki.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 614 - 616.

44. Gja tinungkak nanging datan tinututan,
kundur Radèn Dipati,
antara wus lama,
Respati wulan Besar,
Edal warsa tanggal kaping,
nenggih sedasa,
apan dèn sengkalani.

.

45 Gunung ojag lawan sabdaning radja,
Amadsléman abaris,
désa Wates manggjan,
siti bawah Mentaram,
nèng ngriku pan angsal kanti,
tijang Gotakan,
Resadéwa wewangi.

.

46 Ki Sadéwa milané tumut ngeraman,
sampun uning pribadi,
marang kramatira,
Kjai Amadsléman,
bisa ilang dadi éstri,
lang nggentur tapa,
si Bisu raning belik.

.

47 Ki Sadéwa pan nderèk sakadangira;
kumpul golong kang pikir,
Madslèman anebda,
marang ki Resadéwa,
lah daweg dateng Pengasih,
dandan gja mangkat,
saksana prapta Wangkit.

48. Wisma Tjina tukang pak Wangkit rinajah,
mulja dipun obari,
gja laju lumampah,
umangsuk Kawedanan,
agijak bendé tinitir,
Dyan Mangundirdja,
Pengasih lenggah distrik.

.

49 Pan lumadjar kalawan saputra garwa,
dalemira dèn nggoni,
mring ki Amad-sléman,
bala sami angrajah,
Mangundirdja kang dèn ungsi,
ki Djagaresa,
Banjumeneng wismèki.

.

50 Djagaresa kagjat umjat lurahira,
brindil lan kadang siwi,
Radèn Mangundirdja,
tutur sasolahira,
seksana sijagèng djurit,
sakèh busana,
lurahnja dèn tjaosi.

.

51 Gja lumampah Djagaresa munggèng ngarsa,
sedasa kang angiring,
sendjata sekawan,
nenem sikep tumbaknja,
Pengasih pan sampun sepi,
ki Amad léman,
nedya tan nolèh wuri.

1.Ki Tumenggung Mangundirdja,
sigra ladju lawan Djagareseki,
pan marang Wates anusul,
marang ki Amad-sléman,
Amadsléman semana sampun angrungu,
warta lamun linurugan,
gja sijagèng ing adjurit.

•

2 Umangsah ki Resadéwa,
Risaeksana ajun-ajunan sami,
ki Djagaresa umadju,
amusti watangira,
tinggal bala ki Resadéwa ametuk,
anjliring sangking ngiringan,
lawan kang pra atmadjèki.

•

3 Katri suta sareng mara,
Djagaresa umjat lamun sinliring,
kèndel pangusirirèku,
anèng tengahing pasar,
Resadéwa sutanira kang binudjung,
tan lawan mlaju mangétan,
seksana ladjeng andelik.

•

4 Pambudjungnja Djagaresa,
pan kawelag watangira kasupit,
kepagol ing kaju waru,
dojong tengahing pasar,
nulja dawah wau sangking kudanipun,
tumbaké kesangsang kaljan,
sigra Resadéwa aglis.

5. Saking elèr wétan numbak,
wus watgata Djagaresa ngemasi,
murdanja arsa pinrutul,
sigeg genti tjarita,
lèring pasar wonten bantuan ingkang rawuh,
dyan Menggung Ranawinata,
umjat Djagaresa mati.

•

6 Umangsah tutulung juda,
saha wadya ngrebut kuwandanèki,
Djagaresa ingkang lampus,
sawab arsa tinigas,
para kraman sedaja sami lumaju,
Tumenggung Ranawinata,
buteng wringut nir papati.

•

7 Sakjèh kraman bubar-bubar,
Amadsléman ngalér nggènira nggendring,
Sadéwa lumaju ngidul,
nulja na bantu prapta,
sangking Jogja Pangran nenggih namanipun,
Pangran Kulnèl Nataningprang,
akatah kang pra pradjurit.

•

8 Kraman bubar ting balesar,
asar-saran rebut urip pribadi,
sinigeg datan winuwus,
nenggih kang kawarna-a,
ki Dipati Purwaredja kang winuwus,
sami mbarisi wangkitnja,
Watukura pinggir kali.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 617 - 618

.Kelawan para kelana,
lan kang raji Menggung Wiranegari,
nèng Tjongot nggènira tugur,
kang baris Sudimara,
Dyan Ngabèhi Resadiwirja kang sunu,
Dipati Tjakranegara,
kukuwu nèng suku hardi.

.

0 Dipati Tjakranegara,
mjarsa warta Amad-sléman semangkin,
anenggih sampun kapikut,
nèng nagri ing Ngajogja,
wus ingukum ginantung pan nganti lampus,
mundur wadya Purwaredja,
kalawan Upesir sami.

.

1 Mantuk wismèng sowang-sowang,
laminira nenggih datan winarni,
dyan Dipati tampi dawuh,
sangking tuwan Ritenbah,
tinimbalan marang lodji gja umangsuk,
tuwan Risdèn angandikam
dumateng radèn Dipati.

.

2 Ini saja trima surat,
baru dateng dari nagri kumpeni,
didalem surat tersebut,
tjutjunja Radja Blanda,
nagri Hollan dia mau kirim pistul,
kasih sama Radèn Patya,
njang dulu dateng kemari.

13.Puter priksa pulo Djawa,
nagri baru tradak sama disini,
djadi dengan rupa bagus,
aer banjak berdjalan,
orang ketjil dan semuwa bole untung,
kuwat tambah padjeg tanah,
Gupnur tlalu enak hati.

.

14 Gupremeǹ banjak untungnja,
tjutju Radja banjak terima kasih,
Dyan Dipati sunggu-sunggu,
djaga urus Belanda,
Tuwan Pangran dia mau kirim pistul,
sepasang tempatnja kotak,
Dyan Dipati anahuri.

.

15 Twan Pangran ada kasihan,
saja bilang banjak terima kasih,
Dipati tabé gja mundur,
antara gantya dina,
Radèn Pati pinanggil mring lodji mangsuk,
Twan Risidèn angandika,
kestul sudah dateng sini.

.

16 Dyan Dipati ini lihat,
rupa bagus bekakas baik-baik,
tapi lihat sadja dulu,
kalau Dipati trima,
pakik kurmat pista dengan pasang itu,
mrijem dan sama sunapan,
besuk malem Sebtu ari.

MS.Or.Leiden 2163 blz. 619 - 620.

17. Dyan Dipati kundur sigra,
prapteng dalem ngatur tata tiniti,
kirim surat pjantun-pjantun,
tuwin kang pra Walanda,
riseksana upaja ing ari Setu,
kumpul kang para An(m)tenar,
sarta ingkang pra Upesir.

.

18 Malem Setu wulan Sura,
pukul sada tanggalnja ping katri,
tahun Ehé kang lumaku,
Tuwan Risdèn Ritenbah,
pinaringken dumateng dyan Dipatiku,
kestul sigra tinampanan,
angandika trima kasih.

.

19 Sami tingal tiningalan,
pra prijaji utawi pra kumpeni,
kang kurmat munja djumegur,
Kabupatèn èbekan,
riseksana gja sami tata ingatur,
médja-médja bebandjengan,
kursi kanti taplak putih.

K i n a n t i. L

.

1 Rengganing pista kang ngatur,
Tuwan Komis nama Debri,
tinata rata atata,
sedaja sampun miranti,
tandjidur kalawan mangga,
tjara-balèn wus sumanding.

2 Gangsa pélog kéringipun,
gangsa sléndro djadjar rakit,
Kabupatèn tinaruban,
gapura dugi mendapi,
tambur mrijem lan sunapan,
djinadjaran lurungnèki.

.

3 Lelaju lan umbul-umbul,
djalma lit ingkang ndjadjari,
Talangwati wawirèngan,
anèng ngarsa angurmati,
wus samja lenggah atata,
ambandjèng anèng ing kursi.

.

4 Kanan kéring Dipatiku,
Arungbinang kang Bupati,
kang kiri Bupati Ngambal,
Dyan Menggung Purbanegari,
Bupati ing Kutaredja,
anama dyan Sawunggaling.

.

5 Sisih tengen kulonipun,
Major kumpeni kang linggih,
lan Asistèn ing Kebumjan,
kang kidul para kumpeni,
surat winatja paringnja,
tuwan Risdèn pribadi.

.

6 Tjara Wlanda bangsanipun,
wong Djawa nora mangerti,
mung kang binasakken Djawa,
Mas Biskal kang matja tulis,
bukaning punang nuwala,
manira iki peparing.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 620 - 622.

7.Marang Dyan Dipati iku,
wit sangking namanirèki,
wajah ingkang Kangdjeng Radja,
Bagénda Radja Kumpeni,
Dipati Tjakranegara,
Bupati Purwaredjèki.

.

8 Tanah Baglèn ingsun kintun,
peparing kestul serakit,
jogja kinarja pusaka,
nganggo tanda nama mami,
sangking kaèngetaningwang,
tama temen sira iki.

.

9 Angkasdangan karjanipun,.
mulané ingsun peparing,
marang djeneng pekenira,
jèn tukuwa kestul iki,
pira kèhé ingkang rega,
tanda pratanda sih mami.

.

10 Titi tamat surat tembung,
sigra hurmat mrijem muni,
Kja Dipati karja surat,
djawab mangkana kang tulis,
kang abdi Tjakranagara,
sampun tampi kang peparing.

.

11 Gja munja ingkang tandjidur,
sléndro pélog sareng muni,
winatja malih kang djawab,
amba Bagelèn Bupati,
kita nagri Purwaredja,
kawula sampun nampèni.

12.Pitedandalem punika,
sangking Pangran Kangdjeng Gusti,
ingkang wajah Kangdjeng Radja,
sangking Negari Welandi,
kang darbé Djawi sadaja,
saha wadya agung alit.

13 Pitedandalem punika,
awarni kestul serakit,
mawi tanda ingkang nama,
Gusti Pangéran kumpeni,
ingkang midjil ngastanira,
Risidèn Purwaredjèki.

.

14 Awit sangking namanipun,
gusti Pangéran kumpeni,
anenggih undjuk kawula,
kelangkung sangking kapundi,
peparingdalem punika,
kundjuka Djèndral Betawi.

.

15 Pamijoesé atur ulun,
kundjuké dateng Djeng Gusti,
kang darbé asih mring amba,
rèhning kawula wus tampi,
kawula njumanggakena,
dateng Tuwan Risdèn ngriki.

.

16 Kundjuké Tuwan Guprenur,
ladjengé katur Djeng Gusti,
lan sakèhé kaurmatan,
djawab surat sampun titi,
urmat munja abarungan,
urmat mrijem wanti-wanti.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 622- 623.

17.Sengkala Wlanda winuwus,
sirna tasik naga bumi,
tinampan Sang Adipatya,
kestul buwis warna adi,
kumpeni djibeng umijat,
éram gojang kepalèki.
.

18 Mawi kotak wadahipun,
kaju sangking nagri Wlandi,
ingulesan kamus djenar,
sinorog kénging kinuntji,
ing djero pan ingulesan,
awarni baludru abrit.
.

19 Wuluh pinatik mas mabjur,
kang wesi asurat putih,
ngerambut petak lir slaka,
bekakas awarni-warni,
antukira kekalingan,
datan mawi séla api.
.

20 Gandèn gading gilap alus,
tjitakan mimis miranti.
garannja gading sadaja,
tan wus utjapen ing tulis,
seksana awit daharan,
kumpeni lawan prijaji.
.

21 Sami budjana anginum,
anggur sepet lawan manis,
breduwin lan banju Wlanda,
anggur asem lawan pahit,
setrup kelawan mendérah,
sipijir kelawan ebir.

22.Bedaja sigra umadju,
beksa kinubeng walandi,
tuwin kang para Bupatya,
asuka pating bregigih,
ilang nir kang suba sita,
tjarub wor Djawa kumpeni.

23 Ngenting suka solahipun,
sakèhé para upesir,
galak lir singa tenaja,
ting galidrah ting kalitih,
bedaja kinèn mundura,
arsa dangsah pra kumpeni.
.

24 Pra njonjah sijaga sampun,
lir menjura mrih pawèstri,
ting gudèdèr gudabrahan,
agandèngan kalih-kalih,
djaku èstri djodonira,
wus kèndel para kumpeni.
.

25 Pendapa sesek tan tjukup,
nèng pasban landrat bukti,
sèket kang para Walanda,
anèng lenggahan ing kursi,
budjana apantan-pantan,
pra prijaji angombjongi.
.

26 Wedana Mantri rong puluh,
sedaja pinarak kursi,
sami larih linarijan,
Kepala ingkang winarni,
katahira bekel désa,
pitung atus sedajèki.

MS.Or.Leiden 2163, blz. 623.

27. Andèr nèng sadjroning tarub,
sadaja minum lan bukti,
samja nganggé klambi abang,
wong lima kopi sawidji,
telas-telas djinurugan,
samja mendem ting djalerit.

.

28 Ting petèntèng ting patjutju,
kadi solahé wong baring,
ana kang lali sandangan,
binajang ginawa mulih,
ana kang bandjur abeksa,
keplokira angedanih,

.

29 Bjar rina bubar sedarum,
pra kumpeni lan prijaji,
kundur samja sowang-sowang,
wallahu-aklam kang kèri,
sumanggèng kang karjèng gesang,
kawula darma nglampahi.

--=0=--

I C H T I S A R

!   !
132,133! Pertempuran di Ketangi & Kr.Anjar
134.135! P.Kusumjuda (Sala) membantu Belanda
! di Bagelen dan Roma
136.137 ! Pertempuran di Mamrijan
138.139 ! id di Winong dan Tersana
140,141 ! id di Soka dan Ngalijan
142 ! Kusumojudo kembali ke Purworedjo
143 ! Lalu ke Wonosobo dan Magelang.
144 ! Resadiwirja mendjadi Bupati Tjakradjaja
145 !P.Kusumojudo ke Kedunggunting
146,147 ! Pertempuran di Patjetokan & Manukan
148,149. ! id. di Dawuhan dan Bendungan
150
151,152 ! id. di Djakerta & Selapakis
153 !
154 ! Tjakradjaja menghadap Kol.Kleres
155.156 ! Pertempuran di Koripan & Tjengkawak
157 ! & Bendungan.
158.159 ! Blanda bikin biting di Tjengkawak
160.161 ! Pertempuran di Tjelapan & Sakan
162 !
163,164 ! id di Tjengkawak dg.hebat
165,166 !
167
168 ! Tjakradjaja dapat hadiah dari Blanda!
169 ! T.Tjakradjaja dapat gelar Adipati
170.171 ! Pertempuran di Bedug,
172,173 ! id. di Wadja.
174 ! Bupati Batang dan Kendal membantu Bld
175,176 ! Blanda bikin biting di Merden,Soka
! dan Patjar
177 ! Belanda bertahan di Purwaganda.
178,179 ! Pertempuran di Pinatak.
180,181 !
182,183 !
183,184 ! Tjakradjaja menjerahkan barang rampa-
185 ! san kpd.P.Kusumajuda di Kd.Kebo.
!Radja Buton membantu Blanda
187 !Mendirikan biting di Lenggis
188 ! Radja Buton mendjaga Bandjarsari
189.190 ! Mendirikan biting di Tjengkawak.
191.192 ! Biting Ngrawong dibakar Laskar Rakjat
193 ! Laskar Rakjat menjerbu biting Lenggis
194 ! Blanda membikin biting di Bandung
195.196! Pertempuran di Mamrijan & Peterongan!
197 ! Kj.Madja menolak djabatan Pengulu
198 ! Kj.Madja ke medan perang Padjang
199.200! Kj.Madja ditangkap/ditahan di Klaten!
201.202! Kj.Madja diasingkan ke Semarang/Betawi!
203 ! Danukusuma mendjadi Patih S.Erutjakra

204 ! Kompeni kirim bahan kpd.Sultan Dulkamid
205.206 ! id. mendirikan biting di Glagah & Kemiri.
! lalu bertrempur di Djenar,
207.208,209 Pertempuran di Duduwan.
210,211,212 id. di Tlaga, Ketos dan Wingka
213,214,215 dan Ketraban.
216 ! Blanda istirahat di Plipir.
217.218 ! Tjakradjaja menghadap P.Kusumajuda
! diutus oleh Kleres memberi kesanggupan
219 ! Tetapi Kusumajuda kembali ke Sala.
220 ! Blanda bikin biting di Ngungaran.
221,222 ! Tjakradjaja bertempur di ds.Djasa.
223,224,225 Pertempuran di Kradjan dan Djana
226,227 ! Blanda bikin biting di Sendang & Sebara.
228,229 ! Tjakradjaja dan Sawuggaling dapat hadiah
! pakaian dari Djendral Dekok.
230.231 ! Pertempuran di Komaran,litnan Buton
232 ! mati. di medan perang.
233.234 ! Pertempuran di Djasa dan Kangga.
235.236 ! Mendirikan biting di K.Lereng & Bubutan
237 ! Pantjadipura menjerah kpd.Blanda.
238,239,240 Pertempuran di Kr.madja & Sapuran
241 ! Sultan Dulkamid istirahat di Ngulubang
242,243,244 Pertempuran di Sengir dan Tengganing
245,246 ! Tjakradjaja menjerang Kl.Buka dan Mangur
247.148.249 lalu ke Bubutan dan Soka
250
251,252 ! Pertempuran di Soka.
253,254,255 P.Bèhi,P.Djajakusuma dan Padmakusuma gu-
256 gur di medan perang,kepalanja dipanggal.
257. ! P.Mangkubumi menjerah kpd.Blanda.
258 ! Sentot Prawiradirdja menjerah.
259,260 ! Pertemuan Kleres dan Sultan di Kamal.
261,262 ! Sultan Dulkamid masuk perangkap di Mage-
lang,lalu dibawa ke Semarang dan Betawi.
263 ! Kertapengalasan menjerah.
264 ! Tjakradjaja menjerahkan barang rampasan
265,266 ! Tjakradjaja dan Kleres diutus ke Sala
! menemui Kusumajuda tetapi ta' berhasil.
267,268 ! Tjakradjaja dan Arungbinang pedjabat
269 (Tjakranegara) di Bagelen
270 ! Tanah Bagelen diukur(dilaksir)
271 ! Bagelen dikepalai oleh Residen Blanda
! di Purworedjo
272.273.274 Anslah padjak tanah dan angkatan pegawai
275,276.277 Pemberontakan Danupojo & Tjakraningrat
278.279
280.281 !Tjakradjaja dan Blanda menangkap kraman
282.283. !dan dihukum gantung
284
285.286.287 Mengatur pemerintahan di Purworedjo,
288,289 Kebumen,Wonosobo,Kr,Anjar,Kutaardjo.

==

I N D E K S

Nama orang.

I N D E X

nama desa dan tempat.

W.
